84.7(2Рос.Чеч)
Х 24

Хасиев С.-М.

НОХЧАЛЛА

нохчийн гIиллакхех





Х 24

Хасиев С.-М.

НОХЧИЙН ГІИЛЛАКХЕХ

- 141537 -

На дом не выдается

Отдел национально-краеведческой литературы

ГБУ "Национальная библиотека Чеченской Республики им. А. Айдамирова"

АО «ИПК «Грозненский рабочий» –2016

Рецензент:
Натаев Сайпуди Альвиевич – кандидат исторических наук,
доцент кафедры «История ЧР» ЧГУ

Хасиев, С.-М.
О чеченских обычаях. На чеченском языке / С.-М. Хасиев. – Грозный: АО «Издательско-полиграфический комплекс «Грозненсий рабочий», 2016. – 192 с.

© Хасиев С.-М., 2016
© АО «ИПК «Грозненский рабочий», 2016
Все права защищены

Кху белхан гІад яздина 1993-чу шарахь Маскохара Даймехкан Центран куьйгалхо Апаев Абу-Езед а, цуьнан накъостий а, масала, Батукаев Іабдуд-ГІани а, Паскачев Асланбек а, кхиберш а орцахбевлла. Цул тІаьхьа дуккха а хан а яьлла, дуккха а цахуург хаа а хиъна, довза а девзина.

ХІара йозанаш журналиста Цугаев Сулеймана шолгІа тІом боьдуш, ша дІакхалхале, Дала вирзина меттиг декъалйойла цуьнан, шен куьйга яздина хилла. Цуьнан хІусамнанас, Дала йоле дуьллийла цуьнан къа, соьга схьа а кхачийна.

Болх чекх а баькхкина, хІорш шуна довзийтар Сулейманан весет санна хета суна.

1995-чу шарахь, со Москвара цІа веанчу хенахь, суна тІе нах оьхура: аькхи ду шаьш аьлла, гІумки баьхкинера, балкхархой ду шаьш аьлла, гІалгІай баьхкинера. Цара бохура, сан «Нохчийн гІиллакхаш» цІе йолу болх, и гІиллакхаш шайн ду аьлла, хийцахьара ахьа. Амма сан бакъо яцара цхьа а нохчийн гІиллакхех долу дакъа кхечу къомана дохка я хийца!

Со кху гІуллакхна охІла воцу дела, хІара болх зорбане ца боккхуш кхин а хийла хан ер яра, нагахь санна ЧИО-н (Чеченское историческое общество) декъашхой орцах ца бевллехьара, цара и гІуллакх шайна тІе ца лаьцнехьара. Царна доккха баркалла.

Къаьсттина баркалла ала догІу Успанов Юнина, Ибрагимов Ризванна, Домбаев Райзина, Берсанова Залпаъна, Сайдулаева Селимина.

Массо агор гІодарна, бала кхачарна, Далла хьалха суна йолччул ял царна хирг хиларх теша со.

Муьлш ду вай?



Вайна, нохчашна, гIалгIашна, вай муьлш ду дика хаахьара, вайн синойн мах иштта лахара хадор бацара вай. Муьлххачу а Iарбашнаюькъераскьабевллачу «имамашна», «эмирашна» тIаьхьа а хIуьттуш, ваьш хIаллакдойтур дацара вай.

Семител (жуьгтел, Iарбел) дукха а хьалха кху дуьненчу цивилизаци (Iилма, ийман, дин) еанчу хурритех ду вайн къаьмнаш. Цу генаяьллачу заманчуьра схьа ду вайца дисина Нохьа пайхамаран весет: «Эхь-ийманца даха!» (Живите по совести).

Эхь-ийман (Совесть) – иза АллахI-Дала хIора а кхетамехь долчу адамца буьйцуш болу мотт бу! Цу маттаца ю АллахI-Делан хIора стагца цкъа а хедаш йоцу зIе! Иза ду Нохчаллахь уггар а коьртаниг. Цо леладойту вайга вайн хаза гIиллакхаш, Iадаташ. Цуьнца йоьзна ю вайн оьздангалла, адамалла, къонахалла. Цуьнах лаьцна дика дуьйцу кху книгин автора, воккхачу Iилманчас Хасиев Сайд-Мохьмада а.

Вайна тIехь мостагIаша кхуллуш йолу харц цIерш дIаевр яц, жимлур яц вай, «тхо бехке дац, тхо ма хьийзаде!» бохуш, доьлхуш Iарх. Уггар хьалха, вайна ваьшна хаа деза: муьлш ду вай? мичахь лаха деза вайнехан орамаш? Кходиъ бIе шо хьалха а лаьмнашний, хьаннашний юьккъера схьа а бовлаза акхарой хилла вайн дай, кхидолчу къаьмнийн дайша яккхий гIаланаш, гIепаш еш, аренашна хиш дохкуш, йоза-дешар лелош, Iилма Iамош, боху цхьаболчара! Иштта делахь, мичара ю вайн цIийца сил инзаре яхь, оьздангалла, собар, къинхетам? Мичара ду стогалла, нийсо, пархIато, цIано езар? Доцца аьлча, мичара лела вайн цIий лелочу пхенаш чохь НОХЧАЛЛА?

Нохчалла – Нохьа пайхамаран весет. Иза вайнехан къоман хазна хилла Iаш яц. Иза доллучу а дуьненчуьрчу адамашна дина совгIат ду. Амма нохчаша Нохьин цIе шайца

йитина – НОХЧИЙ аьлла. Нохьин весетан цIе а ларйина, НОХЧАЛЛА аьлла. Цул сов, Адам-пайхамаран цIе а ларйина, доллучу а дуьненчуьрчу нахах АДАМАШ а, адамаш акхаройх къастош, АДАМАЛЛА а аьлла. Иза дерриг а ишта шашаха кхолладелла а, шашаха нисделла хила а йиш яц. Цахиларан коьрта билгало – вайн орам хурритийн, ана-нехан кхерча дIабоьдуш хилар а, и Адам, Нохьа боху цIерш а, Делан къайленаш а дуьххьара цу хурриташна юьккъехь гучуевлла хилар а.

Вай вайн цIийца ларъеш схьаеана Нохчалла – иза вай уггар а чIогIа дозаллаш дан йиш йолу IаламаТ ду. Вай тахана дерриг а дуьне мадду дIасадаржар, АллахI Дала цхьана Iалашонца нисдина хир ду аьлла хета, вайга и хазна массанхьа а кху дуьненчохь долчу къаьмнашка дIакхачаяйта.

**

Вайн цIий чохь эс лела. Эзар шерийн кIоргера схьадогIу эс. «Память крови» (генетическая память) олу цунах оьрсийн маттахь. Шен пхенаш чохь шен ойланца, кхетамца, эхь-ийманца Нохчаллин аз ца хезаш верг нохчо вац.

Амма берриг а бехк нохчийн бац. Вайн орамаш дакъо, вай Нохчаллех хадо, Нохчаллин аз дайа, вай махкахдаха, хIаллакдан (геноцид), манкIураш ян гIерташ, дукха къахьегна, хьоьгуш а ду цхьаболчу наха. Цу нахехь инзаре дукха ахчанаш а, таронаш а, хIилланаш а ду.

Вай боху, ахчанех ахчанаш деш (ростовщичество), хьарам ахчанаш дебо ма гIерта. Цара боху, нах лебай а, Iехабай а, хIуъу дай а, ахча гулде.

Вай боху, эхь-ийман, гIиллакх ларде, оьзда хила нахаца, эхь-бехк АллахI-Делера дуй хаа. Иза бу ***Нохчаллин бIогIам***. Цара боху, нахах эхь хетар осалалла, цамгар ю, гуш лаьтташехь аьшпаш боттий а, харцлей а, бахам совбаккха. Цуьнах цара ***хуцпа*** олу (хьовса Интернете цу дешан маьIна муха ду).

Вай боху, дерриг а дуьненчуьра къаьмнаш АллахI-Дала цхьатерра кхоьллина ду. Массаьрца а мерза, гIиллакхе хила, кхечу къаьмнийн нахаца къаьсттана а хуьлуш. Цара

боху, шаьш Дала къастийна, билгалдина ду, кхидолу къаьмнаш шайл лахара ду.

Вай боху, дерриг а АллахI-Делан карахь ду, Цунна лиъ-нарг бен, кху дуьненчохь хIумма а хила йиш яц. Цара боху, дерриг а шайх, шайн ахчанах а, таронех а доьзна ду. Шаьш ду дуьненан деланаш.

Вай боху, АллахI-Делах а тешаш, Iаддита дуьненчуьра къаьмнаш шайна ма хетта даха. Цара боху, оха кху дуьненчохь керла юкъаметтигаш (новый миропорядок) хIоттор ю, шаьш (золотой миллиард) коьртехь а долуш.

Цу балхо хаттар хIоттадо: бакъо юй вайн ишттачу дуьненчохь пергIат, цхьана хIуманан бала а боцуш, вай жима къам ду, вайга хоттуш а, вайн карахь а хIумма а дац бохуш, хене довла гIерта? Ишта вай ваьш хьеша а хьоьшуьйтуш Iийча, и хенаш муха йогIур ю, бала буй вайн? АллахI-Дала бохий вайга ишта пергIат Iе, мел ваьлла имам а, эмир а тIе а лоцуш, цаьрга вай бердах а кхуьйсуьйтуш? Цу имамашний, эмирашний тIаьхьа лаьттарш муьлш бу, дика хаьий вайна?

Ермоловний (ермолка – жуьгтийн куй, Ермолов ша – декабрист, масон), Шемалний (Шамуил) юккъехь аьтта, дакъаздаьхна вай цхьана еххачу хенахь. Жуьгтийн семибанкиршас хIоттийначу Ельциний, жуьгтийн векалша (Боровой, Полторанин, Кобзон, Березовский, Старовойтова, кхиберш а) марсабаьхначу сепаратисташий, цара вайн чу кхийсинчу ваххабиташ бу бохучу агенташий дакъаздаькхина хьийзош ду вайн къам таханналц. ХIунда лелайо и мекара политика вайца? ХIун дан гIерта и нах? ХIун Iалашо лаьцна цара? Уьш совцур бу я совцур бац? Цуьнан ойла а, жамI а ца дича довлий вай? Дуьненан рицкъане вайн бIаьрса, кхетам, Нохчалла хьоьшуьйту вай, я самадовлу вай?

**

Кху дуьненчохь цхьаьна нахаца а, къаьмнашца а гамо а, мостагIалла а дац вайн, мел яккхий харцонаш вайца ле-

лийнехь а. Къинхетаме а, нийсо езаш а къам ду вайн къам. Вайн ехачу историехь цхьана а къомана тIелетта, вайн ламца тIом бина къам дац вай. Мелхо а, массо а лулахошца – Iаьндашца, гIумкашца, хIирийшца, гуьржешца, гIалагIазкхашца – барт, гергарлонаш лехна вай. Иза вайн къоман фольклоро а дика гойту. (Вай гIалгIай ца буьйцу, вай цхьа къам долу дела). Гергарло сийлахь ду, Нохчаллица дуьстича. Гергарло дезаро лаккхара мах хадабо хьаша-да тIеэцаран. «Хьаша Делера ву», «Хьаша беркат ду» олуш ду вайн гуттар а, муьлххачу заманашкахь а.

Латар, гIийлачунна ницкъ бар, эрна цIий Iанор – и вайн къоман амалшца дац. Амма ницкъ беш тIегIоьртинчарна кIел а ца севцца вай. Дерриг а дуьне цецдолу вайн доьналлех, майраллех, вайн инзаре чIогIа пагIато езарх. Иштта вай доллушехь, боьхачу наха тешийна цхьаберш вай бандиташ, террористаш, зуламе нах ду бохучух. 1944-чу шарахь вай Казахстане, Киргизе дохийна дигначохь, бухахь болчу нахе вайна гIо-накъосталла ца дайта, вай алссам далийта, Берияс (Мингрелерчу жуьгтичо виначу къизачу провокатора) долийна хилла, нохчаша адамийн жижиг дуу, уьш, вовшIн бууш, акхарой ю боху эладитанаш. Амма вайнах ма-барра бевзича, вайн цIийца йолу Нохчалла гучуяьлча, вайн сий-ларам алсам хуьлу. И дац кхидолу къаьмнаш хьаша тIелоцуш дац, уьш къиза, сутара ду бохург. Амма кегийчарна шайн дайшкара схьадогIу хаза гIиллакхаш ма-дарра довза деза, дIа ца тосуш, дебо а деза, мел хала хилахь а.

Доллучу дуьненахь а къаьмнийн экономикина доккха гIо до туризмо. Туристаша даккхий ахчанаш дуьту шаьш садолучохь. Ткъа вайн туристашна гайта дукха шорта Iаламан хазаллаш ю, дарбане хиш ду, историн а, архитектурин а хIолламаш бу. Цу беркатах пайда эца хаа деза вайна, вайх долу диканаш, вайн сийлахь истори ма-ярра йовзийта эхь а ца хеташ, и истори а, диканаш а вайца дац ала гIертачеран лаамаш толаме а ца бохуш.

**

Стагана, къонахчунна ша шен дош ца хетча, цо шен мах лахара хадийча, нахана а иза стаг хетар вац. Ша мила ву хаар къоман историна тӏера долало. Цундела ду вайн мостагӏийн мостагӏалла вайн историца. Кхузахь хаттар хӏоттало: «Муьлш бу вайн къоман мостагӏий?»

Вайн къоман мостагӏий, хӏара ду аьлла схьалаца. цхьа а къам а дац. Вайн мостагӏий вайгара хӏара дуьненан ялсамане схьаяккха гӏерташ Іалашо лаьцна нах бу. Инзаре даккхай ахчанаш а долуш, кху дуьненан «порядок» хийца гӏертарш. «Новый мировой порядок» кхуллуш, меттахбевлла леларш. Цу наха кху дуьненчохь «тоьлларш» а, «эшнарш» а къаьмнаш къестадо. «Тоьллачарна» «дашо миллиард» аьлла цӏе тиллина цара, хӏумма а эхь а ца хеташ, цхьаннах а ийза а ца луш. Делах а эхь ца хета царна. Дала шаьш даздина, къастийна кхоьллина кху дуьненчу, боху цара.

Кху вайн махкана тӏекхийда, тӏегӏерта, «Іилманан» бух кхоьллина цу наха. Цара тептарш арахецна, Къилбседа Кавказ эзар шо хьалха Хазарина юкъа йогӏуш хилла, цу Хазарехь бехаш берш а, и Хазари кхоьллинарш а иудейш хилла бохуш. И хӏунда долийна цара? И долийна, шаьш кху чу теттина ахчанаш (инвестицеш) шайн даймахка теттина шаьш ала. Таханалерчу дуьненахь кегий къаьмнаш тӏемашца, махкахдахарца хӏаллакдан ницкъ ца кхачахь, цу къаьмнийн латта, даймохк «инвестицешца» шайн дола боккху цара. Иштта цу даккхий ахчанашца шайн доладаьхна цу наха дуккха а латтанаш Сочехь, Ставрополан а, Краснодаран а мехкашкахь, Карачаево-Черкесехь. (масала, Архыз). Иштта чунна сема ца хилахь, къаьмнийн хьаькамаш а, Іедал а дохкалуш хилахь, къаьмнаш, хи чохь бӏаьргаш биллича санна, цу ахчанийн йийсарлахь дуьсур ду гуттаренна а. Палестинехь санна, тӏулгаш кхийсарх юхадоьрзур дац латтанаш. Цуьнан гӏайгӏа а, бала а боцу къонахий – уьш йовссарш ду, къоман мостагӏий бу.

Амма цхьаболу нохчийн бу боху яздархой, юьстах бевлла латтарал сов, цу даккхий ахчанаш долчу нахана бохка а белла, Хазари иудейн пачхьалкх а хилла, цу Хазари юккъехь нохчий а хилла бохуш, книгаш язъеш бу. Хазарин столица (маIа-шахьар) Нохчийн льатта тIехь хилла бохуш а яздо цара. Эханнал а сов таханлера нохчийн тайпанаш цу Хазарера жуьгтий а бу, боху цара. Масала, Дауев Саламус, Садулаев Германа, кхечара. Вайх дукхахболчарна цу доллучуьнца бала а бац. Вай дийшина Iохккушехь, вайн кханенна охкуш ор ду!

**

Цхьаберш, вай Нохчалла Нохьа пайхамарца дозар нийса дац, иза миф (туьйра) ду, ала гIерта. Уьш нийса бац. Миф (туьйра) – иза хилла а, хила а йиш йоцург, Iилманан бух боцург ду. Вай дуьйцучун шеко йоццуш Iилманан бух бу. И бух – вайн гена бевлла дай хурриташ (ана-нах) хилар а, цу хурритийн кху дуьненчохь вайнехал уллера, церан тIаьхье ларалуш нах цахилар а бу. Цу хурриташа деана кху дуьненчу Iилма, хурриташна делла хилла АллахI-Дала Дела цхьаъ хиларан бакъдерг. Хурриташха хилла сийлахь-воккха Пайхамар, АллахIан доттагI (халиль Аллах) ИбрахIим. Хурриташна юккъехь гучуевлла уггар яккхий Делан къайленаш (Откровенеш) – Нохьа-Пайхамарх лаьцнарш. (Цу доллучун а ссылканаш авторо оьрсийн маттахь дечу йозанашца еш ю).

Керла эра тIеяле, VI-чу бIешарахь, Вавилонехь жуьгтийн яздархоша шайл хьалха эзарнаш шерашкахь дуьйна хурриташна юккъехь лелларш схьа а гулдина, Ветхий Завет вовшахтохар миф яц, вай Iилманан маттахь дуьйцурш миф ю? Муха хила веза оццул чIогIа шен къам ца дезаш, шен къоме мостагIалла хьедеш!? Уьш-м кхидIа а гIертар бу вайна ваьш ца довзийта, вай IадIахь. Царах «сийлахь», «къоман» яздархой а бийр бу, царна мидалш а, орденш а ухкур ю, церан цIерш урамашна а тохкур ю, уьш базбина лелор бу, шаьш лелабайта царна хуур а ду, хIунда аьлча

уьш хьала мел бовлу, вайнехан къам охьатаьIа. Къам охьатаIо политика толаме йолу. Иза ду ахчанашца чугIертачу мостагIашна луург.

**

Нохчалла йийцарх, кхайкхорах тоьуш дац. Нохчалла къоман хIоллам (символ) бина дIахIотто езаш ю. (Символин мотт, хууш ма-хиллара, уггар чIогIа мотт бу).

Нохчаллин символаш – Нохьа-Пайхамарца а, цуьнан заманца а мел доьзнарг.

Нохчаллин символ – хурритийн (ана-нехан) зама. (Дехкина суьрташ, юхайина цу заманахьлера пхьегIаш, герз, кхийолу атрибуташ). И дерриг вайн къоман музейш чохь хила дезаш ду.

Нохчаллин символш – Нохьа-Пайхамарца, Нохьин нойца, хурритин а, урартин а дуьненца йоьзна цIерш – вайн микрорайонашна а, урамашна а, культурин кхерчашна, гостиницашна, вокзалашна, туьканашна, кафешна, ресторанашна тахкар.

Нохчаллин символш – цу дуьненца йоьзна Iилманан конференцеш, декадаш, ладогIарш вовшахдеттар.

Нохчаллин символш – школашкахь дешархошка а, студенташка а сочиненеш язъяйтар, кхачам боллуш кегийрхошна цуьнан сийлахь маьIна дIадовзийтар.

Нохчаллин символш – телевиденехь а, радиохула а, кхечу хаамийн ницкъашца а кхачам боллуш болх лелабар, юкъара а ца болуьйтуш.

Цу доллучо а доккха маьIна а, кеп а лур ю вайн тIекхуьучеран хатI-ойланаш цхьана беркате, ийманан хорша ерзо. Цу доллучунна а даккхий ахчанаш а ца деза. Амма къоман кхетам хьакъдоллучу тIегIане, иймане, исторически кхетаме берзоран, Къоман Эс, кхечу къаьмнашца долу гергарло, вовшашца йолу марзо самадаккхаран мах инзаре боккха хир бу. ХIунда аьлча дерриг а къомо ша-шен лерина тIера, шен мах хаарна тIера дIадолало.

**

Дуьненан тIекхиа, схьалаца йиш йоцчу инзаралле хьаьжча, адамо кху дуьненчохь йоккху хан чуьрко цкъа тIам ласточу заманал а еха яц. Вайна гуш дерг гIан ду. Вай цу гIенахь бIаллагIаш ю. Иштта декъаза, ледара, пайда боцуш сурт хIутту кху дуьненах а, вай хIорамма а кху дуьненчохь йоккхучу хенан а, нагахь вайна ваьш Аллахl-Дала, сийлахь, веза ву Иза, кху дуьненчу хIунда кхоьллина, Цо вайна хIун некъ магайна хууш ца хилча. Амма вайн Аллахl-Дала, сийлахь, веза ву Иза, беллачу кхетаме, Цо вайна деллачу эхь-ийане ла а доьгIна ойла йича, вайна ца хаа йиш яц ваьш цу Кхоьллинчун цхьана инзаречу Iалашонан декъашхой а, цу Кхоьллинчун накъостий а дуй.

Шена оьшуш ца хилча, цу Аллахl-Дала, сийлахь, веза ву Иза, вай кху дуьненчу кхуллур дацара. Я кхоьллича а, акхарошна а, бежнашна а санна бен, кхетам а, эхь-ийман а лур дацара. Цундела адамо кху дуьненчохь латош долу уггар а деза къа – адамна Кхоьллинчо шена беллачу кхетаме а, хьекъале а, эхь-иймане а ладогIа цахаар, я цалаар!

Шайн кхетам, хьекъал, эхь-ийман кхечу адамашна (динан дай ду шаьш бохучарна, Кхоьллинчунний, адамашний юкъахь юкъаралла лелош болчарна) тIе а дехкина, царах шаьш леточу къинойн накъостий а бина, Аллахl-Делаца, сийлахь, веза ву Иза, хIилланаш лело гIерташ болу нах алссам гучубевлла тIаьхьарчу хенахь. Амма Аллахl-Дала, сийлахь, веза ву Иза, цаьрга Ша Iехалур вац, боху шен сийлахьчу Къуръанчохь.

**

Тахана, кху Йилбазо талхош лаьттачу дуьненчохь, бакъволчу нохчийчо, хетарехь, иштта чIагIо ян еза:

– Со нохчо ву, сийлахь везачу Аллахl-Дала дуьненчохь эхь-ийман цIена латто воссийна хиллачу Нохь-Пайхамаран тIаьхьенах.

– Со нохчо ву, со кхеттал хилчахьанна АллахI-Дела цхьаъ вина, цуьнан сийлахь элча Мохьаммад-Пайхамар бакъвина, доггах, гуттаренна а бусалбан дин тIеэцна волу.

– Со нохчо ву, со вешшехь, АллахI-Дала сайн цIийца нохчаллин хаам белла, нохчалло эхь-ийманца нисвина, нохчаллина а, бусалбан умматна а тIера воха йиш йоцуш.

– Со нохчо ву, эзарнаш шерашкахь нохчаллех ца бухуш, шайн цIий, эхь-ийман цIена латтош таханенга кхаьчначу башхачу хIурреха – Iуьйренан къомах, Махбален къомах. АллахI-Дала дуьненчохь гуттар а Iуьйре, цIеналла, нийсо, безам, вошалла, доьналла, яхь, ирс латто векалдина кхоьллинчу къомах.

Со нохчо ву, цкъа а цхьана заманчохь а дуьненан рицкъанах ца Iехаделлачу къомах; цхьаъ хьалаваьлла, важа охьатаIайна, гIийланиг гIийла витина, мисканиг атта хетта осала ца леллачу къомах; рицкъанах совбевллачарна хьеста ца деллачу, мостагIчунна къар ца деллачу къомах; шайн сий, эхь-ийман, оьздангалла, яхь, нохчалла дIа ца луш, гуттара а майра Iожалла тIеоьцуш таханенга схьадеанчу къомах.

– Тахана дуьненчуьра дуккха а адамаш Йилбазо эхь-ийманах, кхетамах, адамаллех даьхна, дуьненан рицкъане, дуьненан атталлашка уьш тиларшка дигийтина, АллахI Дала беллачу некъа тIера дохийна хьийзош хилар.

– Тахана Йилбаз тоьлла, тIекхуьу кегийнах дуьненан рицкъанах атта Iехалуш хилар, цуьнан дуьненан рицкъане хьаьжжина бен, стеган мах хадош цахилар, гуттар а къонахчун дош лелаш хиллачахь хIинца ахча бен лелаш цахилар.

– Тахана дуккха а наха, ур-атталла АллахI-Делаца шаьш лелош йолу юкъаметтиг а, цIархазмана дуьхьа лелош хилар, багахула АллахI-Делан цIе яхахь а, дуккха а адамашкахь хьаькамаша гIело латтош хилар, багахула цхьаъ а дуьйцуш, цара лелош дерг кхин хилар, ишттачу АллахI-Далла уггар а ца езначу шалхонаша вайн тIекхуьу тIаьхье де-дийне мел дели талхош хилар.

– Дуккха а нахана шаьш ламазаш, марханаш, мовлидаш, кхидолу Аллахl Делан дуьхьа деш долу гlуллакхаш дичахьана, шаьш харцлерах а, нахера кхаьънаш эцарх а, кхидолу хьарам рицкъанаш шаьш гулдича а шайна мега моьттуш хилар, уьш Аллахl Дела lехо гlерташ санна бехаш хилар, цу шалхонаша тlекхуьу кегийнах талхош, уьш хlинццалц схьаеана хиллачу сийлахьчу нохчаллех жим-жимма дlахербеш хилар.

Аса чlагlо йо:

– Сайн рицкъанах дозаллаш деш, сайн рицкъ гучудаккха гlерташ, цунах сайл гlийланаш ца хьего.

– Айса Аллахl-Далла а, Цуьнан дуьхьа а ден гlуллакхаш гучудаха гlерташ, царах байракх йина ца лела.

– Гlийлачийн, мискачийн рицкъанна тlе ца кхийда, сайгахь долчу паччахьаллин даржах хьарам рицкъа гулдан ца гlерта, айса къайлаха а, къулаха а мел лелориг а, лело дагалаьцнарг а Аллахl-Далла шера гуш дуй а хууш, Аллахl Дела lехо ца гlерта.

– Нохчалла сайн дагчохь, сайн сица лело, гlаравуьйлуш, Аллахl Далла ца езна моттаргlанаш, шалхонаш лело а ца гlерташ.

– Хlуъу хилла латтахь а, Нохчаллех ца вухуш, эхь-ийманах ца хедаш, бусалбан умматах ца къаьсташ, сайн Аллахl-Далла дуьхьалхlотта.

– Нохчалла айса Аллахl-Делаца буьйцу мотт буй хаа, цу матто а, сайн дагчохь а, сайн са чохь а волчу сийлахь воккхачу Аллахl-Дала ницкъ белла, айса сайн лара, суна сайн хьакъболу беза мах хаа, цу ницкъо а, цу мехо а сайл Йилбаз цкъа а цхьана меттехь толор цахилар хаа!

Сайд-Хьамзат Нунуев,
яздархо, lилманча-историк

НОХЧИЙН ГІИЛЛАКХАШ

БІАЬГАР

ГІиллакх оьздангаллин чарх ю, олуш ду. Иза ишта хилар цхьа а шеко яц. ГІиллакх – бІаьрг белочарех, оьздангалла – дог делочарех хилар а теша хала дац. Оьздангаллин гучуяла меттиг ма бац, гІиллакхашка-хула бен. Амма иза ца тоийтина вайн ваддо[1], лелочу гІуллакхашца уьш тІедузуш дацахь!

Вай-м хьовха, дуьненчуьра дуккха а къаьмнашна юкъахь а: «Лело уггар аттаниг, лелийча, уггар хазаниг хІун ду?» – хаьттича, жоп доцца хуьлу: «ГІиллакх».

Іилманчашка хаьттича, дуьненахь къам дан а дац шен-шен гІиллакх доцуш а, иза ца лелош а. Гонахарчу Іаламе, дахаран хІоттаме, дуьненах цуьнан болчу кхетаме хьаьжжина хуьлуш ду къоман гІиллакхаш а. ХІора къомана шен-шенаш дика а, хаза а хета. Бакъду, романтикин литератури тІехь кхиъна болчу зударийн чкъуро «марзо» долчохь «безам» бохучуьнга дерзош «реформа-м» йина.

Дахаран кхоалгІачу муьран йисте ваьллера со, Нохчийн цІе еза, йоккха хеташ. Делаца йолу юкъаметтиг, Цунах кхерарна лелош яц, моьттура.

Тахана массара а хьехочарех, массарна а оьшучу даккхийчех цхьаъ хилла дІахІоьттина **гІиллакх-оьздангалла** бохург а, цуьнца доьзна лелаш дерг а. Иза оьшучарах хилар, лело дезарх лаьцна шиъ вовшах кхетт-кхеттачохь дуьйцу, хьехадо. Нахана гІиллакх оьшуш хилар гучудаларан хаам а бу иза. ГІиллакх-оьздангалла ца хилча ца долучех, юкъара дІадан йиш йоцучех хилар хоуьйту цо.

Схьакхетта малх дІабузале бохург санна, гай-кхача ца хилча-м, сиха догІу вай метта, амма гІиллакх-

[1] Вадда – этика.

оьздангалла син кхача буй а хиъна, цунна тІаьхьа ца довлуш, дуккха а Іелург хиллера вай.

Массарна а хазахета шайца гІиллакх лелийча. Амма шеца лелийначунна дуьхьал гІиллакх даккха сихлуш верг кІезиг волу-кх тахана.

1969-чу шарахь волавеллера со, автобусаш тІехь баккхийчара шайца ма-леллора дуьхьал гІиллакх леладой, хьажа. Цу хенахь пассажирна шен-шена меттиг билгалйоккхуш духкуш билеташ хуьлура. Ткъа шо гергга йолчу хенахь аса биначу тидамашца суна билгалдаьлларг вай цадезачунна гойла. Воккхачу стеган «ирс» лелочу дуьзинчу кито, нехан метте охьа а хуий, автобус йоьдучу дІакхаччалц, коре воьрзий, суьлхьанаш дагардора, я кегийчарна хьехамаш бо ша бохуш, ца соццуш, бага еттара. Оцу хенаюккъехь 567 стагах 3 стаг билгалвелира суна нохчийн и оьзда амал шайн цІийца дІаийна.

Ша тезетахь, больницехь я кхечу меттехь лаьттина кІадвелла охьалахвеллера, хІинца аса дика са а даьІи, Дела реза хуьлийла, кху меттиган билет шен карахь доллушехь, со меттах ца хьавеш, сатоьхна, собар диначунна. Мила ву и нанас ага эрна ца техкийнарг? Схьавоьл, охьахаал хьайн метте, – и санна дерг ца хезира суна цаьргара, жиманиг велахь, жимчуьнга, зуда елахь, зудчуьнга гІиллакхехь вистхилларг. Кхидіа дахдан оьшу, моьттуш вац со, ишта а дерриг гуш долу дела.

ГІиллакх бІаьрг белочарех, бІаьрг тІехь соцучарех лерина вайн дайша. Цундела дуьстина хир ду цара иза бІаьстенан маргІалан бос талха болабалазчу дитташа. Хьаьвззий боьдий, бІаьрг цунна тІехь ма соцу. ГІиллакх ша-шеца лелийча а дика-м дера ду. Амма, шен чурхаца (чулацамца) юкъара хиларе терра, гІиллакх цхьамма вукхуьнца, тобано – тобанца, гергарчара – гергарчаьрца, стунцхоша – марзошца и. кх. дІа лелош а, лело догІуш а ду.

-1415537-

ГБУ "Национальная библиотека
Чеченской Республики

Массарна а хIун, хьаьнца, мичахь-муха лело деза хиъча, лелош хилча, хаза а, дика а ду иза. ГIиллакхечу юкъаметтигаша адамашлахь болу уьйр-безам чIагIбо, вовшашна эшар хьаште дерзадо, тахана чIогIа оьшучу (даиманна а, массо заманахь санна) цхьабартхиларна тIедига некъ хуьлу цунах. Барт хьахабелччуьра: иза вайх бадаран бахьанех хьалхарниг – вай вешан дайх йисинчу ваддах пебетта доладалар хета суна. ГIиллакх-оьздангалла ах ялсамани ю аьлла, АллахIан дош хилча, вайна юкъахаьвзина шайтIанан мох хилар гучудолу, ткъа иза иманера довларан гайтам бу! Гуш-хууш ма дай, иманехь воцчунна эхарт хирг цахилар. Суна-м ца нисвелла айса дуьненахь йоккхучу ханна жима а, воккха а цунна мукIарло ца деш верг! Дукхахдолчунна, вайн юкъахь барт бохаран бахьана гIиллакхех дерг цахаар, цакхетар, цуьнан богIу мах хадо цахаар дара, тахана а дан а ду.

Билггал бакъ долуш гIиллакхан мах хууш волу стаг кIез-мезиг долчу, пайда боцчу, осал хIуманашна, хьокханах тесна газа санна, гонах хьийзар вац, ша вуьзина къонах ву алийта гIерташ, пайда боцчу вер вац.

Иштта чех къамел хьахаделлачуьра, цхьа хилларг-лелларг карладоккхур вай.

Цхьана стеган нах тIекхайкхина хиллера, боху, жерочун верасаша, цIано е шайна аьлла, цуьнга дуй а кхайкхош.

Куьг бехке лорург тIедожочунна реза хилча, тIехьа лаьттачу цхьамма-м:

– Куьг кхетта а ма дац аьлла, баа беза и дуй, – аьлла, тIетоьхна.

Цунна а хIара реза хилча:

– Дагадеана а ма дацара аьлла ца биъча, тIелоцур яц цIано, – бохуш, яппарш еш, везавеш, чугIоьртина, тIехьара хьалхаиккхина кхин цхьаъ а.

– Хlан-хlа, нах, собардел цкъа, – вистхиллера, боху, маслаlатна цу девнна юкъаваьлла волу воккха стаг. – Хьенехан йоl юй вай юьйцуш ерг? – Ша бохург иза юй хиъча: – Вайн Делора, кхузахь и ахьа бохург (тlаьххьара вистхиллачунна тlе пlелг хьажийна) дагахь долуш ма ву со, цунна дохко ма вац. И хlун дошдоцу къамелаш ду кхузахь деш дерш? Зуда а, боьрша а хlун ю ма ца хаьа хьуна, хlинцца дуй биъча... – бохуш, къано чуьраваьлча, верасех воккхахверг велавелла хиллера.

– Дуьло, дlагlур ду вай, кхоччуш нахала девлла довлале. Лело дезарг хlун ду а, ша муха лела веза а стагана хууш доцчохь тезетах ловзар хуьлу, – аьлла, шеца берш тlаьхьа а хlиттийна, дlавахара, боху, иза.

Суна-м кlезигчех ца хета, таханлерчу доьхначу хьоле хьаьжча, кегийчеран цо бохург а дина тlаьхьахlитта кхетам а, доьналла а хилар.

Нагахь санна гlиллакх бlаьргбелочарех делахь, оьздангалла дог делочарех лара мегар ду. Дитт дагадеана, цуьнца дустар дича, оьздангалла гlад лору. Адаман бlаьрго, олхазарийн шабарша, мохан хlоно хьоьсту гlа-маргlалан йозалла шена тlехь сецош, шен муттаца кхобуш, «хьакъдоллу хам-пусар хlунда ца до шен?» бохуш, хьалхе а ца къуьйсуш, шен декхар гlара-гlовгlа йоцуш, кхочушдо цо.

Цундела олуш хилла хир ду-кх дайша:

– Оьзда воцучу стеган гlиллакх яй чуьра хьолтlамаш текха йовллалц бен ца дахло.

Уллерчо шачул сов кхалларна кхоьруш, текха чу волу и тайпа стаг. Багахь лелош долчух тоам ца хуьлу, бохург ду иза. Вуьшта аьлча, оьздангаллин йоккха гlортор оьшу гlиллакхна. Цул сов, гlиллакхаш дlаса ца довдийта, ондда гур а бу оьздангалла. Кхидlа аьхкича, гучудолу оьздангалла гlуллакхашца йоьзна хилар. Цаьрца бен, оьздангалла гучуяла некъаш дац.

Вайна ма-гарра, гIиллакхаш оьздангаллин бух тIехь лаьтташ ду. Амма ша оьздангалла а ю шен цхьа онддачу бух тIехь лаьтташ. Иза ца хилча, гена ца довлу цуьнан некъаш а. Шена оьздангаллех мохь а бина, иза дIакхоьхьург собар лерина. Диттийн чархаца кхин цкъа а дуьстича, собар орамашца дузу. Орамашна хьу кхетча, гIа-маргIална тIехь сиха гучудолу. Цундела хадийна-кх вайн дайша собаран мах вуно беза, боккха. Орамаша-м ларамаш, хьалхенаш, лекханаш ца лоьху, хестор-м хьехор а дац. Орамаша, малх ца гуш, де-буьйса ца къестош, гIара-гIовгIа йоцуш, шайн декхарш дуьззина кхочушдо. Эрна аьлла дац: «Собар – къонахчун вадд». Собар хьахийначуьра, Платона аьлларг ца далийча нийса хир дац: «Основа всякой мудрости есть терпение». Иза цо яздина 2,5 эзар шо хьалха. Вайна дайша дитина, дино вайна тIедехкина дитинарш, хIокху хенахь яздина аьлла, тоха терахь дацахь а, ханна кегийра ду, олийла дац.

ЖамI:

1. ГIиллакхо бIаьрг белабо;
2. Оьздангалло дагна там бо;
3. Собаро Са паргIатдоккху.

Веза-Вокххачу Дала лардойла вай кхардамах. Тахана хии суна цхьаццаболчу моллийн мах а, хьал а. Советан IедалО баккъалла болчу IеламнехАн чкъор дIалахьийча (хьаъа лаьцна а, тIе ца лаьцча ца долу цу хенахь кхераме а, хала а долу и дукъ шайн йолзаршна тIелаьцнаболчарна Дела реза хуьлийла). ХIунда еа суна дага и чолхе зама, и хала хан, и молланаш? Сосо церан хьоле нисваларна хила мега иза. Тахана дукха хьехадо, дукха дуьйцу, амма схьалаца тIам а, хIотто бух а болуш дерг кIеззиг бен ца хуьлу. Сайл хьекъална-кхетамна сов берш, дахар гинарш, девзинарш дукха болу дела, дукъ тIе ца лацалуш, сайх бIо ца

булуш, Iан а Iийна, тахана а башха сайн кхетам тоъал кхиъна аьлла хеташ а вац. Аса-м ца хьехадо цунна оьшуш болу ира тидам, кIорггера хаарш, дахаран зеделларг, Iилма оьшу бохург-м, даиманна а санна, юьстахкхоьссина дара вайн. Кху иттех сов шарахь дуьйцучарех дукхахдерш хетарш, моьттурш ду. Цу хабарша долуш дерг а талхадо, галморзах доху. Шайтiанан махо айина чан, хьардаш санна, массо цхьаьнатухий, чалх йо. Амма ваддаца дерг, дегIан чархан меженаш санна, вовшашца доьзна, шен-шен меттиг а, декхар а тIедужуш хила дезаш ду.

ХIете-вете бохучу даьлла гIуллакх хилча, цхьамма, шена тIе а лаьцна, дIадоло дезаш хуьлуш хилла. Деган йовхонах къаста ца лаьа суна, хIара гIуллакх соьл а дуккха дика а, кIорге а хуучара дIа а эцна, чекхдоккхург хилар. Цу тIехь Дала аьтто бойла церан.

Нохчийн гIиллакх-оьздангаллех дерг, забарена а доцуш, гулдан а, сайна билгалдаьлларг нахалахь даржо со гIертаран кхин цхьа бахьана а ду. 1990-чу шарахь хиллачу къоман хьалхарчу гуламо билгалъяьхначу коьртачу Iалашонех цхьаъ къоман синкхетам кхиор яра. Макхуьъу сиха кхочушдан деза аьлла цигахь тIелаьцначу гIуллакхех хилларг дийца оьшу аьлла, ца хета. Уьш къоман а, пачхьалкхан а декхарш ду баьхнарш арабовлале бицбелира. Адаман дакъазаллех цхьаъ (вайлахь-м коьртаниг хилла дIахIоьттина иза) – меллаша аьлла бакъдерг, тидаме ца оьцуш, юьстахтаттар, амма мохь тоьххана кхайкхийна харцдерг, байракх йина, айина, дадор. И дакъазалла ю вайх хьаьрчина молха доцу хьу.

Хилларг-лелларг дийнависинчунна гина, теккха, амма кхоччуш ойла йина аьлча-м, нийса хир дац. Къоман къайленаш, теккха цамгарш хьалхаевлла, тахана а меттадахказа ду вай. Кхин сов, дуьйцу хабарш, къамелаш, «ца хезначунна лерга нIаьна эккхахьара»

бохуш санна. Гlиллакхна-оьздангаллина гонах хьийза, амма къоман культура lилманан тlегlан тlе хьалаяккха сихлуш цхьа а вац. Хьалха а санна, ши куьг тоьх-тоьхначохь я зуькар, я хелхар; лакхахь-лахахь, охьахь-хьалахь керл-керла йоху сандаркъаш, лоькху эшарш; дуьйцу йовлакхаш – цу юккъехула хоьржу «МИССаш»; мича яхьа еза ца хууш, хелхаршкахь лесто тlаьрзенаш. Мел лаххара а, кхо бlе шарахь тlе нехаш хьекхна йолу вайн культура малхе, серлоне, тlера чалх айина, паргlатъяккха атта дац.

Шлиманна Троя талла атта хилла, тахана вайначул. Со кхета, даржехь болчарна хlора минотехь, дина бохуш, дlаэхьа хlума дезийла. Суьйранна долийнарг – lуьйранна, lуьйранниг – сарахь. Доккхачунна хан а, зама а еза, гуттар а дукха – собар. Хьаькам кхехка везаш ву, даьндарг санна, шел лакхарчунна хьалха хьийза веза; хlара, хlара... дина... дина... ца соццуш баха дезаш хуьлу. Гарехь, кегийнаш тlаьхьа а тоьттуш, дакххийнаш хьалхадоху хан тlекхачаза ю хlинца а.

Ткъа вай хьалха дерзийнарг, бердаш доцу хlорд санна, чаккхе йоцуш хlума ду. Цхьаьна стаге а, цхьаьна чкъуре кхоччуш чекхдаккхалур ду бохург бакъ дац. Иза бохург я сонта, я тилла ву. Амма, тахана вай зиле кхаьчна хилар, гуш ду. Кийрахь дог дерг, lаржъяла юхь ерг шега далург ца деш lахь, кхане йоцуш къам дисарна болчу кхераме кхаьчна вай.

Нохчийн гlиллакхаша мелла а дуьне девзачу некъа воккху стаг. Дерриг а листина, теллина, олуш ма-хиллара, lавша а lаьвшина, «хlинца къурд бе хьайна» аьлла, стагана иза бага дилларехь яц сан lалашо. Воккханиг-жиманиг, зуда-стаг, куьйгалхо-белхало чохь-арахь цхьаьна нисбелча (хlора мин-минотехь тlелитталуш долчех хилча-м, муххале а), юьхьклайн чекхвала аьтто баккха хьажарехь хета суна сайн декхар. Тахана цкъа-

долчунна и аьтто кIезиг нисло кегийчу нехан, царна цу тIехь билла бехк а бац. ХIунда аьлча, царна ца Iамийна лело догIург, ца хьехна дита дезарг.

Вай хьехнехьара, вай Iамийнехьара...

ГIиллакх-оьздангаллица дерг шайна ма-дарра хиъча, иза даггара дIалелош кегий нах кIезиг ца нисбелла соьца. Цо дегайовхо ло суна, хIара аса юъхьарлаьцна некъ эрна хирг цахилар.

Советан Iедал маькдаьлла чIагIделлачу ХХ-чу бIешеран 60-гIа каре (десятилетие) дIа а йирзина, 70-ниг тIейогIучу муьрехь, хьехархойн институтехь доьшуш долчу тхуна, студенташна, цхьацца хьехамаш бора яздархочо Музаев Нурдис.

Цо аьлларг дагах кхеташ а хуьлура. Масала: «Шуна тIехь ерг лепаш, механа еза, варкъ даькхина цахиларх, эхь дац шуна. Эхь дера ду, нагахь санна нехан йоцург а юьйхина, цунах доккха, деза хIума а дина, шу лелахь. Массарна а хууш ма-ду, шу хIинца а шайн къинхьегаман хьацарх дехаш цахилар. ТIеюьйхина бедар, механа еза яцахь а, цIена лело еза. Жимачу стеган хеча-м дийнахь шозза-кхузза иту хьокхуш, шу боккхуш хила езаш дера яра, и тапча оьллина базарахь шелвелларг санна холчухIоьттинчохь схьаяьккхина дIатоьхча, ширачу иллешкахь дуьйцучу терс-маймал туьро санна, дуьхьала нисвеллачун ши лерг а доккхур долуш».

Лекцешна юккъехула, неIаре а воьдий, «арахь ладугIуш цхьа вуй-те» олий, ла а дугIуш, кест-кеста дора Нурдис тхоьца и къамелаш.

Цу хенахь цо лелочух тхо ца кхетара.

Нурдис юкъ-кара хьахочарех кхин цхьа хIума а дало лаьа суна кхузахь:

– Варийлаш, шаьш даккхий хилла, нахана юккъе девлча, вайн дайн Iедалех хера ма довлалаш. Лело

атта дацахь а, аша вайн дайх дисина гIиллакхаш лелийчхьана, муьлххачу къоман нахана юкъа нисделча а, царна хьалха юьхькIайн хир ду шу.

Белхан гIуллакхашца доьзна дукхе-дукха тайптайпанчу мехкашкахула кхерстар, дуккхачу къаьмнийн векалшца цхьаьна Iар-лелар нисделла сан. Нурдис дина хьехарш нийса хиларх цигахь тийшира со. Башха даккхий хьуьнарш оьшуш а ца хилла цу гIуллакхна: хьайн къоман векал вуйла хьуна хаахь, хьох бIаьрг бузур бу церан – тIаккха хьаладер ду къоман сий. Амма, ца бузахь, дужу. Кхечу къаьмнашна гергахь муха кхачор дара шен къам сийлахьчу дарже? Аса лакхахь ма-аллара, къоман векал хиларан декхарш ахьа хьайна тIелацарца. И бохург ду: хьайна луъург кхечунна луур дуй хаар, шайтIанан лаамна кIел ца соцуш, юучуьнца-молучуьнца, вижар-гIаттарца хьайн дегIачархан аьтто цалехар; хьайн дешан да хилар; хьайниг хьалха дохуш, цераниг тIаьхьа цатеттар, кхин дуккха а. Масане ду уьш, даима, массаьрца, мичча кхаьчча а дахарехь лело дезарш.

Хан-зама мел юкъа йоларх, дахаран некъаша тхо цхьаьна тоьхначохь, хабарна а доцуш, шайн даккхий гIуллакхаш кIел дуьтуш, сан кегий гIуллакхаш кхочушдан хIиттина кхечу мехкашкахь бевзина сан накъостий. Сайх лаьцна дуьйцуш хаза дацахь а (нахана билгалдаьлла хиларна, хьахаделн), со цкъа хилла вевзинчохь, ур-аттала вон цIе йоккхуш болчу къаьмнийн векалша а, шайн ворхIе да валош веача санна, тIелаьцна со-м. Сан майралла, хьуьнарш совдевлла, сан дикане сатуьйсуш я сан вонах ийзалуш ца дора цара шаьш дийриг. Иза цаьрга дойтург вайн дайх йисинчу ваддах ас сайн дахаран къилба дарехь дара. Ша аьлча, кIеда-мерза хилар, гIиллакх-оьздангаллех цавохар. Тахана хаьа суна, «цхьана а герзаца боцу ницкъ а, доь-

налла а ду нохчийн гIиллакх-оьздангаллица» – дайша дитинчу кицанан хьакъболлу мах мел лакхара бу. «Хазачу дашо Iуьргара лаьхьа баьккхина», – боху кхечу кицано. Иза а эрна аьлла дац. Дашна улле гIиллакх-оьздангалла а тесча, кIез-мезиг мукъане а нохчийн ваддаца догIург а лелийча, лакхадер дара къоман сий.

Шен историн йохаллехь нохчийн къомана вуно дукха тIехIиттина инзаре-чолхе киртигаш. «Ванах, тIейогIучу тIаьхьенна юьхькIам боллуш цу халачу киртигех чекх муха бовлалуш хилла-те вайн дай?» – бохучу хаттарна жоп лаха воьлча, царна и ницкъ латтийнарг нохчийн гIиллакх-оьздангалла хилла хилар хаало, нагахь санна уьш, цIенкъа хьокху боршам санна, тIехула моттаргIнашна лелош дацахь.

Амма хьахийначу киртигех дерг дуьззина хир дац, уьш вайна тIе сел кест-кеста хIиттаран бахьанаш ца лехча.

ТIеIиттаелла халонаш, тахана йолуш ерш, кхана тIеян тарлурш цхьана бахьаница, некъаца тIехIуьттуш ю. Бахьана – дайн ваддаца дерг дицдина, маьттаздевлла, адаман сийх-сибатах хаьдда, дуьненан рицкъанна вай тIаьхьадовларехь ду. Делахь-хIета, юкъараллин кхетамехь оцу кепара хийцамаш хилча, кхеташ ду-кх, адамийн дегнаш чу кураллаш, хьаьгIнаш тасар бахьана стенан зирх бу. Цунах кхета а кхетта, тIом «цуьнга» кхайкхо безар тIаккха гучудолу. Бахаман бIарлагIаша, Делан мостагIчун гIоьнца, адамна моттадолуьйту шен хьуьнарийн бIогIамаша сецош ю стигалан Iаьрчаш. Берахь дуьйна дукха хезна ву со: «Куралла Дала дакъазваккха хьаьхначунна даг тIе тосуш ю», – олуш. Цундела, цхьана нохчашна хилла ца Iаш, массо адамна а Дала хьарам йиначех, йихкинчех ю иза.

Хилла-леллачуьнга, дIадаьллачуьнга юхахьаьжча дагатосуш дерг: таханлерчу дийне шаьш кхачорна,

суждане дахначуьра хьала ца нислуш, Далла Iамал ян декхарийлахь дара нохчийн къам. ХIунда аьлча вайн ворхIе дас беза-боккха, лараме бу бохуш лелийначу синкхачанах дIахедаш лаьтта вай, ца хаьа цуьнан пусар дан... Я ца лаьа... (Делан къинхетам боккха хиларна, латташ ду кху хьолехь а). Хьалхарчуьнца догIуш, вайх даима хьерчаш кхин цхьа айп а ду: дайх дисначун пусар дан а, догIучу кепара маьIна а дина, дика-вон къаста а дина, кханенна долчу диканехьа дерза цахаар.

«Шу нохчий дац – советски къам ду», – бохуш, иттаннаш шерашкахь вайн лерехь зурма лийкхира советан Iедало.

«ХIуп» вукху агIор ерзийна бахахь а, тахана вайна хезаш ерг изза зурма ю.

– Вай нохчий дац, хила гIерта йиш йолуш а дац. Вай бусалбанаш ду, – бохуш а йийки и зурма.

Дин а, къам а бохучу дешнийн шен-шен ораммий, маьIний ду. Стигаллий, латтий цхьаъ ду бохург хьераваьлла лорур вацара вай? Цара дуьйцург цхьаъ дукх бохуш, лергаш охкийна ладоьгIуш берш а, царна тIетевжаш берш а, сом-ком, дарж кховдоре сатуйсурш а, баккъалла бакъхетарш а кIезиг ца хили. Цхьана къомо, масала, Iаьрбаша, маситта дин лелош ду. Тхан дешичас Хьаьсиман Ахьмада аса иза шега аьлча:

– И хуьлийла а дац, шахIадат даладе. Хьо, мунепикъ, тилош лаьтта большевикаша, ахьа буьйцурш жуьгтий бу, – бохуш, ара а тийсина со чуьра, масазза а тобанаш дехкийтина соьга.

Аса иза хьахий и саннарш вайна юкъахь кIезиг цахиларна. Изза зурма вайна юх-юха лоькхур яц ала а хала ду, нагахь санна нохчийн вадд хилар, цуьнан маьIна, хазалла кхечу къаьмнийчул оьшуш я лахара цахилар дIа ца гайтахь. Вукху агIор диллича, цхьа дин лелош а ду дуккха къаьмнаш.

Масаллина схьаэца изза ислам, я керстанийн, я хIиндойн дин. «Къам» бохург шен некъашца лела. Динан гIуллакх, иза муьлхха делахь а, адаман (къоман) Делаца йолу юкъаметтигаш шаръяр, нисъяр ду. Къоман юьхь цуьнан гIиллакхаша, амалша, ламасташа гойту. Къам-м дуьненах болу кхетам, хьежар, цуьнан башхаллаш гарца, тIелацарца, юхатеттарца, йовзарца доьзна ду. Эрна аьлла дац дайша: «Кхетамаш тайп-тайпана белахь а, адам цхьаъ ду». Къоман дуьнене хьежаро, шатайпа хилла ца Iаш, хиллачун маьIнаш, хьесапаш до кхечерах тера доцуш.

Тахана доьхна-даьржина лелахь а, шен геннара схьа орамаш долуш ду нохчийн къам. Ша къам хилара терра, кхечаьрца йогIуш йоцу шен башхаллаш а ю цуьнан... «Сан низамца догIуш доцу дукха хIуманаш ду нохчашна юккъехь лелаш», – бохуш, дукха далхийна имам Шемала. Цул тIаьхьа паччахьан, тIаккха советан Iедалша шаьш шайниш леладора, ткъа нохчаша – шайниш. Солженицына иза билгалдина хиларна дан баккъалла догIуш долу дозалла а ду.

Тахана дукха хеза:

– Хьенехан Iедал тIехь ду вай?..

Иза «Iедал» бохучун маьIна цахуучо дийцича билла бехк бацара. Амма хаа а хууш, цунна юкъа а гIерташ дуьйцурш бу новкъа. Хаа дезаш дерг – Дала кхоьллина долчу адаман цIарца хила йиш йолуш хIума яц Iедал, иза вайх хьакхалуш хилча-м, муххале а. Иза, баккъалла а аьлча, вайн дайшкара массарна а вайна кхочуш йолу хазна ю. Къомо дахарехь бан лерина болу «некъ бу» Iедал. Вохкалур воцург, Iехалур воцург хоржий: «ХIара-хIара мегар долчех ду, дисинарг хьуна дихкина ду», – олий, цхьана ханна векал виначунна къомо тIедуьллуш долу «дукъ» ду Iедал.

Ца дийцича а хууш, гуш, шен хенаца догIуш долу хIуманаш йозане ца довлуш дуьсу. Царах цхьаъ ду

аьлла хета даима а вай дакъаздохуш дерг: шен цхьаъ бен боцу бIаьрг балийтина а, стаг шен цIеяккхийта гIертар. Тахана мин-минотехь вайна хезачех, гучех ду ша-ша бусалба а, къонах а ву бохуш, нахана цахазарна, цагарна кхоьруш санна, хьоькхуш долу маьхьарий. Уьш хьоькхуш берш, наха дийцарехь, бусалбанаш а бац, къонахий-м тешна а ца хилла.

ГIиллакх-оьздангаллех долу хIара къамел кегийчу нахана, тIекхуьучу чкъурана лерина хиларна, юьхьарлаьцначу шина дешан орам а, маьIна а, чулацам а билгалбаьккхича, нийса хир ду аьлла, хеташ ву со. Хьалха хьаха ма-даллара, «дин – къам» бохучу кхетамца догIуш а, хьерчаш а бу церан чулацам. Iеламстаг со цахиларе терра, хьалхарчуьнца дерг «бу» ала йиш йолчу молланашна тIедожор вай. Цунах дерг царна дика хуур ду. Амма со нохчийн бусулба доьзалехь а кхиъна, бусалба хиларе хьаьжжина, сайн кхетамо тIелаьцнарг хьахор ду ас.

Цхьа чкъор даьржина вайна юкъа, вайн дайшна бусулба динах дерг дукхе-дукха гомха хилла моьттуш. Иза данне бакъ дац. Аса ца буьйцу махкана бевзаш, лоруш хилла болу Iеламнах. Доьзалшкахь, чохь-арахь къинхегамхочо лелийнарг карладаккха лаьа суна. Сан чкъор хьалха хьийзийна а, кхиийна а болу нах таханалерчарел дуккха цIена а, иманехь а хетабелла суна. Сайн нийсархойх дагаваьлча, царна а изза хетарх кхиъна. Кегийчу наха цунах дезар дийр ду аьлла а хета.

Муьлхха хилла а, цхьа дин-тайпа доцуш дуьненахь цхьа къам хилла а дац, я хила йиш а яц. Хилча, царах адамаш ала йиш хир яцара. Амма Iилманан некъашна тIера (большевикийн идеологи вай хьехош яц) Делаца йолчу юкъаметтигашна тIедаьккхича, Къинхетаме Волчо шен элчанашца доссийна жайнашна тIехь хьоьхучу некъаш тIе хIиттинарш къаьмнаш

лара догlу аьлла, хетало. Важа дерш, мел тlехбаккхий дуьненан кхиамаш церан хиларх, «халкъаш» ала бен ца догlу. «Къам» – «халкъе» дерза тарло, цунах лаьцна хьалха вай хьеха а дина, нагахь санна иза Дала схьахьоьхучу некъана юьстахлелха долахь, цуьнца йолу уьйраш маллахь. Масаллаш дукха ду, и тайпа къаьмнаш тlепаза дарна. Дала лардойла вай цунах. Дуккха а масалш дитина вайна устазаша къам халкъе дерзаран билгалонаш юьйцуш.

Баккъалла муьлхачо аьлла боху, чlагlдан ца ваьхьа со, «шина декъан юккъехь болу шу асар ца деш битахь, арахь, аьрхачу берана барт тоьхча, хьан хlун бала бу алахь, я да-нана цунна орцахдалахь», гlиллакх-оьздангалла юкъара лахдаларан гайтам бу.

Юх-юха карладаккха догlу: дин а, къам а, нахаран дукъа кlел бужу шуьста санна, цхьана догlуш хила деза. Сайна хетарг аьлча, уьш хоршахь дерг къам ду аьлла хетало; цхьана дино дукха къаьмнаш шен тlема кlел лоцу, къам а Делан омарна кlел догlуш ду. Вай вон бусулбаш ду, вон нохчий долу дела; вон нохчий ду, вон бусулбанаш хиларна. Бакъду цхьаъ: дин (ислам-м къаьсттина) аьхна, цlена хlума ю. Цlаро, хино бехьелла хlума цlанйо. Аса, сайга хьаьттича, бусулба дин хица дузур дара. Хи шашаха даьржаш ду. Дала иштта кхоьллина иза. Амма динан дай шаьш хеташ болу нах, иза харцхьадаькккхина, хи цlарх хуьйцуш бу. Иза церан галдаьлларг хетало.

– Маца, муха тlелаьцна нохчаша ислам-дин? Тlамца-ницкъаца тlедожийна, я синкхетам тlаьхьакхиъча тlелацна? – боху хаттар хlутту.

Шеца кхечу динашца йоцу башхалла йолуш ду ислам-дин. Иза къаьмнийн башхаллаш йохо, хьаша ца гlерта, амма дика агlонаш кхиайо, цаьрга заза доккхуьйту. Цуьнца цхьаьна дагадогlу Воккхачо къаь-

мнаш кхолларан бахьана: вовшийн диканиш – схьаэцийта, вониш – дІататтийта:

«ХІай нах! Баккъалла а, Оха шу кхоьллина стагах а, зудчух а[2], хилийтина шух халкъаш а, тайпанаш а – шу вовшашна довзийта. Баккъалла а, шух уггар сийлахь верг Далла гергахь – шух уггар /Делах/ кхоьруш верг ву-кх. Баккъалла а, Дела /шу/ девзаш ву, сов дика хууш ву» (Къуръан, 49:13).

Цундела шеко ца кхоллало: динан Іалашо хІора адаман ойла цІанъяр, лелориг йоккхачу Іалашонца хила дезар, Хастамхиларца йолу уьйр чІагІъярехь ю. Цундела казахаш шайн Іер-дахарца, шайн гІиллакхашца гІажарех тера бац, хІорш – Іаьрбийх, вай – тІаьххьара хьахийначарех.

Хьалхара тІом дІабаьлча суна тІекхаьчначу цхьана стага шена дагахкхеттарг дуьйцура.

– Со вара ламчохь арахь вертанах хьаьрчина Іуьллуш. ТІевеанчу Хаттаба: «ХІара хІун ю?» – хаьтти.

– Нохчийн хьалха заманахь дуьйна схьа дошлоша лелийна...

– Нохчийн ца нохчийн дан дац, бусалбаниг бен, бохуш, ирхлелха волавелира иза. Со, цуьнга хІун ала деза ца хууш, висира. Ас хІун ала догІура цуьнга? – хоьттура цу стага.

– Цунна шена тІехь хІун яра?

– Дера яра ингалс-пачхьалкхан чо болу куртка, хеча, крагаш, коьртахь иштта куй, – бохуш, дийца волало иза.

– Юха хьайна цо и кеп хІотттаяхь, цхьа-ши метта тосу шаршой, тудуш болу кІархашший, 2–2,5 долл хиллал муьшан хІоз кхосса цунна. Шийла йолчу хенахь нислахь, гуттар дика хир ду. «Де кхолий даийта, буьйса екхна яийта бохуш, Деле доьхуш йолу къиг Сулима-пайхамара, катоьхна схьалаьцна, тІера масс яьк-

[2] Адамах а, Хьавах а, я борша а, сте а.

кхина, дIахецна. Кестта къийго: «Де декхна даийта, буьйса кхоьлина яийта», – бохуш, зурма кхечу агIор йолийна. Хаттабан «зурма» а хийцалуш гур ду хьуна!

Массо а са долу а, доцу а хIума кхоьллинчул тIаьхьа, Дала адам кхоьллина хилар ворхIара ваьллачунна а хууш ду. Шен хьекъалх – хьекъал, кхетамах – кхетам, коьртаниг – шен серлонах серлонан дакъа а дина, кхоьллина иза Дала. Иза вай дицдан йиш юй-те, я, дицдахь, цу Веза-Сийлахьчо могуьйтур долчех дуй-те?

«ХIунда дина-те Цо иза, хIун бахьана Iуьллу-те цу бухахь?» – боху хаттар хIутту белш тIехь лелориг гIабакхан буьртиг йоцчунна хьалха.

Мовсарна цу хаттарна нийса жоп карийна аьлла, хеташ ву со. Делан бIо – маликаш, бер санна, эсала, дагахь хIума доцуш, «мекарлонаш-кийтарлонаш» бохург хIун ю ца хууш, ду. Далла дуьхьал долчу Иблисан бIонан, шайтIанийн герз – и санна долу дерташ, ямартлонех дукхе-дукха дуьзна, тIехъоьхуш ду. Цундела шайтIанашний, маликашний юккъехь дIабоьдучу къийсамехь тIаьхьарчарна гIоьнна кхоьллина ду, боху сан хьешо, адам. Аьллачунна тIедузур дара аса – догцIена мел долу адам. Цу тIе доьгIча, кIорггера маьIна долуш карадо дайша вайна дитинарг: «Дийнахь-бусий шайтIанан уьссазза букъ бойнарг ву бакъволу къонах».

– Со бусалба ву, бусалба хилла ца Iаш, дика бусалба ву, бохуш, мохь бетташ, ша нахана гайта гIерташ мохь беттарг, гайта гIертарг бусалба вац...

Сан цхьана накъосто-чIинхочо элира, къамел забаре доккхуш дийцарехь, шайтIа къардина чIинхой бу и бакъ болу къонахий! Забар-м забар ю, амма забар а цхьа шен бух боцуш хуьлуш яц. Суна гарехь, чIинхойн дайша шайтIанан цхьана заманахь букъ бойна хила мегаш хIума ду. Амма берд лаьцна лаьттина бохург-м забар ю.

Шайн хенахь чIинхой ялта кхиор-дерзорна тIехь йоккха корматалла йолуш хиллачух тера ду. «ЧIанти//чIинхо» бохучу дешнаша а цу тIе валаво Iилманча. ШайтIано, Iехийна-тилийна: «ХIинца-х ма дац шун дан хIума», – аьлла, ламанан басешка шаьш кхийсича: «Хьовсур вай!» – аьлла, пхьуйш хьала а карчийна тIебирзинчу кхара, басош охкуш, лахахь тIулгийн терхеш юттуш, гота хьовзо аьтто боккхуш, басешкахь кхаш кечдина. Шайна-м хьовха, ламанан лакхенца бехачарна «чIанан» пхьор латтийна. Цунна олуш ду «чIана вахана» – ялта эца, дан ваханчух, я «чIана ваьлла» – мацалло ховзийча.

«ШайтIанан букъ шена а, нахана а хьанала къахьегаро кагбо. Еккъа бага еттаро цуьнан дог оьцу». Цунна тIедогIуш аьлла ма ду: «Хабарех яй ца бузало».

Ислам-динан некъ, бийца ца оьшуш, дерриг шеншен меттиг билгалйина, дIанисбина бу. Бакъду, динан охIла боцу нах Iадда-м ца Iало бага ца етташ. Чолхениг – вайн нохчийн къоман дахаран некъ, кхечарех тера йоцу кхетамийн башхаллаш, тайп-тайпана Iаламца, адамашца йолу юкъаметтигаш. Уьш а Iамийна, теллина, цацан чохь ахьар санна, листина, диканиг-вониг дIасадаькхина вайна охьадиллина дац вайн дайша. И хала дукъ вайн чкъурана тIедоьжна. Наха бахара-аьллера бохурш тIехьа а тоьттуш, ма-дарра долуш дерг, нисдан гIерташ, дIасхьа ца сеттош, кег ца деш, Iамор-таллар вайна тIехь дисина. Эрна баьхна дац Шейх-Мансура: «ПIалс ласта а беш озабе схьа, ченаш-нехаш вайн ваьшнаш а тоьуш ю». Цуьнан маьIна диканиг, хазаниг тIеэцар, тIелацар эхь дац бохург ду.

Амма, халахеташ делахь а, вайна юкъахь кIезиг ца нисло хьесап, маьIна а ца деш тIелоьцурш, тIеийзораш. Коьртачу хьолана уьш гучудолу маттаца. Вай махкахдахарал хьалха муха хилла, ала хала ду суна,

амма вай цIадирзинчул тIаьхьа, «интеллигенци» ю бохуш, цхьа чкъор делира вайна, нохчийн мотт вайна къахьбан гIерташ. «Оьрсаша ма-аллара, дуьззина ала деза дош», – бохуш, тIеэгош. «Коммунизм, социализм, завод» – мел ду уьш! Нохчийн меттан хоршара дужуш а, дуьжуш а, догIуш а дац уьш. Масала, нохчийн маттахь «завод» бохучунна меттана лелаш дош «зовт» хилла; автобус, троллейбус – «конка», гостиница – «петар», тюрьма – «набахти», школа – «ишкол», больница – «лазартни». И тайпа дешнаш эзарнаш ду. И дешнаш нохчийн маттана юкъара дIакхийсинарш муьлш бу? Хьалхарчу декъехь, шаьш меттан говзанчаш бу моьттурш! Яздархой, поэташ, журналисташ. Уьш тахана а болуш бу – вай дацахьара, ма къа дар-кха вайн меттан, ма байна бар-кх хIара бохурш. Ишкол аьлча, Iетто дог хуьлурш, шиша аьлча, дог кIадлурш, зока аьлча, «вот колхоз!» бохурш.

Гуттар доьхнарг – и нах даиманна безабе, маймалан амале бирзина, даиманна шайн некха тIе буй бетта. ДIахьаьвзинчунна, охьатаьIначунна, вистхила дагадеанчунна саццаза еш яппарш ю; ши стаг вовшах кхет-кхеттачохь хуьлуш бу, цагарна, цахазарна кхоьруш, «со цагучун бIаьрг болийла» бохуш, тулгIено берда тIе кхоьссина чIара санна, ца соццуш беттало.

Юх-юха карладаккха догIу адаман дахар-Iарна махко, Iаламо шен Iаткъам беш хилар. Са а, чарх а цхьаьна догIуш воцу стаг я хьераваьлла, я дегIаца, хьекъалца, кхетамца хесар хуьлу – цу тайпанчу стагах адам ала хала ду. Вукху агIор, адаман-Iаламан юкъарчу уьйраша шен юхь, шен сибат, кхечарех цхьаьннех тера доцу васт долуш халкъ//къам кхуллу, иза цхьана шатайпанчу кепе дерзадо. Мехкаш а, цуьнца доьзна долу Iалам а, цигахь дехаш долу къаьмнаш а вовшех тарделча, дуьне дохарна кхерам бу. Уьш, бедан кIорнеш

санна, цхьатера хуьлийла дац, Делан лаам ца талхош. Хаа-м дезара, важа Иблисан гIурт буйла.

Къаьмнаш а Дала кхоьллина ду. Царна хIоранна а шен-шен мотт къастийна Цо. Iалам къаго кхоьллина гIа-бецан заза санна, адамашна юкъара уьйр-марзо чIагIъян, къаьмнаш варкъдаккхарца хаздан, царна шен-шен гIиллакх-оьздангалла а къастийна Сийлахьчо. Нагахь санна гIиллакхаша адамийн сина-дегнашна-ойланашна дика Iаткъам бахь, уьш вай лара мегар ду. Вайн гIиллакхийн дика «цаца» бу даиманна дахарехь уьш луьстуш – ЛАРАМ. Лараман новкъара юьстахлилхича, церан гIа-маргIал, заза маргIалдулу, бос бов, стом лучуьра соцу, дакъало.

– Диканна дуьхьал дика даккха-м хала дацара, – баьхна вайн дайша. – Вонна дуьхьал гIиллакх татта доккха доьналла оьшу-кх!

Эрна аьлла ма дац Сийлахьчо: «ГIиллакх доцу Адам Ша ялсамани улло дуьтур ма дац».

Вайн хаьжцIа баханчаьрга: «Шу, нохчи, шайн гIиллакхаш бахьанехь а ялсамани гIур долуш ду», – бахар бакъдуй хаийти суна стохка гуьйранна.

Мусаев Iалавдис цхьана институте диги тхо кхайкхина. Цигахь Iумар цIе йолуш цхьа къонах а вевзи. Аса-м тидам ца бин: цхьана неIаре нисвелча, цо суна некъ битина хилла.

Со-со а халчувели, тIевеанчу цхьана стага:

– Бехк ма биллалахь, хьо Нохчийчуьра вуй, хаьа суна. Пайхамаран цIийнах-м вац хьо? – аьлла, сайга хаьттича. Со цецваьлча, цо тIетуху: – Со Соlудера, генара делахь а, паччахьийн цIийх шейх хьенех-минех ву. Хьуна конгрессмено некъ ма белира?

– Цецвийла хIума дац, тхан гIиллакхаш ду ишта, – дуьйцу аса. – Хьалхарчу декъана, со хьаша ву аьлла, белла, шолгIа-делахь, со воккха хила тарло, кхозлагIа, Iилманча ву бохуш, кехаташ кегочарех ву со.

– Я Аллах! – аьлла, мохь бели паччахьан цIийх волчун. – Тхо хIунда даьхна Ахьа Айхьа царна диначу диканна юкъара?

И саннарш дозанал арахьа лелачарна тIеIиттаделла хIуманаш ду.

Iеламан дайша дийцарехь, адаман аьтту белш тIехь цо мел дина диканиг, хазаниг, мелехь дерг дIаяздеш Тарам-малик ду. Ткъа аьрру белш тIехь вониг, зуламениг, хьарамниг, маьттазниг Шайтlано (нохчаша Хьарам олу цунах) дIаяздеш ду. Дийцарехь, муьлхачу а адаман таро ю, иза иштта ду я дац хьожуш, ша-шена терго ян. Масала, хьан дага (!) цхьа диканиг иккхинехь, бIаьрг-негIар тохале, шайтlано нийсса бIостанехьа дерг хьоьхур ду хьуна, я «кхана дуьйна дIадолор ду ас, жимма са а даьIна, я...». Мел карадо цунна и мекарлонаш-бахьанаш. Ша бохучунна кIел ца соцуш, стага диканиг чекхдаьккхича, аркъал кхоссалой, букъ кагбо, боху, шайтlанан.

Дала диканна даьккхина а, доккхуш а ду дуьнен тIе адам – цунах шеко хила догIуш дац. Хьалхарчу ворхI шарахь берана малик ду олу дуьненчуьрчу массо къомо бохург санна. Эрна аьлла ма дац Хастамхиларо, массо дуьнен тIе долу адаман са бусалба ду. ХIунда? ДогъIаьржалла, сутаралла, хьагI-бода, мекарлонаш-кийтарлонаш йолчух иза кхетта доцу дела. Диттах кхеттачу нIаьно зирх бIаьста тосу, гIа-маргIал, заза гучу а далале. Цундела тIедожадо дена-нанна, йижаршна-вежаршна, гергарчарна, чу-тIе лестачарна бер кхетош-кхиор: вочу амалийн лаг лацар, дикачуьнга заза даккхийтар. Бакъду, и доьзал иманехь бацахь (нагахь санна хьарамлонах ца къехкаш, кураллаш тIеийзош, ларамах пебетташ), доьзалхочух царна шайна верас а, нахана накъост а кхуьур ву моттахь, иза бакъ дац!

Оцу бахьанина хилла цхьана заманахь (римлянийн а хилла, моьтту суна) беран 40 де кхаьчча, иза ден цIар тIе доккхуш (и ламаст карладаькхича, пайдехь хир дара аьлла а хета).

Гуттар механиг, хетарехь, дас олу дешнаш хилла:

– Тахана дуьйна, сайн ницкъ мел кхочу, хьо хьайн доладалучу хьо валлалц (яллац), сискал, маша, кIел ваха (яха) тхов хьуна латто, хьуна верасалла дан а тIелоцу аса. Когаш кIелара хIара латтий, лакхара сийна стигланашший, гонах лаьтта хIара нах тоьшаллина болуш, хьо нахана зуламе валахь, сан ворхIе ден ахьа сий а, цIе а йожаяхь, хьоьгара оьцу болу бекхам сайн йоIзар тIе а лоцу аса.

Нохчийн бен, хааделла дац суна: «Шайн дийна йолчу тIаьхьенна дола-Iуналла деш, ворхI ден синош, эхарта дIа ца доьлхуш, кешнийн охIланехь соцу», – бохуш дерг.

Иза ду, шаьш декхарера ца бовлуш, шайн дуьнен тIерачу тIаьхьенан цхьана гӯрахь дика а, вон а къастош хила лаар. Нагахь санна шайн тIаьхьенех цхьа цадогIург, дастамениг даьлча, охIланера синош, юьхьIаьржа хIуьттий, бертал оьгуш хилча, дийнаболчарна мел доккхачу декхаран дукъ тIедужу тIейогIучу шайн тIаьхьенна хьалха. Диканна-вонна юккъера дозан сиз лардайта Iалашо йолуш дац иза шадерриг а?! Нохчийн «педагогика» ца хилла, я иза ледара хилла ала хьенан мотт керчар бу?

Тахана дуьненахь, ООНо талларехь, 6,5 эзар халкъ ду. Ша доссийначу Къуръанан 5-чу сурин 53-чу аятехь Аллахla боху:

«Шена лиъннехь, шух цхьана динан юкъаралла дIахIоттор яра Аллахla, амма шадолчуьнца шу зен лаьа Цунна. Дикачу гIуллакхаш тIехь вовшашца йохье хила, тIаккха шуна Далла дуьхьалдерзар а хир ду, шу вовшех цакхетарг кхастор ду Цо».

Дала массо халкъашна шен-шена къастийна мотт, сибаташ, гIиллакхаш делла. Мел дукха, мел чIогIа мохь вай хьекхарх, хала ду тIелаца, Далла хьалха цхьа къаьмнаш хьоме а, деза а ду, вуьш мехаза ду бохург. Иза кхана догIур долчу Къемат-дийнахь Дала шен кхелаца къастор дерг ду. Баккъалла хиндерг-м цхьаъ ду: доккхачу къоман таронаш сов хиллий, озабезамаш-уьйраш шуьйра хиллий аьлла, хила йиш йолуш, хир йолуш а яц и Цуьнан Кхел! ХIора Адам ша-ша Цунна хьалха хIотта дезаш а, хIуттур долуш хилча, хабаршший, къамелашший дийца-м ца дезара. Кхин цхьа «нун» ду тIе тидам бахийта безаш: оьрсий, Iарбий, туркой, германаш, перенгаш, китацайш (жуьгтий-м хьехо а ца оьшу) – вайх мел хьакхавелларг (я муьлхха жимачу къомах верг) вайн мотт цхьанххьа билла ца магош хуьлуш ма ву!?

Цхьа масал. Делкъламазна цхьанхьа чувахана ву со бIаьста. Со, ламаз карладоккхуш хьевелла, жимма тIаьхьависна. ТIебаьхкина кегий нах нисбели цу чу:

«ЭхI, Далла бу-кх хастам», – бохуш, воккхавеш Iаш со а ву.

ТIе а таьIна, цхьана жимчу стага цхьаъ-м боху соьга. Со ца кхийти цо бохучух. ДIа а хIиттина, рузба дин цара. Уьш бовллалц сецна, аса хоьтту цу кIанте:

– Ахьа хIун бахара? Со лергана чIогIо ву хьуна.

– Хьан фард чекхдаьлли бохуш, хеттара аса-м, – жоп ло цо.

Иза хIун ала гIерта, со ца кхийтира. Цхьа хан яьлча, тIаьхьа-м кхиира. Ойла еш Iа со тIаккха: «Хьажахьа, ликбез чекхъяьккхинчу комсомолаша бийцина мотт ма бу хIинца хIокхара бийца болийнарг».

Бан а бу. Цу ойлан тIехь гуттар чIагIвели со, Китайхь дешначу цхьаьнца вовшахкхеттачул тIаьхьа: «Су могус дуй?» – иза сайга баха волавелча.

Таханлерчу дийнахь динан дайшна (динан башхаллаш кху тIехь йов) моттаделла, дин Дала шай-

на дуьненан рицкъ даккха доссийна ду. Хьажийнчу новкъахь севцча, шайн «дарж» дужу, цундела цхьаммма аьлларг кагдан деза, аьллачунна дуьхьал цхьаъ ца далийча, хIуъу далийна а, эхь ду. Стенна тIехь къаьсттина а, къастар Iалашо хуьлий дIахIутту (иза а билгалдаьлларг ду муьлххачу а динан дайшкахь). Аса ца вуьйцу Iумар, Iела, Махьмуд, Иоанн, Жан я Ян – дуьненан юкъара Iилманна билгалдаьлларг ду хьехориг.

– Адамех, церан дахаран-Iаран кепех, вовшашца тасалуш йолчу уьйр-марзонех, гIиллакхех хуьлуш ду къам. ХIара ма ву аьлла гIараваьллачу цхьана Iеламдас, муьлххачу динах, муьлххачу къомах иза хиларх, аьлла дац-кх соьга динан дуьхьа кхоьллина ду адам. Бакъду, мутаIеламаша, вайн «боршаман молланаша-м» нийсса бIостанехьа делла жоп. «Дика ду делахь, Пайхамарш хьенан дуьхьа баьхна Цо дуьнен тIе?» – хаьттича, цхьаболчара-м мукIарло а дина.

Адамашна юкъара уьйраш-марзонаш, ларам-гIиллакх лахдалар къоман «кехат дар» хилла ца Iа, дин малдалар а ду. Дала Иблисца латто къовсам (тIом олийла дац цкъачунна, Иблис, Дажалан сибате даьлла, дуьхьалдаллалц) ШIа кхоьллина долу адам бахьана долуш латтош ма бу, ткъа уьш нохчий, Iарбий, оьрсий, китайцаш бац, адамаш ду. И цхьаъ тоьур дацара-ткъа вайна, кхета а, ойла ян а, дукхахдолу тIехула хIуманаш ца дийца а? Суна тамашийна хеташ дерг: ши элп вовшахтаса мел Iеминарг, вайн дайшна бусалба дин вайначул кIезиг хууш хилла, цара иза вайчул ледара лелийна, ала гIерташ хIунда ву-те? Хьажа бIаьргаш, ладогIа лергаш, белш тIехь корта а болчунна и бакъ доций гуш-хууш хилча? Иштта къаьсттина гучех ду уьш вайл ледара я Iовдал хилла цахилар. ТIаккха вай цара лардинарг, деза лерина лелийнарг пусар доцуш юьстах хIунда кхуьйсу, вай цадезачаьрга тамаша байта гIерташ санна? Цара емал мел динарш,

мехаза леринарш, байракх йина хьалаайина, шовкъашца маьхьарий хьоькхуш, дадийна леладо, долчух довла хьаьхна. Еккъа цхьа гIулч бен ца йисина вайна вовшашца мостагIалла лаца а, хIаллакьхила а. И дерриг а вайн бIаьргашна гина а, гуш дерг а ду, гуш лаьтташехь, хуьлуш лаьттарг а ду. Нисло вайна юкъахь-м: «ХIорш ца хилча, йиш яц, хIорш хьалха а даьхна, дIа ца эхьахь, вай довр ду», – бохуш, вайн дайша цалеринарш (царна вочу гIенах а дага ца даьхкинарш), байракх йина айина, маьхьарий хьоькхурш.

«ЧIогIа мохь болучуьнга гIаланаш хотталуш хилча, виран ворхI гIала хир яра», – баьхна вайн дайша.

«Ма таханлера нехан амалш дика гуш хилла-кх царна», – аьлла, хетало, ладоьгIча. Кхин цхьа хIума а билгалдаьлла хилла вайн дайшна: «ГIовгIа совъяьллачохь гIуллакхаш кIезиг хуьлу, ткъа гIуллакхаш доцучохь, тIаьхье йоца хуьлу». Иза а вайн дагахь латто дезачех ду аьлла, хета.

Адам, доьзал, цIийнан нах, некъий, гар, тайпа-тукхум, халкъ-къам бохуш лахара хьала толлу вай вешан орам. Дагардинчех: «Массарна а коьрта, деза, хьоме хетарг хIун ду-те?» – аьлла, дуьхе кхиа гIоьртича, гучудериг адаман СИЙ хилар карадо. ХIора адаман, доьзалан, цIийнан ... Къомана-махкана тIекхаччалц IалашО хилла хIуттург СИЙ ду. Вай кхузахь хьехориг БАКЪДОЛУ СИЙ ду! Ткъа цуьнан, адаман дахаро бен, мах хадош бац. Иза дайшкара охьакховдош, даржехула схьалоцуш, киса доккха хиларца хуьлуш дац. Дика гучудолу цуьнан маьIна адаман дегIан чархан тидам бича: цуьнан доккхалле-жималле хьаьжжина хуьлуш ма дац сий-ларам. Сий сица доьзна а, догIуш а ду. Адамашца йолчу стеган юкъаметтигашка хьаьжжина хуьлуш бу цуьнан барам а, доза а.

Тахана вайна юкъахь кIезиг бац юкъаметтигаш энже, кIоршаме, юьхь-эхь-яхь яйтина, гIиллакх-оьз-

дангаллех къехкаш лелча, ахча-бохчано шадерриг меттахIоттадо моьттурш. Хьарам рицкъано гай тIе йиллина мохь санна, ахча-бохча-м, худалой, дIадолу, амма цIе юьсу! Мел дукха хиларх, даьхнийн мах кIезиг бу, нагахь иза хьовзо дезачу хьовзо кхетам бацахь. Амма, нагахь вайн дайша дитинчу цхьана хорша иза шадерриг дерзо кхетам хилахь, нахаца йолу уьйр-марзо совйолу; цуьнца цхьаьна ларам-сийно зазадоккху – КЪОМАН СИЙ шен дегI нисдеш дIахIутту. Дуьненахь цул сов совгIат дац адамна ган, лан, хьега!

Тахана санна адамашна юккъехь кегарий хиллачу муьрехь, ойла тIехула йолуш берш, шаьш лелош долчун кхане муха хир ю-те аьлла кIоргене цакхийдарш, таханенах тоам бийраш дукха IаьIна. Бага дукха еттахь а, хьарам-хьанал бохург ца къастадо. Мохь бетташ Делан цIе яхах а, суждане-м соьмана оьху. Яххьий-хьаггIий цхьа колл, цхьа дог, цхьа юьхь йолуш вовшах хьаьрчина уьйриг хилла. Аьтто боцуш висинчунна дакъа дан сих ца ло, «телетурмал» тIеерзийна яцахь. Амма, хIара дуьне-м: «Хьалдолчунна дуьхьал – цул а хьал сов дерг; мекарчунна дуьхьал – цул а мекарниг; майрачунна дуьхьал – цул а майраниг воккхур ма ву Ша», – аьлла, Сийлахьчо кхоьллина ма дай, вайх доллург талла. ГIаланаш, дарж, хьал бакъдуьнене дахьа гIиртинчу IирIунан а гIуллакх ца хилла цунах. Цигахь вайна карор дерг, кхузахь вай нахана (нахана динарг Далла дина ма ду) дина дика бен, ма дац.

ХIора минотехь бохург санна, вайна ган таро ерг: таронца шел сов ваьллачуьнца йоьхье вуьйлуш хьал-бахамца цул тIехъэккха гIертар. Иза вон яхь ю, аьлча а, яхь ян яц. Баккъалла аьлча, цунах хьагI олуш хилла вайн дайша. ТIехула тIе, иза стеган дакъазалла ю. Зударийн амале верзар ду, зударийн кога кIел вахар а ду! Изза бен, цунах олийла дац: стаг (шаболу доьзал) син-пIилдигах ма волу. И амал вайна йи-

сина (ницкъ болчо кIелонаш еш, йийсарш беш, бухкуш, дIадолла дакъа ца дуьтуш хилла хан ю юьйцург) лам-керста олуш юьйцучу хенах: бусулба а, оьзда а нохчий бохучу маьIнина, хесапна улло догIуш а дац.

Нохчийчо тахана дицдечех кхин цхьаъ ду: «Дала хьуна яздинчу рицкъанна тIевуьгуш маситта некъ бу. Дукхахьолахь вайн стага, сих а лой, собар цахиларна, уггар боцаниг хоржу некъ, ткъа иза хьарамниг бу». Цуьнан тIаьхье, йийца ца оьшуш, вуно вон хуьлу: тIаьххьара а шен долчух а, нахах а, Делах а волу иза. Цунах лаьцна дийца оьшуш дацара, нагахь санна гонах дIасахьажа, тидам бан вайн кхетам белхьара (мел яккхий, нисъелла гIишлош ю гонах, корашна-неIаршна пIендагIаш тоьхна, цкъа а чу цIе а латоза, яьсса лаьтташ 10–20 шаре евлла). Церан даг чу хьежа ца оьшуш, гуш ма дара, шаьш царна дуьненан элий тарбелла хилар. Дуьне доххалц и «хьал» шайна Дала делла а ма моттаделлера царна. ЙогIучу хенахь цара уьш дезар эца ца йина хьаьнга алалур ду, аьлча а, тешар а мила ву. Амма тахана а царал хьалабовла гIерташ гIишлош-гIаланаш югIуш берш ма бу дуккха!?

Дала вайга схьакхийдош, схьаоьхьуш лаьтташ болчу синкхетаме, адамашна юкъахь леллачу масаллин кочарша, гучубохучу некъо билгалдо: нах сутаралле бирзина, «барда» малийначу гомашо санна, гIодмаш, хьардаш ца къестош, чухьерчо боьлла. Ген-бIаьрган мацалло синкхача юхатеттина: дуьненна тIаьхьабевллачу нехан гергарлонаш, уьйр-марзонаш, чу-кара бохург, вовшашца болу къинхетам лахло. Алу юкъа кхоьссина сутараллин йовхоно лоьлхуйту тIулг санна, гаьргаш хуьлуш бекъало, вовшех къаьста нах.

Вайн бусулбаллех дерг аьлча, со галваьлла хир ву аьлла ца хета – иза меттан буьххье дирзина. Сан бераллехь мурдаш – Ахьматханан Юсуп, ЛутIа, БегIин Iусман, Мовсар, Олхазаран Салавди, Iумархьаьжа, ДжугIуртара

Нурди, кхин дуккха – дукха лаьттина тхан хIусамехь. Сайн нийсархошна, могуш цахиларна, юкъаваха йиш а йоцуш, цаьрца хьерчар дукха нисделла сан. Суна дагах-кхетта цара сих-сиха хьахош хилла долу цхьа хIума.

«Делан салам хиларг ламазана хIоьттина а волуш, иза валлалц бохуш тIехьа хIоьттина лаьтташ хилла Турпал-Iела. Ша ламаз дерзийча, доIа а дале, Iеле аьлла Делан салам хиларо: «ХIуьнехдинчу маьждиган хьалха мохьбетташ Къуръан доьшуш хьенех-минех ву. ГIой, цуьнан корта баккха».

Шега бохучу метте дIакхаьчча, аз тодина, маттана шарвелла, Элчано ма-бохху, мохьбетташ, цхьа безамехь-битамехь стаг гина Iелина. Маьждигна уллохь шена кхин цхьа а ца карийча, «ша кхетта хир вац-кх шега аьллачух» аьлла, юхавирзина Турпал-Iела ша хьалха лаьттинчу дIахIоьттина.

Шен доIа дерзийна:

– Аса аьлларг кхочуш хIунда ца дин ахьа? – аьлла, юхахьажийна Iела тохарлерче.

«ХIара-м хир ма вац цо вуьйцург», – бохучу ойланца юхавирзиина Iела.

– Аса бохург кхочуш хIунда ца дина ахьа? – шега юха аьлча, дIаваханчу Iелас, баьргаш а хьаббина, Зилбукъар тоьхна оцу стагана.

Юха хIара шена тIевеача, Элчано хаьттина:

– ХIун гира хьуна?

– Цхьана агIор жIаьла дара дедда доьдуш, вукху агIор хьакха ма яра хьаьдда йоьдуш, – жоп делла хиллера Iелас.

Сан дагахь дисинарг Мохьаммад Пайхамаран дешнаш дара, цара бина Iаткъам тахана а кийрахь лелош а ву со.

– Хьо цецвийла хIумма а дац. Дела дагчуьра ваьлла, шен тоделлачу озах, шарбеллачу маттах, ша-шех дозалла деш доьшура цо Къуръан».

Хlораммо а Цуьнан дешнийн маьlна тайп-тайпана дан там бу. Сан сина, дагна lаткъам бинарг, коьрто схьадаьцнарг: Делаца шалхонаш мегаш цахилар!

Гонах дlасахьаьжча гуш дерг: багахь цхьаъ – лелош дерг кхин.

Дукха хан йоццуш тезетахь хилла къамел ду хlара (тезетахь – ???, жима хилча-м, кхеташ вац, ала тарлора):

– Хьарам-хьанал бохург тlаьхьа къасто-о-ш lийр дара, шортта ахча делар-кх, – бохуш, къамел деш ву цхьаъ.

Хlумма а ша дуьйцург дош ца хеташ а вац. Ткъаткъе итт шо хьалха и тайпа «хабар» дан мича хlуттур вара иза? Дича, шен мегар доцу дела. Тахана цу тlе даьлла гlуллакх. Мича кхача гlерташ хьаьвдда долхуш ду вай? Итт-пхиитта шо хьалха, «перестройка» йолуш, со тlелоттавелла юьртан молла ву ша бохуш лелачо, совхозан директор волчу чохь цуьнгий, юьрт-дегий: «Кlентий, хlара совхоз бохург шен ден мерах яхийта еза вай, хьонкан нlаьна хилхьара кхунах», – бохуш.

И саннарш кlезиг цахилар гуш ду. Гиначех, хуучех ду Хьажин цlа оьхурш, дукхахберш, шайн фамили мел лелориг тlаьхьа а хlоттавой, кегий бераш а тlехь, йийбар ядийна лелаш хилар. Налог ю аьлла цlе а хийцина, догlу закат юхатеттина; нехан пенсеш дlа ца ло; маьждиг чуьра куз-палс бадо кlел хевшина; кешнийн керт яьхьна, шена и дlахlото магийнарш а бу.

Мел ду уьш – хилларш-гинарш! Кхузахь хьахийначунна а, хьахоза дисинчунна а дlадиллина lуьллуш Делан кхел-хьукма дуй ца хууш лелош дац и лелочара. Дела сиха вац, амма вай могуьйтуш хилча, хьастагlа тезетахь хилларг санначу нехан тоба совъялар бен, хуьлуш пайда бац. Вай бийцинчарел а чlогlачу таlзарна кlел гlур болуш бу къу-кхахьпалла лелийна а, лелош а болу хьаькамаш, политикаш.

Вала де дац-ткъа хlара! Велларг дlаволла верасашна lедало (керста lедал олу вайн цунах) къастош ахча ду. Цунах кхозлагlа дакъа шена ца дитича, иза дlадала ца туьгу бусулба ву ша бохуш «lункар» хlуьттург. Орцах ваьлла тlеваханчуьнга, ша ву дакъа дезаш бохуш, бахьанаш лело хlутту. Бакъду, Хаджиев Саламбекан доьналла тоьира, нах схьа а гулбина, и хьехочунна суд йийриг хилар дlакхайкхо! Йохийна-ягийна хlусамаш меттахlитторхьама керстанийн lедало, компенсаци аьлла, ахча билгалдоккху. Амма кхузарчу «паспасо» цунах 30–50% шена ца йитича, гlуллакх чекх ца долуьйту. Иза мича «дlанислуш» ду? Гуттар доьхнарг: «Со нохчо ву, аса мотт тухур бац», – бахар ду. «Бакъдерг цадуьйцург шен умматах ма вац», – аьлла, Делан элчано дитинарг мича хьо вай?

«Ванах, вайн дай, вай ваьш ишта дика, массарел тоьлуш хилча, вайна юкъара вонаш мичара бевлла-те?» – бохуш, дукха хеттарш до соьга.

Уьш шо-шаре даларца сов а буьйлу. Вай массарел даиманна а тоьлуш, хьекъална совдевлла хилла доций хаийта гlерташ дуьйцу аса хlара шадерриг. Вайн дайша, вай ваьш ца деш а, ца лелоза а дика-вон адамашна юкъадаьлла а, лелла а дац. Делан цхьана къинхетамца нохчийн къам дуьненахь долу маситта эзар шо ду. Шаьш бен, дуьненчохь дан дац, хилларш хилла а дац бохуш лелла «тур текхийна долу» дукха къаьмнаш, «тlап»-олуш я ца олуш, дуьненчуьра дайна. Вай довр хилар цхьа шеко яц, карахь долуш долу хьал дахлахь. Вайца долу сакхташ къайладаха гlерта вай, наччlазан амалш дика агlор тарйина, «диканиг» хьоьшуш ду.

Дукхе дукха нах ихна суна тlе Айдамаран Абузара вайн сакхташ lорадахарна шаьш реза цахилар гойтуш.

Цуьнца доьзна цхьа масал дало луур ду суна. Эллинаш дуьненахь а гlарабевлла хилар массарна а хууш-гуш дерг ду. Церан муха кхаьчна-те таро а, доь-

налла а иштта лакхарчу тIегIан тIе бовла аьлла, ойла ян воьлча, билгалдаьлла суна, со цхьаъ ша хилла цахилар а. Соьл дукха хьалха дуьйна наха йина цу тIехь ойланаш. Билгалдаьлларг, гIарабевллачу Iилманчаша тIелаьцнарг: цара шайн айпаш къайладохуш, дIалечкъош цахилар. Цхьана Эдипан сибат тоьур ду и билгалдала. Эллинийн кхетамехь, цхьа а айпе, даьсса, маьттаза хIума цуьнгара ца долуш, цо ца лелош ца дисина. Вайн Илли санна деза-доккха лелийна цара иза. Дагалаца деза, уьш дин доцуш хилла хилар, амма царна массарна де-дийне мел долу карладоккхуш, дагадоуьйтуш сибат хилла иза. Делахь а, латте худийтина цара иза.

Iилмано-талламо билгалдаькхина оьрсашна юкъахь шуьйра даьржина долу Кащей Бессмернийн сибат шен орамашца вайн къомаца догIуш хилар. Мел вон лела деза адам, нагахь санна латто а иза тIелоцуш ца хиллехь. Латто – чарх, стиглано – са тIе ца лоцуш, Къематан де тIекхаччалц дуьненчуьра а, стигалашкара а массо хIуманца ийгIина, мостагIалла лаьцна, «цIий ду хьо, са ду хьо?» бохучу хаттарна дала жоп доцуш кхерста и гIаларт. Иза вайн хилла я ца хилла а, ца хаьа вайна!

Вайн вешан Иллийн нийса маьIна, цуьнан кхолладаларан-кхиаран, хийцамаш хиларан некъаш а ца теллина кхоччуш. «Адин Сурхон», «Мадин Жаьммарзин», кхин дуккха шира иллеш баккъалла иллеш ду – уьш къонахех ду. Уьш «хIонс ядочарех», бахам-хьал юьхьарлаьцна лелаш а бац. Дукхахберш Къонахех кIентий хилла, доьналла майралле йирзина, цIе, хьалхе езаш лелла нах бу. Вайн чкъор тIаьхьарчарех ду, дуьненан Iалашо «каяьллачуьра, катоха» бохучарех. Кхузахь а гучудолу дуьненахь а билгалдаьлларг: хан-замано мел диканиг а бIостанехьа дерзош хилар.

Со хIумма а вай, я вайн дай хесто ца гIерта, долуш дерг, хилларг, лелларг билгалдаккха гIерта. Дайша вайна кхечу къаьмнийн йоцу, уьш хьоьгу кхетаман йоккха хазна йитина, цунах пайда эца безара вай (сайн и мухха нислахь а) ала а, дIахаийта а гIерта. Дала сайна дуьненахь тIедиллинчех иза цхьаъ хиларх а теша. ДIалоцур ду, кхетар бу бохучух тешам а байна, амма ца аьлча ца волу, иза сайца дIахьойла а дац сан.

«Массарна а дерг ловзар ду, – олу вай сих-сиха, амма цуьнан шолгIа дакъа ца олуш дуьту: – Массарна а доцург дика дац!» Цуьнан ойла ян, маьIнин орамашка кхача гIерташ верг кIезиг хуьлу. Цкъацкъа сан ойла соьцу: «Цу новкъара ваьлла-м ца хилла-те Каши[3]?» – олий.

Соьца цу хоршара ваьллачо мел даккхий къамелаш дарх, стигалашкара седарчий кегош, лаьмнаш орамашца бухдохуш хиларх, иза адам дац. Къизачу ахаройл, дийнатал воьжна иза. Адамана-м тIедиллина ма дай тIаьхьенан ойла яр а, церан бала кхачар а.

Эллинаш шаьш яьхначу лакхенашка кхаьчна, церан дайша царна Iалашо хIоттийна хиларна: Iилманехь, искусствехь, дахарехь дика цIе йитар тIедожош. Иза бIостанехьа дерзар а хууш ду. Дагалаца Геростат!

Вайна вайн дайша, лакхахь аьллачунна тIетоьхна, тIедожийна доьзал кхиор, уьш нийсачу новкъа бахар!

– Нохчи хила атта дац, – олуш ду вайн.

Баккъалла аьлча, дан а дац. ШайтIанан вортан тIера хьайн коган кIажа ахьа жимма а малбешшехь, Ибли-сан гIоьнчас адам малонехьа дерзадо. Эрна аьлла ма дац, аьллехь а, къонахчуьнгара даьлла хир ду: «Малонах хало хилира суна, халонах – бала». КIорггера маьIна долуш ду иза. Цкъа а, шозза а шена стага гIиллакхца цадогIург, оьзданга́ллина хийраниг, хьарамлонца

[3] Каши – стиглано са а, латтано дегIан чарх а тIе ца оьцуш волу каш доцу стаг.

хьаьрчинарг магийтича, стаг стоглара, зуда зудчун бистара йолу, ткъа иза иманах къастар ду. Дегlан чархан лаамаш, дахарехь оьшурш, даьржина догlу хи санна, тlехахкалой, яхьа а хьой, сина гlодаюккъе нуьйр а туьллий, иза хехка йолало. «Вон бlаьрг», «меца бlаьрг» эрна олуш дац, амма ша сица цхьаьна дукъа кlел хиларе терра, шадерг дуьне кхаьллича а ца бузу иза тlаккха. Са пис хилча бен, бlаьрг сутара ма болу.

Саьрмак тlехбоккха а хилла, дуьненна а зуламе бала кхерам иккхича, иза ша-шен цlога даа хlуттуьйту, боху, Дала. Гlиллакхашца талха доладелча, къам, и саьрмак санна, дакъаздолу.

Атта-м дера ду атта лела. Иштта леларш де-дийне мел дели а совбуьйлуш хиларна, иза вайн тидаман кlелхьара дlадолу. Гlиллакх-оьздангаллица дахарехь чекхвала lаламат хала ду. Оьздангалло шен хьашташ, гlуллакхаш, эшамаш хьалха ца тоьтту, царах байракх йой, бlаьстенан сера дайна меl санна, «ва-а дуьне!» маьхьарца кхайкхош, ца уьду.

Тамашийна хета-кх, дуьненахь шена баккха беллачу пхеа мурах кхо-биъ когаш кlел хьарчийна волчу стага дика-вон, хьарам-хьанал цакъастор. Цуьнга хьаьжча-м, кегийчарна билла бехк а ма ца буьсу.

Вайн дуккха а хlуманаш ду дуьненахь цхьана хенахь «тур текхийначу» къаьмнашца цхьаьна догlуш. Масала, римхоша, шайн Дела ву бохуш, сужд деш хилла Юпитерна. Царна моттарехь, цо кхоьллина хилла адам. Иза и кхолла тохавелча, цунна тlаьхьаваьлла Момус цlе йолу цуьнан цхьа гlоьнча: «Кхуллучун кийра хьажа кор дита дезара», – бохуш. Момус кхеташ ца хиллачух тера ду, ши пlелг биллал бен йоцчу багара дош араоькхушехь, кийрахь дерг гучудолий.

Вайца бусалбалла мел кlезиг дисина ган, со санна динан кlоргенеш хууш воцучунна а доккха хьекъал ца оьшу. Хууш болчарна мел го хир ду иза. Дин-м,

талла а, кего а ца оьшуш, дийцина, яздина, листина охьадиллина дара хаа а, дIакхехьа а луучунна. Доьхна хьал ду-кх НОХЧИЙ, НОХЧИЙН КЪАМ бохучу кхетамах кхета а, и хIун ду, мичара ду, хьалха муьлхачу маьIница лелла, тахана муха лелаш ду бохучуьнца доьзнарг. ХIора а бохург санна, шеначул цунах дерг дика цхьанна а хаа ма ца хаьа аьлла, дуй баа кийча а ву. Шен бага деъ-деанарг «охьаIеттош» караво, дIа бухе кхиа тIаьхьаваьлча. Баккъалла тIаьхьакхиа гIертарш, цу тIехь къахьоьгуш берш пIелгаш тIехь багарбалла а бац. Тахана шена ши-кхо ден цIе вовшахтаса а, цIарна, дайн ю бохуш, цIерийн бакъ-харц кочар дан а хиъчахьана, мичахь-хьена каш ду бохург-м хьехор дацара вай, ша нохчи ву моьттачу даьлла гIуллакх.

Иза ишта хилча, «нохчи хила атта дац дайша хIунда баьхна-те?» ойла цаяр билгалдолу.

Шоврaлла йоьллина пхьид хилла, ирхлелхарг, мокхачу лаьхьан дIовш хилла, багара дош дIаьвше дерг, эргIа вирах тера мохь чIогIа болург, тIингар дихкинчу доьхки тIе оьллинарг, цIа лулахочул, цхьа кибирчиг хилла а, лакхадаькхинарг къонах ву моттар юкъараллин кхетамехь чIагIделла даьлла. И шадерш вайна дихкинчех, беламе леринчех, осал хеттачех ду.

Вай кхузахь даладо доцца къонахан синкхетам шайна тIехь лаьтта ирда бIогIамаш а, цхьацца царна бIостанехьа дерш а.

1. АДАМАЛЛА. (Дала адамашна элчанаш бахкийтина, цхьа къам гуттар гена даьлча, цхьа некъ хьеха. Иза царна а, кхечарна а оьшуш дерг хоржуш а хилла. Адам-пайхамар вожале, и санна адамаллех вуьзнарг кхин кхоьллина хир вуй а, хаац. Цхьадолчу къаьмнаша иза тIе чIогIа лаьцна, лар а дина, Делан кхинхетамца). Хьалхарчу декъана, вай ваьш вайна тIелаьцна коьрта дукъ ду иза. Цуьнан чулацам цхьанна

бийца оьшуш дац. Иза шеца яцахь, стаг стогалара волу, цуьнан адамаллех хIумма а дуьсуш дац бохург ду. Хьахийначунна бIостане АКХАРАЛЛА ю. И шиъ дуьхь-дуьхьал хIоттийча бен, церан маьIнин дуьхе а ца кхуьу. Вай дийцина моьттуш ву со, таханлерчу дийнахь вай акхаройх, дийнатех къастош ерг адамалла ю. Иза Дала вайна диначу доккхачу диканах дика ду. Цу тIехь а Шен дикалла вайца коьмаьрша екъарца шен шатайпа вайца йолу уьйр гайтина Цо. Вай Цунна хастам бина девр дац, декха гIоьртича. Вай хьалха хьехийначу диттан сурт дагалаьцча, адамалла орамашца юста мегар ду.

2. КЪИНХЕТАМ. (Нохьа-пайхамар масаллина аьлча, адамца-м хьовха, массо садолчу хIуманца иза хила безар гайтина Везачо). Къинхетам боцчохь АДАМАЛЛИН саца йиш яц. ДоIа-весет дина лерина вайн дайша лелийначу дозаллех ду вайн хьехориш. Цуьнан бIостане КЪИЗАЛЛА ю.

Цу хьокъехь дало-м дуккха а хир дара, делахь суна дагахкхеттарг далор ду аса. Имам Шамилан бIаьно шаьш йийсаре дарх лаьцна гуьржин элан стуно Н. Чавчавадзин дагалецамаш тIера ду уьш.

«... Ши ког а лоций, бер цIенойн тIулгийн лардах тохар даре до. Нохчашкара къизалла ца гира тхуна», – боху цо.

Маса ден чкъор хийцаделла цул тIаьхьа! Къематан де тIекхаччалц вайна битина юьхькIам бу иза, вай баккъалла дозалла дан йиш йолуш. Баккъалла аьлча, оцу тайпанчу дайн гIиллакхех вайн дозалла дан йиш ю.

Диттан сурт дагадеача, къинхетам цуьнан гIад ду.

3. ЛАРАМ. (Мохьаммад пайхамар (I.с.), элчанийн мухIар лерина волу, хьехо оьшуш ца хета. Цуьнца ларам мел хилла а, дика хууш ду). Лакхахь хьахийна ши беза-боккха кхетам хазбеш, уьш ца хилча, патар-заза ца доккху. ГIиллакхо Iорайоккху оьздангалла санна,

ларамо гойту, схьаоьхьу важа шиъ. Сих-сиха хотту: «Царах коьртаниг, безаниг муьлхарниг бу?» Аса-м, кхуьй а бу, олу, хIунда аьлча цхьаъ юкъара баькхича, «гIала хаьрцаш» хиларна. Цу сибатех къаьстинарг, ма-аллара, стигалах корта хьекхалуш велахь а, нохчи бохург цуьнца догIуш дац. Ша адам ду бохуш латта-м хьоьшур ду, амма шен коча тесна хьаштагI – ниша – лерор бен, цуьнгара дала нахана а, шена а дика дац.

Адамаш, къаьмнаш, хан-замано талхадой, дастамечу хьоле дерзар, ца хьехийча а, гина-хууш дерг ду. Лакхахь вай хьахийна беза-баккхий кхетамийн хоршара адамаш, къаьмнаш довлуш хилар а гуш ду. И хьал ца хIоттийта, цу тIе гIуллакх ца далийта хьежош бу Дала пайхамарш, элчанаш дуьнен чу. Дин Дала вай лардан, цхьана чIагIонаш тIехь вай чIагIдалийта, цхьана хоршахь вай совцийта некъаш, ларш, гураш ду. Адамалара ваьлларг адам доций хаийта, гайта, цу тIехь вай чIагIдалита.

Дуненахь баьржина лелаш цхьа кхетам бу. Нохчийн маттахь иза къасто суна тахана хала ду: «радивый садовод» эр дара аса цунах. Иза хала гIуллакх ду. Даиманна шена тIехь лах ца луш тидам латто беза дела хила а мега иза иштта лоруш. Тахана а, бешахь заза-стом сов латийча, гонахдовлу вай гIорториаш хIиттош, цуьнан гаьннаш кег ца далийта. Иштта схьадалош ду вай Дала тIера тидам лах ца беш.

Аса кхузахь хьехо кхетамаш лакхахь хьахийначарел лахара бу аьлча, нийса хир дацара: ламийн хIора лара а цхьатерра оьшуш ю, лахахь-лакхахь ю аьлла доцуш.

Адам-пайхамар ваьлчахьана дуьйна схьа адам телхаш, шен сонталлица «мIав» долуш схьадогIучу хенахь, Ибрехlам-пайхамар ваьлла дуьнен чу. Шен дахарехь цо адамо шен дахаран йохаллехь мел бина некъ, Делан гIоьнца, ша цхьамма бина: малх, седа, лам и. дI. кх. Адам суждане мел ихна хIума шен даха-

рехь теллина: «Хlан-хlа, хlорш дерриш бакъ а, нийса а дац», – аьлла, цlеначу, Дела цхьаъ вечу новкъа ваьлла. Цундела цул тlаьхьа долчу чкъураша (кхетам болчара) кхетам «ЦIАНО» цуьнгара схьабохьуш хилар чlагlдича, нийса хир ду.

БАКЪО боху кхетам а иштта юхабирзинчух тера ду. Иза аса Муса-пайхамарца дузу.

НИЙСО. Хьаьнга алалур ду и кхетам Iиса-пайхамарца юхабирзина бац дуьнен тlе? Вай нагахь санна юха диттан сурт дагалаьцча, лакхара охьа «орам, гlад, гlа-маргlал» аьлла, дозар нийса хир ду.


Лакхахь хьахийна болу ялххе кхетам (хlинцачул тlаьхьа царах а, тlаьхьа йогlучехь а «Ценность» аьлча, цецдовла хlума дац) ламийн лакхара ах лорур вай! Лору, уьш хlора, стеган шен-шен йоцуш, къамнийн юкъара йолу дела.

Нохчийн къоман ваддан коьрта кхетамаш лара мегар ду: ГIИЛЛАКХ, ОЬЗДАНГАЛЛА, СОБАР. Хlора стеган сурт-сибат шен-шен хиларе терра, дуьне доладелчхьана дуьйна схьа, адам-м хlунда дийцара, гlа-буц, лайн чим а Дала цхьатерра кхоьллина цахиларе хьаьжча, цуьнан маьlна билгалдолу. Къаьмнаш а кхоьллина Дала тайп-тайпана, шен-шен башхаллаш йолуш – иза а цуьнан къайле ю. Хьехо кхетамаш а адамашкахь хила безаш, богlуш бу, амма мел тарлахь а, цхьатера хуьлийла дац! Кху кхетамаша нохчийн къам къастадо вукхарех массарех а.

Хlинца хьахоза ца болу кхетамаш хlора стагца хила безаш а, хила богlуш а бу. Баккъалла а аьлча, нохчаша царах массарех а шайн дахарехь «шайтlанан буьйна ца ваха хедо деза лаьмнаш» аьлла къастийна церан мах, тоьхна доза. Хlора нохчийчо ларъян езаш ю ЮЬХЬ; ЭХЬ боху кхетам адам доцчу кхин цхьана а дийнатна белла бац. Эхь шеца доцург Делах къастар гуш ду; хила дезаш, ца хилча цадолург ду ЭХЬ; адам

массо а тайпанчу дийнатех къасториг ду ИЭС!

Хlара лахахь ялийнарг ламийн лахара ах лорур вай. Вайн дайша нийса елла аьлла хета стеган а, зудчун а кхетамийн цlерш. Уьш кlоргге орамашка кхийдина ца хилча, иза далур а дацара. Тахана дуьненчохь шуьйра даьржина адамаша-къаьмнаша тlелаьцна долу «равноправие» бохург хир долуш а, хила йиш йолуш а хlума цахилар а гойту цо. Хlунда? Церан, аьр вай, «природа» тай-тайпана йолу дела. Вайчул нене, йише, зудчуьнга болу ларам лакхара (дуьйцург-хилларг дуй кхеташ ду) болуш къам кlезиг даькхина Дала дуьненчу. Цу тlе доьгlна, церан дуьненера некъаш, кхочушден, дlатекхо дукъ а ма ду ша-ша. Цундела стеганиг: «Декъала хила хедо деза лаьмнаш», зударийниг: «Ирсе кхача баста беза шеддаш!» аьлла. Эрна тоьхна ма яц Македонан Александра цу шеддашна гlама! Ала догlу, дагадеанчуьра, нохчийн ваддо стеган «когаш баьстина, мотт бихкина лору», а зудчун – нийсса бlостанехьа!



Эту схему я более десяти лет воспринимал как окончательную, но чувствовал какую-то внутрен-

нюю неудовлетворенность. Что-то меня смущало. Получилось как-то так, что вспомнил о законе преломления света как о всеобщем законе естества, о котором мне физик вдалбливал. На свой страх и риск переложил на основу зеркальности. Если оставить на своем месте 1-й блок, то он как бы вписывается в общую структуру. Как бы лишается опоры, корней. Ведь этикет – явление не общечеловеческое, а, скорее, признак специфически этничное! А вот 2-й триквестр как раз получает фундамент и ложится на фундамент 4-го как ценности, присущие вообще человеку как обособленному виду...

Все эти тонкости – не дело моего ограниченного ума, но в данном случае для меня, в какой-то степени, последний вариант представляется удовлетворительным.

В итоге, со всей очевидностью проявились качества идеального мужчины, таинственно именуемого в народе КЪОНАХ! Простой, обыденный, смертный оказался гвоздем и основой всего мироздания, и за все в ответе – Он.

Интересно, что, к каким бы ухищрениям я не прибегал, единого для полов гlала – «башни» – не получалось. Часто задаваемый вопрос:

– А что, женщина – не человек? – пришлось пнуть и отправить подальше.

Естественно, она человек, но с иным знаком (для меня лично это не имеет никакого значения). М. и Ж. не только физически, но и энергетически оказались разными.

У меня в жизни так получилось, что много утопленников видел. Статистику не заводил, но никогда не видел, чтобы утопленница всплыла лицом вверх и никогда ее струя воды не несет головой вперед. Вода

же является средой, которая, как ничто другое, выявляет сущность всего земного. Вот и судите сами, кто во что горазд.

Стохка гуьйранна хаам кхечира суна. Чеснов Ян Далла дуьхьала вирзина шо кхачарна лерина Философин институто АНР еш конференци ю, цигахь шайна со а хила лаьа аьлла. Сан йиш ца хилира, амма, статья аьлча-м доккха хир ду, цхьана 5–6 агIон тIехь заметка язйира аса: «Ценности в «эссенциале»...

Ян вайн махкахь вина, бералла дIакхехьна ву. Деган, син уьйр вайца йолуш а – шеца лаьттан кийра дIа а яьхьи цо иза. Шаерг бохург санна Росси, царна юкъахь цхьацца вайх бу бохурш а болуш, «бандиты, разбойники, террористы» бохуш вай емалдечу юкъана цхьана дашца вай емал ца деш:

– Нохчийн къам шен кIорггера истори, бух болуш йолу цивилизаци а йолуш ду, - бохург чIагIдеш чекхвели Чеснов Ян.

Суна, муьлхачу а къомах хилча а, Къонах ву ала догIу аьлла хетта Бакъдерг олуш, Нийсачу новкъахь, дуьненан хьолах вохка ца луш чекхволучунах...

Иза къарван гIерташ, цхьанхьа-шинхьара балхара дIа а ваькхира иза... Балхахь воцуш хан а текхира... Цхьацца нхьа, бевза-безачаьргахула «подрабатывать» дар а лелий... Коьрта, ша дIаверзале, боккха Iилманан болх – «Россий н къаьмнийн ценносташ» – «Независми газети» тIехь арахеца кархдели цуьнан.

Суна Ян вевзина 1969 шарахь гуьйранна цхьана конференцехь. Цу хенахь дуьйна схьа чу-кере долуш хилла, туьха-сискалх кхеташ гергарло а лелийна...

Балха тIехь тхойшинна бала ца кхочуш хIумма а диса а дуьсий-те олий, хеталуш бара тхойшиннан накъостий. Амма сан а, Янан а хIумане хьажар, листар цкъа а цхьана некъа, хорша ца дерзара. Иза даьржина,

хьаьдда догlу хи санна, сиха вара; дуьненан еа маьlе ойла кхерстара, мел дерг вовшахтийсара-деттара...

Суна, «шу тlаьхьа дисина, дуьненан кхиамашна юьстах лаьттина, ламанан чlажжашка доьлла» бохуш, цхьана лерехь шок лоькхура; вукху лерехь-- вай дан а дац, вай хилла а дац, советан lедало, цициго шен кlорни санна, вортан тlера а лаьцна, маьлхе даьхна бохуш, лоькхуш зурма яра...

«Иза бакъ ма дац», – бохуш, даго хьехара, амма хьекъална тlехlотта «меттиг» ца карайора. Сайна муха хlун ду а ца хууш, баьллачу махе ша яда ца яйта ярах тасаелла гезг санна, со вайчух тийсалора...

Иза, ша яз ма-барра, сихха шен болх арахеца, lорабаккха сихлора, со цкъа а сайх, сайн говзаллех тешна хилла вац. Кхуьуш дуьйна «алар – цхьа къа, яздеш галвалар – итт къа ду» бохург кийра летта дисинчех хилла. 10–15–20 шо даьлча, сан яздинчунна цхьамма ши лерг лаьцна тlетаlийча, и хилар а дицлой lаш хилла. Тхойшинна цу тlехь даиманна а тlом хилара...

Янан, «столицера» lилманчашна юкъа хьийзаш хиларе терра, царна юкъахь лелаш йолу «сленг» яра йозанехь а; суна милла а кхетар волчу маттахь хила лаара йоза...

Айса язйина «заметка» (5-6 стр) дlатесначул тlаьхьа ойла еш lа со:

«Иза дуьхьала лаьтташ санна, къуьйсуш ву-кх со Янаца? Цо «НГ» тlехь зорба тоьхна болх Россин къаьмнийн ценностех бу?! Аса «эссенциале» бохуш хьалхатоьттург нийсса бlостанехьа ду: «выжимка, сгусток»...

Цуьнан коьрта lалашо – къаьмнаш: сан – адам! Хlинцца бен тхаьшшиннан – ойланехь, кхетамехь – коьрта lилманан некъ хилла юьхьарлаьцна лелийначух ца кхетта со...

Цхьа юкъ еар-кха вайна, «син хьашташ, кхетамаш» бохург байракх йина айина лелош... Хьал дукха

ца лаьттинехь а, бlаьрган, гайн хьашташ хьалха девлачу зурмано адам шайна тlахьадаьхна хьере хилла хьийзар вайгара тахана а дlадалаза делахь а, сан Са а тасаделира цу кочарх. Дуьххьара йоккху гlулч – гlиллакх, оьздангалла, собар – иза къоман гlад, доьхка хилла лелла а, лела дезаш хиларх кхета а ца кхеташ ма волавелира со...

Аса тlелаьцна, хьалхаберзийна некъ: дахаран lалашо хила еза бохуш, сайн декхар хеташ лелийнарг-м марксистийн «Базис и иадстройка: Производство и производственные отношения» бохург ма дара. Суна карийнарг, билгалдаьлларг дара: вай цхьаннал тlаьхьа дисина а, боданера ара лергаш лаьцна кхечара даьхна а бохург бух боцуш хабарш хилла хиларх кхийтира со...

«Ванах, нохчийн къоман и марксисташа буьйцу тlам эгlаза хилла ца хиллехь, и «надстройка» бохург муха, мича хьолехь лелаш хилла-те?» – хаттарца волавелла со синкхачамаш кего...

Со тlекхуьчу чкъуре ала гlертарг: «Вайна ваьш хоржу моьтту ваьш юьхьарлаьцна лела некъаш, гlуллакхаш! Иза бакъ ду эханна, амма хьан ойла-са цlена делахь, боьхучух-хьарамлонах хьо къехкаш велахь, Дала хьо шен «тlома кlел» лоцуш хилар цхьа шеко яц».

Со, айса лелочух кхеташ а воцуш, аса лакхахь ялийначу «Ламхадор» юккъера аса дlаяхьийта кечъеш, лахара хьала 3-гlа триквестр – дуьненан юкъарчу динийн Цlано, Нийсо, Бакъо боху механаллаш дlаяхар нисделла... Цигара схьа сайга цхьацца хоьттуш хаам кхаьчча бен, айса диначух со кхета а ца кхийти. Динан дай тахана вовшашка ладогlа а, дуьйцург хаза а, кхета а кийча боцуш хилар тиди аса хилла даьлларг...

Йисинчу 9 тlегlанах, алхимикаша ма-аллара, аьтта, йилина, ягийна; бухайисинарг йилина – дерриг кислоташца травить йина – йисинарг йилина... буха-

юсуьрг хIун ю-те бохуш, ойла ян ваьлча, выжимка – Нохчо, Къонах, Адам бохучунна тIе деа ... Кху хьоле гIуллакх даьлча, Нохчийн къам, цуьнан туьша Нашха бохучу кхетаман къайле ма кхаьчна олий, хетало...

Лакхахь далийнарг фантази йоцийла хаало, нагахь санна Эллинийн шуьйра баьржина болчу кхетамийн вай тидам бича: «polites», «idiotis»... Яздинчу кехат тIехь «Наша» а, «Ниша» а аьлла нохчийн маттара эллинийн кхетамийн синонимаш тесна хилла аса. Дуьхьала даийтинчу кехатехь: « Это что за Наша-Ваша?» – бохуш, хоьтту соьга... Цигахь болчу нохчашка «Наша» хьалхара «а» доца (краткое) ду баьхча а, гIуллакх ца хуьлу.

Эллинийчарний, вайчарний юкъа «тилора тай» дилла ца оьшуш, цхьаъ ду маьIнехь: «polites – наша» – цигахь а, кхузахь а – массарна а кхочург, юкъара гIуллакх хьалхадоккху стаг ву; шолгIаниг «idiotis – ниша» нийсса цунна бIостанехьара – шен дегIан чархан хьашташ хьалхадаьхна леларг...

«Иза-м желтоша вайгара дIаэцна дара», – олуш берш хир бу. «Дера дац, данне а, вай цаьргара эцна-кх», – эр дерш кхин дуккха хир бу таханлерчу хьолехь... Кхузахь далийча нийса хир ду аьлла хета суна цхьа забаран сурт...

КIунзал берг, гирзаш даьлларг, марш оьхуш верг цкъа цхьана нисвелла. Къамел дIадоьдуш ца хиллачух тера ду церан. Царах цхьаъ ваьлла, къамел чекхдаллалц кIамдар а дийр дац, мIарш а хьокхур яц вай аьлла.

Iа-а-ш, кIунзал болчо къамел долийна:

«Шай юьртахь цхьа гIараваьлла пхьар ву хьераш йохкхуш. Цхьанна а цагинарг ду цо юкъадаькхина: «Цо ечу хьерийн тIулгаш цкъа иштта хьийза», – куй, доггах таIош, хьовзийна. Иштта доггах вукху агIор а ховзийна...

Иза валаре ца хьоьжуш, гирзаш долчо ишта-вуьшта бохуш «масалш а далош», шен гирзаш кегийна...

Юккъе хиъна Iаьчу марш оьхучо цхьана куьйга схьалаьцна пхьош хьаькккхна: «Ахьа дуьйцург бакъ дац». Сихха дисина пхьош вукху агIор хьаькхна: «Ахьа дуьйцург данне а дац бакъ», – олуш.

Лакхахь хьахийначу тобанашна юкъахь барт хир бу бохучух со тешаш вац! Ца теша церан «цIога» дацлур ду я хедар ду бохучух.

ХIа-а-н аьлла, дагатесира: нагахь санна «производство» бохург ма-моьтту йоьжна ца хиллехь, «надстройка» а хила йогIуш яц-кх?

«Адамца дерг чуьра долало», – олуш хилча, «И чоь муха кхоллалуш хила-те?» – аьлла, дагаиккхина, доьзалх тасаваларан гIуллакх хьалха дерзийра. Накъосташа, «Iай-Iий», актуальни дац, гена дер долу гIуллакх а дац боххушехь, «комсомольски свадьбанаш» марсадаьлла зама ма яра иза, «Институт ухаживания» юьхьаръерзийра аса. Язйина ваьллачул тIаьхьа, Виноградов В.Б. резахилча а, гIам-гIим ца дича ца Iалуш берш а бара. Суна дуьхьалдеттарг: «Советски народ» кхоллалучу юкъахь шира тептарш вовшахдетташ ву!» Коьрта Iалашонна дуьхьалдеттарг: ворхIе дайшкахь дуьйна ядош/йоьхуш кхуллуш хилла нохчаша доьзал бахар...

Со дуьйцучу хабарна тIетан йиш яцара. Талламо гойтург: нохчаша ядийна, ехна-реза йоцу йоI йигар дастаме хIума хилар чIагIдора...

ДIасхьахьийзийна, статья-м вайна юкъахь митингийн кIур балале араели...

Цул тIаьхьа дикка хан ели, кхушара гуьйре йолалуш, наггахь бен интернет чу волуш а воцчу сан Чилера философа Д.С. Соммерса язбинчу «Мораль XXI века» (М., 14) балхана бIаьрг тIе хIотти. Глава V. Моральные ошибки и грехи: «Брак без любви» (с. 106) раздел ю цигахь... ХIара аса ца яздо, дийна белхьара, къамелаш диначарна эхь хетар ма дара бохуш... Таха-

на и санна долу къамелаш дийриш я лахбелла ала догIуш а. Уьш, асар санна, ша-шаха болуш-кхууьш бу; эхь бохург цаьрца дац, и АллахIа делча а, и дIаэца а бац уьш... Суна билгалдаьлларг дахарехь: уьш даиманна хила а хилла, хир болуш а бу: ша хьалхадерзийнарг чекхдаккха деза, дуьцурш, хабарш тIехьа а тоьттуш...

Суна боккха-беза кхетамах хьакхаделла аьлла хета вай кхузахь: нохчийн къам «ориентирован на «абсолют человеческого статуса»! Юх-юха а боху аса: Хастамхиларан Иблисца хилла болу барт: Цо Иблисна Адам доьхкина, я ваттана дIаделла дац. Иблиса пайдаоьцург адаман *хьекъал* ду: дуьрстана гелаш бага йоьхкича, дин луъ-луъче хьовзабо... ДегIан/дуьненан хьашташ дуьрста/гелаш ю, вай ваьшна бага юхкуш йолу...

Веза-Воккхачунна иза дерриг ца хаьара, ца гора, олийла дац. Цо, шен Возаллица кхин цхьа а «предохранитель» хIоттийна адам гал ца далийта: Къонахаллин кхетам. Гуш ма-хиллара, хIокхо бахара, вукхо элира» бохучух адам лардо кху кхетамо. Делан вела долу адам Цунна хьалха ду декхар, важадерш – дуьненан хабарш-лилбазаллаш. Белш тIехь «шелахойн гIабакх» йоцчунна хууш ма ду хIора ша-шен мохь эцна хIуттур волуш хилар Сийлахьчунна дуьхьал...

Къонах боху кхетам вайна белла ца Iийна Веза-Воккханиг: дуьненчуьра массарна а белла хилла Цо иза. Дукха кIоргенашка ца гIиртича а гуш ду фольклорехь: «младший брат», «зольный герой» иштта дIа кхин а...

Ма дика хууш хиллачух тера ду Кхоллам карахь болчунна адаман хьал. Лакхахь хьахийна йоллу 2 чIинг (плотина) хецалахь аьлла, 3-ниг а, шел чIогIаниг хир йоцу, дуьхьало хIоттийна Цо, адам гал ца далийта: Ша кхоьллина долу «гIаларт», Ша чу са диллина долу Адам пайхамаран васт/амал! Цунна суждане


гІо аьлла, маликаш тІекхайкхина Цо – Иблис цигахь гучудаьлла, гучуяьлла Далла ца еза амал...

Вуьйцург Адам пайхамар ву, амма тидам, вайн ойла, вайн са тІедерза дезарг: къила вахазниг, цІена верг ву...

ХІара йозанаш дешча, сайна реза боцурш хир буй, хаьа суна, динах, къаьсттина исламах, хІунда ца яздина бохуш... Цкъа-делахь, динан да вац со, шолгІа-делахь, цхьа динан да ву ша бохург валахь, со реза ву Дуьненан юкъара ШарІан дайшна хьалха хІотта... ХІунда аьлча, лакхахь йийцина 3 гІопах цхьаъ мукъане а харцийнарг – Везачун хьалха юьхьІаьржа хІуттург хиларх – жималлехь дуйна схьа ларвала гІиртина ву со...

Дала Шен ницкъ лойла вайна шалхонех лардала...

Ирсе кхача баста безаш болу шеддаш



Билгалдаккхар:

Барт – **союз, соглашение, уговор, уста (рот, губы);** Беркат – **изобилие;** Марзо – **сладость; при-**

язнь, хорошие отношения; (от мерза – **сладкий**); Ирс – **счастье**.

Бакъду, романтикин литератури тIехь кхиъна болчу зударийн чкъуро буьйцучу маттахь «Хьекъал», «Марзо» долчохь «Безам» бохуш, «реформа-м» йина шайна юкъахь.

Дахаран кхолагIчу муьран йисте ваьллера со. Нохчийн цIе еза, йоккха лелаш хеташ. Делаца йолу юкъаметтиг а Цунах кхерарна лелош яц, моьттура. Цуьнан серлоне, цIаналле, нийсоне, Цуьнан кхетаман Iилмане болчу ларамо тIелацийтина нохчашка ислам-дин аьлла, хеталора. Хьахош, олуш хезнера суна: «ДегIах са дIакъаьстачу хенахь дагчохь кхерам хилахь, декъала хир вац». Дукха жима волуш хезнера, дагах а кхеттера.

«ГIорана, ницкъана, кхерамна кIел таьIар вац нохчо», – аьлла, хетаделлера. Иза иштта хилар гучудоккхуш, дуккха а масалш дара билгалдаьлла. Уьш бIаьргашна дуьхьал а, дуьйцуш хезаш а дара Сибрех. Кхетамна чIагIвала воьлча, хиънаЧо ойла чIагI а йира. Далор вай царах цхьаъ.

Вайн дайша тIамца-ницкъаца тIетеIочу хенахь тIе ца лаьцнера бусалба дин. Иза нохчаша тIе а эцна, хьалхабевллачу цIеначу нехан нийса дош дагчу дожар а, иза кхетамо тIелацар а, устазашка церан ларам хилар а бахьана долуш. Саламов Iабдул-Хьалима уьш суьпа (суфии) хилла хилар тIе а чIагIдира.

Адамаллица цхьаьна, дукъа кIел берзийна ши сту санна, мохь боькъуш схьабогIуш бу къинхетам а, ларам а. Кхушимма «амал» лаьцча, адамаллин лела некъ, хьажо бIаьрг, ладогIа лерг, бийца мотт, даккха са ца дуьсу. Адамаллех къаьстинчохь Делан къинхетаме даха дог а дац. ХIунда аьлча, Дала вайга схьакховдийначу некъа тIера стаг, юьстахволий, Иблисан тобанах дIакхета дела.

Ларам Делера вайна доьссина дика ду. Вай къинхетаме, адамалле дуьгу некъ, уьш вайна марзйийриг, цаьрца вайн уьйр тосург, и уьйр латториг ларам ма бу! Дуьненчуьрчу дерриг а къаьмнашна юккъехь лелачарех бу иза, амма, вайн дайша санна, цунах деза-доккха хIума а дина тIелаьцна къаьмнаш суна хаа ца делла. Тахана вай лар тIера девллехь а, Iесаллин мукъа кIел доьлхуш латтахь а, вайн кхане сема хирг хиларх тешаво цо.

Доьзалехь кхоллалуш бу ларам, Малхбалера Малхбузе кхаччалц. Тахана дуьненахь долчу а, дуьненара дIадаьллачу а хIора къомо «доьзал» бохучу дашна чу шен-шен маьIна дуьллу. Вайн цаьрца хIоранца а догIуш дерш кIезиг дацахь а, амма шен сибат, васт, вадд йолуш хуьлуш бу вайн доьзал. Иза иштта хила таро йийриг, хетарехь, уьйр-безамца доьзал кхоллабалар ду. Вайн доьзал Iамийнчара, цуьнан башхаллаш теллинчара олуш ду: «Нохчийн доьзал безаман тIехь кхоллалуш а, ларамо дIакхоьхьуш а, адамаллица чекхболуш а бу». Кхин цхьаъ ду суна билгалдаккха луучех: «Безам, хьардийн цIе санна, чехка бу, ларам, попан дечиго санна, йовхо луш бу», – аьлла дайша.

Ларам (да-нана, йиша-ваша, милла а вевзаш воцург вуьйцур а вац вай), милла тIеваъча а, шен дегI нисдеш хьалагIаттарехь, баьрччехь, я кхин дегIана аьхна йолу меттиг паргIатъяькхина, дIаяларехь, зудчо – боьршачу стагана, жимачо – воккхачунна, муьлххачу а къонахчо зудчунна «некъ битарехь», даггара гIуллакхе хьажарехь бу. «Къиг тIееача, къиг а гIотту хьала», – олуш ду вайн, стагера яьлла ледарло юйла цунна хоуьйтуш.

Бер кхио атта дац дена-нанна. Кхин цхьа дика болх цара ца бича а, иза шен кийрахь лелах дой нанас. Эрна аьлла ма дац: «ХIора бер дуьненчу долучу хенахь нана Далла дуьхьалхIотта кечлуш ю». Иза а

тоьур дара доьзална дена-нанна муьтlахь хила, церан ларам-сий дан.

Вайн гlиллакхашца догlуш, ларамехь ду (тахана мелла а малделлехь а) да-нана долчохь (цушиннах милла а хилча), доьхка хаьдда топ санна, воьжна-ваьттlа, таккхал ваьлла ца lар; хабарца, веларца цхьа доза-зил ларбар. «И-м, баккхий хилчахьана, lемар дара, дийр дара», – бохуш, доьзал lама ца беш битар ден-ненан доккха сакхт ду. Иза царна, мацца даьлла а, шайна дуьхьалдер ду, тlехула тlе, вукхара шайн доьзал а lамор ма бац иза дан догlучу хенахь. Хетарехь, «Дом престарелых» бохучу метте кхийсина берш и санна болу дай-наной бу. Массо а вониг арара чу дохьу баьхча, со бакъ хир вац. Амма диканиг, гlиллакхехь дерг, оьзданиг хlора беро, доьзалхочо чуьра арадоккхуш ду. Доьзалхочуьнга хила безачу лараман дукъан кlелхьара ца долуьйту да-нана а. Сискал-маший, кlелваха тхов хиларх тоьуш дац доьзалхочунна: шайца ларам хlунда бац бохуш, тlетеlор дац. Цкъаделахь, доьзалхочунна, хlора бlаьрг масазза туху, деца-ненаца ган догlуш дерг ду и, тlехула тlе, церан чулестачуьнца хила дезарг ду иза. Бер жима долуш дуьйна дlа цуьнца лелош йолу юкъаметтиг цу тlера дlа хила йогlуш ю, де-дийне даларца сов а йолуш.

Вай юьйцур ю марзоша несаца лелош йолу юкъаметтиг: марда юьхьар а верзийна, иза юкъара дlадаьлла даьллачех хета дела. «Сан куьйгашца, сан хьацарца даькккхинчу рицкъанна тlехь кхиъна яц, сан доь ца дайта еана ю кху сан кхерча. Аса хийра хьаша йина лелийча мукъане а, тlаьхье ийманехь хир яцара-те бохуш, лелаш ву со-м», – баьхна соьга оьздачу баккхийчара.

Адамна син цlеналла оьшу. Ларамо оьцучу несан даго бер могуш-маьрша долуьйту, боху, дуьнен тlе. Несаца дерг массо тlаьхье могуш хилийтарна тlедоьгlна ду.

Марненан-несан нислуш йолу юкъаметтигаш йийцина вер воцуш чолхе нислуш ю. Амма цхьа а марнана яц шен хенахь несалла такхаза. Марнана шеца эрдагIа мел хили а, шен несаца иза марненал совъяла гIерташ нисло. Марнана шен несана нана хила а гIортахьара, нус мелла а йоI хила а гIортахьара, массо а дIанислур дара.

Доьзалехь дерг, дукхахьолахь, хIусаман дений, нанний тIера дIадолалуш хилар чIагIдан мегар ду аьлла, хета суна. Цаьршинна юккъерчу лараме хьаьжжина кхуьуш бу доьзал.

Цхьана Ширачу Грекийн воккха палсапат волчу тIедахана хилла, боху, цхьа да-нана, шайн берана вадд Iамор маца доло деза шаьш аьлла.

– Хан мел ю цу беран? – хаьттина палсапата.

– Цхьа шо бен дацара цуьнан-м, – аьлла, шена дуьхьал жоп делча:

– Дера, нийсса шарна тIаьхьа ма дисина шуьшиъ, – аьлла, дерзийна палсапата шен къамел.

Тахана вайна мел чIогIа хьекъал долуш, хIуманна тIаьхьакхуьуш хеташ волчу Соломонал кIезиг хьекъал долуш ца хилла вайн дай, нагахь санна цара бер кхиоран гIуллакх дIадоло ран хан, да-нана дуьххьара вовшийн бIаьра хьаьжча, дегнашкахь суьйнаш ма-лилххинехь дуьйна дIадоло деза бохучу кхетамца баьхна болу.

Вайн кхузахь нохчочуьнгахь ца хилча ца долуш дерг далийна. Изза ду аьлла хета суна ислам-динан бух ларалуш дерг а. Кхузахь билгалдаккха лууш дерг: йийцинчу билгалонийн чIогIа гIортор хилла дIахIутту аьлла хета суна гIиллакх, оьздангалла, собар. Вай хьахийнарг цхьаъ долуш, лелош дерг кхин долуш хилча, оцу кхааннах цхьа а дIагIур дац. Цхьаъ тIаьхьатоттуш, важа хьалхадоккхуш, цхьаъ кагдеш, важа

отуш лела волавелларг цергаш йоцчу херхах я гlаж кагъеллачу целах тарло.

Тlаьхьарчу хенахь вайна Сулейманов Ахьмада (вирзина меттиг Дала декъалйойла цуьнан) юкъабалор бахьана долуш баьржина НОХЧОЛЛА боху кхетам. Иза адыгейшна юккъехь хьалххе дуьйна лелаш бара. «Ткъа вайна юккъехь хlунда ца хилла-техьа иза хьалххе дуьйна лелаш?» – аьлла, тlаьхьакхиа гlоьртича, цхьацца хlумнаш гучудуьйлу: Нохчий Нохьа-пайхамаран силсил схьакхехьа шайн йолзаран тlелаьцна тlаьхье хилар, Адам-пайхамаран тlаьхьенах шеначул а сов Дала адамалла елла кхин къам цахилар.

Дагадаийта лаьа, Нохьа-пайхамара дуьнен тlехь мел йолу садолу хlума тlаьхьенна аьлла (вайна лерина хилла-кх уьш) кlелхьаръяькхина хилар. Иза шуьца КЪИНХЕТАМ хила беза бохург дац-ткъа? Цундела олуш хилла хир ду вайн дайша (вайна цо динарг диц ца далийта а), дуьненна тlера массо хlума шеца цхьа молха доцуш, ца оьшуш яц олий. И бакъдеш долу дуккха а масалш вайга схьа ма кхачийна цара, вайн хьекъал а, кхетам а хилчхьана, царах пайда эцийта. Цундела АДАМАЛЛА, КЪИНХЕТАМЕ хила деза бохург хьалххе дуьйна лелла вайна юккъехь: цкъа-делахь, иза гойту вай лакхахь далийначу «иза кхиийина схьаелла ма ю цхьана наха» бохучо. «Цуьнан кийра дуссур долу са шайхан я эвлаян хуьлий а, ма ца хаьа, Дела ша воцчунна. Хиндолчу бераца лаьцначу ларамо къиношна гечдар хьалхадоккху бохуш, хезна суна жима волуш. Сайх Дала къинхетам бийр бацара-те бохуш, сатуьйсу», – бохура шолгlачо. «Тlехула тlе, хьалха хьийзачаьрца лараме хилар гуттар деза ма лору», – бохура кхозлагlчо.

Гуш бу несаца лелош болу ларам: цкъа-делахь. иза хийра хьаша санна ю; шолгlа-делахь, хиндолчу

беранна, ден-ненан дегIан цIеналлал сов, маьIница; кхозлагIа-делахь, адамашца кIеда-мерза хила дезар билгалдоккхуш, вирд, сибат, тайпа-къам бохург къастор Далла а дитина.

1. Вайна дайша йитинчу адамаллех лаьцна шикхо масал далор вай:

– Европин къаьмнаша дIадахна бIешераш юккъе даххалц моз доккхучу хенахь накхара мозий цIарца я кхехкийнчу хица дагадой, хIаллакдеш хиллий, хууш ду. Ткъа вайн дайша (лам-керстан амалех къастаза йолчу цхьацца ламанан чIажжаш доцчохь) дукха хьалха дуьйна тускарш чохь лелош хилла накхарш. Ткъа моз харанаш юккъера дIаяхарца алхаш цоьстуш доккхуш хилла.

– Дуьненан массо меттехь хууш ду, жерчашкара шура йоккхучу хенахь уьш вуно чIогIа лазош хилар а, цаьргахь гIора-ницкъ алсам хиларна, и гIуллакх, божаршка бен, далуш цахилар а. Уьстагlий лелош, церан шурех нехча йоккхуш мел долчу къаьмнашна билгалдаьллачух ду, шурин йовхо сов мел хили а (шура сиха мел яькхи а), нехчин дикалла лакхара хилар. Иза нохчашна а хууш ду. Амма нохчийчо, цхьана куьйга шин сацош бен, ца йоккху шура.

– Кхечу къаьмнийн беречо кара шад оьцу, динна тоха. Нохчийчо, шарахь цкъа бен ца туху ша тIехь лелаш волчу динна шад, иза а, нагахь санна, и тоьхча, Iожаллин киртигах ша вер велахь бен. Цул сов, нохчочун шедан буьххье, дин лаза ца байта, тесна мотт хила безаш хилла. Говр, човхо бен, цунна тоха оьцуш яц нохчочо шад кара, олуш хилла гIалмакхоша а, ногIаша а.

2. Доь цадайтар. Стенна тIейоьгIна ю и Iалашо? Дуьненчу адам долучу хенахь цунна хьалха хIуттучех ю иза. Кхечу къаьмнех тера а доцуш, вайн кхетамехь шатайпа ларалуш ду адамана тIедужуш долу

дукъ: масала, дийна волчун ворхI ден са, эхарта даха йиш йоцуш, кешнийн охIланехь соцу, боху. ХIора пIераскан буса, уьш дагалоцуш, царна тIера сагIина хIума кховдор дийна волчунна тIехь долчу декхарех ду. Цара дуьненахь болчу хенахь лелийна дика а, вон а дийнаволчун йоIзарна тIе дужуш ду. Цаьргара даьллачу диканна лелаш волчунна баркалла олуш, цара шайгара вониг, оьзда доцург далийтинехь, ворхIе а да хьахош, цунна неIалт кхайкхадо. Цундела дас суьйранна доьзале: «Шайна алийти аша, я суна алийти?», – олий, хаттар деш хилла (маьIна лакхахь далийнарг ду: диканиг цаьргара даьлча, царна баркалла олуш хилар; нагахь вониг даьлча, да юьхьарверзош хилар). Кхузахь диканиг хета суна муьлхха а тахана дийна волчо лелийнарг цуьнан ворхIе а тIаьхьенна тIедужуш хилар.

Доккха хьекъал ца оьшу, лакхахь хьахийнарг вочух ларвала, диканиг дIакхехьа ницкъ луш долу доза дуйла хаа. Вайн дайшна дика хууш хиллачух тера ду вай доза, барам-бустам бохучунна тIера довла тарлуш хилар.

3. Шен ницкъан, хьекъалан-кхетаман таронашка хьаьжжина, къахьоьгуш доьзална рицкъ лахар. Къахьегаран, рицкъ лахаран ши некъ гойту вайн Iадаташа: нагахь шен хьацарца, хьанала къа а хьоьгуш даькккхина дацахь (важадерг дуьйцур дац вай), пхьор а хьарам до. И ша нехан хьокъала вахна Iийча-м, башха хала хетар дацара вайна, цо шен доьзал, цу пхьорах кхетта волу чувеънарг бех ца вахьара (дагалаца Кишин воIан дахар а, цо хьарамечу хьал-бахамах лаьцна аьлларг а: «ШатIломмал долчу хьанал даьхнина тIе хьацаран тIаддамал нехан хьакъ кхетча, цо шадерг бехдо»). Тахана, хIорамма а бохург санна, ша дIаверзочу денна марчо-бамба эца, тIаьхьа даккха олий гул-

дина «цIена» ахча хуьлу. Дала вайна массарна а диканиг дойла, амма цу кIажа вирзинчу хенахь лелош йолчу «забарша» кIелхьардохур дуй-те, нагахь дахаран йохаллехь «боьхачу» ахчанах ларвала ца гIоьртинарг олий, ойланаш кхоллалой-м хаьа суна. Эрна олуш дац тахана а болуш болчу Iеламнаха: «Дела къинхетаме ву, цо шегахьа долчу вайх даьллачу кхачамбацаршна гечдан там бу, амма нехан хьакъ юкъадахнехь, цу хьокъан да къинтIераваккхар Веза-Сийлахь Волчо шена тIе ца лоцу».

4. ЦIано, нийсо, бакъо бохучунна тIера цавалар бу нохчо хиларан гайтам. Нагахь валахь, иза нохчо а вац, цуьнан ворхIе а да хилла хиллехь а. Царах хьалхарчо гойту, ша-шега ладоьгIча (хIоранна а гучудолург ду иза), Делаца йолу уьйр хадаза хилар. Иза хаьдда лара мегар ду, нагахь нахаца йолу юкъаметтиг цо ларъеш яцахь. Нохчийчо (нагахь санна иза къонах велахь) ша нийса ца баьккхинчу когах, галдаьллачу дашах, кхидолчух ша-шега хотту, шен сина хьалха бехкалавоьду, кхин ца далийта нигат а до. Нийсо цIано йоцчохь хуьлуш яц, я хила йиш йолуш а яц. Харцонаш, ямартлонаш, хьагI цIаноно эккхош ю. Царах иза даима а, стелахаьштигах шайтIа санна, йоду. TIаккха и тайпана стаг Иблисан тобанца ву. Цу иммансизо нийсо хьехна, я йина меттигаш хилла а яц, я хир ю аьлла, даха дог а дац. ШайтIанна эзарза эзар бахьанаш карадо стаг тило а, Iехо а, бакъдуьненан мах мехаза баккха а, маьлхан дуьнениг стигалан Iаьрчашка кхаччалц бу моттадалийта а. Цуьнан бозбуанчаллех хIуманаш ду вайн дайх дисина бохуш, вайна тахана юккъехь даьржина лелаш ду цхьацца ламкерстан амалех бухадиснарш: цхьа гериг сов баьккхина а, тхов лулахочуьнчул а хьалхабаккха гIертар; шичин мотоцикл хилча, запорожецна тIехиъна а, цул хьалхавала гIертар, баккъалла йолчу яхьах

цуьнца догlуш тlитl дацахь а, иза яхь а лоруш. Бакъду, цхьана заманахь, бlаьвнаш ечу хенахь, и кхетам а вайна юккъехь лелла. Цул тlаьхьа вай иймане даьхкина ларалуш ду, амма «эхьал кхакха тоьлу», «текхара бод а бадор болуш борз-м ю» боху хестораш юккъера дlа-м ца девлла. Цlано, нийсо йоцчохь барт хуьлуш бац. Барт боцчуьра ийман-беркат додуш хилар хlара маьлхан дуьне доладелчахьана а хууш ду.

Хьалхара шиъ ца хилча хирйоцчарех ю бакъо а. Мохьаммад-пайхамара, Делера салам хиларо, шен умматна тlедожийначарех а, вайн дайша хазахетарца тlелаьцначарех а ю иза. Амма тахана вайна юккъехь цуьнан къелла хилар гуш ду. Цуьнца доьзна а цхьацца бахьанаш ду: масала, мотт тохар чlогlа осал хlума хилар массарна а хуучарех ду. Амма тlаьхьашхула иза ца тоьхча lалуш а дац-кха вай, иза чlогlа къилахь а, дастаме а дуйла шал-шера хуъушехь.

Иблисан гlоьнча коьшкала хаар дац ткъа мотт тохаррий, тоьшалла даррий цхьаъ ду бохуш, цу шина дешан а маьlна цхьана тlегlан тlе диллина лелаш хилар? Цуьнца доьзна сайца нисделларг дуьйцур ду ас.

Май бутт чекхболучу хенахь чlогlа самукъадаьлла цхьа накъост веара со волчу. Салам-маршалла хаьттинчул тlаьхьа: «Муьлхха хилла а, цхьа дика болх-м хилла хьуна, дийцахьа!» – аьлла, шега дехча:

– Доьзал кlел бига тхов боцуш, хьуна ма-хаъара, со лелаш волу шо сов хан яра. Хlинца компенсаци схьалур ю аьлла, дог кхоийна вогlуш ву-кх со, – боху цо.

Цхьа кlира далале чахчийча санна го суна иза.

– Хlун хили компенсацих? – хаьтти аса.

– И гlуллакх диначунна ткъех эзар сом лур ма ду аса бохуш, ойла яра сан. Дlаэца вола аьлла, тlевахча, 30% шена ца йисча, гlуллакх хуьлуш дац аьлла, ара ма кхоьсси со, – боху цо. – Гlишлош йохийна а, яьгна

а яцахьара-м, хIун ден дара? ТIехь-когахь доцуш висинчу аса муха доькъур ду цу босякца? – бохуш, оьгIазвахарна, яппарш йо цо.

Сайга цхьа гIо-накъосталла далур дац-те бохург дагахь долуш, цунна хилларг хууш волчу аса хьовзаво:

– Хьайга и къамел динарг схьавийца.

Долуш дерг цахуучунна моьттур дара, аса цунна чета кхерчара кIегий тийсина.

– Ахьа дуьйцург хIун ду? Нахехь мегча а, хьоьгахь товш ма дац и саннарш! Гуш латташехь, мотт муха тухур бу?

Веди иза сох. Ца хаьа цунна, иза мотт тохар доцийла! Ца кхета иза, важа стаг воцийла а, ша лелориг вуно осала дуйла а!!! Цу тайпана керчинчу кхетамех пайда оьцуш, «дайх дисина оьзда гIиллакхаш дIакхехьа деза вай» бохуш, эргIачу виро санна, маьхьарий а хьоькхуш, вайна юккъехь лелаш веччалгаш ю. Ю, де-дийне даларх, лахлуш а йоцуш. Ян а ю, дIаевр йолуш яц, вай ваьш яххалц!?

Мохьаммад умматна Дала тIедехкина парзаш вай ледара кхочуш даре хьаьжжина, уьш дийцар-хьехор хьалха а даьлла, вайн Iеламнаха жимма тIехьа теттинчех хета суна, Дала Джабраил малик дуьххьара вайн Элчанна дуьхьал хIоьттича, хьалхара цуьнан багара даьлла «КАЛАМ» боху дош. Дукхе-дукха маьIнашкахь лелаш кхетамаш а бу цуьнца. Доцца аьлча, «деша, дIаязде, Iама» боху чулацам бу кхузахь балориг. Кегийчу нахана цунах болу хьехамаш совбевр бацара аьлла, хета. ХIунда аьлча муьлхха а Iилманна говзалла караерзорца, Iамарца, кIоргенашка кхача гIертарца, Дала шайна деллачу хьекъалца-кхетамца тIаьхьакхуьу вайн кегий нах. Иза вайна Дала дина доккха дика дара, цунах вайна пайда эца хаахьара. Стагера цу тIехь оьшуш дерг башха даккхий хьуьнарш а дацара, тахана шена эшар-дезар жимма тIаьхьа а теттина,

Далла а, дуьненна а хьалха сий-пусар стагана дохьург похIма дуйла а хиъна, дешарна, балхана тIедерзахьара, кисана куьйгаш доьхкина, цергаш юккъехула туйнаш кхуьйсуш, хьарам тIедогIуш долчуьнга сатийсар дитахьара, бакъдолу сий, ларам къинхьегамо бен дохьуш цахиларх кхетахьара.

Къаьмнаш хьахаделлачохь нийса хир дац, хIора къоман син-сибат, амал гойту тIелаьцна долу декхарш санна, амма вайна дихкина долчарех шех-шех ца аьлча.

1. Адамна СА Дала делла а, Цо деллачух иза коьртаниг а хиларе терра, цунна тIекховдар цу Веза-Сийлахьчух къастар ду. Иза вайна дихкинчех муха ца хуьлу, цхьа Iалашо лаьцна, шен дегIан меженна тIехь зарт дан а магош ца хилча! Шен а, кхечун а сина тIекховдар мегарг цахилар хьехо оьшучарех дацара, нагахь санна тахана цу тIехь дукха эвхьаздевлла вай лелаш дацахьара, ша-шена тIекхевдинарг-м кешнашка дIавуллуш а ма даций вайн.

XIара дерзош, аьр вай, кхечун сина тIе-м хьовха, шен сина, кхечун хьокъана тIекховдар нохчочунна дихкинчех коьртаниг лара мегар ду. Тахана уьш вайна юкъахь мIаьвдевлла лелачарех ду. Лам-керста амалш херъялаза ю вайна юккъера. Шаьш бусалбанаш бу а бохуш, иманах бевлла нах хиларна хьахадели цунах къамел.

2. Лакхахь хьахийнарш санна шарIо доьхкуш дацахь а, амма царал хIумма а шайх долу зен кIезиг доцурш а ду вайца. Царах лорур дара аса къонахчун мотт бихкина хилар, ког баьстина хилар (зудчун мотт баьстина лоруш бу, ког – бихкина). Цуьнца доьзна дагалаца кица: «КIентан ирс – леларца, йоьIан ирс – тегарца». Зудчун багах даьлларг, боьршачуьнниг санна, бекхаме ца лору вай. Цундела боьршачу стеган дош багара арадалале ворхI чIингах (плотина) дала дезаш лору:

1) ойла коьрте йогIу;

2) коьртера – кийра;
3) кийрара – даге;
4) дагтIера – легашка;
5) легашкара – матте;
6) маттера – цергашка;
7) цергашкара – балдашка.

Уггар чIогIа стагера хьуьнар оьшург тIаьххьара кхо чIинг ларалуш ю; хIора чIинге ойла кхаьчча, ладогIа деза, цуьнан тIаьхье муха хир ю-те аьлла. Эрна олуш ма дац: «Багара араэккхалц дош хьан лай ду, араиккхинчул тIаьхьа хьо цуьнан лай ву». Вайна тахана тоьуш доцчарех ду аьлла хета суна и.

3. Тахана зазадаьттIа яьржинчарех лара мегар ду кхин а лам-керстан амалех йисинарш санна йолу хьаггIий, кураллий. Нагахь санна хьалхарниг вайн дайн амалшкара схьадогIучарех ду ала йиш елахь, шолгIаниг дино а йихкинчарех ю.

Эрна олуш дац: «Даг тIе куралла тасар Дала дакъазваккхаран юьхьиг ю».

Куралла кхаа хIуманна тIехь магийтина вайн дайша. Кура хила веза:

1. ГIорасиз волчуьнца, Iовдалчуьнца хьалхе ца къийссал;

2. Дуьненан гIуллакхаш хьалха а даьхна, ворхIе а ден сий ца дайъал;

3. Зен-зуламе долчунах ца хьакхаваллал.

Ша дуьнентIехь цхьана хIуманал (адам-м хьеха ца дора вай) лекха, веза, сийлахь я лоха хета маггане мегар дацара, ур-атталла цунах дерг дагадайтар даьссачарех хеташ хила веза Нохчи. «Со оьзда нохчи ву, цхьанна хьалха корта теIийна вац, я сайна ца теIабайтина», – бохучо гучудоккху дерриг. Къаьмнашна юккъехь цутайпа кхетаме кхевдина къам каро хала ду.

Вай лакхахь далийнарш нохчи хиларан бух тIера ду, важадерг цу тIера хьалаюттуш а, йоьттина а йолу

гIишло ю. Дийцинчунна тIера стаг галваьллехь, бухара тхьум дIаяькхича хаьрцаш йолу тхьамарийн гIала санна, вай тахана нохчолла олург хаьрцаш ду.

Дан а дац нохчо хила атта. Делахь а, баккъалла а нохчий хилла, муьрехь нохчий хила гIерташ, нохчел а нохчий хилла кхечу къаьмнийн векалш дукха бу вайна юккъехь дIахIиттина. **НОХЧИЙ** бохучун маьIна шайна хууш хилча, цу маьIнин лар тIехь нохчий севцча, вайх дIакъестар-м хьехо а ца оьшура, дуьненахь дехаш долу дерриг а къаьмнаша, нохчий хила гIерташ, къахьоьгур дара.

ГIиллакхан тIам ца кхочуш вайн дахарехь цхьа а са ца буьсу: доьзалера дIадолалой къаьмнашкарчу юкъаметтигашка кхаччалц; бер кога-ира хIоьттичхьана, **НАНА-ЛАЬТТАН** кийра верззалц. Бакъдерг дийцича, вайн дайша-м молучу хица, кхачанца, латочу цIарца, гIа-бецаца, акхарошца, мокхачу лаьхьана бист кхаччалц, массо а хIуманца лелош хилла иза.

Доцца масалш: бертал а вижий хи ма мала. Нагахь, ца ваьлла малахь а, мара ма кхетийта хих; цIерга туьллург стомма агIо хьалха яккхий бен ма тилла; цIерга туй ма таса; эккха а дай бен, экхана топ ма кхосса... Дагардан воьлча, масане ду уьш.

Кхечу къаьмнашна юккъехь и санна йолу юкъаметтигаш (коммуникацин система олу цунах Iилманехь) лело таро ечу системина юкъа догIуш нохчийн гIиллакхаш ду. ХIора гIиллакхан шен орам, шен маьIна ду бохург ду иза. Цундела царах моьт-моьттурш дийцар, гIиллакхийн чарх йохаяр, талхор бен, пайда бохьуш дац. Массо а хIума санна, гIиллакхаш а ду Iамо а, талла а дезаш. Таллар а шен цхьа Iилманан кепашца дIадахьа дезаш хIума ду. Цу тIе, гIиллакх мичахь-муьлха, хьаьнца-муха лело деза хаар а ду тIехь (мел чамбоцуш хир дара жаIуьнна тIеIоттавелча,

«Вирзина меттиг Дала декъалйойла», тезета кхаьчча: «Дебийла шун», вай олуш хилча).

Тахана вайна юккъехь гIиллакхаш леларан кепе хьаьжча, кхоччуш гучудолу и коммуникационни механизм телхина хилар. Амма вайх Дала биначу къинхетамна, цуьнан ларш йисна. Хазахеташ дерг вайн кегийрхоша шайна цунах лаьцна дийцинарг даггара тIелоцуш хилар, Iеминарг лело гIертар ду.

Къаьстина хила дезаш ду (сих-сиха наха хоттуш хилча-м, муххале а): «Вайн гIиллакхаш хьаьнца цхьаьна догIуш ду, хьаьнца ца догIуш ду?» – бохург.

Уггар цу тIехь вайна уллерниш гIалгIай бу. Юкъ-кара цхьацца башхаллаш ца лерича, цхьаьнадогIуш ду вайн гIиллакхаш. Царна юкъара нисло цхьана ораман тIера дерш а. Масала, нохчийн мехкарийн синкъерамехь-ловзаргахь охьаховшуш Iедал ду; гIалгIайниш ирахь лаьтта. Генна хьалха заманчохь вай зуда ехна бен ялош ца хилла (ткъа гIалгIашна юккъехь и Iедал тахана а лелаш ду). Той кхаа дийнахь-бусий йоI йолчу хIусамехь дIахьош, вукху кхаа дийнахь-бусий кIант волчу кертахь латтош хилла. Мехкарий ирахь латтар – той йоI йолчу кертахь хиларан гайтам бу, уьш хевшина Iер – той кхача дезачу дIакхаьчна хиларан билгало ю. Той цIадирзинчу хенахь цига кхаьчначо, пхьана буьххьера ведаг йитина а, цхьа совгIат дан дезаш хилла нохчийн гIиллакхех. ГIалгIайниш къастош кхин цхьа башхалла а – нуцций, стуннаний вовшех къехкар, цаьршиннан вовшашка «мотт» кхаба безар. Воккханиг, жиманиг нисвелча, я кхечу хIуманашна тIехь долчуьнца захалойн гIиллакхаш цхьаьнадогIуш ду. Бакъдерг дийцича, Кавказна арахьарчу бахархойн гIиллакхашца алсамо херо йолуш ду вайниш.

«Хlара дуьне-м Къонахийн белшаш тlехь дай», – эрна аьллачех дац. Амма къонахалла бохучун маьlна дан хууш стаг кlезиг волу. Цундела хьан-хьанна а туьллу вайн и еза цlе, дlакховдадо массарел а деза-доккха а, сийлахь а долу и дарж. Масала, сих-сиха хезачех ду: «Джуги Висарган Юсап ма къонах а варкха». А дерг? Дуьхе кхиа воьлча: «Дуьненна а бале яьлла, эхарт хир доцу цхьа боьха Дажал яра-кх», – ала догlуш хилар гучудолу. Къонахчуьнгахь – къизалла, хьагl, ямартло, дуьйцург – цхьаъ, лелош дерг – важа хуьлуш дац, хила йиш а яц. Дала шена гlорториаш йина дуьнентlе бохуш бу уьш.

Кхин цхьаъ ду вайн къонахийн вастах лаьцна олуш: «Хlора дийнахь-буса Иблисан гlоьнчин уьссазза букъ кагбийр бу къонахчо». Адамера долуш долу массо а дика-вон дlаяздеш хlораннан белш тlехь Тарам, Хьарам lаш хиларх лаьцна лакхахь хьахийра вай. Ша шайтlане lеха ца войтуш, цкъа гlалат долуьйтуш, тlаккха цунна гечдар доьхуш лелачарех воцу дела олу цунах КЪОНАХ. Иза, Дала схьаоьхьна болчу некъа тlера юьстах ца лелхаш, цу тlера ца вала гlертарг ву, цуьнан дерриг а дахар цу тlе хьажийна а хуьлу. Къомана а, нахана а, махкана а гlуллакх дар шен сина, шен дегlан чархана марздинарг ву иза. Бlаьрг а, гай а цкъа а ца юзучарех юйла хиъна цунна. Цаьрга сина гlодаюккъе нуьйр а тиллийтина, уьш коьшкала ховшийна ца лела иза. Цунна дика хаьа, Дела кхиэлана сиха воцийла. Шен гlалат нахала ца долуш дисча, Дела а шега lехавелла моьттучарех вац къонах. И моьттучу цутайпанчу стеган даг тlера Дела а, иман а матта буьххье доьрзу, кхахьпалла сих дулу; сутаралло къасталур воцче кхачаво. Царах бу (lедалан мукъ ка-

ракхаьчнарш-м буьйцур бацара вай), халахеташ делахь а, хьахийначарех тарбала гІерташ, оцу тобанна тІаьхьахІиттина болу цхьамогІа хьехархой, лоьраш, суьдхой, прокуратурин белхалой, «асфальтах» пхьор деш йолу варраш, милцой, сом делча, кешнашка жІаьла дІадоллийта а кийча болу Іеламнах. КІайн къиг санна, царах къаьсташ хуьлу къонах: шайчара а, нехачара а и «лартІахь вац, шен хІуманна дола далуш вац» бохуш, цІеначу некъара галваккха а гІерташ, хьийза а во иза. Къонах зене-зуламечу гІуллакхах, нехан хьокъах-м хьовха, кІоршамечу дашах а къехкаш хуьлу. Къонахчун даржал лекха дарж дагадеана а дац дуьненна.

Дуьненахь мел долу даьхни вовшахтоьхча, даьхни тоьур дацара иза эца. Стигланийн векал хиларе терра, вохкалуш-эцалуш вац иза. Нехан гІуллакхна са дагадо цо. Собаречу нахана юккъехь а собаре ву иза, оьздачу нахана юккъехь а оьздангаллица билгал хуьлу. Цуьнгара гІиллакх даккха стагга а вац. Нохчи хилар – къонах хилар ду. Къонах а, нохчи а хилла дуьненан дахарх чекхвала а атта дац. Цушиннан а дахар даржах я кисанах доьзна дац. Цундела иза цІанонан, нийсонан, бакъонан новкъа тІера юьстах ца гІерта; адамалла, ийман, вадд де-дийне даларца цуьнан совдолу.

Делан дикалла, Цуьнан вайх болу къинхетам дукха боккха хиларан гайтам бац ткъа, абадехь синош кхуллучу хенахь, божа хила яздинчу «къонах хир ма ву шех» аьлла нигат а дина, оцу новкъа хІоьттинчу стеган гІо лаца Сийлахь-Веза волчо шена тІелаьцна хилар! Вай лехнарг Цо вайна луш хилар Цо вайх бина боккха къинхетам бу. **НОХЧИ** а, **КЪОНАХ** а хилчхьана, Цо вайга, Зулкъарнис санна, дуьне куьйга кІел дерзаде, я лаьмнаш лестош, хьуьнарш гайта, ца боху. Амма, боху, хьайн хинйолу кхане йохкий, Иблисан дуьненахь гІортор хилий, дІа ма хІотта.

ЛАМАСТАЛЛИН КУЛЬТУРИН ДИКАЧУ АГIОНЕХ А, ДУЬНЕНАЮКЪАРА ХАЛКЪИЙН КРИЗИСАХ А ЛАЬЦНА (нохчийн материалийн масалшна тIехь)

Дукха шераш ду аса нохчийн (кавказхойн) ламасталлин культура толлуш йолу, цу тIехь халонаш а нисло суна, царна жоп а далало, амма юкъара тIеэцначу кепашца и хаттарш къаста ца ло. Культурехь хуьлуш ца хилла-кх кIезигчу маьIнехь долу цхьа а хIума, иштта хуьлуш ца хилла вовшашца дозуш доцуш, вовшийн тIедузуш доцуш дерш а. ХIокху дуьненахь мел дерг санна, культура а ю шен бух болчу Iаламан луьрачу законийн тIеIаткъамехь, вай-м цунах Iалам олу! Культура маьIнех лаьтташ ю, маьIна доцург цигахь дац.

Вайн этнографаш, энтнологаш, социальни антропологаш Л. Толстойн цхьана туьйранера цхьогалх тарло, ша таллархойн эрех дедда доьдуш шен дегIан меженашка цара хIун гIо дира шена хоьттуш хиллачу. Дакъошка доькъу, этIадо, хедадо – къайленаш схьайостуш, Iилма кхиадо бохуш... ткъа тIаккха уьш тIеттIалетадо, юха... цецдуьйлу, цхьана а кепара суртхIотто йиш йоцу инзаре Iаламат кхолладелча: гIургIезах, искогболчух, айгIар-чIерах! Мацах цкъа цу балхо Iилма кхиош хиллехь а, тахана вайх дукхахболчара дахар дIаделла Iилма кхиорехь тормоз хилла цунах. Тайп-тайпанчу идеологаша адамашна хьалха хIуьттучу проблемех лаьцна кхоччуш кхетам луш цахиларна кхолладелла и Iилма, хIунда аьлча политикехь а, конфессешкахь а даима хилла цхьана хIуманан хьашто! Вайн заманан Iилма а иштта оццу тIегIане охьашершина, орамера Iалашонаш дIа а туьйсуш.

Ткъа ишттаниг тIеэца маггане а мегар дац.

Со, сайн лаамехь а доцуш, ца ваьлла тIевирзина нохчийн Iер-дахаран истори талларна. Шайн бух бол-

чу тоьшаллаша со кхетийча, нохчий (кавказхой) цу декъехь цхьана а хIуманна тIехь цхьана а дена хьалха эшна Iийна цахиларах со кхетча, кавказхой шайн кхиарехь цивилизацин дерриг а дуьненна тIаьхьабисина бу бохучун ойла ян вуьйлира со.

Математика кхечарел Iаламан законашна герга деана Iилма ду, цундела хаьржира аса «топологи» (дикаллин башхаллаш Iамо геометрин дакъа боху термин), хIунда аьлча цу Iилмано дуьззина къобал ца до дакъошка декъар, тIеттIалатор, иштта кхийолу искусственни операцеш. Цу операцех, цхьаболчара – шайна хаа а ца хууш, ткъа кхечара – цхьа Iалашо юьхьарлаьцна, чолхе кепаш хIиттайо.

Математикехь башха кIоргалла йоцчу суна хетарехь, оцу теорин коьрта долчу маьIно гIодийр ду вайна, декъалуш доцу дийнна цхьа дакъа санна культура вайн схьаэцча, цунах кхета а, цуьнан маьIна дан а.

Суна чIогIа маьIнехь ду культурехь хIокху я вукху элементан, декъан, тайпанан, кхидолчун цхьаьна дар, рогIаллин къепе, статус. Иштта суна хаа оьшура культура кхиорхойн дуьнене хьежамаш, церан дуьненах болу кхетамаш бовзар, хIунда аьлча муьлхха а хилам, цхьакIезиг дерг бен дац аьлла хеташ дерг а, масала: маршалла хаттар, новкъахь шен меттиг дIалацар, «иделологин» бух тIехь, юкъараллехь хIора а адаман меттиг билгалйоккхуш хилар.

Оцу дерригенан, суна тахана хIуттучу суьртехь, маьIна дар кхечу кепара суна ца хиира.

ХIара болх, буьззина схьаэцча, академически Iилманан болх бац. И чолхе проблема юьззина гайта Iалашо яц суна хьалха лаьттарг. Дукха шераш хьалха Iилманан дуьненан карзахаллех дIахаьдда, дукха баланаш гинарчу, амма доттагIаллин самукъанах, адамашца йолчу тIекеренех дIахадазчу стеган ойланаш ю хIорш.

Биллгал гуш ду, сан нийсадацарш, гIалаташ хир ду кху тIехь. Амма цхьаъ ду шеко йоцуш вайн коллегийн: тIекхуьуш долу чкъор идеологин гурашкахь къевлина хир дац, хIокху йозанаша царна гIодийр ду дуьнене а, Iилмане а кхечу кепара хьовса.

Тахана суна чIогIа маьIнехь ю сайн Iалашоне кхачаран принцип, кеп. Бакъду, хIара цIена классически геометри яц, хIунда аьлча, къам а, цуьнан культура а гайтаран куьзга хилла ца Iа. Адамна белла бу Зама хаяларан шатайпа синхаам. Аристотела цунах «уггар йоккха къайле йолу синхаам» аьлла.

Адам къайленашлахь а къайле ю. Цу тIехь иза бакъ а ву. Адам хIун, мила ву хаа, Iилма дан а дац! Эхь-бехкан синхаам белла адамна, ткъа и оьздангаллин бух бу. Нохчийн къоман синмехаллийн тIегIанан хаттаршна тIехь болх бечу хенахь кхоллаелира сан и ойла. Вайна хезаш, шех лаьцна дукха, чIогIа, кест-кеста дуьйцуш дерг ца хилла адамна коьрта я лардера дерг. Цундела тахана вай тидаме оьцуш дерг, масал дина лелош дерг, вай сийлахь лоруш дерш бIарлагIе, даьсса Адаман синна, цуьнан Декхарна, цуьнан коьрта Iалашонна хьакъ ца хилла.

Со юьртара вахархо ву, сайн балхана лерина йолу литература каро библиотекаш яц суна кхузахь. Соьга ала тарло, Интернет ма ю. ХIаъ, цигахь кара-м дийр ду дерриг: цхьаъ вукхуьнга гома муха хьажира, цо кхечуьнна хIун муьшка йира, бага йиттира; цхьамма кхечунна хIун ямартло йира, талор муха дира, хьан мила вийра... Ткъа аса сайн коллегашка дийцаре дайта сайн хетарг дIадовзуьйту, со тIаьхьакхиънарг сайн дахарехь, тайп-тайпана мехкаш а, адамаш а довзарца. Бохаме а, къаьхьа а дерш лайна, амма адамех дог ца даьлла.

Массанхьа ду адамаш, царах тера берш – и ю-кх сайн дахаран зеделлачун сан чIагIъелла ойла. Цхьаъ

вукхул лакхара я лахара халкъ а дац. Кегий, сийлахь халкъаш дац. Къам шен культура йолуш Iаламан субъект ю, шен терго йина ца Iаш, ларам бан хьакъ долуш!

Я да-нана, я Даймохк – уьш харжар вайна делла дац, вайн дайша лелийначунна хьалха жоьпаллехь дац вай, мел сийлахь я сий дайина уьш хиллехь а!

Вайна диснарг цхьаъ ду – вешан юьхь ларъяр! Харцдерг кхетамна генахь ду, мел хаздина и дийцахь а, мел даккхийчу хабаршца и хестадахь а, мел лакхара Iалашонаш цуьнан ю бахарх а. Мел сийлахь-яккхий идеологеш а мекхо санна йоу цо. Муьлхха а харц тоьшалло вайн тIаьхье шен Iалашонна гена йоккху, цундела, Iилманийн юкъараллашкахь мукъана а, дIадаханчух бакъдерг дIаалар, довзийтар, цу декъехь къахьегар ду вайн тIекхуьучу чкъурана хьалха жоьпалла.

Со кхийтира, дIадахначун лерам бан безаш хиларх, хIунда аьлча дIадахнарг «хийцарца», вайна лууш я ца лууш, вайн тIекхуьучу тIаьхьенашна зулам деш хиларна. Вайна хиндерг гойла а дац кхоччуш, нагахь вайн дIадахнарг вай ма-дарра гойтуш дацахь.

Хан мел ели со кхийтира, аса и юха а боху: ламасталлин культурехь доккхачу я жимачу маьIнехь дерш дан а дац – дерриг вовшашца дозуш, цхьана кепехь вовшийн тIедузуш ду. Цхьацуьрриг бен доцург а дийна долчун цхьа дакъа ду. Iар-дахарера муьлхха хIума шен маьIна, бух, кхетам болуш ду. Аса баркаллица дагалоцу хIирийн этнограф В. Дзардзиати ламанхойн шун дуьйцуш цо язбина мехала болх бахьанехь. Цуьнан дийцарехь, шун шен дуккха маьIнаш долуш хиларна, шен меттиг дIалоцуш ду ламанхойн дахарехь.


ХХ-чу бIешеран чаккхенехь дуккха а цакхетарш кхолладелира. Селхана доккхачу маьIнехь ду аьлла хеташ хилларш тахана доьхна дIадаьлла. Керлачу бIешаро керла проблемаш а, хаттарш а кхоьллина.

Царна жоьпаш лахарехь оьшу керла лехамаш, уьш кхочушбаран кепаш а, некъаш а.

Этнокультура – дозанаш долуш, цхьана барамехь лаьтташ йоцуш, чулацаме ю. Цунах кхета а, и тIеэца а лур яц цхьана семанан кепаца бен: Заманан билгало (сема U – я божарийн бух) я Йистйоцу йохалла (сема Х – абцисса, я зударийн бух)! Дуьненах кхетам хиларан, дуьне довзаран луьрачу законийн тIеIаткъамехь ю и, ткъа уьш хIора а къоман цхьатера хила йиш яц.

Нохчийн ламасталлин культурин меттиг а, маьIна а кхоччуш шех кхеталур йолуш а, маьIна далур долуш а яц, къоман Iар-дахаран ерриг а агIонаш тидаме ца эцча. Кхечеран а санна, нохчийн а ца хилла-кха кIезигниш, маьIне дерш я доккхачу маьIнехь дерш шайн ерриг а агIонашца. Уьш дерриг а цхьана гонашна юкъадерзийна ду, массо а агIонаш вовшашца йозуш, цхьатерра лара езаш а йолуш. И билгало къастош го вайн маттахь а. Цхьа-ши масал даладо ас:

Хьажа №1 схеме



Адамо а, иштта къомо лоцучу меттигах кхетар вац, уьш шакъастийна хьаьжча, шайн-шайн кепашкахь бен: доьзалш, цIийнан нах, тайпа, къам, дерриг адамаш а церан Iер-дахаран маьIнехь, ткъа уьш дерриг гур ду цуьнан дуьнене хьежамашкахь, дуьненах кхетарехь. И иштта ца гича, хIуттуш долу сурт дуьззина ца хуьлу, цхьа агIо бен ца гойтуш, айпе го.

РогIерчу (чолхе йоцчу) кепо аьтто бо и сурт ма-дарра гайта.

1. Со – ас-со.
2. Доьзал – да.
3. ЦIийнан нах (цIа) – верас.

1) Семья – доьзал
2) ВорхI дега – это и есть «патронимия»

Хьажа №2 схеме

ЦIийнан нах								
8								чапал
7							чоьхьара	
6						кхочург		
5					ха/орша			
4				вовхтар				
3			маьхча					
2		шича						
1	ваша							
со	1	2	3	4	5	6	7	8

ХIара схема ялийна нохчийн юкъараллин ламасталлин дахар деккъа цу тIехь лаьтташ хилар гайтархьама.

4. Некъий – вати?
5. Гараш – вати?
6. Тайпнаш – ван (ваннах)?
7. Къам (халкъ) – ?

Хlорш нийса ду аьлла чlагlо ян йиш яц; олуш хиларна, кхузахь даладо.

Iилманан тlегlан тlе даькkхича, кхунах «полис» ала догlу, цIийца долу гергарло кхузахь на «плоскость» дерзадо дела!!

Тукхумаш гергалонашца хилла ца Iа, цара юкъаралла кхуллу, мехкаш цхьаьнакхетар, амма хетало, цу терминца билгалдоккхуш хилла ненахошкахула долу гергало а.

Эмбрионийн дуьне / тIаьхьенийн дуьне – **доь.**

Дайн дуьне – **охIла.**

Оцу гонехь юьхь а, чаккхе а гойту цара, суна хетарехь, оцу гонаца бозуш бу хIинца а таллаза болу 33 шеран календаран мур, иза бевза «Хуз/хузи» аларца, 11 шеран дакъошна екъна а ю. Цуьнца цхьаьна «Хузи» адаман дахарера дуьххьарлера тIегIа лоруш а ю – «оьмар». Нагахь и дерриг а вайзаманан кхетаме диллича, тIаккха «Дашочу бIешеран» (Золотой век) кхетам-сурт кхоллало, хIунда аьлча адамаш доьзалан дезарша (цхьакIеззиг бен уьш доцуш) ницкъбина ца хилла.

Дуьненан дуккха а халкъийн дIахIоьттина чIагIбелла баьлла кхетам бу, хетарехь, халкъан педагогикин декъера: «БIозза стагах ахьа жIаьла алахь, иза гIалх дан волалур ву, бIе цхьаазза алахь, беттасина угIа хIуттур ву».

Нохчийн тайпа оьрсийн Iилмано цIийн гергало аьлла дIакхайкхина ду, цуьнца цхьаьна вовшашца жоьпалле а долуш хIора а.

Ткъе итт шо хьалха аса леррина теллира и хаттар. Шайн дакъошца аса тайпанан а, ирокезийн цIийн гергалонан билгалонаш а вовшашца къастийча, уьш

советски колхозашца а къастийча (марксистско-ленински методологица и ца дича вала а ца ваьлла), колхоз, «тайпа» бохучул а, гергара хиллера этнографин тайпанал а. Цу юкъа йогIучу юкъаралло латтанех пайдаэцаран къепе:

1) юкъара ялта Iалашдар;

2) къинхьегаман сурсаташ цхьатерра дIасадекъар;

3) юкъара сийлаллаш – Ленинан цIарх, Ильичан весеташ, Куйбышевн цIарх, кхидерш а, цхьа наггахь дерш доцурш;

4) керла доьзалш кхоллар кхочушдар колхозан юкъараллин дозанашкахь, кхидерш а.

Уггар коьртаниг ду чIир екхар цIийнан нехан гурашкахь бен цахилар. Шен тайпанан зуда ялор дихкина ду церан а. ЦIийнах ца хилчхьана, яло а, йига а магадо!

Тайпанан чоьхьарчу гIуллакхашна юкъа гIерта бакъо яц цIийнан нехан, цкъа хьалха пурба а ца доккхуш. Цуьнан декъашхойн бакъо яц муьлх-муьлхха а гIуллакхаш верасашка кхийдо.

Нагахь нохчийн тайпа баккъалла а къоман тайпа делахь, и мелла а тамашийна хIума ду. Нагахь тайпа шайн вежарех я йижарех хIораннах а жоп дала дезаш делахь, ткъа тIаккха тайпано шен декъашхочух ларъеш ю юкъаралла. И ю цуьнан коьрта бакъо, амма юха а шен цIийнан нахехула.

ХIунда долийра аса лакхахь этнопедагогикин декъера интернациональни алар? Дера долийра, вай долчохь и «митингийн карзахаллаш» дIа ма-юьйлаеллинехь, баьччанаша шайн тайпанаш лерира «элийн кийчча йолу гIеранаш» санна, и кегари цара кхетабора Iилманера бух болуш уьш ду бохуш.

Дуьйцург дIадерзош, билгалдаккхаза ца долу: вовшахкхетарш, гуламаш, митингаш, и тайпа кхидерш а нохчийн культурина хийра хIуманаш ду.

«Адам циниг дац. И кхоллало совнахболчийн бlаьрг тlе ца хlуттучохь, тийналлехь», – олу халкъо. Ламасталлин культурина уьш хийра ду.

Ас дуккха а ойла йинера, синойн дуьненна дуьхьал лаьтташ кхин дуьне хlунда дац-те, и ши дуьне адамо шен дахарехула цхьаьнатосур дара бохучун. Эмбрионийн дуьне схьаделларан кхиам Я.В. Чесновн бу, цу тlехь доккха баркалла а олу аса цунна.

Эмбрионаш, я тlаьхье (зуьрет), лакхара охьадогlуш ду, 33 шарахь цкъа стигланийн кораш а, неlарш а схьадоьллуш, шайн дегlан чархаш дlатесна синош-тайпа чу а оьцуш, ткъа цигара охьадиссина синош адаман суьрте а доьрзуш.

Схема 3 (лакхара охьа – эмбрионаш)



Схема 4 (лахара хьала – кхелхинчийн синош)



Лакхахь дийцинчо кхин цкъа в гойту вайна, естественни lиламанаша тlе ма-чlагlдарра, lаламехь дац нийсса дlадахар, иштта алар догlу заманан тайпанех а. Дуккха а хенахь вайн кхетамехь дуьсура зама шен-шен муьрехь, нийсса дlайоьдуш ю бохург! Амма, ма-дарра аьлча, заманан болар хьийзаш дlадоьдуш ду компьютеран зама тlекхаччалц, телефонан зlе санна. Баъду, иштта дустар далорах нийсса дlа кхета мегар дац, хlунда аьлча «заманан чlагарш» баккъалла долчу дахарехь наггахь бен ца нисло цхьатерграчу барамехь. Топологин законо тlелаткъам бо хан-заманна, иштта lер-дахарна а.

Ишттачохь юьххьера, коьрта яц сакъдарш я кхийолу меттигаш, ткъа юххера гергара бу кхерч, нийса хир ду кхерчан «туш» бохург, кхузахь кхочуш хуьлу адамо ораматийн, дийнатийн дуьхьенца зIенаш тасар. Кхузахь адам ша гойту чолхе, дакъаделлачу суьртехь. «Ас» – жигара, кхолларалли, кхиаран, синоьздангаллин юьхь, «Со» – жигара доцу, дегIан чархан. Стаг сих-сиха «со-со» баха воьлча, иза дIасацаво:

– XIокхул тIаьхьа ала: «Со а, сискал а; баьпкан юьхк ца хилча, хьо ванне а вац».

Кхузара дIа ду-кха цуьнан дахаран хьоста, шуьн тIера, туьха-бепигна тIера.

Вайн доьзална тIера дийца дIадолийра, хIунда аьлча и хила а хилла, бан а бу муьлххачу а юкъараллин бух, лард. Кхерч (доьзал – гулделлачу зеделлачун, культурин кхиоран туш, маьIна) бу заманан къайле, шеко чохь ерг. Эллинийн замано, хIинца а гуш ма-хиллара, оцу хаттаршна юкъа цхьа а керланиг ца деана, дерриг а шайн дуьне а, къизачу-жехIалчу нехан дуьненан а дерриг декъар бен. Дуьненан юкъ (эллинаш ма-кхеттара) желтоша шайн караберзийначу мехкийн Туьшан билгало ю. Ишттa хетарг кхолла а делла, дIаса а даьржина бахаман лелоран кепаш кхиа ма юьйлаеллинехь. Цунна къеггина масал ду нохчаша хIинца а «чоь», «ара» аьлла дакъошка доькъуш хилар. Цул а къаьсттина го иза нохчийн «кхерч» бохучу кхетамехь а. Вайзаманахь дуккахболчара и кхетадо доьзалан кхерч бохург санна, ткъа ма-дарра аьлча, иза чIогIа чолхе, дуккха а агIонаш, маьIнаш долуш дуьнене хьежаран хилам бу.

Вай эллинийн (желтойн) дуьне хьахорна тIе а доьгIна, кхин а цхьаъ цхьаьнадар хьахо лаьара. Школехь доьшуш долчу хенахь цецбийларца, дозалладарца дуьйцура ширачу желтоша адамаш доькъуш хиларх лаьцна: «политес» – юкъараллин хьашташ кхочуш-

деш волу стаг, «идиотес», «куркул» – деккъа шен хьаштийн бен бала боцу стаг. Дикка хьаьжча, вай, кхета: цара хIумма а кхоьллина ца хилла. Нохчийн цуьнца нийсса доглуш дерг ду «наша а, ниша а»! Дукха хан яра со ца кхеташ: «Нашха» олучу юкъараллехь нохчийн сийлахь цIе «Даймохк» къаьсттина билгал хIунда йоккху-те? Кхечу кепара хила йиш а ма яцара! Лаккхарчу тIегланера «кхиэлахой» шаьш хиларна, царна хийра хила беза гергарлонан а, долаллин а синхаамаш – адамийн амалшкахь уггар а лахарчу тIегланера синхаамаш! Тешам болуш ала мегар ду: Нашхахь билггал болчу муьрашкахь бахархой хийцалуш хилла.

XIX-чу бIешарахь дуьйна Кавказерачу халкъийн доьзалан Iер-дахар таллархоша билгалдоккхура церан кхерчан меттиг сийлахь а, лараме а хиларца. ЦIе сийлахь-еза лоруш хиларна лоруш хилла кхерч а иштта. Амма, ма-дарра аьлча, и хаттар иштта атта а, цхьана маьIнехь а хилла ца Iа.

XIета, антични заманера халкъийн «лаьттан туш» боху хьежам (и «туш» лоруш хилла эллинийн дуьненан юкъ) церан бен хилла ца Iа, ткъа эллинаша (желтоша) цул дехьа дерг карадерзоза, довзаза хилла, цундела шена тIехь дехаш долчу адамашца цхьаьна акха а, жехIал а лоруш хилла цара. Вайн талламаша и хьежам тIе а бузу, мелла а кхетам а ло цунах. Нохчаша шайн «Мехкан туш» – «Эрда, Ерда, Ирда» – хIоранна доьзалехь хилар лоруш хилла, цундела церан хIораннан а хилла шен-шен туш.

Иза генарчу шираллера хьежам бу, шех «Дашо бIешо» олучу заманахьлера, хIетахь рицкъ шашаха доглуш хилла хIусамашка. Цунах лаьцна дуьненан массо маьIIера талламхоша Iаламат боккхачу барамехь материалаш цхьаьнатоьхна. Оцу хьежамашца доьзна ду дуьххьара готанан бIал тосучу дийнахь оцу даздаре етт «богIуш хилар» а, кхидерш а.

Кхерчан чоь хилла лараме, хIинца а лору и шена тIе рицкъ озош долу туш санна. Цундела лоруш ду хьаша Делера ву бохург а.

ХIинца хууш ду, стеган долахь масех цIе хуьлуш хилла оцу заманахь. И цунна луш хилла ненахоша, несарша, кхечара а. Дуьнентlе ваьллачул тIаьхьа тиллина ца Iаш, цо кхочушдина гIуллакхаш бахьанехь а луш хилла стагана цIерш. Цу тIехь доьрзуш а ца хилла и, хIора мур чекх масазза бели (оьмар, я умар) луш хилла цIерш –ткъа и оьмарш нохчаша пхиъ ю аьлла билгалйоккхуш хилла. 1-чуй, 5-чуй оьмарийн хан 33 шераш лоруш хилла, йисинарш – ткъаткъа шераш. Адаман дахар нийсса цхьа бIе шо ларар тIаьхьо тIеэцна хилла аьлла, хета. БIаьхьаллин цIершца йоьзна йолчу цIершна – ГIера, Сурхо, БIаьхо, БIаьча, Баьчча – тидам тIебахийтича, суна билгалделира, адамийн цIерш Iаламан хиламашца йоьзна а тохкуш хилар. Ишттачех ю, масала, «ДIаьнда» – вайн шех «шайтIанан мох олуш болу хилам, «Дарда» – шех кIоргене чуозош болу хица боьзна хилам, кIуркIмани.

Цу кеппара, хица а, хIаваъца а (мехашца) боьзна хиламаш а тидамза бисина ца хилла! «Шайтlанан мох» баьлча, цунна юккъе куй кхоссаза вайх цхьа а хир вац, цу бухахь деши хиларе сатесна! Хьалхарниг кхерчаца доьзна ду, беркатан, хьолан билгало санна, ткъа шолгIаниг – «хьаштагI» бохучу кхетамца, уьш шиъ шайн маьIница дуьхь-дуьхьал кхетамаш а бу. Хин хилам – «дарда» – бухарчу дуьненан маьIнехь, ткъа хIаваан – «дIаьнда» – лаккхарчу дуьнене боьдучу кепан маьIнехь хилла.

Ламасталлин тIедахкаршца, хьаштагI ков-кертера арахьа, дохнакерт санна, юьстаха еш хилла. Хьаштагl кIуркIаманин маьIнехь – «дарда», цо шена чуозайо хIуъу а.

Хlинца, ярташкара хьелаш гlаларчех тарлучу муьрехь, унитазан негlар хьешо тlетохаза дитинехь, халкъан гlиллакхаш цунна ца девза, олу вай. Иштта дерриг а цивилизацин дуьненахь лелош ду негlар. Шайна билггал дага ца дагlахь а, унитазан гlант дlадиллина дитар – хlусамден ler-дахаре хьожуш ша хьаша гайтар лоруш хилар.

Дуккха а халкъийн цlа-хlусам кхерчана гонах дерг ду. Тахана ночашна дуккха а хlуманаш дицделла: «кхерч» бохучу терминан маьlна «ков-керт» бохучу маьlнехь кхетадо, цунна тоьшалла до «кхерч-ков» бохучу идеограммо а. Ширачу заманашкахь оцу декъехь хилла ков-керт, иштта lаш болу меттиг(юрт, шахьар), гондlхьара мехкаш, дуьйш-лелош долчу кхашца цхьаьна. И термин шуьйрачу маьlнехь лела, вайн кхетамна керланиг а ца ло цо. Амма кхечу кепара ойла хуьлу, нагахь вайна цуьнан маьlнин чулацам бевзаш белахь.

Цlе чохь латаяллац нохчаша цlийнах «цlа» ца олу, иза «гlишло» лору. Цу чохь цlе ма латтийнехь, «цlа/цlенош» боху кхетам кхоллало. Иштта а и дуьззинчу маьlнехь ца лору, чу чохь «текх-цаца» лело ца доладахь. Нагахь бер дуьненчу далахь, «доьзал» хуьлу цунах, ткъа нагахь кlант хилахь – «хlусам».

Нагахь вайн «кхерч» хьалхарниг ларахь, «цlа/цlенош» шолгlачу гонан маьlнехь ду. Кхузахь юха а карладаккха догlу В. Ардзиатис кхиамца йийцина ламанхойн стол (нохчийн – «шун»): зуда – хlусамнана боху зlе майрачо туьха-бепиг латторца доьзна хилар. Шена тlе тидам бохуьйтуш ду «шун» боху термин «шу» бохучун синоним хилар. Кхолагlа го – «кертков» эр ду вай цунах; цу юкъа йогlу оьшуш йолу бахаман гlишлош, хас, беш, кхиерш.

Боьалгlачу гона юкъа богlуш хилла цхьана шовданах (хих) пайда оьцуш болу берриг а доьзалш. И къаьсттина гуш ду оцу кlоштахь къоначу несо шайн

кIоштарчу баккхийчийн а, цхьалха бисинчийн а кегий гIуллакхаш кхочушдарехь.

Пхоьалгlачу гона юкъа йогlу бахархой lаш болу ерриг а меттиг (юрт, кIотар, шахьар). Цу гонехь ду арахьара дежийлаш а – «дишнеш». (Ма-дарра аьлча, и термин латтанаш лелоран культурин декъера ю, цуьнан маьIна «хьадаза латта, маьIда» бохург ду. Цуьнан коьрта туш – иза «пхьоха» ю).

Ялхалгlачу гонехь юкъа лоцу шен дерриг кхашца цхьаьна йолу адамаш дехаш йолу меттиг. Цундела дало догlу нохчийн алар: «Зудчун мотт баьстина бу, когаш бихкина бу».

Цунна нийсса дуьхьалдолчу маьIнехь ду: «Божарийн мотт бихкина бу, когаш баьстина бу».

Дикка хан елира, со цу дешнийн дуьхе ца кхуьуш. Тlаьхьо со кхийтира, юьртал арахьа дагарца я мангалца болх беш йолчу зудчунна ша тlекхаьчча, муьлхха а боьршачу стеган декхар хилла, йол хьаькхна я дечиг даькхина, оцу зудчун керта уьш цlаян.

Кхузахь шена тlе тидам бохуьйтуш дерг кхин ду. Вай юьйцучу зудчун керта ша вахале, и стаг пхьоьхане воьдуш хилла. Божарий схьа а кхойкхуш, цаьрга бага лееш хилла цо. Исттачохь бен, божарий шайга дохучу бехкашна а, дечу девнна дуьхьал «къурд-аьлла» lен безаш хилла меттиг суна билгал ца яьлла.

Ворхlалгlачу гоно шена чулоцу цанаш (йол хьокху меттигаш. Божаршца цхьаьна бен, цига баха магош ца хилла зударшна).

Ткъа бархlалгlачу гона чу йогlу меттиг – хьун – зударшна йихкина меттиг хилла.

Цу кеппара ворхlалгlачу гонал тlаьхьа дерг акха лоруш хилла, гIиллакхехь доцуш, нагахь вайн эллинизман кхетамехь аьлча, тlех оьзда доцуш. Цигахь зударшна, беза болх беш ницкъ хиларал сов, гIиллакх-оьзданга́ллех бохаран а кхерамаш хилла!!!

Хьовса №5 схеме



Кхузахь билгалдаккха догlу, хlора а гонал дехьа валар «ара» ваьлла лору, ткъа цул тlехьа дуьсурш – «чоь – чоьхьара» («Арийство» боху кхетам кхоьллинчийн вай дуьйцучун маьlнех лаьцна кlезиг хууш хилла).

Цо юха а тlедаладо вай lилманехь тlечlагlдеш долчунна, латта лелош долу халкъаш цхьана меттехь совцу, таллар а, схьалахьор а кхочушдеш долу халкъаш шаьш деха меттигаш хуьйцуш лела. Бакъду, цуьнан кlоргене ца кхийда уьш.

Оцу хаттаро вайна гойту хlинца вайн дехаш йолу ярташ, эвланаш тlаьхьа кхоллаелла хилар, царал хьалха ков-керташ хилла, масала, и гуш ду гуьржийн, иштта Европин Альпашна гондlхьа дехаш долчу халкъийн lер-дахарехь.

Говзанчашна хууш ду, оьрсийн-славянийн культурехь и хlусам оцу я кхечу дийнатах таръеш хилар (старах, говрах, и. кх. дlа а.). Нохчаша хlусам адаман ирахь лаьттачу дегlах тарйо. Иза, шен рогlехь, дуьненан кхаа кепан цхьааллехь гайтина а ду: лахара – цlенкъара охьа – эхартан дуьхье; юккъера – цlенкъара хьала тхов тlе кхаччалц – маьлхан дуьне; ткъа лакхара дуьне – тхов тlера хьала.

Ларамаза дац адаман дегl иштта чу дакъошка декъар. Кхузахь аьлча, бедарийн маьlна: коьрта тlе туьллу хlума еза ларар (культ); гlодаюкъал лахе а, лакхе а иштта декъарца цхьаьнайогlу. Адамаш дехачу меттигийн топографи а нохчийн бедарийн ламасталлин культурех тарйина ю. Вайн ирсана, итум-кхаьллоша шайн диалектехь хlинццалц схьа

ларйина юьртан коьртера цIерш – «пхьакоч» – кучан кач бохучу маьIнехь, ткъа хIусамера лараме маьIиг «барч» – хечин хуьнжар чутосу меттиг. Цу дерригено вайна гойту хIусаман лараман хьал юьртан бакъонан хьолал лахара хилар, цу тIера кхолладелла иштта алар: «Юьртана динарг декхаза дисна дац».

ХIокху балха тIехь и чолхе проблема юьззина схьаястаран Iалашо яц вай хьалха хIоттийнарг. Вайн Iалашо ю и хаттар хIоттор а, цуьнан масалшна тIехь кхидIа а цу хаттарна тIехь Iилманан талламаш байтаран некъаш билгалбахар а.

Вайзаманан политикаша баха а баьхна, ала а олу: «Дерриг а – адаман дуьхьа!»

Шаьш и олучу хенахь цара дицдан ца дезара, шаьш иштта аларца керла цхьа а хIума юкъадалош цахилар. Вайн ширачу дайшна Адам бохург сийлахь-лараме хилла. Адам ду дуьненан а, Iаламан а гIортор, цуьнан дIахIоттам. Цу адамна и хууш а хилла, цо шен жоьпалла и хууш лардина а ду.

Шайн а, акха – жехIаллин а – шина дуьнене хIара дуьне декъначу эллинаша (желтоша) кхоьллина ца хиллера цхьа а керланиг. Дуккха заманаш хьалха и ойла кхечу кепара йолуш нохчийн (иштта кавказхойн а) ламасталлин культурехь хилла: «чу» – «чоьхьара», «ара» – «арахьара». Кхузахь билгалдаккха догIу: нохчаша «аре» бохург, шайн къомана хийра дерг а доцуш, ткъа хIинца а карадерзоза, юьртбахамехь пайда эцаза долу латтанаш лору. Амма цуьнца цхьаьна хаа деза, пайда оьцуш йолу меттигаш лоруш ю ялташ дIадуьйш йолу меттигаш а, цанаш а. Хьун а, генара дежийлаш а, ярташ йоцучу меттехь уьш елахь, «ара» олий, билгалйоху. Кхета хала дац ламанийн хьелашкахь адамамаш шайн кхашна юххехь баха охьаховшар.

Цо вайна кхетам ло, лаьмнийн когашкара акъареш а, аренаш а караерзорна тIаьххье лаккхара лаьм-

нашкара латтанаш а кхашка дерзош хилархь. Лаккха лаьмнашкара латтанех пайдаэцар дIадолийна цигахь даьхнилелор кхиорца, даьхни дежийлашка хьаладигарца, ткъа цул тIаьхьа бахархойн барам совбаларца цигахь дIадолийна ламанан басенца терхеш еш латтанаш лелор а, бошмаш кхиор а.

И тIедогIуш ду «Лаьттан, Мехкан туш» бохучу кхетамна. Бакъду, цара билггал ца къастийна «туш» кхерч хилар. «Дашочу бIешарах» лаьцна йолчу легендашца, цигахь гуллуш хилла рицкъ. Оцу декъера ду етт «дуьххьаралера харш тосучу багIар», экха ша таллархочунна тIедар, кхин а. Цу кеппара, туш коьртаниг хилар – ялтанаш лелоран, латталероран коьрта билгало ю. И билгало ю ломара пачхьалкхийн а, халкъийн а адаман дахаран хьашташна оьшуш долу Iаламан хьелаш даима а цунна гергехь хилар. Лаа ма дац италхойн Iилманчас Х. Маурис лаьмнашкара дахар Лаьттан кхоалгIачу полюсах тардар.

Вай хьахийна проблема юьззина схьаястаран Iалашо яцара аса сайна хьалха хIоттийнарг. Цу хаттарна жоп даларехь керла хьежамаш, некъаш хила беза боху ойла шун кхоллаялийтар дара суна лиънарг.

ЗУДАРЕХ ЦХЬА-ШИ ДОШ

Зудчух лаьцна дуккха а хабарш ду вайна юккъехь лелаш. Амма и хабарш дуьйцуш лелачара дукхахьолахь дицдо: цхьа Адам-пайхамар воцург, цхьана нанас кийрахь лелоза вац. TIехула тIе, вайн Iадаташца дуьстича а, йишас вешера дIаэцна ю зударийн олуш йолу цамгарш; шолгIа-делахь, кхана вайна тIехIуттур йолчу махьшеран арахь, хIора а шен-шен мохь базбелла, «гIо лаца мила вер вара-те?» бохуш, массо а холчухIиттинчу дийнахь, йишас боькъур бу, боху, вешица и беза мохь.

Шен дегIан-син мутта цуьнца доькъуш леладо нанас шен кийрахь бер. Цу тIе, доьзалхо дуьненчу волучу хенахь ненан бIаьргашна тIе Iожаллин бIаьрг хIутту. Кийрахь лелийнарг-м хIунда юьйцура, шех дуьххьара куьг кхеттачунна а, иза некхе лецначунна а декхаре лоруш ву нохчаша стаг. Къемат де тIекхачалц йолчу хенан йохаллехь, Iай кхакхан тIе, аьхка тIаьрсиг тIе а хаош, дагаеанарг тIекхачош дола дича а, шен оццул терго йиначунна хьалха декхарийлахь вуьсур вара кIант (йоI). Зударийн ларам вайлахь лоха хила а ца хилла, хуьлийла а дац. Дагалаца А. Казбегис а, кхечара а зударшца нохчаша лелош хиллачу юкъаметтигех лаьцна яздинарш.

Адаман декхарш дуьйцучохь доьзал кхоллар-кхиор вайна тIедужучех хилар лакхахь хьахийра вай. Вайн дайшна дика хуучех хилла иза. ЙоьалгIачу муьре лестина воккха стаг (нагахь ламазан хьашташ кхочушдалуш иза велахь) пхьора зуда (кIентан... кIентан иза елахь а) пхьоьханехула чекхйолуш хилча (чохь дерг вай дийца а ца дуьйцу, цуьнан декхар ду иза), шен дегI нисдеш хьалагIоттуш хилла. ХIунда деш хилла цо иза? Цкъа-делахь, цу зудчун кийрахь верг пайхамар, эвлаяъ я шайх хила тарлуш хиларна. ШолгIа-делахь, шен доь ца дайта гIерташ, дайн сий ца дойуш, тIаьхьено шен цIе ларъяре сатуьйсуш, дахарехь валахIоьттина къахьегна хиларна. Ларам боккха хиларан гайтам бац ткъа, новкъахь зуда дуьхьал нисъелча (нагахь санна ша МЕХКАН КОСТ эцна воьдуш вацахь), цуьнца эвхьазвалархх ларлуш, дин тIера чувуссий, цуьнан Iуналла деш, иза верасашна тIекхаччалц дIаюьгуш хиллехь? Ларар дац иза, нагахь санна, диг-мангал карахь йолчу юьртана юьстаха зудчунна тIекхаьчча, ворданца елахь, ворда йоьттина (дечигца я докъарца) иза юьртан пхьоьхана ялийна, юьртарчу нахана, ханна мел жима хиларх а, «нах дац

шу» ала цуьнан йиш хилча? Шен нана, йиша, сте, йоl лоручо лелош хилла хlуманаш ду кхузахь хьахийнарш. Иштта къонахий, схьагарехь, алсамо хиллачух тера ду хьалха.

Нохчийн оьздачу гlиллакхех хьалхарниг лара мегар ду аьлла хеташ ву со, стаг ву ша бохуш лелаш волчо муьлхха а зудчуьнга хьалха дlакховдош дерг вошалла хилар. Цу тlера дlадолалуш ду кхидерг шадерриг а. Кlеззиг мукъане а дайн воддах хlума шеца долу стаг зудчуьнца эхь-бехк лардеш хуьлуш ву. Шайн дахарехь зlакардаьхнийн амалех тар ца бала гlерташ схьабаьхкина вайн дай (хlинцца хьахийначу зlакардохнан а, виран а амалехь лору зудчун лаам кагбан гlерташ волу стаг). Боргlал а, вир а ду, дуьне а дицдой, зудчунна тlехьодург.

Нохчийн кхетамах лаьцна хьахийначуьра кхин цхьа агlо а ю билгалъяккха езаш: олхазарийн, дийнатийн аматаш дика девзаш хилар, царах адаман юьхькlайн ерш тlелацар, акхараллийнаш юхатохар. Схьалоцур вай берзан амал: акхарошлахь шайн бен йоцу амал ю цаьрца – стечо къаставо хинволу да. Иштта билгалдаьллачарех ду берзалоша, сте а къевсина, къизалла хьалха цаяккхар.

Доьзалехь а ю нохчийн шатайпа башхаллаш. Масала, безаман уьйр хаьдча, зуда а, майра а атта дlасакъаьста. Кхечу къаьмнех тера доцуш, йитар-витар атта хуьлуш хилла вайн доьзалшкахь. Аса ца боху иза дикачех ду. Амма ехна, йоl бертахь йоцуш, доьзал кхоллабалар юкъара дlадаьккхичхьана дуьйна схьа (ядор а ду магош доцчух), зудчунний, цlийндений юкъарчу уьйр-безамо хьалхара меттиг дlалаьцна. Европин къаьмнийн lедалшца догlуш делахь а, цушиннан цхьаьна дижар (в обособленной спальне, в одной кровати) вайна юкъахь лелла дац, дижар-гlаттар ша-ша хуьлуш хилла. Дайша лелийначарах дац, шарlо иза

тIедиллина делахь а, «со хьуна оьшур юй?» хоттуш, буьйсанан йохаллехь сте майрачунна кхузза тIехIоттар а. Зудчо хаам баллац, шена иза эшар хоуьйтуш, цIийнда сатухуш хила везаш хилла нохчийн Iедалехь.

Европин къаьмнийн кхетамца, зудчун, боьршачу стеган бакъонаш цхьатерра хила езаш ю. Амма нохчийн зудчуьнца болу лараман кепаш шатайпа хилар бахьанехь, и нийсо (равноправие) вайца йогIуш яц. ХIунда аьлча, церан чурх цхьатера яц. Вон амал йолчу зудчун карахь поппар санна хуьлуш ву стаг. Сеттина пIенда санна, хьалха нисъелларг гIамстаг елахь, боьршачу стага лелочух гIуллакх хир дац. Зудчух бод бо, иза лар тIе йоккху безаман йовхоно, лараман цIаноно. Вайн дай дукхе-дукха хьалхе кхетта хиллачух тера ду тIаьххьарчу хенахь Европин къаьмнийн хьекъал долчу векалша хьалха дерзийна лелочух: «Нагахь санна шайна къоман лакхалла мел хьалаяьлла хаа лаахь, хьовса цу къоман зударий муьлхачу хьолехь бохку». Эрна аьлла ма дац вайн дайша: «Стагах стаг зударша во, стогаллах а зударша воккху». Боьрша-сте, де-буьйса санна, къаьсташ хиларх а, амма цхьаъ важа доцуш хила йиш цахиларх а дика кхеташ хилла вайн дай.

Цу тIе, зуда Нана-лаьттаца йоьзна тарйина. Цунна кхерам стигалара охьа богIуш лору. Ткъа стагана лаьттах хьалабогIу, олуш ду. И бахьана ду зуда коша юьллуш, цхьа бел йиллина а, кIоргIа йиллар. Боьрша стагга-м цхьана гена заманахь дIавуллуш хила а ца хилла.

Стеган а, зудчун а бакъонаш хьахаеллачуьра ала догIу, уьш цхьатера хилар. Амма церан некъаш тайп-тайпана ду. Вай лакхахь хьахийна стеган мотт а, зудчун когаш а бихкина хиларх лаьцна. Иза гучудолу ков-керт, юрт, урд бохучул а зудчун некъ дехьа цабаларца. Маттах лаьцна аьлча, «дIадахахьа дIа, иза-м зударийн хабарш дара» олий, боьршачо аьлларг кийчча

дов хиндолчохь тІаме, чІире ца доккхуш дуьту стечо аьлларг. Иза хІунда магийтина? Магийтина, зударшна тІехь кхерчан а, хІусаман а дукъ Іуьллуш хиларна.

И дукъ бахьанехь уьш лаьттан векалш хиларе терра, тахана, хІинцца чохь оьшург дазло царна. Нагахь санна цуьнан доза-барам бохург дІахецалахь, хьашт-дезар сутаралле доьрзу, сутаралло лоллий, шена хьалха волчунна тІейоьрзу: «Иза хьенехгІеран хІарий-важий ю, хьо цул а хІун оьшуш ву? Хьан берийн хІунда яц церан ерг?» – бохуш, майрачун лергех мехий даха зуда йолаелча, кхане ган декхарийлахь волу стаг лар тІера волу, хьарам-хьанал ца бохуш, каетта волало. Цундела олуш хилла вайн дайша: «Вон зудчо стогаллех вохаво стаг». Ша къила яхана ца Іаш, хьарамчу хІуманах а тухий, цхьа бехк боцу доьзал а хьокъала буллу цо. Нагахь оьздачу хІух (ша оьзда хилар ду иза) елахь, шен чу йохьучун бала кхочуш а, хьарамчух къаьхкаш а хир ю зуда.

Вайн дайша шайна тІаьхьа битина схьабогІуш бу цхьа тамашена кхетам – «Дала декъалйина зуда». Ишттанаш дукха хуьлуш бац. Къонахий а, Дала декъалабина зударий а, асар санна дебаш хилча, къам, ша хьалха хилла долу къам хилла, чекхдер дара. Къам ца хуьлийла а дац, нагахь хІусамнана генарчу Іалашоне бІаьрг тухуш, тахана оьшучу хьаштийн буржалех паргІат а яьлла, даима когаш кІел хьежар а дитина, тІейогІучу кханенга хьоьжуш хилахь. И дарца цо доьзалан сий байракх йина ойур ду, цуьнан дика цІе йоккхуьйтур ю. Нагахь иза цу некъана юьстахлелхаш елахь, цо хьоьхучу некъа ца вала стаг я турпал, я Дала цхьа боккха кхетам белла, Цо шен лаамца ларвеш лелош хила везаш ву. Стаг зудчуьнга хьежар тахана лар тІера даьлла: цунна яцо вир а, даима самукъане, елаелла, екхаелла, Іатіаран хьожа а етталуш йолу ловзо сте а еза. Иза ду вайн тахана галдаьлларг.

«И ахьа боху къонахий а, хIусамнаной а туьйранашкахь бен бац», – олуш дуккха а меттигаш яьхкина соьца. Бу! Дукха бацахь а, болуш бу! Масаллина со кIезиг-дукха хьалха хьийзина, суна кхача хьалха бехкина йолу Айдамиров Абузаран хIусамнана яра (Дала декъалбойла уьш.). Шен долчу кIеззигчух тоам ца беш: «Оьшу, яккха, ядае, дIора хьенех-минех хьоьл а хьекъална-кхетамна, доьналлина тоьлуш ву! Хьо цул оьшуш ву? Хьажал, церан берашна тIехь, чохьарахь дерг. Хьажахьа, хьастагIа вуно чIогIа юьхьIаьржа хIоттий-кх «цо», хIара хьуна тIера коч дIаяханчу аьхка лелийнарг-м яц аьлла. Дитал къомана-махкана бохург. ВалахIоьттина пайда ца бохьуш долу къахьегарх, хьан хIун хьаладаьлла? Сох, хьайн берех къа ца хета хьуна, нехан берашна тIехь ер-ерг езаш, сатуьйсуш, къурдаш беш Iачу?» – бохуш, иза гонах хьийзаш, лергах мехий дохуш хиллехь, Абузарх тахана вайна вевзаш волу Абузар хир вара аьлча, теша хала ду.

ХIара къамел дерзош «зуда» бохучу кхетамах алаза диснарг эр дара ас. Тахана схьаоьхьуш долчу суьртаца и дош «жIаьлица» я «говраца» дузуш ду. Кхин а генара орамаш сайна гучудаллалц со а Iийна иза бакъ хеташ. Кхечу къаьмнийчул а дукха дуй-те аьлла, дукха ду вайна юккъехь, цхьана моттаргIнашца дош схьа а оьций, цуьнца боьзна болу кхетам, дастаме боккхий, бехбеш. Иза а, цу дешан орам схьа мичара баьлла, юьхьанца цуьнан хIун маьIна хилла хьажа гIерташ, къа а ца хьоьгуш. Царах ду аьлла хета суна вай хьахийнарг а.

Олхазар я цхьа дийнат юьхьарлоций, цо адамийн гIолацарх тешаш хилла генна хьалхарчу заманашкахьлера адамаш. Цунах «тотем» олу Iилманчаша. Дукхахьолахь хан-зама яларца иза кхетаман символе доьрзу. Цуьнца доьзна дало дуккха а масалш долуш ду. Вайн шина-кхаанна тIехь совцур ду.

Ширачу Грецехь саькка бухІа хилла лоруш; жуьгташа – лаьхьа; оьрсаша – цхьогал, вай – зу (Итум-Кхаьллаххьий, иштта дІа цу агІорхьай цунах Зудам олу). Цо гІолацарца вайна дуккха дика хІуманаш юкъадаьхна ларалуш ду. Масала, кІа хьакхаран меттана, куьйгашца кенаш дохуш гича, адамех къа а хетта: «КІа хьакха, нІаьнин цІоганан сакх-мас санна долу гома арсаш хІунда ца до аша?» – цо алар бахьана долуш, юкъабаьккхина бу, боху, марс. Иштта хІуманаш дуккха а ду цуьнца доьзна. Цундела аса и вай дуьйцуш долу «зуда» дош «зу» бохучуьнца дузур дара.

Шолгіа-делахь, вай лакхахь хьахийна йолу Итум-Кхаьллий, цунна уллерчу яртийн цІерашший хала ду говраца йоьзна ю ала. Цул сов, Іилманчашна хууш ду, «юрт, эвла» боху дешнаш вайна юкъа дале, хьалха заманахь, «кхаьлла» боху дош церан меттана лелла хилар. Цуьнца доьзна дага ца даийтича дер дац ялта дер-дерзор цхьана хенахь зударийн гІуллакх хилла хилар, къаьсттина лаьмнийн ярташкахь. Кхузахь хьахийначунна тІедоьгІна, шолгІаниг аса дузур дара «юрт», «юьртахь юьсуш ерг» бохучу дешнийн маьІница.

БІаьгарх дерг дерзош, юха а карладаккха луур ду, тахана аса сайна хьалха хІоттийна Іалашо тІехула лелачу, хІора стагана мин-минотехь тІелотталуш, тІелоттадала тарлуш долчу нохчийн гІиллакхех дийцар хилар. Церан орамаш муха, маца юкъадеана-даьржина бохург цкъачунна бухахь ца дитича ца долучарех ду, цунах дерг дерриг а талла гІоьртича, сан къамел дахлур ду. Нагахь, оьшуш хилар гучудалахь, иза кхочушдан халачех дац. Коьртаниг – долуш дерг дІалаца, цахуург Іамо луурш бовлар ду.

ХІора дийнахь тІелитталуш дерш, ца хиъча, ца лелийча ца долуш дерш хиъча, лело воьлча, сих, цІийх, тІамарх доьлча, кхузахь хьахийначарел жимма чолхенаш тІелаца а, дІакхехьа а атта хила там ма бара, бо-

хучу дегйовхоно дІадоладойтуш гІуллакх ду хІара. БІеннах цхьамма тІелаьцча а, дуьненахь биттина когаш эрна хир бацар-кх, нагахь кху йозанах кІеззиг баьлла а, къаьсттина кегийрхошна, аьтто а, пайда а балахь, сапаргІат хир ву.

ТІаьххьара а, юха-юха а-м боху ас: Веза, Воккха, Сийлахь Дела стеган сица, ойланца, дагахь-кийрахь хила везаш ву, Иза воцчохь гІиллакх-оьздангалла лелаш яц. Нагахь лелош хилча а, цунах гонахболчарна гайта айина долу дуьйсина ахкарг хуьлу. Цуьнан мах дукха кІезиг бу.

ГІИЛЛАКХЕХ ДЕРГ

САЛАМ ДАЛАР-ЭЦАР, МАРШАЛЛА ХАТТАР

Нохчийн маттана кхечу къаьмнаша инкарлонаш лелаярх, цецвийла-м хІума дацара. Тамашийна хетарг ду-кх: кхечу къамнийн элпаш вовшахтаса мел Іеминарг, ша нохчи ву бохуш, меттан (къоман ваддан) орамаш цеста волавалар. Иза ду-кх инкар вохург. Маса стаг шен доьзалшца Сибрех хьовсийна, хІаллаквина, советан Іедална луьйш вара бохуш.

Ша оьрсийн меттан говзанча ву алийта: «Тахана хІун де ду?» – аьлла, хаьттинчуьнга: «Тахана-м СЕГОДНЯ дара!» – баьхнарш а гина вайна.

Тахана кІезиг бац ПАРЗ ма ала, ФАРЗ ала бохурш а. Хьовзо ницкъ-гІора кхаьчча, цара а, къа ца хеташ, хІордан жІаьлеш летаче хьовсор хилар а гуш ду. Дало-м дукха дара и масалш...

Гуттар лар тІера даькккхина цу наха Салам даларца дерг. Баккъалла аьлча, оьрсийн «пуша мат» тІе дерзош лаьтта. Цхьа а вац цуьнан мах лахбан гІерташ, амма, Дала кхоьллина массо а хІума санна, иза а цхьана бараме-кепе дерзийна хилла дайша. КІорггера орамаш

талла воьлча, Іаьрбашна юкъахьчул дуккха лакхарчу лараман тІегІан тІе хьаладаькхина а карадо иза. Билгалдолу и къамелаш ден нах нехан коьшкалахь Ялсамани яккха гІертачарех хилар. ТІаьххьарчу хенахь юкъахь даьржинехь а, я хьалхе дуьйна лелла делахь а, хабаршца, къамелашца цига кхача гІертачарех тарло. Амма Цига, дикачу гІуллакхаша бен, кхачош воцийла ца хууш, ца кхеташ лелош дац цара и.

Кхин хІумма ца хилча а, кІирнах-баттахь цкъа мукъана, Делан и Калам караэцна, цу тІе хьовса корматалла еллий царна Везачо! КІоргенеш лахахь кегор вай.

Дерзош ала дорІу: гІиллакхаш мехкан хІоттаме, къоман хилла-леллачуьнга хьаьжжина бен, Дала луш дац. Вайн бакъдерш-м – хІете а, вете а. ХІумма а хІинца болчарел ислам-динах кхетам кІезиг а, гомха а боцчу шайхаша, устазаша, эвлияша луьстуш, нехех-жуьйрех къастош, бакъ ШарІаца дустуш, теллина-нисдина карадо. Вайн декхар го: царах хетт-хетарш а ца дуьйцуш, хІоранна хІун мах бу, муьлха меттиг дІалоцу, мичахь-муха лелаш ду къастор.

Нохчаша зударийн бакъонаш талхайо, ур-аттала цаьрга луш салам дац, кхелхинчунна доккхуш долу каш а цхьа бел кІорга доккху бохуш, газеташкахь, радиохь, телевиденехь вай кхайкхош цхьа хан еара. Боков Хьаьжбекар а, и санна болу цхьамогІа «идеологаш» а схьалаца тІам а, дІахІотто бух а боцу «зударийн» санна долу цхьа гІуллакх юьхьар а дерзадой, цунах «кампани» а йой, лелара. Даржашкахь чІагІбелчахьана, шаьш лелориг зуламе хилар хуъушехь, вайчунна тІе нехаш-м хьокхура цара.

Ишттачу гІуллакхашна тІехь цу хенахь а, хІинца а гуттар доьхнарг: «Муха, хІун маьІна, бахьана долуш тІелаьцна къомо тахана лелош йолу юкъаметтигаш?» – бохучу хаттаршна тІаьхьакхиа цагІортар, цуьнан ойла цаяр.

Адамашна юккъехь лелаш долчу хIуманех схьалаца мукъ боцуш цхьа а дац. Вай хьехориг а ду царах.

Салам далар-эцар, цхьаццаболчу Iилманчашна хетарехь, нохчашна юкъа а деана дин-исламца. Суна хетарехь, Iаьрбий-жуьгтий Африкера Рахь[4] хилла схьабовлале, и кеп царна юкъахь лелла яц. Нагахь хиллехь, бухадисинчу гарашна юкъах лелаш хила безара «СА» бохучу дешан (нохчийн санна беза а, дукхе-дукха генара схьабогIуш болу) кхетаман орам. Иза цигахь карош бац. Цо гойту и кеп цхьана генарчу хенахь вайн дайшна юкъахь лелла хилар. Вай тIеэцна бохуш лелла долу дешнашца, шайн орамашка кхийда воьлча, гучудолу, уьш вайна тIедеана доцуш, вайн вешан хилар. Царах ду аьлла хета суна кхузахь хьехориг а.

Маршалла хаттаран кеп цара ма-дуьйццу вайна юкъа еана хиллехь а, иза леларан некъаш церан а, вайн а тайп-тайпана ду. Iаьрбаша салам дас – кIанте, вашас – веше, бераша – дега-нене, цIийнадас – шен хIусамнене а ло, ур-аттала ара а ваьлла зоканара шийла хи молчу юкъана юха чу веача а. Мел боккха «тIом» латтабо вайн «баккхийчара» шайн гергарчу кегийру нахаца, салам хIунда ца ло шайга бохуш. Далалой ткъа иза кегийчаьрга? ХIан-хIа, шайна иза хIунда ду а ца хуъушехь, даго, сино, кхетамо тIе ца дуьту баккхийчаьрга салам далар.

Тахана цкъа а ца хиллачу кепара дукха бу Къуръан доьшуш, амма Iаьрбийн маттахь яздан а ца хууш, цул сов, ислам-динахь чоьхьарчу дуьненан маьIнин кIоргалле кхаьчна боцуш. Кхеташ ма-хиллара, ишттачу «молланаша» дерриг а кхетадо цхьа тIехулара схьаэцна. Цуьнца цхьаьна чIогIа даьржина ду барта дийцарш далор, дукхахьолахь, уьш догIучехь далош а доцуш. Иштта, масала, Иорданера схьаеъначу, шорташ

[4] Меттиган тайпа.

шех олучу хечех тера хIума тIейоьхна лелачу зудчун вайн республикехь ислам-динан культура зударшна хьехархехь йоццучу хенахь «телеседа» хилира. Цо тIечIагIдора, «Салам» боху дош Деле къинхетам бехаран маьIнехь ду бохуш – «Дала къинхетам бойла хьох!» Ткъа и данне а иштта дац.

Дикачу Iалашонца Iаьрбийн маттара гоч а йина, вай долчохь арахийцира «дешан маьIна муха лела Iаьрбашна юкъахь?» бохучу хаттарна жоп луш йолу брошюра. Цу тIехь боху, Пайхамаран (Делера салам-маршалла хуьлда цунна!) асхьабех цхьаъ лерина базара оьхуш хилла, цигахь шена дуьхьал мел кхеттачуьнга «бен-башха а доцуш, салам далархьама, АллахIна хьалха ша декъалхиларе сатуьйсуш! Хийла нах тIеихира суна и книжка шеца йолуш, йоцуш а хаттарш дохьуш: «Иштта атта Ялсамани яккхалур ю бохург бакъ дуй-те?» Дукхахьолахь тхан къамел иштта дешнаш аларца дIадоьрзура: «Схьагарехь, мукъа-м хилла иза! Вай долчохь цхьа бутт мукъане а баккхийта безара цуьнга, ма сиха дезар дара цуьнан целбел схьаэца». Иштта аларца со волчу баьхкинчара йовзуьйтура шаьш схьаалаза йолу ойла: географин, Iер-дахаран хьелаша боккха тIеIеткъам бо, тIехула хьаьжча, башха доккхачу маьIнехь а ца хетачу денна а вайна юкъахь лелаш йолчу оцу маршалла хаттаран кепана а. Меттигера хьелашка а ца хьожуш, уьш тидаме а ца оьцуш, цхьана регионера вукху регионе шашаха дехьадаккха цкъа мегар дац цхьа а хIума.

ТIаккха дIадоладелира къоначеран баккхийчу чкъурах болчаьрца «дуьхь-дуьхьал латтар», царна юкъахь лелаш болу башха къовсаме боцу и хилам бахьанехь. (Билгалдаккха догIу, кхузахь къоначийн чкъурах буьйцурш вайн къам махкахдаьккхинчу муьрехь а, Даймахка вай цIадирзинчул тIаьхьа иттех шо дал-

лалц а баккхийчеран дар-лелоран терго еш хилларш бу). Аса кхин цкъа билгалдоккху: «зама керчинчу муьрехь» хьалакхиъначу чкъурах лаьцна ца дуьйцу аса! «Салам-Iалайкум!» аьлла маршалла хатталур дац нохчийн къонахчуьнга, ийза ца луш, шен юххерчу гергарчуьнга я муьлхха зудчуьнга, хIунда аьлча психологически агIонца иза Iамийна ву цаьрца юкъаметтигаш лело: бага леян, дов дан, къовсавала, ткъа уьш дерриг, нийса дIааьлча, яхь дIалур йоцуш дерш ду.

Нохчашна юккъехь салам далар-эцар шен маьIна, шен бух-тIам болуш а, деза лоруш а хIума ду. Нохчаша муьлхха а дешнаш мухха а дIасакхуьйсуш дац, и санна сийлахьниг-м мухха ле а. САЛАМ луш дац нохчаша тIом-чIир юкъа ян йиш йоцчохь. Ткъа тIом-чIир бохург нохчочо лелор дац цхьана а зудчуьнца, юкъ ехказа, гIеметта хIоттаза волчу кхиазхочуьнца, юкъ яьстинчу, къанвел-лачу стагаца, шен цIийнах волчу гергарчуьнца, ненахощца, стунцхощца... Нохчийн оьздачу гIиллакхашца, салам кховдадо гIеметта хIоьттинчу къонохчо къонахчуьнга. Цундела саламан дозалло, цуьнан сийно, «гIарт»-олий, дегI нисдойтуш, хьалагIаттаво салам дIаоьцуш верг.

Кхечу къомах/динах волчуьнга салам цадалар – иза цавезар, цаларар, я мостагI ларар дац! Цуьнан бухахь Iуьллу саламан кхоччуш долчу маьIнин дозаллех иза цакхетарна йолу шеко...

Сох дукхе-дукха нах Iиттабелла, хьекъална/кхетамна, дешарна/Iилманна генара мел хили а, шаьш бохучунна тIера бевр а боцуш – кхин къаьмнаш ... Баккъалла а дешна а болуш, бусулба динах кхеташ болчара даьсса «хабарш» ца дийцина.

Салам божарша бен луш дац. Цуьнца цхьаьна, массеран бакъо яц и дала, цу юкъа догIу шел вокхачуьнга салам далар долахетар а, зударшка и цадалара. Ерриг а юкъаметтигаш лелорехь лелаш ду салам далар, вуьшта аьлча, могуш, тIеман декхархой

болуш, «луьрачу тIедахкарех чекхбевлла, шаьлтанца юкъ ехка хьакъ лерина («юкъйихкинарш») божарийн хилла салам дIадала а, схьаэца а бакъо йолуш.

Салам даларна юкъабогIуш ца хилла берриг зударий, цомгашнаш, заьIапхой, гIорасизе божарий, иштта юкъ ехккал хан тIекхачаза болу кхиазхой, яккъаш яьстина баккхийнаш; цхьана цIийнах болу нах шайн бархIалгIачу дега кхаччалц, ненахой, уьссалгIачу дега кхаччалц болу стунцхой а. Цу кеппара, салам нохчашна юккъехь маршалла хаттаран кеп хилла ца Iа, иза иштта тIеман кодексан цхьа дакъа а ду. Салам шеца нийса волчуьнга бен луш ца хилла валарний-висарний юккъерчу сиза тIехIотта дезаш долчохь. Нохчийн ширачу хабарехь, ворхI ломал дехьахь тIаьхьакхуьу цуьнан турпалхо шегара салам схьа ца эцначунна (кхечу балха тIехь, шега дIакховдийна куьг схьа ца лаьцна аьлла а ду). Цаьршиннан тасадаларехь кхунна дуьхьал летачун коьртара куй охьабоьжча гучудолу иза йоI-бере хилар, латарехь ша эшийначуьнга бен маре гIур яц ша аьлла, чIагIо йина лелаш йолу.

Нохчашлахь салам далар дихкина ду кхечу хьесапашкахь а:

1) ламаз дечу хенахь;

2) Къуръан доьшуш волуш;

3) маьждиг чохь, тезетахь, луьйчучохь, хьаштагI чохь. Уьш тIекаренаш лелош меттигаш яц;

4) кхача буучу хенахь.

Цаьрца цхьаьна, уьш тIехулара а доцуш, шайн бух болуш тIечIагIдарш ду. Вайн дукхахболчу таханлерчу «динан дайн» Iедал ду, шаьш муьлхха дош аларца, шаьш бохург тIечIагIдеш, Къуръан тIера масалш далош. Ткъа Шайх-Мансуррий, цул тIаьхьа баьхкина болу устазашший халкъан культурин ламасташ лерина лардеш хилла. Лаа ма ца хилла оццу Шайх-Мансура,

муьлхха а кхечеран хIуманах ша Iоттавелча, «палс» бегош хилар, вайн чу цуьнан чан ца яхьархьама.

– Палс ластабе, чан царна йита.

Дахаран тIегIанехь кест-кестта нисло цакхетарш, вовшашца Iотбаккхамаш хилар тезетахь а, кхача буучу хенахь а маршалла хаттарца доьзна.

Карарчу хенахь нохчашлахь тIебеана бала вовшашца бекъарехь, гIолацарехь я моттаргIнашка дирзина тезет дIадахьар – вайна диснарг ду Юккъерчу Азехь а, Казахстанехь а, хIинца деш ма-хиллара, тайп-тайпана даарийн шаннаш а, маларш а хьалхахIиттор! Тезетан барам а, цига баьхкиначара лелош дерг а нийса догIуш дац тезетан кеп дIахIоттарца а. бохам хиллачеран гIайгIа-бала вовшашца бекъарца а, Уьш хIинца салам даларан кепе а, вовшашка марабеттабаларе а дирзина. Тезетан барам цаларбаро гойту вай цуьнан маьIна дайина хилар. Тахана йицйина тезета вахаран лаккхара Iалашо – дийна бисинчеран догъэцар. Цигахь ца хьахош а, дийцаре ца дуьллуш а хIун дуьсу! Вайн баккхийчу наха ма-баххара: «ХIинца вайн тезеташ пхьоьханах тарделла». И иштта хилийтарна шайн дакъа лаьцна шайна хууш а, ца хууш а ислам-дин «марздархоша». Иштта тIе тидам бахийта лаьара щолгIачу хаттарна а – рицкъанах кхетачохь хаддаза «саламаш» даларна. Кхача бусалбанийн Iедалехь а ламазал лакхара лерина бу. Ткъа вай тидаме эцча, ночаша мел жоьпалле лерина маршалла хаттар, вай дуьйцучу тIехь и, цхьана кепара маьIне доцчу дирзина ца Iаш, дастамалле, эвхьазалле дирзина.

Лакхахь вай дийцинчунна тIе догIу гуламашкахь, кхеташонашкахь цига кхача тIаьхьависина «хьаькам» ша схьакхачар массарна а дIахаийта лаарца салам кхуссуш тIевар а. Советийн а, къу-нехан а «тхьамданаша» иштачу хьелашкахь шаьш нисделча, цу тIехь мелла а гIиллакх гойтура шайгара.

И дерриг цхьаьна схьаэцча, вайна гуш ду, нохчашлахь салам, Iаьрбашна юкъахь санна доцуш, кхин а лаккхара вайн Iер-дахарехь хилам хилар, ткъа цунах лаьцна вайн динан хьехамчаша дуьйцург цхьа а бух боцу къамелаш ду.

Маршалла хаттар нохчашлахь мел лераме ду бохучунна ондда тоьшалла ду, шайга салам делча, оццу Iаьрбаша деш долчун тидам вай бича. TIевеанчо салам делча, боьрша стаг я зуда и елахь а, цуьнан хене ца хьожуш, шега делла салам схьаоьцучо шен дегI меттах а ца доккху Iаьрбашлахь. Ткъа вайн гIиллакхехь, дегI нисдеш, хьала а гIаьттина схьаэца дезаш ду салам-маршалла.

Вай лакхахь хьахийначаьрга салам цакховдор уьш цаларар дац. Цаьрца болу безам-уьйр, ларам шатайпанчу тIегIан тIехь хиларна ду.

Шегара салам дIа ца эцначунна ворхI лам хадош тIаьхьаволу вайн ширачу иллешкара турпалхо, шена тIедеанарг доккха эхь хетий. Цундела салам нохчаша мич-миччахьа а, хьаьнг-хьаьнга а кхуьйсучу дешнех дац. Вай бусалба воцчуьнга салам ма ло алар, хетарехь, важа бусалба цахиларна дац, «оцу дешан кIоргера маьIна хууш вуй-те и салам тIеоьцу верг» бохург шеко йолуш хиларна ду.

Салам далар-эцар нохчашлахь шен къаьсттинчу ларе дерзийна ду. Масала, казахийн, киргизийн санна, салам даларна тIехь хьалхавалар толаме лоруш дац вайн. Нохчашна юккъехь салам даларан хьалхе, жима-воккха бохург доцуш, тIевеанчуьнгаххьий, тIехволучуьнгаххьий ю. Иштта, говрахь, ворданахь, машенахь волчо хьалха кховдадо салам; лам тIера охьавогIучо – хьалавоьдучуьнга; малхбузерий, къилбседехьарий вогIучо – малхбалехьарий, къилбехьарий вогIучуьнга; карахь (гехь) ларча йоцчо – мохь эцна вогIучуьнга; дешаза (Iилма) волчо – дешна волчуьнга. Масане нисло и санна дерш дахарехь.

Пхи метр гергга пхьоьханна гергакхаьчча луш ду вайн салам. Кхузахь а ду шайн чIагIделла тIедехкина декхарш. Стеган хене, цуьнан дарже, хьал-бахаме хьаьжжина ца ло салам-маршалла тIевогIучо я тIехволучо. Бакъду, лаьтташ болчара вогIург тIекхачалц сацо дезаш ду шайн къамел. Нагахь тобано и ца дахь, тIехволург цаьрга маршалла ца хаьттича а волу.

Дошлочо, хьаькамо, хьал сов долчо, бен-берса тIера барзакъ долчо салам хьалха луш ду. Иза шена бухахь доккха маьIна долуш а ду. Шега тахана кхаьчначу бахамо, даржо, дикано галваькккхина (даг тIе куралла еана) вац, дуьненан хьал шена хаьа, тахана дерг кхана ца хуьлу, кхана хьан метта ша нисвала а мега бохучу орамашна тIера йогIуш а, лелош а ю тIелаьцна йолу и кеп. Иштта долчо цунна некъ боккху, ша кхана ишттачу хьоле нисвелча, шеца ларам дIакхехьийта.

Баккъалла а йолчу халкъан культурехь ца хуьлу тIех даздина лело хIуманаш, тидамзаллаш. Сахьтан механизм санна, дерриг а нийса дIахIоттийна ду цу тIехь. Хьаъа хIуъу бахахь а, халкъан культурехь дерриг шен къепенехь дIанисдина ду. Советийн Iедало цу декъехь ойла ца еш кечйина политика дIаяьхьна. Тахана цхьаболу вайн Iедалан дай а, динан дай а изза некъ дIахьуш бу, гIиллакх-оьздангаллин цхьана и агIонан маьIна а, чулацам а тидаме а ца оьцуш.

МаьIна цхьаъ делахь а, амма буха биллинчу кхетаман орам къаьсташ бу кхузахь. Лам тIера охьавогIучо, говрахь (машенахь) волчо, куьг (дегI) пагIат долчо салам хьалха даларан маьIна лайна йолу хало ларарна тIедоьгIна ду. Кхузахь а го ЛАРАМАН орам. Тахана ша динахь хиларх, иза боьжна, ша кхана гIаш хилча, ша-шена юьхькIайн хилийтарна некъ боккху цо.

Оцу дерригено а гойту нохчашлахь муьлххачу адаман ларам беш хилар. И гIиллакхаш ширалло кхоьллина я талорхошна, террористашна юкъахь

кхолладелла дац, ткъа халкъалахь кхолладелла.



Анайисташций, дешначу нахаций дерг юха а ларамна тIедогIуш ду. Царах нахана хуьлуш долу, хиндолу гIуллакх, аьтто гуш. Доцца аьлча, цу массанхьа вайна гучудолург – «тахана шега кхаьчначу диканна Далла хастам беш ву ша, кураллина ша генахь ву» бохучу маьIнехь ду. Нохчашна юкъахь айина лело мегаш долчу кIезигчарех цхьаъ ду вай хьехориг.

Халахеташ делахь а, тахана лелош долчу гIиллакхийн кепаш, цхьацца бахьанашца уьш талхийна елахь а, нохчаша, вайн дайша лелийначу гIиллакхех дисина ду, олу. ТIаккха вайна тIевеанчунна, иштта журналисташна, шайна хьалха тIекхаьчна нохчи вайн къоман бакъволу векал санна хетало.

ТIеман шолгIа кампани чекхъяьллачул тIаьхьа Нохчийн Республикин президент харжарна кечам-баран муьрехь хиллачун теш ву со. Нохчийчу десант кхоьссира, цаьрца цхьа журналистийн тоба а. Делкъана хIума юучу хенахь цхьа журналист интервью оьцуш вара жимачу стагера, нохчаша зуда ялорах лаьцна хоьттура цо. ДIа ладоьгIча, схьахезаш берг боккха гIурт бара. Са а ца тохаделла, церан къамелана юкъа а гIоьртина, аса хотту оцу нохчийн гIиллакхаш «дика девзаш волчуьнга».

– Хьайн дас зуда муха ялийна, хаьий хьуна?

Ирсана, цунна и хууш хиллера – хан а, меттиг а йоIе билгал а яйтина, накъосташца цига а веана, дIийигна хиллера дас цуьнан нана. Аса шолгIа хаттар делира:

– Девежарий буй хьан? – аьлла.

Цуьнан девежарша зударий балор а, дейижарий, йижарий маре бахар а оцу кеппара хилла хиллера, тІаьххьарчу шерашкахь, тІе нах а бохкуьйтуш, захалонаш дар а нисделла хиллера церан.

ТІаккха сан дийзира журналистаца карладаккха «журналистан этика» боху кхетам хилар, цуьнца доьзна журналисто дицдан ца деза дуьххьара тІекхаьчначо, иза китайхоша ма-аллара, «зама керчинчу муьрехь» кхиъна жима стаг хилча муххале а, дуьйцу хетарш тидаме эца цадезар.

Йишин кІанта – ненахошка, невцо – стунцахошка салам кхийсар оьзда доцучех лоруш ду вайна юккъехь.

ГІеметта хІиттинчаьргий, юкъ яьстинчаьргий Іуьйре, де, суьйре я буьйса декъалъярца маршалла хаттар зударшна а, кхиазхошна а тІехь ду. Юкъ йихкинчара (гІеметта хІиттинчара) вай кхузахь хьехочаьрга маршалла хаттаран кеп а изза ю.

Со Далла хастам беш ву, хІара йозанаш чекхдевлла аьлла суна хетаделлачу муьрахь, ГІойтІара Ахмадов Хизир (Дала хан яхъяриг) хьалха а волуш, шаьш книжка арайоккхур яра, пурба лахьара аьлла, баьхкира...

Стохка гурралц воккхачуьнга кегийчара «Іуьйре, де дика хийла» аьлча, зудабере цхьаъ олий, дерзадора ас-айса а... Амма ала догІучунна со тІаьхьакхиа гІоьртина ца хилла.

Зудабере: «Далла дукха езийла», – ала догІуш ду; кІанте: «Диканца дукха вехийла», – жоп дала догІу.

Божаршна юкъахь «идеальни» олург къонах хилар гуш/хууш ду. Иза бІеннашна а, эзарнашна юкъахь наггахь бен хуьлуш цахилар а ... Амма иштта езачарех хилла Дала шен мухІар тоьхна йолу зуда а...

ХІара вайн ваддах уггар доккха/дезаниг ду хетачунна тахана!

Хьалха-тІаьхьа маршалла хаттаран, салам даларан шен хотІе яьлла кеп ю. Масала, хьаькамо, гІеметта ваханчу боьршачу стага – зудчуьнга, жимчу стага – тІехьийзачу йоІе маршалла хьалха хоттуш ду. Кхузахь билгалдаккха догІуш цхьа нун-м ду: йоІа маршалла хьалха хаттар – иза кІантана реза хиларан гайтам бу.

Салам-маршалла дІакховдош Іедал ду вайн къахьоьгуш (болх беш) волчуьнга. «Хьоькъийла, дебийла, гІоза дуийла, тІаьхье беркате хуьлда» и. кх. дІ. а алар догІу цигахь. Иштта салам-маршалла хьалха дІакховдадо дика я вон тІедеанчуьнга.

Вайн гІиллакхашца ца догІучех ду синкъерамна, ловзарна, тезетна (ала дашна, собрани, конференци), «бал берзаре ца хьоьжуш», тІевар а, салам далар а. Шена тІе тидам ца бохуьйтуш юкъа вахана ладогІа деза стага. ТІевогІучунна а, бухахь болчарна а хаа деза, салам делча, массо а шайн догІмаш нисдеш хьалагІатта везаш хилар. Цундела тІаьхьависнарг, тийна-таьІна шен метте дІанисвелча, хаза а, товш а хир ду.

ХІокху тІаьхьарчу иттаннаш шерашкахь вайна юкъахь цхьа хІума ду чІогІа даьржина. Халкъан коьрта гІуллакхаш кхочушдарехь къахьоьгуш болу «цІеххьана элий» – дарже кхаьчнарш – шайх хьаькамаш олурш, тІаьхьабуьсий схьакхочу гуламе я цхьаьнакхетаре. Дийцаре диллина долу гІуллакх я хаттар мел доккхачу маьІнехь делахь а, цуьнан бала кхаьчна лелий-те уьш олий, хетало. Царна коьртаниг ду иштачохь ша хилар массарна а дІахаийтар.

Дукхахболчарна хууш, лелочарех делахь а, карладаккха лаьа: зударий, божарий цхьаьний болчу нисвелча, зударшка, берашка маршалла а хоттий, тІаккха ло салам. Кхечу къаьмнийн векалш цу чохь нисбеллехь, хьалха цаьрга луш хилла салам-маршалла. Вовшех къаьсташ хьал хІоьттинчохь изза кеп


ю лелаш ерг – хьалхарчу декъана, салам ло кхечу къаьмнийн векалшка.

Куьг кховдор-лацар, мараэккхар лакхахь хьахийначуьнца доьзна а, догlуш а ду. Нохчийн дегlан чархан эрдагlаллех лаьцна кхузахь ца хьахийча ца довлу вай. Iилманехь билгалдаьллачех ду, дегlан чарх экам хиларца къаьмнаш вовшех къаьсташ хилар. Цхьадолчу къаьмнийн Iедал ду, вовшашца къамеле ваьлла ши стаг хилча, ша аьлларг тlечlагlдеш, цхьаъ вукхунах хьакхавала везаш. Цул сов, къамел деш лаьтташ волчу шинна юккъера меттиг а лараме ю. Масала, итальянцийн къамел дечу шинна юккъехь 45–50 см хуьлу («комфортабельное расстояние» олу цунах). Цаьрца къамел тасаделлачохь хьо дIахилахь, царах волу стаг хьуна тIе хир ву (цара дош цаалар дагалаьцча, уьттазза куьг ца ластош, юхавалар сих-сиха нисло). Американцийниг – 1 м. гергга хуьлуш ю. Нагахь цунна хьо тIехилахь, иза юхавер ву.

«Ванах, къамел ма чIогIа мохь бетташ до-кх аша», – олий, цецволу вай долчу веана хьаша кIезиг ца нисло. Цуьнан бахьана вай лакхахь хьахийначу хабаре тасаволлачу шина стагана юкъахь хила езаш йолчу юкъаметтигах (расстояние) доьзна ду. Ткъа иза ялх гIулч ларалуш ю. Цундела, «ты меня уважаешь?» бохучу кепара латтахь а, 5–6 метр генахь я дуьхьал лаьттарг къора волуш санна йолу къамел деш волчун кийрара Iаь, хьерчаш. Иштаниг миччанхьа а ган тарлуш ду.

Ма-дарра аьлча, дерриг а цхьа атта кхеташ а, дозуш а ду: пхьоьханехь къамел дечара вовшашца юкъ ларъяр – 5,2. И къастош хилла «леррина гIуркхаца»[5]. Вайн ирсана, и гIуркх хIинца а болуш бу ЧIебарлара ХьархIа

[5] Ламаройн юстаран система ца хилла боху ойла нийса яц. «ЗIе» (зIаьIа) 5 декъах хIоттало (хьалха – 7) «гIуркх», «муш», изза терахьех – «зIе».



юьртахь, Суьйличуьра Ансалта юьртан дозанехь.

Цуьнца цхьаьна тахана нислуш бу, хьо мел дIагIертарх, ша дуьйцург, мерах мара тухий бен, ца дуьйцуш берш, я муьшка ца йича хьуна наб кхетарна кхоьруш санна, хIора дош масазза олу, куьг ца Iоьттича, са ца туьйш берш. Вайн дайша маьттаза леринчарех ду уьш. Делахь а, иштта Iедал долуш бу-кх цхьаберш. Iаьнарх Iаь хьерчаш хабар дийцарх а, вовшех хьакхаваларх ларлуш а вайн дай лелла хилар бакъалла а бакъдерг ду, ала йиш ю. Дагалацал куьйге вахийтаран маьIна, цуьнан чулацам. Йоккха тIаьхье йолуш, доккхачу декхарийла вуллуш гIуллакх хилла куьг далар. Вовшашка куьг далар тIаьхьа бен юкъадаьлла дац вайн дайшкахь. Маралелхар-м гуттар а дастаме хIума лоруш хилла, ислам-дин юкъадогIуш, «вирдан вежарий» боху кхетам баьржича бен, юкъадеана а дац.

Къамел дечара вовшийн юкъара юкъ ларъяр тахана дIадаьлла, ала мегар ду. Вайх хIоранна а нисвелла, хьо мел юхагIертарх, хьан меркIел гIерташ, хьуна наб кхетарна кхоьруш санна, шен хIора дашца хьан дегIах куьг Iуьттуш къамел деш верг. Вайн дайша иштта лелар оьзда ца лерина (зударийн гIиллакх лоруш). Адаман дегI вайн дайша сийлахь-деза лерина, чохь Дала делла са долу пхьегIа санна, цундела цунах Iоттаваларх ларлуш хилла. Дагадайтал, нохчаша, кхечара мел доккхачу маьIнехь лоруш хилла куьг далар. Цул тIех маьIнехь хилла зудчух Iоттадаларх куьг лардар.

Тамашийна хетадала тарлуш делахь а, вайн дайшна дика хуучарех хилла-кх, вовшийн маралелхар-м хьовха, куьг далар а, вовшашна улле гІертар дуьйцур дац вай, сина-дегІана вуно хала-бале гІуллакх хилар (гигиена бохург-м хьеха ца до вай). Тахана Іилманчашна гучудаьлла ши стаг вовшашна маракхетачу хенахь цушимма вовшашкара ницкъ-гІора дІаоьцуш хилар. Туьйранашкахь делахь а, шех хьакха вел-велачуьнгара иза цІубдечарах вампираш олу.

Нохчашлахь лелаш куьг кховдоран а, иза дІалацаран а хІоьттина яьлла кеп ю. Юккъехь ши гІулч йисинчу хенахь кховдадо салам деллачуьнга куьг, геннара куьг кховдийна тІегІертар осалчу аматех лерина ду. Бакъду, хьаькамо иза дарх, цунна бехк ца буьллу, мелхо а, догдикаллин, адамаллин гайтам лору, хІунда аьлча иштта чу (даржехь болу нах бу буьйцурш) стагана улле гІерташ, цуьнан тидам шайна тІебахийта гІерташ, уьш совцо, куьг лаца гІерташ нах дукхе-дукха нисло. Цу тІе, вай лакхахь ала а ма элира, дарж долчо, алсамчу хьал-бахамах воттавеллачо, ницкъ-гІораца тоьллачо салам далар, куьг кховдор хьалха дан деза аьлла. Иза иштта хІунда хуьлуш хилла-те аьлла тІаьхьакхиа гІоьртича, гучудолург, цкъа-делахь, иза мехкан-къоман «лай» ву, ткъа иза «къонахчун» даржан тІегІа ю. Тахана-м иза тІедожош, декхарийла вуллуш гІуллакх ца лору, дукхахьолахь хьасталой доккхуш я, мах лой, оьцуш хиларна!

Шолгіа-делахь, цуьнан ницкъ-гІора, хан цуьнан шен долахь йоцуш лору. Иза кочахь долу дукъ хала а, деза а хиларх массо кхеташ хила везаш хІума ду. Цундела иза вогІуш-воьдуш тІенисвелча, ша тІевеана, цо шена хьоьгара оьшург схьааллац (шен эшамаш хьалха а баьхна, тІегІертар хаза ца хеташ) иза Іадвуьтуш хилла. Нохчаша, чолакх вацахь, куьг дІа ца кховдадо,

дIа а ца лоцу дихкинчу доьхканна лахахь, куьг голехь саттийна а ца хуьлу.

Го бина лаьтташ болчу нахана тIекхаьчначохь, я чохьболчарна тIехIоьттича, нагахь санна дIакховдош долчу куьйган пхеа пIелгал уьш сов белахь, хIоранга а шег-шега куьг кховдорах кIелхьарволуьйту тIевеънарг. Нагахь санна бухахь берш пхиъ, я цул кIезиг белахь, воккха вуй, хьаькам вуй бохуш го ца цоьстуш, тIенисвеллачуьра аьрру агIорхьара аьтту агIор (аьтту белш хьалха йоккхуш) куьг луш чекхвала веза. Нагахь чохь хилча, баьрччера волало (нагахь санна баьргехь волчо куьг кховдадахь).

Вайн дайшна оьзда ца хеттехь а, тахана лелачарех ду мар-мара веттавалар. Мацца а цкъа иза юкъара дIадер долуш-м ду (масала, США-хь иза юккъера дIадаккха Iалашо йолуш ткъех шо хьалха кхоьллина юкъараллин тоба. Нисса-м ло «мара» ца кхетча ца волуш меттигаш (зударшна мара лелхар-м хьехочохь дацийца). Делахь-хIета, воккхачун аьтту пхьарс хьайн белш тIехула а болуьйтуш, хьайн аьрру бесни цуьнан аьтту белшах (хьайн Iаьнарца цуьнан Тарам-малик меттах ца доккхучу кепара) хьакхайолуьйтуш охьа а таьIна, эккха веза мара.

Зудчунна мара эккхар нисделча, вайн ваддаца дуьстича, башха томе хIума-м дац иза, аьрру агIорхьара нисло. Зуда, мел гергара елахь а, мараюллуш Iедал дац. Хьайн аьрру «пхьаьрсан» шина пхьидан юкъ цуьнан белшах-пханарх хьакхалуш, пхьаьрс голехь саттийна, зудчун дегIахь хьайн куьг ца хьакхадолуйтуш, мара иккхича, товш лору.

ДIахIоттар, охьахаар. Вай лакхахь хьахийна йолу вистхиларан, волаваларан кепаш ю шен-шен, къоман хотIе хьаьжжина, хуьлуш. Юьхь-сибатца цакъаставелларг дукхахьолахь къастало цуьнан хотIе хьаьжжина.

Масала, охьахаарца хIиндо монголах къасталур ву. Хьалхарчун настарш, охьахиъча, муьшах йича санна, хьаьрчина хуьлу, шолгIачун настарш – чучча яхана. Бийцинчарах Iарби къастало, эмкало санна, когаш кIел бехкина царна тIехаарца. Нохчийн хаар а хилла шен кепе дерзийна. ХIинца-м, цхьа хIиндойн кеп йоцург, массо а караерзийнера вай, амма вайниг ю аьлла билгалъяккха йиш йоцуш, яйина-кх.

Пха-Iад юккъе даьллачу хенаца нисйина ю дай охьаховшаран кеп, аьтту коган чоьхьарчу хьорканна тIехиъна, аьрруниг дегIаца гола хьаланисйина. Оцу кепара охьахиъча, хьалагIатта ца оьшуш пха тоха (топ кхосса) сихаллица аьтто сов хуьлуш хилла.

Ирахь латтаре хьаьвсича а, къаьмнашца къастамаш бу. Масала, эр вай, немцойн салти санна, пхьоханахь хIоьттина цхьаъ гича, «могуш воцуш ву иза» олий, даьржа. Къонах латтар оьзда лерина, нагахь иза аьрру кога тIе вазвелла, аьттуниг паргIат буьтуш латтахь: аьтту коган кIажа аьрру коган хьорканца нисбеш, когийн буьхьигаш цхьа буй юкъабиллал дIасатесна хилча. Цу кепара дIахIоьттина волу стаг, хьалха шаьлта-доьхка лелочу хенахь, аьрру куьйган боккха пIелг шаьлта-доьхка тосучу лергах тесна, аьтту куьйгаца аьррунига «хьорканехь» лаьцна лаьтташ волу стаг кура лерина, я, яздархочо Ахмадов Хизарс ма-аллара, боьгIна хьокха санна, лаьтташ а, латталуш а хилла, Юстош чохь яллийна, урс хьакха араозийначу алашо санна, ша лаьттачохь, йорт а ца етташ. Теллича, дуьстича, гучудолу, Iилманехь цу латтарх **третья позиция** олуш хилар а, иза уггар эргономични хилар а (балетехь шуьйра пайда оьцу цунах). Иштта дIахIоттаро аьтто бо, ойла ца хьийзош, аьтту когана тIера некъ боло. Нохчийн кхетамехь, стаг зулам эцна араваьлла я диканиг ду цо хьалхадерзийнарг къасторехь

иза боккха чулацам болуш карадо. Хlунда аьлча, аьтту ког хьалха боккхуш волавалар и стаг диканна араваьлла хиларан билгало ю.



Тlема кlел куьйгаш дехкина дlахlоттар къонахчуьнгахь ца товчарех лору (жерочо-м цхьацца шен бен-берса меже гайта дора иза). Иштта чарех ларалуш ду шалго барзакъ лелочара хаьнтlе куьйгаш хlоттор а. Пlелгаш тlехьа долуш хlоттийча-м, «букъ лозуш ву» аьлла хетар дара (жерочо-м хи тlера йогlуш, шена тlаьхьа безамехь къонах нисвелча, хи дохьуш йолу кlудал белш тlе юьллий а хlоттадора хаьнтlе, ха ловзуш гайта (буй бина кераюкъ арахьа йолуш хилча, цаяшаран кеп ю). Боьрша ву бохучо уьш хlунда хlиттадо бохучунна тlекхиа юьхьиг кара ца йогlуш висина со, ша жерочух тарвала гlертар дацахь!

Некъа-новкъахь лелош долу гlиллакхаш а ду ларамна тlехь кхолладелла. Масала, новкъахь шиъ нисвелча, воккхачунна (духар беркъа долчунна, гlораца эшна волчунна, дешначунна, говзалла лакхара йолчунна, гергара йоцчу зудчунна, хьешана, тукхамхочунна (ненахочунна), стунцхочунна и. дl. кх.) аьтту агlо луш ду.

Новкъа воьдуш кхоъ цхьаьнакхеттехь, вай лакхахь хьахийначу ларам бан богlучарна юккъера меттиг кхачайо. Цуьнан аьтту агlо кхочу царах уггар жимачунна. Иза хьадалчин (посыльный) меттиг ла-

ралуш ю. Хьалхалерчу луьрачу заманашкахь некъан хьовзамаш сих-сиха тlеlитталуш хиларе хьаьжна, лараме волчунна аьтту агlо мелла а чlогlо (карахь герз хиларна) хиларна, гlора-ницкъаца, доьналлица тоьлла верг юккъерачунна аьрру агlор хlоттош ву. Шолгlа-делахь, аьрру агlор хlоьттинчун декхар ду, зуламах иза ларварал сов, цхьацца къамелашца вокхахволчун некъ бацбар. Iилманчашна гучудаларехь, аьрру агlор волчуьнга ладогlа аьтто сов бу.

Новкъа вахар-вар стеган зудчуьнца нисделча, цушиннан дlахlоттаран кеп юкъарчу гергарлоне хьаьжжина нисло. Нагахь санна къонахчуьнца араяьлларг (синкъерамехь кlант вистхуьлучу юкъана неlаре вала дезаш долу гергарло делахь) цуьнан йиша, шича-маьхча елахь я хlорш цхьана цlийнан нах белахь (царах тухуш ю хlусамнана а), иза шеца волчунна ах гlулч тlаьхьа, аьрру агlор хlутту. Цо массарна а гойту, зударшца верг царна бехке стаг хилар. Цаьрца лело догlург цу тlера дlа хуьлу. Нагахь санна йогlург йоккха стаг, я гергарло херадаьллачех, я евзачарах хилча, царна аьтту агlо ло. Иза а дуьхьал я тlаьхьа нисвеллачунна зударшца вистхиларан кеп муха хила еза гойтуш хаам бу.

Вайн lедалца ул-улле хlоьттина новкъа кхоъ вар зен-зуламна уьш арабевлла цахиларан гайтам бу (зуламна арабевлла нах, цхьаъ вукхунна тlаьхьахlуттуш, могlа бина хуьлу). Кхоъ ул-улле хlуттуш, царна жимма тlаьхьа аьтту агlор хlоьттина жимха а волуш йогlу тоба маьрша некъ эцна йоьдуш ю. Могlане ялх стаг нислуш тоба йодахь, «юккъехь барам лаха», олуш ду. Цу хьолехь а нохчий, тахана санна, ринже гlоьртина хьайбанех тера, берриг а некъ лоций боьлхуш ца хилла. Ворхl-ворхl некъа нисвалар нускал цlа дало боьлхуш я ялош богlуш болу замой хиларан гайтам

бу. Исс-исс нисваларх стаг витийта дехаре боьлхуш хилар гучудолу. Некъахула нах бахаро дуьхьал-тIаьхьа нисвеллачунна гойтуш хилла цу некъан Iалашо. TIeIоттавеллачунна хууш хилла, ша хIун ала деза, муха лелча бакъхьа хир ду а.



Лакхахь ма-аллара, гIеххьа божарийн тоба некъа нисъелча, иза кхоккха стаг волуш дIанисло, уггар а лоруш берш юккъехь а болуш. Царал хьалха-тIаьхьа кегийрхой хIуьтту. Кегийчеран кIулла (группа, часть) кхаа декъе екъало. Уггар кегийнаш, баккхийчарна хьадал-вадал кхочушдан, царна юкъа яьржа; цхьа дакъа бIаьгар дан хьалха йолу, важа, баьхьар кхочуш деш, тIаьхьасоцу.

Тобанца некъахь зударий нислахь, уьш, шайн кIулла йой, божарийн тобанна юккъехь дIанисло. Амма оцу хьолехь, уггар баккхийчу нехан кIулла шина декъе екъалой, зударшна хьалха-тIаьхьа хIутту.

Тахана иза вайна юккъера дайна даьллачух долу дела боху аса: ворданахь верг гIаш волчунна бехкалвахна бен, ворда хьалха а йоккхий, дIавоьдуш ца хилла. Цул а алсам ган тарлуш хилларг, ша охьавуссий а, иза дIавигар. Долчуьнгахь-м тахана а ду и гIиллакх, машенахь ша хьалхавала дезаш хилча, куьйга-эшарца шена бехк цабиллар а доьхий, йоккху цо шениг хьалха. Тахана-м шех тамаша байта, ворхIе а дена ша бан сихвелла воьдуш санна, тIехъоькху бераца йолчу зудчунна эчиган динахь волу кхузаманан бере. Лар тIе-

ра генна юьстах эккхар санна бен, кхин муха лара деза, сахьийзарна кетlаваьллачу воккхачу стагана тlехъоькккхуш, конкин «болар» лахдарна меттана, цунна тlе ченан кlур биллар? Вайн вовшшца болу ларам цига кхаьчна хиларх кхетча: «Цкъа а вешан гlиллакхан хорша доьрзурий-те вайн?!» – боху шеко кхоллало.

Чувогlуш – араволуш, хьалаволуш – охьавуссуш лелош долу гlиллакхаш шен-шен лоре дерзийна хилла. Цхьаъ чувогlуш, важа араволуш, неларехь дуьхьдуьхьал шиъ нисвелча, дукхахьолахь, шаьшшиммо хlун дича бакъахьа ду ца хууш вуьсу жиманиг-м хьовха, воккханиг а. Дайша лелийначунна тlегlоьртича, араволучунна яла езаш ю хьалхе. Хlунда аьлча, чувогlург мел кlадвелла хилча а, схьакхаьчна ларалуш ву, араволучо бан безачу некъах дерг хууш дац.

Ларам бан безарш вай лакхахь хьахийнарш дерриш а ду кхузахь: хьалхе цаьргахь ю, хьал-бахамца тоьлларг, даржехь верг тlетоьхчахьана.

Тахана, къаьсттина нашан гlишлошкахь, хьал нийсса бlостанехьа доьрзу. Цхьаъ чекхъялале вукхунхьа кхиа везаш, масане хуьлу заседанеш, собранеш, лекцеш. Цундела кхузахь бегlийла хир ду аьлла хета араволучо некъ битича.

Лами тlехула хьалаволуш нисвелча, лара безаш берш вай лакхахь билгалбаьхнарш бу, охьадуьссучу хенахь – царна тlаьхьа хила веза. Лами тlехь, охьавуссуш я хьалаволуш, галваьлча, охьакхетар дукха хьолах аркъал хуьлуш ду. Жиманиг, могушниг, гlонна-ницкъана совверг, дайша тlедожорца, бийцинчеран гlортор, гlоьнча хила везаш ву. Хила веза тlаьхьа а...

Сих-сиха ган таро хуьлу, машенна, автобусна хьала-охьа вуссучунна гlо оьшуш хьал хlоттар. Кегий нах, шаьш дан дезарг хlун ду ца хууш, буьсу. Иза мил-

ла хилча а, гIаддайначун гIолацар вайн ваддца догIург а, дайша тIедиллинарг а ду. Къоначарна дагара дала мегар дац шаьш даккхий хирг хилар а, цу хенахь шаьш тахана нахаца лелийнарг кхана шайна дуьхьала дериг хилар а (ша дIакхосса тускар дуцуш воллучу кIантана дас дина хьехар: «ЧIогIа делахь, хьан кIантана оьшур ду хьуна иза»). Шолгла-делахь, шен нана-да, йиша-ваша лоруш верг ца Iало юьстахваьлла хьоьжуш гIо лаца оьшучохь. Гонах лаьттачарна ган ма го, хьо мел кIант, ваша, къонах ву.

Хьалаволучунна, гIиллакх лоцу бохуш, иза хьала а ца тоьттуш, хьала а валий, гIо де. Охьавуссучу хенахь хьо хьалха охьа а воссий, гIо де охьавуссучунна. ХIара дуьне ша лехнарг карош хIума ду. Тахана аша динарг шуна шайна кхана дуьхьалдер ду.

Нислучу кхин цхьана хьолах лаьцна а ала догIу. ГIиллакх лоцуш, жимачу машенан хьалхарчу гIанта хааво вай лорург! Амма авари хуьлучохь, дукхахьолахь, зарт хьалха хиъначунна чIогIа хуьлу. Иза массарна а гуш/хуучех ду. Баккъалла а шаьш воккхачунна диканиг дан гIертахь (цунна шена а иза хууш хилча, кхин а дика ду), иза тIехьарчу «гIанта» хао веза. Хьалхарниг хьадалчийн меттиг ю!

ХЬАША

Хьаша вар, иза тIеэцар нохчаша массо хенахь деза лерина ду. Иза Дала валаво, олуш ду. Цхьана хьалха заманчохь-м веънарг Цо хьажийна цхьа дика стаг лоруш хилла. Масала, дагалаца Къоьзанахь хилларг. Гуш ду, иза нахехь дерг талла, уьш муха бехаш бу хьажа муьлххачу а сурт-сибатца вуссуш хилар. Цигахула гучудолу кхин цхьа хIума а: велавелла-векхавелла тIеэцар а, шен долчух дакъа дина, паргIатваккхар а адаман декхар хилар. Духарца беркъа ву аьлла, цхьамма а тхов буха ца вуьтуш, Къоьзана олучу юьртах чекх а ваьлла, юьртана йистерчу къен Iаш йолчу жерочун кетIа хIоьттина и Дала дика дина воккха стаг. Шен доьзална а дан хIума доцуш Iачу цо, шен еккъа цхьаъ бен йоцу котам а йийна, и хьалха а йиллина, хьошалла шена дина аьлла, и доьзал хIаллакьхуьлчура кIелхьарбаькхина хьешо.

Цхьана хенахь-м, аьтто болчо, цIенойн цхьаьна тхевна кIелахь а доцуш, чу-ара вала хьешан аьтто хилийта, хьешана шена олий, цIа дугIуш хилла. Оти олуш хилла цунах, цу чохь текх-цаца цалелоре терра.

Хийра хьаша юьрта кхаьчча, пхоьхана хIуттий (цIе ларъеш йолчу юьртахь иза дийнахь-буса, Iай-бIаьста яьсса юьтуш ца хилла): «Хьаша тIевосса стаг мила ву?» – олий, хоттуш хилла. Тахана санна, пIелг хьажабой: «ХIоккха-эцца», – олий, дIахьажош ца хилла хьаша. Зенаш-зуламаш сов хиларе хьожжий, нагахь санна тIевеанчо цIе яьккхинехь: «Мила, мичара?» – бохуш, хабаре воккхий, хIусамда волчу жимха хьажавой, вало мегар ду я дац-те хьожий, вуьгуш хилла иза цхьамма дIа (нохчийн Iедал ду бохуш, вайна йицъелла и кеп лелош яра Старый Щедринера гIалагIазкхаша)...

Соьца армехь хилла накъост волчу воьдуш, цхьана сахьте ваькхира со гIалагIазкхаша. Цул тIаьхьа,

со галла-м ца ваьлла-те хьажа, гIалагIазкхий, гIумкий болчу вахна ладугIуш, хоьттуш лелла со... Масала, лулахошна юккъехь ринжа юьтуш хилла я ца хилла, бохург дийцаре даьлча...

Вайн лакхахь вуьйцург, дуьххьара вогIуш волу я чу-каре лелош верг ву. Амма иза хийрачарах велахь, кху кхерчахь цкъа мукъане а рицкъанах кхеттехь, кхечу хIусаме восса йиш ца хилла. Нагахь иза кхечахьа сацахь, хьешан хьалха хиллачу хIусамдена, иза шена къинтIера воккхуш, хьешан «керлачу» хIусамдас газа йига езаш хилла. Бакъду, юьртарчу хьешан декхарна кIелхьарволуьйту тIевеънарг, нагахь санна иза цу юьрта цхьа вон кост дохьуш кхаьчнехь (масала, велларг валош). Иза кхаа дийнахь-буса Iийна а, веллачун верасаш болчохь тезета оьху адам лахдаллалц саца декхарийлахь хилла. Цул тIаьхьа бухарнаш (шаьш нах белахь) цуьнца тасаделла гергарло тIаьхьарчу таьхьене кховдош, дIакхоьхьуш а хилла.

Хьешо, кевне кхаьчча, хIусамден цIе а йоккхий: «Чохь вуй хьо?» – аьлла, мохь тоха безаш бу (цу юкъара вовхтаре кхаччалц болу цIийнан нах бовлу). Араваьллачу хIусамдас, салам-маршалла хоттий: «Охьавосса, чувола», – олий, дехар деш ду. Шозза аьлча шега доьхург цо кхочуш ца дича, хIусамдас: «Хьо-м хьайн рицкъана тIевеънера, хала дера дара, иза а эцна, хьоьга дIакхачо гIерташ, сан хьо леха дезнехь. Охьавосса, хьайн рицкъанах ца кхеташ дIаваха пурба дац хьуна», – аьлча а и чу ца вагIахь, дIасакъаста йиш ю цаьршиннан.

ХIусамдас хьаша хьалха волуьйту чоьхьа, божарий боцуш, дуьхьалъяьлларг хIусамнана елахь, иза ша хьалхайолу. Оьрсаша санна, «позвольте не позволить» бохуш, неIсагIехь поппар ца хьоьшу цушимма. Чубогlурш пхеаннал сов белахь, чохь кегийрхой а

бацахь, хIусамда ша хьалха волу чоьхьа, когара мача, тIера «барзакъах» паргIат бохуш гIо дан чубаьхкинчарна. Хьеший чоьхьабевлла дIанисбелла бевлча, нагахь доьзал цIахь болуш хьал нисделлехь, шена тIаьхьа уьш а болуш, хIусамнана маршалла хатта чуйогIу. Иза араяьллачул тIаьхьа, чохь кхиъна яьлла йоI елахь, юьхь-куьг дилийта тас-гIумгIа оьций чуйогIу иза, гата, саба карахь долуш, цунна уллехь бер а хуьлу (шаьш-шаьш чуоьхуш хьешийн са ца дуу цара).

Рицкъанах тоам хиллачул тIаьхьа хIусамда тохало церан самукъадер дерг кхочушдан. Нагахь санна кегий нах нислахь, лулара-кулара мехкарий кхойкхий, синкъерам хIоттабо. Малар-даарца самукъадолуш уьш белахь, иза а до; дешна нах нисбелча, церан къамел догIу долу юьртара IеламнаХ кхойкху. Де-буьйса даьллачул тIаьхьа хьешаша шаьш арадаькхина гIуллакх хьахийча, иза кхочушдан араволу хIусамда.

Буьйса юккъе яххалц чиркх дIабайа йиш а ца хилла нохчочун, хьанна хаьа, дай меттах ца хьебер ша аьлла, вогIуш волу хьаша юхаволий а.

Хьешанна тIе цхьа а декхаран дукъ дожа а ца дужу моттар а дац, вайна тахана моьттуш делахь а, бакъ. Нагахь цхьа деза, доккха наша дохьуш веана вацахь, буьйса юккъе яханчул тIаьхьа хIусамден доьзал меттахъхьебан йиш ца хилла цуьнан. Хьешан цIа чу а вахана, даима цу чохь латтош йолу хIума а кхаьллина, буьйсанна паргIат волуш хилла иза. ХIусамехь IуьйранНа ламазана хьалха хьалагIаьттинарг уггар хьалха хьешан цIа чу хьожуш хилла. Сакъера Iалашо йолуш, хан яьллачу хенахь веанчу хьешана шена леринчу цIийнан баьрччехь кхозуш пондар-вота ца гича, хIусамна тIе цхьа вон деана хилар хууш хилла. Цу хьолехь хьаша (ша мила хиларе хьаьжжина) юхаварх бехке лоруш ца хилла.

Тахана хIусамнанас я чохьволчу кхечо цIанйина, кечйина мачаш неIарехьа ерзайой, юха атта хилийта олий, йохку араволучунна хьалха. Иза юхаван ца луучу хьешанна деш хилларг ду.

Хьешо ша хIусамна реза хиларан гайтам бу неIарна букътоьхна мачаш тIеюхар. Иза хIусам ларар ду.

ХIусамнанойн тидам тIебахийта лаьа, тахана цара доккха дов лоцу чувеанчу стеган мачаш неIарехьа ца ерзийча. Ца йохку чоьхьа ерзийна, хьоьца яда ша реза ю аьлча санна.

Мача – некъан маьIница!..

Хьаша – иман-беркат.

ТХЬАМДА

Вайн юкъараллера яйна дIаяьлла я кегарий хилла дIахIоьттина даарца-маларца шуьнехь нохчаша лелош хилла йолу кеп. Гонахарчу къаьмнийчех, дукхахьолахь, къаьсташ ю иза. Масала, тIевеана хьаша тхьамда хоржуш ду гIалгIайн. Оьрсийн (керстанийн) цIийндена кхочуш ю баьрчера тхьамдин меттиг. ТIечу веанарг милла (хилийла иза цуьнан да) велахь а, церан беро а шен меттера гIаьттина меттиг лур бац. Ткъа иза вайна магийтинчех дац.

Таханлерчу дийнахь гулбеллачу наха шаьш шайна юкъара «хьо-ахь» олий харжар нисло тхьамда. Дукхахьолахь иза кхачадо даржехь волчунна я «киса» доккха долчунна. Тамашийна-м ду иза, делахь а цулла а тамашийна ду вукхо шега кховдийнарг тIелацар. Иза, цкъа-делахь, тIелоцучу дукъан мах цахаар ду, шолгIа-делахь, цуьнан шен тоьхна доза цахилар гойту шена а, даржана а юкъахь (цу тайпанчу стагах олуш ду «даржо, соьмо вина стаг» олий). Нохчийн Iа-

даташца дуьстича, чохь мел нисвелларг а цIийнненан хьеший ларалуш бу (цIийнда а тIехь), цхьаъ вукхул кхерчаца эвхьаза-хийра хилар бен, башхалла йоцуш. Цундела хIусамнанас, цхьана хенахь корта-накханан шун хьалха диллинарг, тIаьхьо беана кад дIабелларг хуьлуш хилла тхьамда. Иза цо кховдош хилла лула-кертара хIусамца гергарло я цхьа уьйр лелочуьнга. ХIунда аьлча юьртахочунна, кхин а кIорге даькккхича, кху хIусаман хьал дезаш волчунна бен хуур дац чу-тIевогIург мила ву, церан васт-амал, цаьрца лело дезарг. Цундела вай тхьамда хIусаман гергара стаг хоржу (цIийнах хила веза бохург дац). Цо тIелоцуш дерг деза дукъ ду: тIебаьхкинарш а, бухах берш а вовшийн ларамца: марзонца туьха-сискалх кхетийтар, иштта марзонца-ларамца вовшахкъастар чекхдаккха дезаран. Шуьнехь гулвелла волу массо а цунах кхеташ хилча, тхьамдин чIогIа аьтто болу, цакхетарш сов бовлахь, хало чIогIа хуьлу.

Тхов кIел доцуш, юьртан юьстах маситта юьртара нах гулбеллачохь, нагахь цхьана йоккхачу юьртара ши стаг нисвеллехь, кхечу цул жимачу юьртара – пхиъ, гуттар жимачу юьртара – ворхI стаг нисвелча, божарша шайна юкъара тхьамда харжа везаш хилча, дукхахболчарна юкъара къастош хилла иза. ХIунда аьлча коча догIуш долу дукъ деза а долу дела, дуккха болчарна юкъа эвхьазло ца йолуьйтуш шун дIадахьа атта хир ду олий.

Цхьаццаволчо, тхьамдалла шега кхачарх ца тешаш, юхаболехь шега и дарж ца кховдадайта гIерташ санна, векачуьра ца соцуш, лен волалой, чугулбеллачеран са мере кхачош меттигаш дукха нисло. Цуьнца доьзна эр ду аса: тхьамдина а ду цхьа гур-доза тоьхна лело догIурш а, дихкинарш а.

Айа ши кад богIу тхьамдина: хьалхарниг – кху хIусаме хьаша валорна, цуьнца долу иман-беркат кху хIусамехь сов даларе сатуьйсуш а, хьаша юха а кху хIусаме кхочург хиларх ша тешна хилар гойтуш а. Кху кхерчана тIе богIу болу некъ хьешаша шорбийриг хиларх тешна хуьлу цо ден къамел. Тхьамдас шолгIа кад айича, чохь гулбеллачарна хаа ду, кхин цхьа кад айал бен вайн кху чохь яккха йисина кхин хан цахилар. Шун дерзо деза хан тIекхаьчна бохург ду иза. Шолгlачу кедан хан тIекхаьчча, хIусамнана чукхойкху цо. Цуьнан сий деш ша хьалагIоттий, кад хIусамнена беркатечу куьйгашна а, цуьнан довхачу дагна а тIера ойу тхьамдано. Кхидlа а уьш могуш-маьрша хуьлийла а, чомехь а, токхехь а, мел баарх вуза ца вузуш даггара кхача кечбинчу нанна ма хетта доьзал бертахь, ирс-иман долуш хуьлийла а, вовшийн марзо эцарца, уьш бехийла а лаар хаийтарца дерзадо тхьамдас шен къамел.

Дерзоран кад хIусамдена кхочуш бу. Цо кху чохь кхачанах кхеттачарна баркалла аларца, кад тхьамдина тIера ойу. «Массо хIума а догI-доггIучохь, кIеда-мерза ала а, дан а, цхьанна а вас ца хуьлуш, вовшашца йолу уьйр-марзо совъяккхарца хIара цхьаьнакхетар дIакхехьа доьналла хили тхьамдин. И цуьнан похIма мел йоккхучу ханна вайна эша ма дойла», – олий, дерзадо цо шен къамел. И кад, стоьлана гонаха Iаш берш хьалагIовттале, молу. Цул тIаьхьа, оьзда берш, хабарийн урх яцйой, сихха дIасакъаьста. Чуьра стаг араволучу хенахь хьалха ара хIусамда волу. ТIевеънарг ларван гIертар гучудолу кхузахь. Хьаша хийраниг велахь, тIаьхьаваларан юкъ гена хуьлу. Амма чуьра араваьлларг лула-кертара хилча а, иза кхузза юхахьажжалц чу ца воьрзуш соцунгIа хуьлу хIусамда.

ШУН

Муьлхха а юкъара кеп талхор зударша даима а экама хIума дой тIелоцучарех ду. Тахана вайна юккъехь долчу кIезиг-мезигчу хIуманех цхьа доккха бахьана а дой, шайлахь дийца доладой, вовшашна кхийссарш-Iиттарш ян зударий буьйлабелча, «ванах, ма доккха хIума деана-кх кхарна юккъе» олий, вуьсу. ДIа тIаьхьакхиъча, механ тай диллал а бахьана а ца хуьлу цуьнан. Амма гIуллакх цхьана кепе дерзийча, вовшашна ечу восах уьш кхеташ хилча, яппарш ян царна бахьана дуьсур дацара аьлла, хетало.

Таханлерчу дийнахь шун хIотто, иза кечдан маситта кеп хаа езаш хьал нисделла вайна. Нагахь Iарбийн кепехь елахь, Iарбийн хила еза иза; шведийн елахь – шведийн; японийн – японийниг; ткъа вайниг елахь, нохчийниг хила езаш ю иза. Дуьйцург тIерачу кхачанах лаьцна дац, юьйцург шун дIадахьаран кеп ю.

Вай тIелаьцна яьллачех лара мегар ду аьлла хета суна оьрсашкахула вайна юккъехь яьржина йолу Европин къаьмнийн кеп. Урс-Iайг аьтту агIор диллар, мIара хьалхарчу бошхепана аьрру агIор биллар.

Вайна, къаьсттина зударшна, дицделла догIу, хьеший чу ма-кхеччинехь салам-маршалла а хаьттина, юьхь-куьг йилина уьш паргIатбевлча: «Цкъачунна са теде, яахIума хIинцца йина йолуьйтур ю», – аьлла, царна хьалха хий, туьхий, шозза-кхузза кхаллал хIумий юьллуш хилла. Цара некъахь мел хан текхна, уьш кхачанах кхетаза мел хан яьлла, ма ца хаьа.

Зударий, шун наноша, неннаноша лелийначех а, Дала кхоьллина цхьа а тайпана шуна тIе эхь догIур долчех а дац шуна иза. Цхьана Iовдало: «ХIара-м, дера, хIокху коржамашца дуза а дина, вайга яахIума ца яийта ма йоллу», – аьллехь, иза кхоччуш мацвелла ца хилла.

«Мацвеллачо мазца йоу», – олуш ду вайн. Иза эрна аьлла ма дац. Мацвеллачун собар кхачо ца гІерташ, йолуш ерг хьалха йилла, дукхадахарш. Ша стаг волчо, цу нІаьвлас санна, шуна бехкбуьллур бац, стаг воцчо биллинарг шух летар а бац. Меца верг, йовханиг, мерзаниг тІекхаччалц шен са тедина, юха хир ву. Цхьаммо «забар» йо ша бохуш «вайн дузо гІерташ ю хІусамнана» бохучух терра цхьа доьхнарг а кхуссий цІена а, хазачу а гІиллакхах хера доху вай. И тайпа хІуманаш вайна юккъе дукха даьржина. Масала, цхьана туьнталго «эхьал кхакха тоьлу» алар тахана вайн къоман коьрта гІиллакх хилла дІахІоьттина. Леррина тІаьхьа а ваьлла теллича, «дуьне доладелчхьана вайна юккъехь иза иштта хилла ма дара» бохуш, иттех стаг къийсавелла ца Іа соьца.

«Чу нах богІур бу аьлла, доьзалан дас хьалххе хаам ца бинера, юьхьІаьржа хІиттийна цо», – бохуш, безбеш дукхе-дукха хІусамнаной гина суна.

Сан йижарий, дукхадахарш, царах тІаккха «чукхайкхина нах»[6] хуьлу, иза кхин ма ду. Нохчийн воддца шуна тІехь дерг – доггах чувогІург тІелацар а, йолуш йолчух тоам а бина, ерг хьалха йиллар дукх. Важадерг цІийндена тІе ма дужу! Вайн дайшкара схьадогІучо шуна тІедожийна дукъ – елаелла-екхаелла, чувеанчунна юха а чуван догдогІу долччу кепара лелар ма ду. Гай-тІингаран гІуллакх хьалхадаьккхина леларг, чу ца лестор бен, молха дац. Шена хьалхара хьаьвда лах ма-деллинехь, иза ша а соцур ву.

Эрначу хабарех ду, нохчашна хьалха урс-мІара хІун ю хууш ца хилла бохурш. И дерриг а каг ца до ткъа, йоІах муха цІийннана хир ю хаархьама, цо текх цІена лелоре а, кІант талла, цуьнан «цесте» (оьрсаша «подкинжальный ножик» олу цунах) хьожуш а хиллехь. Куьйгашца хІума яа вайн Шемалан халчу заманахь

[6] Чукхойкхург хьаша вац.

бен дуьйладелла дац. Иза бакъдеш ду вайна юккъера цхьаццадолу кхин хIуманаш а. Масала, цастар доккхуш йоу хIума тIомера йолош ю, хорбаз хуьлда иза, я паста. Наьрс, сийна хох, саьрамсекх шегахьа зIуьйдиг йолуш берзийна бац аьлла, шаьш цунах хьоьггушехь, царах ца кхеташ шун тIера хьалагIевттина нах суна хIинца а бевзаш бу. Бепиг охьадилларан а ю шен цхьа нисйина кеп, дилла дезачу кепара дерзийна дацахь, ша мел меца хиларх, иза схьаоьцур дац оьздачу стага. Цастаран букъ болу агIо стагана тIе а ерзайой дуьллу бепиг охьа (иралла кхетта агIо кIел йохуьйтуш). Хьахийначара а, хьахоза дисинчара а гойту шуьне хаар а, цигахь лела ма-везза лелар а доккха маьIна долуш хилла хилар.

Iайг, мIара, урс муха лаца деза бохучунна гонах хезаш дукха къамелаш ду. Нагахь уллехь волчунна цунах новкъарло ца хилахь, хьайна аьтто болччу агIор лаца, эр дара ас.

КIезиг лелаш дац чай доттарца, даарца, маларца доьзна хабарш а. Иза вайна юккъе даьлла дукха хан яцахь а, цуьнца доьзна а цхьацца некъаш хIиттина. Масала, бошхепана чохь тIуналла йолуш чай далар хIусамненан оьзда цахилар лоруш меттигаш нисъелла соьца. ХIунда аьлча стака схьаоьцуш цу тIера тIадамаш оьгу. Шуьнехь нисвеллачун оьздангалла лахара хилар гойту бошхепа шелдан дутту ша аьлла доьттина чай дисаро. ХIунда аьлча пхьегIаш дIахьуш хIусамнанас, гонах хьийзачу кхечо иза шена тIеIано мега.

Шуьнан гонах дIанисдалар кхочушдан хала гIуллакх хуьлий дIахIутту вайлахь. Хьалха вай бийцинчу лара безаш болчу наха, вовшашца йохье бийларца охьаховша ца туьгуш, цхьа сахьт хан йойу. Цул а оьшуш дерг, шайна хьалха кхача биллича, охьахевшинчара вовшашна хьалха бошхепаш дIасатеттар ду.

Нагахь гонаххьийзачеран хlоранна а хьалха яахlума йилла аьтто боцуш меттиг нисъелча, лахара дуьйна вовшийн кар-кара луш, стоьлан баьрчехьа дlакхачайо яахlума.

Кхача хьалхий-тlаьхьий охьабилларан рагl иштта хила еза: тхьамда, тхьамдина аьтту агlор волчунна, тlаккха аьрру агlор lачунна, и. кх. дl. а, цхьана эшшара дехьа-сехьа кховдош, духье кхаччалц. Кхача деза хlума ду, иза дlасатеттар мегачарех ца лерина. Кхача «Ахьмадна» я «Мохьмадна» хьалха буьллуш бац, иза меттигна буьллуш бу. Ткъа цига милла а нисвала тарло. Иштачу метте стаг кхаьчча, вай массо а хьалалелхий, шен-шен меттиг цунна яла гlурту. Тlевеанарг гlараваьлла Турпал-lела велахь а, паргlатйолчу метте охьа а хиъна, кхачанах кхета везаш ву.

Иза вайна юкъара дедда-дайначух тера ду. Ала цlарна ца боху, Воккха Хьаьжас (Зандкъара), Киши Хьаьжас а, пхьорах кхеташ тlекхаьчча, цкъа а тхьамдин меттиг ца лаьцна, олуш хезна суна...

Вайн хьал муха нисло аьлча, рузбанан ламазна нах дlанисбелла бохкучу хенахь цхьана хьенеха, чу а вогlий, массо а дlасатоьттуш шен «дех» йисинчу меттиге кхача гlерташ, Далла гlуллакх дан баьхкинчара нисдина могlанаш хедош, нах ламазна юкъара бохуш меттигаш нисло. Иштаниг кест-кеста ган тарло шуьнан гонах а. Вайна ма-хаъара, хьалхарчу могlане хlоьттина дича а, тlаьхьарчу могlане хlоьттина дича а, даггара ойла Далла тlе а яхийтина дичхьана, ламаз ша кхача дезачу дlакхочур ду.

Тахана шуьне нисвеллачунна lаламат хала ду, кху чохь «хьаша мила ву, юьртахо мила ву» бохург къасто. Хlунда аьлча тхьамдина уллера меттиг еза хеташ, цига гулбала лууш хуьлу цхьаберш. Иштаниг ца нисдалийтархьама, шуьна гонах нах охьаховшаран кеп йовза еза. Цунах къамел лакхахь доцца хьахадел-

лехь а, кхин цкъа карла ца даьккхича, дер дац: тхьамдина аьтту агlорхьа, хийр-хийраниг хьалха а хаош, дlанисбо хьеший. Тхьамдина аьрру агlор ховшораш юьртара, лула-кертара нах бу. Тlаккха чоьхьаваьллачунна, хеттарш дан ца оьшуш, бlаьрг ма-туьйххи хаьа ша ала дезарг, дан дезарг. Муьлххачу а кепан хьалхара lалашо и ма ю. Хlусамда, нагахь охьалахлахь а, нелсагlехь дlатарло.

Нагахь санна шуьна гонах хlусамден ненахой, дехой цхьаьна нисбеллехь, хьалхарниш аьтту агlор ховшош ду, аьрру агlо тайпана болчарна йогlуш ю. Ненаваша, деваша ву тхьамдина аьтту, аьрру агlонаш дlалоцурш. Цигара дlа гергарло лахдаларе хьаьжжина дlатарло.

Чоь готта хилар бахьанехь, я гулбелларш дукха хиларна, тlейохьург хьалха йилла аьтто боцуш нисло шуьна гонах хьийзачу кегийрхошна. Цу хьолехь схьаеанарг стоьла лаха маьlle охьахlоттайо. Цигара дlа хевшина lачара, лакхахь ма-аллара, кар-кара кховдош, тхьамда волчухьа дlахьо.

Юург-мерг хьалха йиллар-дlаэцар а ду шен кеп йолуш, кегийрхошна стоьла гонах хьовза аьтто болуш хьал нисделча. Аьтту агlорхула бен охьа йилла йиш яц юург, яссаелла пхьегlа аьрру агlор дlаоьцу. Иза а Тарамца-Хьарамца доьзна ду (цхьаццадолчу къаьмнийн иза кеп нийсса бlостанехьа ю).

Шуьне хиъначунна тlехь цхьа декхар дац аьлла хеташ берш кlезиг ца хаабелла суна. Яар, малар, шайна дага, бага деанарг лелор доцург, важадерг дерриг а хlусамна кочахь ду, моьтту царна. Иза дац данне а бакъ. Шуьне веанчо лело дезарш, цунна хаа дезарш дукхе-дукха ду. Уьш шадерш а вай дийцина девр дац. Амма коьртачарех цхьацца хьахор ду.

Хьалхарниг – шена уллехь нисвеллачунна цхьана а кепара новкъарло цаяр; хlусамдайшна а, чохь гул-

беллачарна а товр доцург шех цадалийтар; чухула дIаса бIаьргаш цакъерзор; бIаьрг тIехIоьт-хIоьттинчу хIуманна тIекхача гIерташ, шун тIехула тIаьрзенаш дIаса цахьийзор; дуьйцург-олург хезачуьра а ваьлла, ной чу иккхина мацйина херси санна, юучунна-молучунна голаш хьалабина чу цавалар; цкъа цхьанна, тIаккха вукхунна лере оьхуш, шабарш цадар; ша бохучунна, дуьйцучунна массеран а тидам тIебахийта гIерташ, вистхуьлучу хенахь мохь ца беттар, мел дийци а дукха ду-кх и лело мегар доцурш.

Сутарчу стагана (зудчунна), эр вай, бепиган цастар, шена хьалхарниг лулахочунчул мелла а эшна хеташ схьадогIуш ду дуьне доладелчахьана а. Цундела иза даима а лулахочунна хьалха кхийда.

Оьзда стаг шуьна тIехь гуш хуьлу: дагалаца Паскевичан шуьнехь Тайми Бийболатах А.С. Пушкина бина тидам. Оьзда стаг цхьана хIуманна тIехь нахал къаста гIерташ ца хуьлу. Юучунна-молучунна чуваьлла ца хуьлу, хабарца тIех ца волу. «Цо яа юий-те хIума?» – боху ойла кхоллайолуьйту цо шех. Амма кхачанах ца кхеташ юхаваьлла ца гойту цо ша. «Ванах, къамеле ладугIуш ван мукъане вуй-те хIара?» – ца хоьтуьйту. Амма диначу хаттарна дала нийса жоп хуьлу цуьнан. Букарвахна, бошхепахь воллуш гур вац иза, хьокха боьгIна шайтIа санна, вогIавелла Iаш а хир вац.

Таханлерчу дийнахь ган тарлучех сурт хIоттор вай. Тайнигийн цIелиг санна кечйина йолчу хIусаме кхойкху стаг. Механа деза, варкъ даькккхина барзакъ а духий, мухха хаийтина а ,цуьнан мах хаийта гIерташ, чухула хьийза йолало Байсари. Механа дукхе-дукха еза пхьегIаш ша охьайохкуш, уьш Пилкъар-паччахь волчуьра дукха хала, дуьненан даьхни ца кхоош еана хилар хаийта кхуьу иза. Чувеанчо дIасахьаьвззинчохь царах цхьаъ охьатохарх кхерарна син-пIилдиго хорам бо цунна.

Сакъера, самукъадаккха вуьгу олий, чу а вуьгий, шайн бахам-тароне хьоьжуьйту цхьаццаволчо. Иштта-чуьра стаг: «Дала ларвойла-кх со юха кхуза кхачарх», – ша-шега а бохуш, ара-м сиха эккха. Иштаниг нислуш ду вайна.

Веза лоруш волу хьаша тIевоьссича, уьстагI ара а озабой, хьешера пурба даькккхинчул тIаьхьа, уьстагIна урс хьокхий, корта, накха, аьтту пханар (уьстагI дума болуш хиллехь, дума а) цунна хьалха буьллуш ду. Хьешана хьалха йилла езарг хIун ю-м, массарна а бохург санна, хууш дара. Амма уьш шена хьалха дехкича, царах дезар муха дан деза хууш стаг кIезиг нисло.

Коьртан аьтту агIор бIаьрг болччуьра мочхалх йоккхий це туху, аьтту бIаьрг-лерган юьхьигах а, меттан буьхьигах а хIума йоккху, нагахь санна цу юьртахь лоруш стаг велахь, юьртахь махкана везаш-вевзаш стаг а волуш, кху пхьорах веттаваллал веза ца хета ша-шена олий.

Нагахь санна хьаша пханарх тасавеллачул тIаьхьа цо иза ца дууш дитар – иза пханар новкъадаккха дIадилла бохург ду.

Вай-м хьовха, кавказхойн а вон лоруш ду коьртаца мочхал далар. Аьрру пханар а дац шуьн чу дуьллучех.

СИНКЪЕРАМ

Нагахь санна нохчийн къомера дуьненна а хьалха дозалла дан йиш йолуш цхьа хIума даьллехь, хьалхарчу декъана, иза синкъерам лара безар бу. Доьхна даьржина долу вай юха, ша хьалха ма-хиллара, къам хилла дIахIуттург хиларх а, цIена синкъерам цу тIехь вайна ницкъ болу гIортор хилла дIахIуттург хиларх а дог теша. Амма и тешам эшаме боьрзур бу, нагахь санна масех шо хьалха хиллачу Мехкан Кхелана тIехь динарг цунна тIехь дахь: тIера цIе схьа а эцна, чурх,

талхийна, дастаме яьккхина, цIе яккхича а Iетто дог догIу ларам цуьнан бар. Ша ду синкъерамца догIуш долчу гIуллакхийн хаза, дика агIонаш Iамош, толлуш, уьш, тIийриг тIе туьйсу суьлхьанаш санна, схьагулдар бохург. ТIаккха ала йиш хир яр-кх: хьалха санна къам хилла дIахIоьттина вайн къам.

Юха а билгалдаккха лаьа: синкъерам дуьненна а хьалха вайн дозалла дан догIуш йолу институт ю. ХIунда аьлча кхечу къаьмнашна шаьш цивилизацин лакхене кхаьчна моттарехь а и санна йолчу юкъарлоне уьш хIинца а кхаьчна бац. Цуьнан баккъалла болчу чулацаман, оьздангаллин маьIнех шаьш кхетча, кханенга сатуьйсуш долчу дуьнен чуьрчу дерриг а къаьмнийн векалш «иза шайн-шайна ца хилча ца болу» бохуш, цуьнан гIиллакхаш Iамо гIерташ, вай долчу «хьаьжцIа» оьхур бара.

Вай лакхахь элира, маситта дин лелош дуккха а къаьмнаш ду. Оцу кеппарчу нислучарех ду меттанаш цхьаъ, къаьмнаш тайп-тайпана хилар. Масалш лоьхуш гена вийла а ца оьшу: немцойн мотт австрийцаша буьйцу; ингалсан мотт – американцаша, австралийцаша; партугальцийниг – бразильцаша; Iарбой-м хьеха а ца бо вай кхузахь.

Тайп-тайпана меттанаш долуш, юкъахь талмажалла деш стаг ца хилча, вовшех кхета а ца кхеташ къаьмнаш ду. Масала, суьлий. Кхин а гайтаме бу хIирий: дигорцаш, туальцаш, иронцаш. Кхин цхьа шатайпана адамаш а ду дуьненахь: мотт цхьаъ боллушехь, тхо тхаьш-тхаьш къаьмнаш ду, боху цара. Вайн ца хилча къа дара церан: нохчийн орам боллушехь, вайх дIакъесташ бац ткъа гIалгIай, аьккхий, орстхой, маьлхий? Шаьш нохчий бу я гIалгIай бу ца хууш бу маьлхий. Изза хьал ду орстхошкахь а. Царах ву дуьненахь дуьххьара «галай» аьлла шен кIентан паспорт тIе къоман цIе язъяйтина сан накъост!!! Вайн ду ба-

харх, вайна моттарх, вайн дац! Синкъераман чурх а, кеп а йоьхчхьана дуьйна схьа доцуш а ду!

Нохчийн синкъерам – къоман са ду. Дог – букъсурт ду. ХІунда аьлча цигахула бен оьзда а, беркате а доьзал кхолла аьтто ца хилла вайн дайн. Имам Шемал иза кагбан воьлла. Советан Іедало – синкъераман са, дог, чарх, ша-ша доккхуш, дІаса а даьккхина, сийначу цІергахь дагийна, мохе чим дІаса бахьийтина.

Дин, мотт, кхиерг тайп-тайпана хиларал совнаха, юккъехь лелачу йигар-ялоран низамашца а къаьсташ ду дуьненчуьра къаьмнаш. Масала, шина вешин я йишин йоІ, кІант долуш, Іаьрбийн, суьлийн кхечанхьа кхийда йиш яц. Дайшкахула-м хьовха, наношкахула а захало тасаделла меттиг хилча а, хІирийн а, гІалгІайн а керла доьзал кхоллабала йиш яц. Іилманехь хьалхарчух – «эндогамни», шолгІачух «экзогамни брачни система» олуш ду. Цу шина къоман, вайчеран гІиллакхашца дуьстича, цхьа башхалла ю: кегийчеран дог-ойла юьстах йисар, керла доьзал кхолларан гІуллакх баккхийчарна дукъ хилла тІедожар. Вайна ма-хаъара, дукхахдолчу европейски къаьмнийн гІиллакхашца йоьІан дас-нанас мах а лой оьцуш ву кІант (Іаьрбаша йоІ оьцу). Оцу шина системина синкъерам, къаьсттина тІехьийзар, догдахар, безам-уьйр бохург юкъадаьккхича а, уьш цигахь догІуш цахиларе хьаьжжина, эхье а, маьттаза лара дезаш ду.

ТІехьийза, догдаха, безам-уьйр кхоллаялийта кегийрхошна юккъе кхин система кхоллаяла еза. Иза адамаша къобалйина тІеэцна хилар оьшуш а ду. И шадерг хилийтархьама, кхоллабала безаш бу цхьа кхетаман бух. Масала, нохчийниг санна, доьзал доьзал бац, нагахь санна стагний, зудчунний юккъера уьйр-безам хаьдча. Цу тІера ду нохчийн йитар-витар атта хилар. «ХІунда хилла-те иза иштта?» – аьлла,

дуьхе кхиа гIоьртича, гучудериг стен а, майрчун а юккъера безаман зIе хаьддачул тIаьхьа дуьнен тIе ваьлла доьзалхо къутIа ларар ду. «КъутIа» боху кхетам дуьне доладелчахьана къаьмнашна юккъехь лелла, лелаш бу, амма нохчийниг санна кхетаман кIоргенашка кхаьчна бац.

Хьалхарчу заманашкахь гIалгIайн а, цхьацца-йолчу ламанан шахьаршкахь нохчийн а и кеп лелла хилар гучудуьйлу. Амма бусалба дин юкъадаржарца гучубевллачу элийн а, церан цIуьхарийн а харцонаш, боьхаллаш кегийначул тIаьхьа, мелла а гIиллакхаш, амалш цIанъелла, низаме яьхкина, зудчуьнца болу ларам лакхабаьлла, цуьнан лаамаш кегбар лахделла.

Цаьрца нисдина ду зуда бертаза ядийна я ехна йигар дехкар. Нохчаша дуккха цунах доьзна кицанаш дитина вайна: «ша лехна бен мерза хуьлу», «цхьатерра шиъ вовшахтоха гIерташ, Дала шен эчиган мачаш йохийна».

Кицанех къамел хиллачуьра эр вай: шина кепара олуш кицанаш ду вайн, масала: «кIантана – хIу лаха, йоIана – цу лаха», «кIанта – хIу лоху, йоIа – цу лоху». КIорггера ойла ца йича, шиннан а маьIна цхьаъ ду, амма ойла йича, шалхо гучуйолу. Хьалхарниг ширачу заманан IадаташЦа доьзна ду, шолгIаниг дахаран хьашташа, Iалашонаша нисдина, шордина ду. «ЙоIий, кIантий, баккхийчарна шайх бала а ца беш, шайн бен шаьш кхолла беза» аьлла, къонахий хиларе терра, дайша тIедожийна вайна. Иштта нисделла синкъерам нохчийн гIиллакх-оьздангаллин бух, орам хилла дIахIоттар.

Моттадала тарло, гергарнаш, баккхийнаш керла доьзал кхоллабаларна юьстах лаьтташ хилла аьлла. Массо хIуманна тIехь кегийчеран уьш гIорториаш а, гIоьнчий хилла дIахIитта безаш хиларна, иза данне а

бакъ дац. Цундела аьлла, моьттуш ву-кх со, «йоlаний, кlантаний юккъе херо юлуьйтуш мотт бинарг Делах ваьллачех ву» бохург.

Доцца аьлча, синкъерам, шен диканиг-вониг зуьйш, цецах чекхдоккхуш, толлуш, шен оьздангаллин терхешца нисъеш нохчийн къомо кхоьллина lаламат мехала институт ю.

Дайшкара вайга кхаьчна кхин хlума ца хилча а, и цхьаъ а тоьур дара вайна юьхькlайчу хlитта а, кортош айина дуьненчохь лела а. Догlуш а, мегар долчарех а ду, кегийрчу чкъурана ша довза, зен аьтто бан, хьанна а хьалха куралла ян кхоьллина и институт хиларна. Кхечу къаьмнийн иза цахиларе хьаьжча-м, муххале а вайн дайшкара доккха хьуьнар оьшуш хlума хилла иза. Гуттар доккха хlума ду иза, дуьненан юкъарчу хьоле диллича, кхечухьа и саннарг цахилар дагалаьцча: йоьlан аьтто бар; дуккха а кегий нах бовзийтар; тlехьийзорца, царах цхьаъ къасто аьтто баккхар; цуьнца шен дахаран некъ дlаболор.

Нохчийн йоlана а, кlантана а вовшийн довза а, самукъадаккха а (тlехьийзаран юкъаметтиг дlакхехьа) ворхl тlегlа ду къастийна. Йоlа цхьа бахьана, цхьа некъ ца белча, кlентан йиш ца хилла юкъаметтиг лакхарчу тlегlан тlе яккха. Масала, дуьххьарлерчу тlегlан тlера, дукхахьолахь, дlадолалуш хилла цушиннан довзар. Хьешан цlарх сакъерар ду иза. Синкъерамехь а доцуш, кхечанхьа кlанта шен безам йоlе дlакховдор вайн дайшлахь дукха чlогlа даьсса хlума лоруш хилла, и шиъ берахь дуьйна цхьаьна хьалакхиънехь а.

Хьалхара тlегlа, вай лакхахь ма-аллара, йоlера хьешан цlарх сакъера пурба даккхар ю, уьш цхьана юьртара-м хьовха, кевнах ков а хlоттаделла бехаш белахь а. Делахь а коьрта чурх кхечу маьlница ю кхузахь. Йоl я кlант хьошалгlа дахча, цунна лерина синкъерам

беш хилла, цу тІе, хьешана хьаша кхачош ца хилла. ХІунда? ЙоІана я кІантана нах бовзаран го шорбан ІалашО йолуш. ЛадоьгІча, ойла йича, доккха маьІна ІуьллУ цунна бухахь! Хьешан цІарх цхьана буса шега къийрина а сакъийринчу кІанте тІаккхахула мацца а, миччанхьа а вовшахкхеттачохь йоІа маршалла хаттахь, кІантана а, гонах болчарна а хаа хилла, йоІана цуьнца долу гергарло кІаргдан лууш хилар. Нагахь ца хаттахь, шен дагахь мел яккхий «гІаланаш» югІуш кІант хиллехь а, иза юхавала везаш хилла. Вайн дайша зІакардаьхнийн гІиллакхашха лерина долу, йоІана лаахь а, ца лаахь а, кІанта «тІам» хьоькхуш гонах хьийзачуьра дІацавалар кхечу, къаьсттина евро-оьрсийн гІиллакхашца, вайна юкъа даьржина ду. Гуттар вониг: йоІа шен гІуллакх тІе ца лаьцча, кІанта дегабаамаш бар, ша санна волчу стагца хьогІе ваьлла ца Іаьш, иза а чІогІа дастаме хІума доллушехь, йоІаца а, цуьнан нахаца а хьагІ лоцуш хилар.

ТІехьовзар, синкъерамехь, белхех я ловзаргахь бен, дІадоло йиш цахиларе хьаьжча (нахана гучохь, хезачохь, хуучохь), гучуйолу цу гІуллакхан кхин цхьа тІаьхье – кхечанхьа дагара хаийтар осалчу хІуманех лерина. ШолгІа-делахь, синкъерамехь (узаконенни) хиллачу довзаран тІаьхье мухха хилахь а, гучудолу цуьнан ларам бар.

Дагалаца догІу, вайн хІусамашкахь хьеший дукха латтарца, царна синкъерамаш барца, йоьІан, кІентан керла довзар, хІора сарахь бохург санна, хила тарлуш хилар. Аьллачунна тІетухур вай: хІора зуда ялоза волу кІант – мехкан нуц а, хІора араялаза йолу йоІ мехкан нус а ларалуш хилла. ХІунда аьлча, мичахь, хьаьнца нислур ду рицкъ, хууш дац. Дийца ца оьшуш гуш ду-кх, мел хийцаделла, керчина гІиллакхаш, мел дастаме даьлла ша адам а.

Йоьlан лаам хиъначул тlаьхьа (синкъерамехъ) тхьамданашкара пурба доккхий, «дуьненан юкъара сакъоьрур ду» аьлла дош доьхуш ша кlант я цуьнан накъост вистхуьлуш хилла йоlе. *Хьалхарчу* тlегlан тlехь сакъоьручу хенахь цушиннан вовшашна хьалха, цхьа а тайпа бохург санна, декхар ца хиллехь, *шолгlачу* тlегlан тlе юкъаметтиг яьлча, декхарш мелла а совдовлуш хилла.

Кхозлагlчу тlегlанехь, шаьш цхьана юьртара делахь а, юьртахочун цlарх сакъоьрур ду олий, дош ло йоlа. Цигахь декхарш кхин а совдовлу. Кlентан дегйовхо хьалайолу. Юкъаметтиг юьртахочун цlарх тlехьийзаре кхаьчча, шена бевза-безачу лулахошка а кхайкхина, йоlаца мелла а паргlат вистхила аьтто болуш хилла кlентан.

Доьалгlа тlегlа – «йогlур ю» аьлла, дош далар; пхоьалгlа – хан йиллар; *ялхалгlа* – тешамна кара хlума ялар (карара йовлакх, лергара чlагарш, мухlар); *ворхlалгlа* – араер йолу де, хан билгалъяккхар.

Хьалхарчу кхаа тlегlанах гергарло чекхдаьллехь, йоьlан ойлане хьаьжжина, важа тlегlанаш цалардар бехке лоруш ца хилла. Амма тlехьийзарца-тlехьийзорца гучудериг ворхl тlегlа йолу синкъераман гlишло пирамидех тера хилар ду: бухара тlегlа – хьешан цlарх дош далар, и тайпа тlехьийзарш-тlехьийзораш чот йоцуш дукха хила таро хилар; лакхара тlегlа – пирамидин буьххье кхаьчча, цхьаъ бен вуьсуш цахилар. Иза а дац иза цуьнга хlета-вета яха еза бохург (ехна юьгуш санна).

Нагахь кlантера я цуьнан гергарчаьргара цхьа оьзда доцу, нахана дош хеташ доцу хlума далахь, йоlа пхьоьханахь кхайкхадойтуш хилла оцу я хlокху бахьанина хьанех-минехана делла долу дош ша юхаоьцу олий.

Нохчашна юккъехь даиманна а осала лерина ду дегабаамаш бар, моханаш кхехьар, синкъерамехь-м муххале а. Цундела кхаьсттина пайда боцчех а, дастаме а лоруш хилла йолаца доьзна долчунна тlехь дерг. Вай лакхахь ма-аллара, йол, цхьаннан цlар тlе яллалц, юкъара ларалуш хилла.

Шахьарера шахьаре баларца кlез-мезиг хийцамаш юкъа багlахь а, вовшахтохаран а, дlакхехьаран а шен куц-кеп йолуш бу синкъерам. Масала, мехкарийн меттиг баьрччехьа ю, божарий чуволучохь дlанисло. Мехкарийн а, божарийн а тхьамданаш ул-уллехь ган тарло тахана. Иза догlучех дац.

Мехкаршкахь мелла а йисина йолу охьахааран кеп кегийчу нахера дlаяьлла лара мегар ду. Цундела цунах хир ду вайн къамел.

Жимачу стагана, синкъерамехь-м муххале а, товш дац, куьйга корта а лаьцна, букар вахар, я уьссаза букъ бойна шайтlа санна, аркъалсеттина lер. Ког-куьг дlасакхоьссина, ваьржина lар а дац товш долчех лерина. Лехча санна, меженаш дlахецна, я пхенаш озийча санна, хебна lан йиш яц оьздачу стеган. Джай-гlанта тlехь lахь а, я кхечу лекхачу меттехь дlанисвеллехь а, товхи бертиг санна, голаш гlаттийна хаар а ду оьзда доцучех лерина.

Хlинца-м башха тидаме оьцуш дац, амма цхьана хенахь, голи тlе ког баккхар эло шен лайш болчохь бен шегара далийта мегаш хlума ца хилла, шаьш муьлш ду царна диц ца далийта деш хилла цо иза. Цу тlе, и воццчо, цара массара а коьртара хlуманаш дlаяха езаш а хилла.

Со жима волуш, вай цlерадаьхна дукха хан ялале хила там бу иза, цхьана суьртан тидам бар нисделира сан.

Цхьамма-м, тилкхаз а ваьлла, голи тlе ког баькхича, чохь мел волчо изза дира. «Дагахь хlума долуш дина хlума дацара шуна иза, бехк цабиллар доьху аса»,

– аьлла, охьабаькхира хьешо голи тlера ког. Бухахь болчех воккхачо: «И ледарло йолуш верг хьалхавер вацара-те бохуш, сакlамделла lаш дара хьуна тхо тхаьш а. Баркалла хьуна, некъ баккхарна», – олуш, дерзийра.

Уггар мегардоцчех ду, цуьнца нийсса, ца товш, лайн амалех лерина а ду: баккхийнаш, тукхумхой (ненахой), стунцхой болчохь гоьли тlе ког баккхар.

Хlора къоман шен-шен кхетамца догlуш ду йоьlан-кlентан юкъаметтиг дашца билгалъяккхар. Масала, французийн – тlам хьакхар, оьрсийн – бешара йийна хlума я бежана кхиорца. Вай дош *тlехьийза* бохург а ду шен цхьа маьlна долуш.

Стаг – стигалан векал, зуда – лаьттан векал ларалуш хиларх къамел хилира вайн. Делахь-хlета, йоlана баланаш лакхара охьабуьссуш хиларе терра, царна дуьхьалваьлла, уьш цунна тlе ца кхочуьйтуш тlехула хьийзаш ву кlант. Зударшца шен дахарехь мел лелориг къонахчо (вуьйцург вуьззина къонах хилар диц ма де) цу тlера леладо.

Вовшийн лараман кепаш (lуьйре-суьйре, де-буьйса, серло-бода боху кхетамаш санна) цхьаъ ца хилча, важа доцуш, ша даькхича тlаьхье йоцуш довш хlума дуй хууш хилла вайн дайшна. Цундела оьрсаша вайна юкъабалийна, баржийна «эмансипаци» (бакъонаш цхьатерра) боху кхетам. Дуьне мел ду, иза нохчашца чекхдер долуш хlума доцийла, хаа деза. Хlунда аьлча божаршна, зударшна оьшург, хьаштдерг тайп-тайпана ду. Цу тlе, йовхачу цlарна, шийлачу хина тlе боьду некъ, царах оьцу пайда ша-ша бу. Оьрсашкахула вайна юккъехь даьржина эмансипаций, вайн цхьаццаболчу «молланаша» зудчух яцо бlарза ян еза бохурггий нохчийн оьздачу гlиллакхашца цхьаьна догlуш дац.

Вайн дайша керла кхоллалур болу доьзал, муха, стенна тlера кхоллалуш бу бохучун мел пусар деш хилла гайтархьама, масална хилларг далор ду аса.

Вайна ма-хаъара, Шемала шен низам хIоттийна ма хиллий: 15 шо кхаьчначу йоIа, нагахь санна 3 дийнахь-бусий ша яха реза волчун цIе ца яккхахь, иза юха тIедогIучу 3 дийнахь-буса юьггучуьнга дIаялар тIедожош. Цу хьолехь синкъерам, хийистехь вовшахкхетар, чукхайкхар, тIехьийзар, кхидIа дерш дихкина хилла цо. Амма Нохчмахкара цхьана юьртара кегий нах хийистехь вовшахкхеташ хиллачух тера ду. Хьан низам талхош, шайн кегийрхой хийисте сакъера хIуьттуьйтуш бу хIунехдинчу юьртахь аьлла, вахана цхьаъ Шемална тIе арз эцна (тахана оьшура вайна и майралла, шена Iедало догIуш хIоттийнарг схьалахьара аьлла тIеваханчу стаге я зудчуьнга хIарра % лахь, лур ду бохучунна хьалха хIотта).

Цу юьртара лоруш вол-волу 12 стаг схьакхачаве шена тIе аьлла, Шемала омра дича, уьш цунна тIебигна хилла. Оцу шийттанна юкъа нисвелла хилла ГIеза-Махьмица дуьйна тIеман юкъ йихкина лаьттина волу ша имам Шемал маситтазза кхелах хьалхаваькхина волу йовхачу аьхка салазна стерчий а доьжна, цу тIе виллина вига везаш волу стаг – цхьа юьхк – когаш, куьйгаш цахиларна.

Шен низам талхош долчу шун кортош ца даьхча ца волу ша, аьлла, боху, тIекхайкхинчаьрга имама.

– Шемал, – аьлла, дуьхьала вистхилла салаз тIехь валийнарг, – тхан кортош-м дашо дацара, оха уьш оццул лардал, дилханах ду. Кху дезткъа шарахь, чета цун (цу) межаргаш а тийсина, мича ницкъо тIом бойту тхоьга кIайчу паччахьан дуьхьал, хаьий хьуна? Тхайн кортош лардан Iалашо хьалха а яькхина тхо леллехьара, кху тIеман хьал тхоьга хIоккхул лалур дара аьлла, хетий хьуна? Тхо кхоьрург, хьо кхера везарг хIусамашкахь хуьлу тIом бу. Оха тхайн кегийрхой хийисте а бахийтина, синкъерам а хIоттийна, кхул тIаьхьа а иза дийр а ду, хIунда аьлча керла кхоллалуш

болу кхерч, кегийрхой тІехІуьтту сирла шовданан хи санна, цІена а, дуьненчохь мел долчу хІуманна, йиш санна уьйр-безамца кхоллалуш болу доьзал хилла чекхбала а лаьа тхуна. Паччахьца беш болу тІом тхуна хІумма а доцу хІума хета, амма иза чу берзахь, вайн эшна лара мегар ду хьуна хьалххе дуьйна дІа.

Лакхахь ма-аллара, синкъерамехь хелхабовлар тхьамданашна тІера дІа рогІехь хуьлуш ду, ловзаргахь санна юкъ-юкъара доцуш.

Бал боккхучун маьІна гатдина, цхьаьна хелхабовларна тІедерзийна тахана иза. Бал бохучунна юкъа догІуш ду:

1) хелхабовлар (бал цкъа дІаболийча массо а ца валарх бехке дац, юха дІадолош сецначуьра доло мегаш гІуллакх хилча-м, хІетте а);

2) хелхадовларан го сецча ладугІучу эшарийн рагІ тІекхочу (чохьберш дуьненах, дахарах, гІиллакхех, дайх, дІадаханчух ойлане бовлийта деш ду иза);

3) йоІе бистхила лууш болчу кегийчу нахана аьтто боккху;

4) илланча чохь велахь, цуьнан иллига ладугІу, я чувеанчу воккхачо кегийчарна ладоьгІча пайденна хир долу къамел до.

И кеп кхоьллинарш, баккхий Іилманчаш-м хаац суна, палсапаташ, психологаш, психиатрш ца хилла ала, хала ду. ХІунда аьлча дика хууш хилла царна адаман сих, дагах, дегІах дерг. Кегий нах бистхуьлучу хенахь дош галдалар бахьана долуш кхолладелла вовшех цакхетар, илли аларо, хьекъалечу дашо, дайшкахь хилла доьналла, сий хьахоро тІепаза бойуш хилла юкъаметтигаш хьогІе ерзо кхоллабелла зирх. Цул тІаьхьа хьенан ала йиш ю, уьш кхетам лахара болуш хилла?!

Вистхила лаам гучубоккхуш, шен тхьамдера кІанта дош доьху. «ХІара «хьенех» цу йоІе (йоьІан цІе а йоккхий) вистхила пурба лахьара ахьа», – олий, мех-

карийн тхьамдера пурба а доккху. Амма кIант вистхила воьлча, йоIа, «шена кху чохь бехке стаг ву», ала тарло. Чехкка хьала а иккхина неIаре цавадарх, жимма хан-зама а йолуьйтий, цхьа бахьана а лохий, араволуш ду йоIа вуьйцуш волу бехкениг. КIант вистхилла ваьлча, чувеана, шен метте дIатарло кIант – вистхилла валлалц араваьлла Iийнарг.

Юкъаиккхина, «хIорс-тоъ» аьлла, «къап-къарс» оьккхуьйтуш дIасаветтаваларх, хелхар хуьлуш дац. Цуьнан а ю шен лар а, кеп а. Цунах лаьцна вай ловзар хьахийначохь дуьйцуш ду.

НОХЧИЙН ТIЕХЬИЙЗАРАН ИНСТИТУТ (XIX бIешеран шолгIачу эхан – XX бIешеран юьхьан материалашца)

(ИНСТИТУТ УХАЖИВАНИЯ...
(зорбане яьлла 1982 ш. ЧИИИЯЛан археологин, этнографин секторан гуларан агIонаш тIехь)

Зуда ялор, хууш ма-хиллара, муьлххачу а халкъан ламасталлин культурин уггар а чолхечу декъех цхьаъ ду. Цо шена чулоцу ламастийн, гIиллакхийн тайп-тайпана агIонаш – символийн, къайлахчу ницкъийн, ловзаран кепара. Iадаташ гайтарца цхьаьна массо агIор гойту халкъан дахаран башхаллаш, доьзал кхолларан ламастца доккха маьIна хилар билгалдоккху адамийн дахар тIедузаран а, къона тIаьхье кхиоран а.

Вай дуьйцучу ламастан уггар лакхара синхаамийн мур бу ловзар, цунна тIе тидам бахийтина, хIинца а бохуьйту Iилманчаша, цигахь этнографии а, фольлор а, музыка а цхьана ламасталлехь цхьаьнакхетта. Шен истори йолуш, шена тIе кIезиг тидам бохуьйтуш бара ловзар хилале хьалхалера мур. ТIаьххьарчу шераш-

кахь дІахьош ду и ламаст дийца а, талла а юкъара цхьа программа кхоллар. Цо гІо дийр дара и проблема толлуш болчу Іилманчашна цу муьран сюжеташ дустаран, дуьхь-дуьхьал хІотторан талламаш барца талла, уьш дерриг цхьана къоман тІегІанехь и болх кхочушбан. Халахеташ делахь а, и программаш яц. Цундела вай тоам бийр бу нохчаша зуда ялоран ламаст муха дІахьо гайтарх.

И болх кхочушбан дІаболабале хьалха вай къасто деза, маса декъе декъало нохчаша зуда ялоран ламаст.

Доьзал кхолларан ловзаран кеп, масала, оьрсийн кхаа декъе йоькъу – ловзар далее хьалха, ловзаран, ловзар диначул тІаьхьа. Нохчийн, оьрсийн доьзал кхолларан ламасташ цхьацца нхьа цхьаьнадогІуш делахь а, амма уьш цхьатера дац. Нохчийн ламастехь и деа декъах лаьтта.

Царах хьалхарниг ду къона ши адам кхиънадаларна тІера йоІ шен децІера араяллалц. Кхузахь тидам тІебахийта беза: уггар хьалха, юкъараллехь тІеэцна йолу хан – къоначу шинна вовшийн довза аьтто беш йолу меттигаш я хьелаш, уггар коьртаниг – йоІа шен хинволу майра харжар, ткъа кІанта – хинйолу зуда. «ТІехьийзаран институт» эр вай цунах.

Шолгіа дакъа – йоІ и ялош волчу кІентан гергарнаш болчу йоссор. Кхузахь тидаме эца деза хьалхарий, шолгІий дакъош вовшех чІогІа къаьсташ хилар. Хьалхарчу декъехь коьрта меттиг дІалоцу къоначу шимма, амма шолгІачу декъехь зуда ялийнарг къайлаволу.

Кхоалгіа дакъа вай лору шен ков-кертахь ловзар дар, и дІадолу нускал доссийначуьра схьадало бахарна тІера ловзарца дІадерзарца чекх а долу.

ТІаккха боьалгІа мур дІабоьрзу цхьана ханна шен децІа яхана къона нус шен цІийнден хІусаме юхаярца.

Нохчаша зуда ялоран ламасталлин дIахIоттам кхин а кегийчу декъашка бекъа тарло. Масала, тIаьхьара дакъа кхин а шина декъе декъа мегар дара:

а) ловзарна тIера нускал хитIе даккхалц;

б) нус децIера юхаяллалц.

Вай тидам тIебохуьйтур бу хьалхарчу декъанна. ХIинццалц схьа и хаттар этнограф Iилманехь меттахъхьадина а дац.

Доккхачу маьIнехь ду цу хаттарна жоп далар, хIунда аьлча вайн дайша шайна зеделлачун масаллина тIехь кхоьллина долу ламасташ вайзаманан даздаршна, гIиллакхашна тIеIатIкъам беш, уьш тIедузуш хилар, шеко йоцуш, беркате хир ду. Хууш ма ду, «чохь са дерг, дахархьама, хIора мIаьргона, хIора денна, цхьана чкъурера вукху чкъуре кхаччалц, шен исторера хьехамаш кхочушбеш.... Хаарш лоьхуш, царах пайда оьцуш... Адамийн юкъараллин хиндолчу дахаран керла кепаш дагалаца, кхолла, кхин а лаккхара адамашна сийлаллаш даима а лехар». ХIара тема къовсаме хилар тIечIагIдира «Комсомольское племя» газетин агIонаш тIехь нохчийн синкъерамах лаьцна хиллачу къовсамаша.

Билгалдаккха деза, нохчийн зуда ялоран ламаст тIехьийзаран институт бахьанехь шатайпа хилар. Иштта ламаст вайн уггар гергарчу гIалгIайн а дац. Къилбседа Кавказера халкъашлахь уггар маьрша ю нохчийн йоI, юкъаралло билгалдаьхначу дозанашкахь кегийчу нахаца юкъаметтигаш лело бакъо хилла цуьнан. И меттигаш ю: хийист, белхи, синкъерам, ловзар, чукхайкхар, ирахь Iар, кхин а... Вай ягарйина и хIора кеп шен-шен маьIна долуш а ю.

Нагахь санна «вайн халкъан культура билгалйолу цо зудчун сий-ларам барехь» боху алар тидаме эцча, гуш ду юкъаралло йоIана шен хинволу цIийнда ша

харжа бакъо луш хилча, иштта алар вайн халкъана тIедогIуш хилар. Мел хIуъу баьхча а, доьзалан ирсан ларда къоначийн вовшашка болчу безаман буха тIехь лаьтташ ю. Цунах кхетарца нохчий, вайн дай, дай-наноша шайн лаамехь йоI цунна ца луучу маре дIаяларна дуьхьал хилла.

XIX бI. юккъехь имам Шемал гIиртира нохчийн ламастан хьежамаш «ша кхетачу», «шена хетачу» ислам-динан хьежамашца цхьаьнабало. Масала, революци хилале халкъан кхолламан хьалха баьхначу авторех цхьамма билгалдоккху, «ша халкъан кхолламан куьйгалхо хилар дIа а кхайкхийна, маьрша юкъараллаш шен куьйга кIел а ерзийна, шел хьалха хилла имамаша санна, Шемал а волавелира халкъийн ламасташ дIатетта, шарIан Iедал царна тIехь дуьззина дIахIотто... Халкъан гIиллакхаш шарIаца хийцарехь гора Шемална шен Iедалан урхалла чIагIдалар, цу Iалашоне кхачархьама луьра а, бехха а къийсам латтийра цо».

Вай юьйцуш йолу институт а цо, оьздангаллех бохар санна, шарIан тIедахкаршна дуьхьал лорура, цунна дуьхьал къизаллаш а лелийра. XIинца а дуьйцу халкъо хIетахь Нохчмахкахь хилла хIара хIума, хIетахь Шемала дийнна юрт хIаллакйинера, цигара бахархойн жима а, воккха а ца лоруш.

Имамна тIе мотт беана хиллера, шайна таIзарш дешшехь, нохчаша хIинца а маьршо ло шайн кегийрхошна, шарI тIеэцале хьалха санна, шовдан йистехь цхьаьнакхета. Имама шена тIекхайкхина хIинца Нажин-Юьртан районна чу йогIучу меттигашкара бакхий нах.

– Шу, хIокху лаьтта тIехь дехаш долу дукха зама яларна шайн кортош къежбелларш, шарIана пебетташ ма ду, – аьлла цо цаьрга. – Ткъа бакъдинах юхаваьлларг мунепикъ ву, цаьрца луьра тIом латто

беза бакъболчу бусулбаназа. Керстанел а оьшуш ду шу. Аса, со имам а, бакъволу бусалба а хиларе терра, ловр дац шу динах херадовлар. Шун кортош дIатийса деза, и аса кхочуш а дийр ду дIо-о-ра малх чубузале. И шуна тIаьххьара гуш бу. Нагахь шайн ала дош делахь, схьаала. Шаьш кхин цкъа а сан низам талхор дац аьлла, дош ло суна, тIаккха аса къинхетам бийр бу шух!

Баккхий нах цхьана ханна бист ца хуьлуш Iийра, боху, тIаккха хьалхахьа гIулч тесира, боху, Шемалан уггар а тешамечу мурдех цхьаммо:

«Шемал, хьуна дIахаа деза, тхо Iожаллех кхоьруш цахилар, и оха хийлаза дIа а гайтина луьрачу тIемашкахь. Мел дукха шераш ду оха, чета цу чохь болу тIоьрмигаш а таIийна, кIайчу паччахьна дуьхьал къийсам латтош болу. ХIокху тIамо а, цо йохьучу халонаша а ца кхерийна тхо. Амма тхо хIинца кхоьру тхешан доьзалшкахь, кхерчашкахь хинболчу тIамах. Ткъа и тIом билггал хир бу, нагахь тхан къоначара вовшашка безам а боцуш доьзал кхоллахь. Тхан къона нах шовданехь цхьаьнакхетар билггал бакъдерг ду, и иштта хир а ду тхан тIаьххьарчу кIантана, йоIана тIехIоттал. Оха тхайн мехкарий шовдане бохуьйту, хIокхул тIаьхьа бохуьйтур а бу, церан безам кхоллабалийта – и сирла шовда санна, сирла, цIена безам. Ткъа безам доьзалехь оьшуш бу, дахарехь хи санна. Нагахь и бахьанехь ахьа тхан кортош дахахь, имам, и гIазотал сийлахь Iожалла хир ю, хIунда аьлча и кортош оха уггар цIеначу, нийсачу гIуллакхан дуьхьа хьан чалтачашна хьалха охьобохкуш хиларна. Нагахь и тайпа цхьаьнакхетарш хьан низамца догIуш дацахь, ахьа, ойла а йина, къасто деза, и низам дIахIоттош хьаьнга ладуьйгIира ахьа – АллахIе я Иблисе».

Иштта хууш ду, 15 шо ма-кхеччи йоI маре дIаялар тIедиллина хилла дай-наношна Шемала. Кхаа

дийнахь-буса цIе яккха езаш хилла йолa ша маре яха реза йолчун. Нагахь цо и цIе ца яккхахь, иза шайна луъучуьнга маре дIалуш а хилла, цуьнан зуда елахь а, яцахь а, къена вара аьлла ца Iаш.

Нохчийн ламасталлин хьежамашца, иштта Кавказера кхечу къаьмнийн а, и хан ерш кхиазхой лоруш хилла. Бакъду, пхийттара яьллачу йолана бедарш диканаш латтош хилла, иза бакъо йолуш хилла синкъерамашка яха а, ловзаршкахь кхиънабевллачу мехкаршна тIехьара меттиг дIалаца а. Цу хенарчу мехкарех нохчаша олу «кхиъна йогIу йоI», «цуьнан даьIахк тIамарх юзаза ю», «синкъерамехь тIехьа соцу хан», «дог кхиъна, хьекъал кхиаза ду». Иштта йоI хьошалгIа еача, цунна лерина синкъерам беш ца хилла. Пхийтта шо кхаьчначул тIаьхьа йолстаг хиларан муьрах чекхъяла езаш хилла иза (2–3шо), тIехьийзаран институтах дерг цунна хаъалц. Оцу муьрехь цо Iамош хилла «догдахаран Iилма». Шен хинволу майра харжарехь маьIне дакъа а ду и къоначийн дахарехь.

Шел баккхийчаьрца цхьаьна 3–5 шарахь самукъадаккхаран меттигашкахь «сакъерар», «догдахар» бохучу кхетаман къайленаш йовзар а, кегийчу наха ша хьовзош меттиг хIоттийча, шен юхь ларъеш чекхъяла хаар а, шега къайлах маьIна долуш ечу забарех, бегашех нийса кхетар а карадерзош хилла йолa. ТIаккха дуьйна бен, маре йоьду хан кхаьчна йоI хуьлуш ца хилла цунах.

Вай буьйцучу муьрехь нохчийн йоI дуьххьара шена жима стаг тIехьаьвзича дуьйна тIехьийзаран масех тIегIанах чекхъяла езаш хилла. Ма-дарра аьлча, оцу тIегIанах чекхволург жима стаг хилла, ткъа йоI оцу тIехь цуьнан жигара накъост а йолуш.

XIX бIешарашкахь, авторша а, вайн информаторша а дийцарахь, йоI маре йоьду хан цуьнан 23–25

шо кхаьчча, ткъа божарийн 25–27 шо кхаьчча хилла. Тlехьийзаран институтан корта синкъерам хилла, ткъа шовданехь латтар, белхеш, ловзарш, ирахьlер, и тlебузуш, цуьнан дакъош хилла.

Зуда ялаяле а, маре яхале а хьалха къонаниш вовшийн бовзаран тlегlанаш иштта хилла:

– хьешан цlарх дош далар (йолера), даккхар (кlанта). Жимачу стага дош доьхуш хилла, ткъа йоlа и дош луш хилла;

– юьртахочун цlарх дош далар (йолера), даккхар (кlанта);

– хан йиллар, маре йогlу хан билгалъяккхар.

Оцу дерриг а тlегlанех чекхбовла декхарехь хилла къонаниш «доттагlалли» тlера ялорна-йигарна тlе кхаччалц.

И гlиллакхаш лелаш ду ерриг а Нохчийчохь. Нохчмахкахь уьш шайн рогlаллехь лелош ду. Оцу тlедахкарех чекхбевллачул тlаьхьа бен, ялор-яхар деш ца хилла, иштта доцург къобалдеш а ца хилла.

Бакъду, кхин цхьа тlегlа а ду. Хаац, тахана и керла юкъадалийна ду я дац, я изза ламаст ду а. Кара хlума ялар ду вай дуьйцург. И хила тарло мерах хьокху йовлакх, чlуг, мухlар, ша цуьнга ян резахиларан тоьшаллина йоlа шен тlехьийзачу кlантана луш долу.

Нохчмахкахь йоlа кlантана кара лучу хlуманах «лен» олу. «Ленна караелла хlума ярий вайн йоlа?» – хотту иза йолчара йоl маре яха дагахь хилар шайна хиъча. Ленна караелла хlума дохо йиш йоцу тоьшалла хилла кlантана, цул тlаьхьа и йоl цуьнга яха бен бакъо йолуш ца хилла, нагахь иза ялорна тlехь новкъарлонаш хуьлуш елахь.

Нохчмахкахь, ерриг а Нохийчохь доцчу тайпана, луьра ду тlехьийзаран институтан тlедахкарш кхочушдар. Кхузахь кхолладелла ду йигар-яхарх лаьц-

на долу аларш – «стаг волчу стага зуда ехна а ялор яц, я ядийна а ялор яц»; «ша лахара хетачо ядайой ялайо»; «кІант волчу кІантана шеца йогІуш йоІ карор ю, йоІ йолчу йоІана шеца вогІуш волу кІант карор ву»; «бІаьрг баьлла, хонашка букъ бойна вацахь, нахана бала а ца беш, зуда яло еза кІанта; бІаьрг баьлла, хонашка букъ бойна яцахь, маре дан меттиг лаха еза йоІа а».

Амма, йоІана божаршца юкъаметтигаш, тІекаренаш лело юьззина маршо елахь а, зударшний, божаршний юккъехь эвхьазлонаш хила йиш ца хилла.

Къилбседа Кавказера дуккха а халкъашлахь санна, жима стаг йоІах дІахьакхавалар нохчаша эвхьазвала гІортар лору, цунах луьра жоп а доьху. Миччахьа йоІ я кІант вовшийн довзарх, и шиъ ший а маьрша хилла шайн харжам бан.

Церан юкъаметтиг иштта дІайоьдуш хилла, кІанта, синкъераме а веана, хелхаран бал сецначу юкъана тхьамде шена вистхила бакъо а йоьхий, йоІе ша дош ала лууш хилар дІахаийтталц.

ЙоІана и бакъо ялале хьалха мехкарийн тхьамде хоттуш хилла, оцу йоьІан гергарчех цхьа а вуй чохь, я йоІа ша хоуьйтуш хилла чохь шена бехке стаг хилар. Нагахь йоьІан гергарчех цхьаъ цигахь хилахь, уьш къамел дина бовллалц иза чуьра араволуш ду. Цул тІаьхьа жимачу стага ша я маттана говза волчу накъостехула къамел деш ду. И къамел ламасталлин хаттарца дІадерзадо: «Хьенех, хІокху сан накъосте хьешан цІарх сакъерар тІелоций ахьа?» Нагахь ша реза елахь, йоІа дош луш хилла, яцахь, цхьа бахьана а хІоттадой, дош ца луш хилла. Билгалдаккха деза, оццу йоІе догдохуш оцу тІегІанехь дуккха а кІентий хила тарлуш ду, иштта тІехьийзинчу хьалхарчу тІегІанехь волчу кІентан а хила тарло догдохуш масех йоІ.

Схьахетарехь, цу кепара тIехьийзаран тIегIа кхолладелла дуккха хан хир ю, и хьаша-да тIеэцаран гIиллакхца доьзна а ду. Иза гойту «хьаша» бохучу терминца. Ламасталлехь хилла хьешан самукъадаккхар массеран а декхар хилар, ткъа хьошалгIа веанчу кIанта ша санна еанчу йоIе сакъоьруш ца хилла, меттигера йоIе бен. Иза массеран а юкъара тIедиллар хилла, ша хьошалгIа яханчу меттиге йоIа шен тIехьийза кIант кхайкхина велахь а, иза цу йоIана кхин а лакхарчу тIегIанехь тIехьийзаш велахь а.

Вовшийн довзар рогIерчу тIегIане хьаладаккха лаам хилча, кIанта цу кепара къамел дIадоло дезаш хилла, дуьненан юкъонан цIарх сакъера дош далар доьхуш. Ткъа хIинца йоIа шена тIелоцуш дерг хьалхарчу тIегIанехьчул лакхара жоьпалла лоруш хилла, хIунда аьлча цаьршиннан юкъаметтиг мелла а гергара хуьлуш хиларна, жимачу стеган сатийсамаш кхочухилар чIагIлуш хиларна.

Шолгlачу тIегIанехь йоьIан тIехьийза кIентий хьалхарчу тIегIанехьчул дуккха а кIезиг хуьлуш хилла. Билгалдаккха деза, оцу тIегIанехь тIехьийзаш волчу кIентан йиш хилла ша догдоху йоI цуьнан лулахой болчу чукхайкха (Органан аьтту бердаца йолчу Ночийчоьхь цунах «ирахьIер» олу), цигахь 4–5 кегийрхо цхьаьна а кхетта.

Кхоалгlа, тIаьххьарлера, тIегIа лара мега «юьртахочун цIарх». И хаттар а синкъерамехь къастош хилла вай лакхахь дийцинчу кепара. Кхузахь йоьIан жоьпалла дуккха а лакхадолу, хIунда аьлча къастош берг цуьнан кхоллам хиларна. Цул тIаьхьа цуьнан йиш хилла кхечу кегийрхошца сакъера, амма царах цхьа а лакхарчу тIегIане хьалаваккха бакъо ца хилла йоьIан, нагахь санна ша йига дагахь волчу кIантера иза резайоцуш хIума ца даьллехь – оьзда

доцу хабар, къаьркъа мийлар, харцахьара лелар, и саннарш а.

Нохчашлахь ловзаршкахь лелаш кхин а цхьа ламаст ду йоІа кІант харжаран. Ловзаргахь волчу муьлххачу а боьршачу стагана тІе кад (хи, моз, ниха) бахьийта бакъо ю йоьІан: цу кепара цуьнга шен дагара дІахоуьйту цо.

Жимачу стага дукхахьолахь йоІана тІехьовза ша дагахь хилар нахана юккъехь дІахоуьйтуш дац, цкъа хьалха йоьІан дагахь дерг шена хаъалц. Шен несехула, гергарчу зударшкахула, лулахошкахула хоуьйту йоІа кІантана иза шена тІехьовза ша магийтар.

Дош дерзош сайн сатийсам бовзийта лаьара, вайн нохчийн тІехьийзаран институтах лаьцна белла хаамаш пайдехь хир бу кегийрхойн юкъаметтигаш, тІекаренаш вовшашца тасарехь аьлла, хІунда аьлча вайзаманахь а шайн мехалла йолуш уьш хиларна. Кхузахь уггар а маьІнехь дерг ду нохчаша йоІаршна шайн хинволу майра харжа маршо луш хилар, цуьнан мехаллах кхеташ а хилла нохчийн йоІ ша маре яхале веккъа цхьаъ бен кІант тІехьийзо ца веза бохучу гурашкахь цахиларна. Эмгаралла, гІорасизалла доьналла цахилар лоруш хилла божаршлахь, ткъа муьлхха йоьІан ларамца сий дан дезаш а хилла. Йоьіан дика амалш, гІиллакхаш дукха мел хили а, цунна тІехьийзар, иза ялор сийлахь лоруш хилла.

ХІокху балха тІехь вай дуьззина ца дийцина нохчийн тІехьовзаран институтах лаьцна. Иза иштта доцца алалур а дац. Оцу шатайпанчу ламастан кІоргенаш, къайленаш, маьІнаш, билгалдаьхна, теллина, довзийтар декхар ду вайн. И болх кхочушбан декхарийлахь ю нохчийн этнографи.

Лакхахь йоІа кІант тІехьовзорах, ханйилларх, араяларх лаьцна къамел хилира вайн. Амма суна кхузахь хьахо луург йигарехь-ялорехь билгалъяьлла керла кеп ю. Вайна юккъе башха яьржина яцахь а, оьздачу наха тІелаьцна а, шех пайда оьцуш а ю иза. Хьовсур вай, евзаш йолчуьнца юьстича, цуьнан хІун башхалла ш ю а, бегІийлаш мел пайденна ю а.

Хууш ма-хиллара, шаьшшиннан дахаран некъаш цхьаьнатоха сацам хиллачу йоьІан, кІентан «къайленаш» нахала ца йовлуш ца юьсу. Иза иштта хилча, тІаьхьа байттамала хуьлуьйтучул, бакъахьа хир дара шина а дас шаьшшиннан юкъаметтигаш хьалххе дІанисйича.

Ша аьлча, нийса хир дара, йоІа араяла диллина де тІекхача 2–3 де дисинчу хенахь кІентан да-нана, кара кІезг-мезиг совгІат а эцна, йоьІан цІеранаш болчу хІиттича.

Цара ала тарлуш дерг: «Вайн кегийрхоша долийна а, церан цхьабарт хилла чекхдаьккхина а долчу гІуллакхна даьхкина тхо. Кхана «хаарий, ца хаарий», «хиънехь» боху хабарш шун цІийнера долалур делахь, уьш орамашкахь хадийча бакъахьа хета тхуна. Нагахь санна тхох шу дашахь, тхан хьал-бахам аша тоийтахь, шуьца долу захало дезаш, оьшуш ду тхо. Амма хилларг хилла даьллачул тІаьхьа, нехан нах юкъа а ийзош, кхунах базар йина, нахана хьалха, цхьацца болчара ма-дарра, шу даздала гІертар делахь, вайна юккъехь эвхьазлонаш тхьаьшна оьшург цахилар хаийта деана тхойшиъ».

Нах болчу нахаца нисделча, цу тІехь гІуллакх хаза, оьзда дІадоьрзу. Нах боцчу нахаца нисделларг, зуда-

рийн кара а доьдий, нах кхарддал хIума хуьлий, марсадолу, гергарлонна юккъе мекха юлу.

Сан шайца къамел хиллачарна хетарехь, оцу кепо, «хиънехь» бохурш юккъера дIадаьхна ца Iаш, массо а агIор аьтто бийр бара гергарлонна.

Цкъа-делахь, йоIа а, кIанта а шайн лаамца шаьшшиннан кхуллуш бен бу иза. ШолгIа-делахь, цхьана агIоно вукхунна хьалха куй бетта ца безаш хьал кхоллало. Кхозлагla-делахь, йоцу цIе езаш, базбала гIертачеран, «вовшах а тоьхна, нах еха ца бахкийтича, гIуллакх хир дац» бохучеран букъ бор ду: вайна юккъера элий хIаллакбина маситта бIе шо дIадаьлла. Цхьа а цхьаннал лакхара я лахара воцуш, цхьанийсса бу нохчий. И бакъдерг гича бакъахьа дара йоцу цIе езаш базбала гIертачарна. Тахана кIентан ден-ненан кисана «хIума» еанера аьлла, калацIолига шайн йоI луш волу стаг я кхоччуш сонта, я кхоччуш сутара хила веза.

Цкъа хьалха йоьIан дагара а хааза йоI еха воьдург оьздангаллех къаьстина я ша дуьнен чу волуш дуьйна а шен сих хьакхаялаза хила веза. Ишттаниг бен цига гIур а вац. Массара дагахь латто дезар-кх: «Букъ бойна а, хонушха а, бIаьрг баьлла а вацахь, нахана шех бала а ца беш, кIанта ша лаха еза шен хIусам чу ер ерг», – аьлла долу оьздачу дайн дешнаш. Иштта массара а дагахь латто дезачех ду аьлла хета нанас шен йоIана дина хьехар а: «Сан хьоменига! Хьо санна жима йолчу хенахь хьан дедас гулдинчу даьхнех Iехаелла еара со кху цIентIе. Карара хи санна, дIадаха иза. Шен коьртаца, кхетамца каракхочу долу даьхни лаха ахьа».

Кхин цхьаъ а эр ду аса: хIара къамел дIадолош йийцинчу кепо гергарло кхоччуш чIагIдан некъ буьллу. ГIиллакх, шина а агIоно лелорца бен, гучадала а, лела а йиш йоцуш хIума ду ала гIоьртира со хьалхарчу мо-

гІанашкахь. Керла кхоллалуш болу доьзал, гІиллакх санна, ши агІо, «ши тІам» ца хилча, кхоллабала йиш йоцучех бу. Нах болчу наха, базбала гІертачара бен, иштта шайна тІедеана захало тІе ца оьцуш меттиг суна ца хааелла. Аса лакхахь хьахийнера, оьздангалла, нохчийн гІиллакхаш хІун ю шайна ца хааре хьаьжжина, нахалахь шайн сий хьаладолу моьттуш базбала а гІоьртий, безаман уьйрана тІехь хІотталуш болу керла доьзал боха а бо, шаьш нах цахилар Іора а доккху.

Шеца нус, я кхин волуш, тоьхначу хенахь ша йиллинчу метте йогІу йоІ. Циггахь шен накъосташца уьш богІу ларбеш хуьлу кІант а. Уьш ларбеш лаьттачарех я гергарчо, я доттагІчо несана кара хІума а (совгІат) кховдайой, бисмилла даккхарца цуьнан куьг лоцу. ТІаккха: «Тахана дуьненахь а, кхана Къемат-дийнахь а, когашна кІелхьара латта, вайга хьоьжуш долу стигалара седарчий, хІара вайна гонах лаьттарш теш лоцуш, тховса дуьйна сан йиша а, тхан нус а ю хьо», – олий, йоІ тІеялийначуьнгара иза схьаоьцу (йоІаца йолчо дІахоьцу цуьнан аьрру куьг).

Нус йоссайо ненаваша волчохь, я и яло ваханчохь йоІах дуьххьара куьг кхетта доттагІ Іачу хІусаме. Дуьненчохь уьш мел дукха бахарх, царна юккъера уьйр-безам лахбала йиш йоцуш гергара нах хуьлу царах. Уьйр ца хеда йоссийначу хІусамца а.

Вай хьалха ма-аллара, кІентан да-нана шайн хинболчу захалошкахь хьалха хиллехь а, шолгІачу Іуьйранна, шун йоІ ша реза а йолуш, хьенехан кІанте еана а, циггахь йоссийна а ю олий, несан верасаш болчу нах хьовсош ду. Циггахь я тІаьхьо леррина бахкийтинчу наха къастадо там-мехаца дерг.

Оьзда ларалуш ду, нагахь тІебаьхкинчара хІара-важа аьлла къамел долийча, бухарчара: «Вайна юкъахь гергарло тасаделла. ДІа коч, схьа коч бохурш

юха а теттина, тхоьгара эшнарг шайн агlорхьара аша дуьжуьйтуш, шуьгара эшнарг оха шуьгара ца лоьхуш цкъачунна керла доьзал дlанисбийр бу вай. Гlиллакхца-гlуллакхца дерг дахаран дохаллехь гайта киртигаш хlуьттур ю шуна тlе. Тlаккха шун мах наха шаьш хадор бу», – аьлча.

Ткъа оьзда боцчу наха и гlуллакх зударийн кара ло. Вуьш-м «хlарий, важий ца хилча йиш яц» олий, «список» а хlоттайой, иза лула-кулахь гойтуш, шайн йоьlан шаьш хадийначу мехах дозалла деш буьйлало. Иштта сурт гича, моьттур ду цара духкург шинара ду. Адаман мах дуьненан даьхница хадалуш бац. Кхуьур йолу тlаьхье хьесапе эцча-м, зудчун мах-м уьссазза лакхара ма бай.

Захало мухха нислуш хилча а, юкъадогlуш а, ца къастийча ца долуш а цхьа юкъара хlума ду.

...Маре яхаза йолчу зудчо газете яздинчу кехато цец-акъ ваькккхина, «иза мичахь, хьаьнца, муха кхиъна хилла-те» бохург дагара ца долу суна, цул тlаьхьа маситта шо даьллехь а. Вайна юкъахь там, мах, урдо олий, декъалуш ду шина агlоно вовшашца лело догlург. И кехат даийтинарг я акхарошна юккъехь кхиъна хиллехь а, я Советан Iедалан векалш ду шаьш бохучарех тешнехь а, нохчийн оьздачу Iадатех цунна хlума хууш цахилар цlена гучуделира. И кехат яздинчун кхетамехь болчарна хаийта боху аса: вайн зуда стеган цlертlе ца йолу мах баллац. Бусалба ву ша бохуш волу стаг нехан зудчух сте ян ца гlерта, мах баллац мукъане а.

Лакхахь яхар-ялор хьахийначохь, «калым», «приданое» бохучу гlарадевллачу дешнашца «Iарбийн», «европин» аьлла, ши система къастийра вай. «Калым» бохург аьрхо хеташ хlума долу дела, Советан Iедалан векалша вай цунах тоьхнера. Амма, ма-дар-

ра дерг дийцича, йоьІан а, кІентан а – шина агІонан коьрта Іалашо, ницкъ кхочург керла кхоллалуш болчу доьзална гІортор хиларехь а, накъосталла дарехь а яра. Оьздачу наха тахана а там бохучу кхетамца лелош дерг дуьххьара дехкардолчу я дехкинчу шинарин мах бу. Ялийначу жимачу зудчун доладоккхуш долчу даьхнех олу урдо. Зудчун бехк а боцуш йитахь я йисахь а аьлла, цунна хене яла тІаьхьалонна схьакъастийна ю и бежана. Ткъа оцу уьстагІ-бежанна экхано хІума дина я цамгаро дожийна хІара йисахь а олий, латта билгалдоккхуш хилла. Доцца аьлча, гІалгІайн санна, къона-къанваллац хІусамнана яло там гулбеш лела дезаш ца хуьлу, я цІадахьаройн санна, йоІ маре яхаро чІана а ца воккху нохчо.

Кхин цхьа хІума а ду кхузахь хьахо дезаш: зуда ялийначохь герз кхоссарх лаьцна. Дайша иза ишттта осалчу даьккхина лелийна дацахь а, ваьш эвхьаз девлла вайн цуьнца. Бакъдерг ала деза: иза эвхьаза тахана а, селхана даьлла а дац. Шемал караваханчул тІаьхьа, тІом, летар долчу хенахь шайгахь герз гарна кхоьруш а лелла, паччахьан Іедал тІедеача, нахана шайгахь герз дуй ца хиъча, шаьш шайн кІезиг хеташ дуй хиъча, шайн цхьа хІума хьаладолу моьттуш, цхьа жуккарийн тоба кхиъна. Цул тІаьхьа церан тоба стамйина революцино а, граждански тІамо а, и. кх. дІ. а. Тахана дукхахболчарна иза вайн оьздачу дайн Іедал хилла а моьтту!

Баккъалла дерг аьлча, доссийначуьра нускал арадаьккхина аьлла хаам беш, топ-тапча яссош хилла – замой новкъабевлла хиларан билгало хилла иза. Шолгіа герз – кирхьа кхача дезачу дІакхаьчна хилар нускална хоуьйтуш дассош хилла (ала мегар ду – замошна). Кхозлагіа герз кхоссаран маьІна-м тахана наггахь волчу воккхачунна бен ца хаьа; гІопехь дуьхьалъ-

яьллачу марнанас несца кхерчана дола дар къуьйсуш даькккхина дов, и шиъ берта а яхана, нус кевнна чоьхьа яьллий юьртана а хоуьйтуш кхуссуш хилла.

Патармин мах адаман дахар лерина волчу нохчийчо, вала а волуш, баттара шаьлта йоккхуш ца хиллийла а, цхьа Іалашо, цхьа маьІна доцуш герз ца дассийнийла а хаа-м дезара белш тІехь шелахойн гІабакхан буьртиг йоцчунна.

ГІиллакхийн орамаш охкур дац аьлла сайна тІе-м лаьцнера аса. Амма кегийчу нехан хІораннан хаттарна жоп делла а ца волу. Цундела къамел жимма дахлахь а, замойн некъ лацарх ца хьахийча нийса хир дац. Тахана иза хьаъа а, миччахьа а лоцу. Цу тІехь вовшашна халахетарш дар а, цатемаш бар а хуьлу. Нус араяькккхинчул тІаьхьа некъ лаца йиш ю зударийн а, берийн а гІопехь. Цул тІаьхьа некъ лаца йиш яц цхьаннен а. Некъ лаьцначо (воккха я жима хуьлда иза) ша вовзуьйту (йоьІан верасах хилар, и хІунда дина бахьана а дуьйцу). Нуц вогІучу хенахь ша цІахь хирг цахилар хоуьйту. Ша ду, замой новкъахь севцча, хелхаран бал боккхуш, садоІуш, тІекхаьчначу некъахочуьнца дерг. Цо пондар-эшар лекхча, я кхин цхьа самукъа долу хІума дахь, цунна совгІат догІу.

Кхин цхьа нун а ду тІаьххьарчу кепахь гучудаьлла: замошна хьалха воккхачу стага Іаса йиллар а, йоккхачу стага йовлакх тасар а. Иза совгІатна деш дац, я совгІате сатуьйсуш а дац. Цуьнан маьІна кхин ду: шен къинхьегамах, хьацарх ваха гІора доцуш, гІо дан, гІо лаца тІаьхье йоцуш висинчу стага, зудчо керла кхоллалуш болчу доьзале ша тІелаца бохург ду. Иза тІелоцуш а хилла, валлалц дел-ненал хьомсара хеташ лелош а, велча, дІаверзош а хилла. ТІехъваьлла дІаваха йиш йоцург а, ца дича ца дериг а хилла иза.

Зуда ялийначохь ловзар хила хьакъ ду, хилча, хаза а ду. Амма цу тIехь цхьа хIума диццдо вай: ловзар коьртаниг делахь а, тойнан иза цхьа дакъа бен дац. Шолгла-делахь, ловзар нускална, иза далийначу кIантана я цу хIусамна деш а, хIоттош а дац, царна цунах вуно кIезиг дакъа кхочу (оьрсаша а, кхидолчу къаьмнаша а шайна лерина до иза). Вай ловзар юьртана, коьртачу декъана, кегийрхошна, церан самукъадаккха, хIоттош ду.

Кегийчарна иза хууш хилча, ловзар дохо уьш богIур бацара аьлла, хета. Тахана, вайна ма-гарра, иза хIоттийначу нахана цунах бала бан, коьртаниг, царна лазам баккха богIу цхьаберш цу ловзарга. Гарехь, оцу гIуллакхах церан самукъа алсам а долу. Ловзар оьзда а, гIиллакхехь а дIадахьар массарна а тIедужу, коьртачу декъана, кегийрхошна. Цундела бакъдолу ловзар тахана наггахь бен хуьлуш дац. Аса хьалха ма-аллара, ловзарга гIерташ йолу, нах аьлча-м, нийса хир дацара царах, пелагаш дикане диканца йогIуш яц. Цундела цкъа а, шозза а нехан меттиг йохош цаьргара хIума даьлча, шайн нахе дIакхайкхабой, лай тIе хиъна къийгаш санна, гучубовлу уьш. Цул совнаха, тIехьийзачу мехкарша буьту, кхечу юьртарчу мехкарша а тIе ца лоцуш лела уьш.

Дагалоцур вай Эвтараршу Курачу Закрис шен дахарехь тIаьххьара аьлла дешнаш: «Кху самукъадаьлла Iачу кегийчу нехан меттиг ца йохо а, той вайна хIоттийначу керта балин марха ца хьовзийта а, дегаюккъе шокъали кхетча, «ахI» ца олуш са долуьйтур дара ас». Ша ма-бохху шен са а далийтина цо, мичахь-муха лела деза гойтуш.

Вайн къонахий хила а хилла, цара вайна масалш а дитина.

Ша бахьана долуш нехан меттиг йохор уггар осалчух лерина ду нохчаша, ворхlе а дайшкахь дуьйна.

Цхьамма а цига кхайкха ца оьшуш (оьрсийн а, иштта кхидолчу къаьмнийн а санна), маьрша тlеваха, дакъалаца йиш йолуш дара вайн ловзар. Иза шена цхьанна я цхьана тобанна, куьпана доцуш, массарна а дакъа кхочуш, массеран а бала кхача безаш юкъара хlума дара, вайна хиъча. Цунах долу дика а, вон а хlоранна а кхачарна, маьрша, юкъара ду иза. Вайн оьздачу дайша вайна йитина хазна яра иза, цуьнан тидам а бина, бала а кхаьчна, дlалело нахана хиъча... лиъча.

Охьаховшаран, мехкарий-кlентий дlанисбаларан ловзаран кеп синкъерамехь ерриг ю. Амма синкъерамехь тидам тlе ца боьдуш дуьсурш кхузахь гучудовлу. Ловзар тхевнна кlелахь дlахьош цахиларе терра, мехкарий дlанисбо я малхбалехьа, я къилбехьа, аьттоне хьожжий. Нагахь санна нах рагlу кlелахь ховшийна а боцуш, малх совбаьлла хьал хlуттуш меттиг нисъелча, царна тlехула гата лоцу.

Дукха мехкарий гулбелла, иштта дукха кегийнах баьхкина меттиг нисъелча, церан шишша-кхоккха могlа бан безаш хуьлу. Юьртара мехкарий хьалхара могlанехь охьаховшу, зудабераш юкъабаьхкина юрт гена мел хили а, уьш дlанисбен могlа ловзаран юкъана гена хуьлу.

Кегий нах дlанисбаларан хlинца дийцинчунна нийсса бlостанехьа нисло: генара баьхкинарш хьалхха ховшу, юьртарниш – мелла а тlехьа могlанашкахь. Хьалха ховша гlерташ, юьртарчу кlенташа кийтарлонаш лелийний-те? Дегабаамаш хиллий-те царний, тlебаьхкинчарний юккъехь? Ца хилла! Ца хилла, уьш къонахий болу дела!

Ловзаргахь адам дукха гулдаларна, дистхиларца аьтто лахбалар бахьаненна, синкъерамехь санна, кхузахь лелаш дац йоl-кlант вовшийн зер-таллар. Кхузахь кlентан дагахь дерг йоlе, йоьlан дагара кlантана, уьш хьалха дуьйна а бевзаш хиллехь, дlасакхоьхьуш леррина къастийна тоба ю. Йоlа, хьала а айалой, маршалла хаттаран кеп хlоттийча бен, кlанта йоlана тlе хабар дохьуьйтуш а ца хилла. Вай ойла йича, таханлерачу хьолаца дуьстича, иза доккха ниlмат ма ду!!!

Синкъерамца дуьстича, кхин цхьа башхалла а ю кхузахь. Кегийчу нехан тхьамдийн метта шен шина накъостца коьртехь lаш инарла ву, царна хьалхьарчу стоьла тlехь – даар-малар. Вай лакхахь хьахийнарг йоцург, царна гlо деш кхин а тобанаш ю мехкарийн а, божарийн а: хелхабахаран раж ларйийриг, маларан кад дlасакхоьхьучийн, жухlаргийн, пурстоьпан. Оцу тобанаша хlораммо а дlакхоьхьу шен-шена тlедиллина декхар.

Инарлина а (хlара кеп юкъа яле муха хилла-те аьлла, теллина дац. Хlара юккъехь яржар оьрсийн бlаьна амалш йовзарца доьзна ду), цуьнан шина накъостана а тlехь декхараллин доккха дукъ lуьллу. Той долчу дас, ловзар, инарла векал а вина, цуьнан кара дlаделла ду. Цхьана хенахь тойнан дас инарлина тlедуьллуш хилла пондарча а, зурманча а, вотанча а, пелхьонаш а лахар, кхайкхина балор. Ловзар шен хотlехь дlадахьар, цуьнан дикалла-хазалла гучуялар инарлин корматаллех доьзна хилла. Тахана схьахlуттучу суьртехь, кегийчу нахана шаьш муха лела беза цахааррий, баккхийчарна ловзар дlа муха кхехьа деза цахааррий, вай хlинца йийцина каспах (тахана – профессия, в средние века – цех боху маьlна ду) йолчу нехан тоба лахъяларца доьзна-м дац-те аьлла, хета.

Кхин цхьа хIума а ду ловзаргахь къаьсттина гучудолуш – синкъерамах хьаьрчина дуьсуш дерг. Иза халхар ду. Вайн лакхахь ма-аллара, къонах гонна юккъехь тIаьрзенаш дIасакхуьйсуш веттаваларх, цунах халхар хуьлуш дац. Цуьнан шен кеп, маьIна, орамаш ду; маьIна ду хIора боккхучу коган лоран, лоцучу куьйган, дIасаверзаран, хьовзаран, бIаьргтохаран. Цхьана гена яханчу хенахь, тахана санна, халхарна талмажалла дан дезаш ца хилла. Дагахь доллучуьра аьлча, вайн тахана ладугIу эшарш аьлла цIе тиллинчийн дешнаш массарна а дагахь хууш хилла. Амма таханлерчу денна дукхахьолахь уьш вай дицдина. Наггахь а хир вац оцу мукъамийн дешнаш дагахь хууш.

Нохчийн хелхар кхаа декъе декъалуш ду:

1) мифологема (кхузахь ширачу грекийн мифаш, лабиринт, нить Ариадны, подвиг Тесея дага ца лаьцча, кхетар дац дуьйцучух);

2) хелхар (ша лелийнарг, гинарг, чекхваьлларг дуьйцу цу халхарехь жимачу стага);

3) дерзор.

Вай дийцинарг кIанта дечу халхарх дара. Ткъа йоIа дечу хелхаран маьIна тахана а таллаза ду.

Кхузахь дуьйцург билгалдер ду хелхаран кепан сурт бIаьрга дуьхьал хIоттийча. РагI тIекхаьчча халхавала хьалагIаттаво кIант, цул жимма тIаьхьа хьалагIаттайо йоI а. Иза хьалагIаьттина яллалц, шеца охьахевшина болчу накъосташца къастаран, вовшахдовлара кеп хIоттош соцу жима стаг. Ший а кийча делахь (синхронно), дIадолалой, тхьамдий, инарлий волчу «баьрче» дIахIутту. Цигара дIа аьтту белш хьалха а йоккхий, халхар дIадоладо цушимма. Цхьаъ вукхул гат а беш, уьш, ши-кхо го боккхуш, гонна юкъе доьду. Гучуйолу лар лабиринт хилар чIабдаран ламаройн шаьлта (шуьйра евза дагестански аьлла),

чхо кепехь дуьхь-дуьхьал нисделча (аьрру белш чоьхьа йолуш), уггар тидам тIебохуьйтург: цхьа гIулч яьккхина йолана тIехьа нисвелла, 90% аьрру агIор вирзича, йолана тIехьа нисвала таро хуьлуш волу кIант, вала а волуш ца йоккхуш йолу аьрру белш хьалха йоккхуш, 180%-на хьаьвзий нисло йолана тIехьа!!!

Тахана-м кIанта, ша йолана тIехьа нис ма велла, иза шен «тIеман кIел» ма лоций. Амма тидам бел, хелхаран цIена кеп хууш волчу воккхачу стага ша хелхаволуш куьг белшал лакха айдо я ца айдо. Цо иза дийр дац. Буй банза куьг а, голехь саттийна пхьарс йоьIан букъ тIехьахула хьаладохуьйту, тIаккха кога буьхьара хIутту кеп а йой, йолА ког баккхале, охьадохуьйту, юха хьала а ца ойу го бастталц.

Тидам бер вайн хIинца: йоI хьалха, кIант тIехьа, цхьаьна, амма тIема кIел лоций-м ца хуьлу йоI. Шолгlачу декъехь, йоI тIема кIел «лоций» лелош елахь, хIинца йолА воккху кIант юкъара ара. Ша тхьамдина хьалха нисвелча, иза соцунгIа хуьлу, йоI, инарлина хьалха дIайоьдий, соцу. Вай дуьйцу хелхаран шолгIа дакъа тIаккха долало.

Го хьовзочу хенахь, кIант боларца воьду гонна юкъа (тIехьара ког хьалхабоккхуш дерг ду иза). Хелха волучу хенахь стаг адам хилла ца Iа, цуьнгахь долчух «сокральное состояние» олу. КIентан верзар йолана тIехьа хуьлу (вайн эргономични система хиларехь чIогIа тамашена ду иза), цул тIаьхьа цо деш дерг геннара орамаш долуш хIума ду – Iилманехь «превращение» олу цунах. Иза го хьовзочу хенахь адам ду, амма сакральни состоянехь ву иза. Гонна юккъе къаьчначул тIаьхьа «божество» хуьлу цунах. Я кхечу дешнашца аьлча, «дух». Цундела го бостучу хенахь болар а хийцало цуьнан – сайн болар (хьалха баьлла ког кхин

а жимма хьалха тосуш). Иза нохчашна юккъехь бен ца гина суна.

Халхар дерзоран а ю хlотто бух а, лаца тlам а болуш шен кеп. Тахана гlалахь самодеятельни кружокехь lемина йоl, юьртан ловзарга нисъеллачохь айина куьйгаш а долуш, къаьхкина йоьду говр санна, юха а хьоьжуш, йодий шен метта охьахуу. Иза нийса дац. Куьйгаш охьадахийтар кlантана а, цигахь мел нисвеллачунна а хаам бу йоlа шен халхаялар сацийна хилар. Цул тlаьхьа а ца йоьду иза шен меттиге. Шеца халхаволуш хиллачо, инарлина хьалха сецначул тlаьхьа шена корта таlош баркалла аллалц, «шайн» тхьамдина хьалха соцу, цхьаболчара-м, и баркалла тхьамдина олуш ду, олу. Тlаккха цхьаьний (синхронно) шаьшиннан метта доьдий, кlант – хьалха, йоl – жимма тlаьхьа, охьаховшу.

Вайн лакхахь хьаха ма-дарра, нохчийн ловзаргахь, патарми чуьра молха доьхкина а, совгlатна хlума охьа ца юьллуш дlавоьдуш ца хилла. Вай кхузахь буьйцурш шуьне кхайкхинарш бац. Царна хьалха-м ши декхар lуьллу – совгlат дар, нус гучуйоккхуш мотт бастийтар. Билгалдан догlу, несе кховдош дерг цуьнан хилар. Тlаьхьо цо иза марнене кховдийча, бегlийла ду. Амма кхин а оьзда хир ду, нагахь марнанас иза несехь дитича («Сан бlаьрг, кхетам тlе ца кхочуш дукха хlума ду хlинца юкъахь лелаш, вай юьхьlаьржа ца хlотта тарлучуьнга хьовзор ахьа»).

Ловзарга нисвеллачу жимачу стаге «хlете-вете а хlума таса еза ахьа» бохург нохчаша юкъара дlадаькхина. Цуьнан бахьана, суна хетарехь, вайна сих-сиха тlехlуьттуш долчу халачу хьелех кхоьруш кегий нах ловзарх херабахар ду. Иза а вайн оьздачу дайшкара ца даьлла, хьаьнгара дер дара?!

НОХЧАШЛАХЬ НУСКАЛ НЕСАН ДЕКХАРШ КХОЧУШДАН ЙОЛАЕЛЧА

Нохчийн къомо къаьсттина лерина терго йо доьзалан а, Iер-дахаран а, тIаьхье кхиоран бух и хиларе терра. Оьзда тIаьхье кхиоран хаттар нохчалшахь къеначу шерашкахь дуьйна дерриг дахар чекхдаллалц кхочушдеш ду. Бакъду, билгалдаккха догIу, нохчий, Сибрехара цIабирзинчул тIаьхьа а, тIаккха «деха сом» даккха (шабашке) эха буьйлабелча а, иштта хьежамаш а, дай-нанойн декхар боху кхетам а гуш лаьтташехь хийца буьйлира. Тахана коьрта лору стаг хьалдолуш хилар, цо юкъараллехь дIалоцу меттиг маьIне а ца лоцу, цо лелош йолу кураллаш, дозаллаш ган а ца го. «ТIеда толлан хьокха кхетта вайна букъан бохалла», – иштта олу цу кепара синош сакхте хиллачех. И «ун» хIумма диканиг дохьуш догIург цахиларх хIетахь дуьйна кхеташ бара дуккха а нах. Цуьнгара уггар боккха кхерам бу, иза, Iеха санна, нохчийн доьзалх – нохчийн халкъан дагах, гезгмаша хилла, хьерчаш хилар, ткъа вайн халкъ и сакхташ цахиларца къаьсташ ма дара вайна луларчу, генарчу халкъех. ХIинца гена дIаяхна ма яц йоI маре дIалуш там-мах бечу хенахь цу юкъа зударий гIоьртуьйтуш ца хилла хан.

«Делан лаамца рицкънаш хилар бахьана долуш, керла доьзал кхоллабелла. Тахана вайн а, шун а декхар ду, уьш, ницкъ ма-кхоччу гIо деш, Iалашбар. ДIа – коч, схьа – коч боху кIезиг хIуманаш лелор дац вай», – олура нохчаша.

Советан этнографически Iилманехь юкъадалийна долу зуда ялаяле а, ялийначул тIаьхьа а лелош долу ламасташ, нохчийн кхетамехь «нускал», «нус» бохучу даржашка хьаьжча, нохчийн ламасташна бIостанехьа ду, цу тIехь гуш ду нохчийн доьзалан шатайпаналла.

Хууш ма-хиллара, нохчийн йоlарий гуттар а маьрша хилла щайн даго хаьржина стаг харжа. Эзарнаш шерашкахь иштта бакъо шайн хиларе хийла сатийсина кхечу халкъийн зударша. Тахана а ду, масала, Суьйлийчуьра халкъашлахь, цхьадолчу юххера гергарчаьрца захалонаш деш lедал; хlирийн а, гlалгlайн а – ден я ненан агlорхьара гергарлонаш делахь а. Суна бевзина гlалгlайн баккхий зударий, шайн хинйолу нус хоржуш, цуьнан схьаялар шайца цlийн гергарло хилар маьlна лоруш, леррина цуьнан хьесапаш деш.

Ткъа нохчашлахь дай-наной, кхиболу баккхийнаш а къона доьзал кхоллабаларна юкъагlерташ ца хилла. И бахьанехь кхолладелла къоначарна вовшашна бовзар хилийта тайп-тайпана некъаш, царна юкъабогlу шен лаккхара мехалла йолу «синкъерам» а. Ткъа цуьнан мел доккха маьlна ду, вай хlинца а тlаьхьакхиъна дац! Кхузахь билгалдаккха догlу, цхьадолчу шаьш «цивилизованни» лоруш долчу халкъашлахь хилла болу кхачамбацар – эмгаралла – царал дуккха а хьалха заманахь дуьйна шайна юкъара дlабаьккхина хилла нохчаша, хlунда аьлча цара лоруш ма-хиллара, йоl цхьана стагана къастийна, цуьнан долахь бен хила бакъо цахилар, цуьнга бен сакъера ца деза бохург нийса ца лерина вайн дайша. Иза мехкан юкъара ю, шен рицкъ долчче кхочур ю, ткъа цуьнан рицкъанаш мичахь ду, Далла бен, ца хаьа.

Вай тахана генетикин lилманан кхиаран агlорхьара дийцаре дича, гуш ду, царна (нохчийн дайшна) lилманан генетикин хаарийн къайленаш дика евзаш хилла хилар, билггачу цхьана дозанашкахь хромосомийн генетикин тlаьхьало шайн кхиар соцуш хиларх дерг а. Ткъа нохчашлахь и хаттар луьра билгалдаьккхина ду: ден агlорхьара – 7 чкъор, ненан агlорхьара – 8 чкъор хийцаделла дацахь, захало дар магош дац.

Дала кхоьллинчу Адаман маршонах лаьцна болу нохчийн дуьнене хьежаран кхетам оцу лаккхара маьIна долчу хаттарна жоп доцуш ца бисна. Адаман тоьлла амалш, тIекхуьучу чкъуран могушалла ларъяр хилла цунна бухе диллинарг, цу тIера бен дIадоло бакъо ца хилла и Iалашо кхочушъяр. Цкъа а ца хиллачу кепара Iилманаш долчу хIокху XXI-чу бIешарехь а цецвоккхуш бу нохчийн цхьаболу кхетамаш. Масала, зудчунна ницкъ ца беш дуьненчу даьккхина бер, тахана дукхахболчу гинекологаша тоьшалла ма-дарра, цхьа сакхталла шеца йоцуш хила йиш яц! Я сица, я дегIаца цхьа айп доцуш дуьнен чу дер дац иштта бер!

Европехь, бусулба Малхбалехь массо кепара иллешца гIарабевлла болу лаккхара синхаамийн безам нохчаша зезаган, цIеран васташца буьстина, ткъа кхиазхойн, тIех къоначийн и синхаам цхьана ханна, гуттаренна боцу безам лерина. Доьзалан бухе, ларде биллина стоьмах, алунах болу кхетамаш – «уьйр-марзо»!

Цуьнан маьIна шайна хууш ца хиллехь а, амма вайн дайшна даго хьоьхуш хилла и нохчаша захалонан ламасталлин къепе шайна юкъахь дIахIотточу заманашкахь дуьйна.

Нагахь санна доьзалехь барттий, безаммий бацахь, церан тIаьхье дегIан а, син а айп шеца доцуш хир яц, хеташ хилла вайн дайшна; иштта кхетам «доьзал кхолларан» бухе а биллина цара. Къона шиъ вовшашка безам болуш хилар хилла нохчаша доьзал кхолларехь уггар коьрта лоруш дерг.

Цу кеппара, «нускалх» «нус» той дIадирзинчул тIаьхьа ца хуьлу, цул тIаьхьа масех де а даьлла, иза лаккхара ларамца юьртан шовдане я хитIа яьккхинчул тIаьхьа бен. Кхидlа йолчу хенахь несан хьал-статус хийцалуш схьадогIур ду: шен бер дуьнентIе даьлча, шен хIусам кхерча цо цIе латийча...

Вай я вайга культурех лаьцна дуьйцучу хенахь, хIун ойла кхоллало вайн? Илланчаш, хелхарчаш, суртдиллархой? Масане культурин цIа ду вайн, ткъа церан цIе «Оьздангаллин цIа» аьлла билгалъяккхарца ваьш уггар а лекхачу тIегIане кхаьчна а хеталуш. Амма, ма-дарра аьлча, иза тIехула гуш дерг бен дац, вайн бIаьрго схьалоцург бен. Оцу тIегIанехь дIадоьду-кх культурин баххаш талхор, цуьнан мехалла лахъялар. ЧIогIа оьшуш ду цуьнан уггар маьIне агIонаш даима а керл-керлачунна тIехь кхиор, и таллар, цунах кхетар. Кхочушдой-те, ткъа, и вай? Цунах лаьцна шатайпа къамел хила деза. Баккъалла йолу культура гIелъялар вай долчохь хилла ца Iа, вайзаманан дуьненан «ун» хилла дIахIоьттина и. Бакъду, атта-м ду, «тхо халкъана децаш ду» бохуш, цу декъехь деш-дуьтуш хIума а доцуш Iен.

Ерриг заманийн а, халкъийн а «культура» бохучу кхетаман доцца маьIна долу дешнаш вовшахтуьйхира аса. Ах эзар гергга гулделира сан уьш, амма царах цхьамма а жоп ца делира сан хаттаршна. Цуьнца цхьаьна цхьа хIума билгалдаьккхира аса сайна: оцу кхетамна юкъара шен юххьехь дуьйна цуьнан бухехь хилла долу кхолларалла я кхоллар бохург дIадаьккхича, цу кхетаман маьIна дIадолу. Суна хетарехь, вайзаманан культурологин литературехь дуккха а авторша беш болу къастамаш цхьаьна а кепара кхетам луш бац культурин а, кхолларалларин а вовшашца зIе хиларх лаьцна.

Суна хетарехь, цул а кIезиг маьIна долуш дац «цивилизации» боху кхетам къастор а. Культурех лаьцна болу кхетам санна, цу кхетамна юкъа а дуьллу вай вешан коьрте мел деанарг, цу тIе, иза тIех деста а дестийна. Цу процессан технологин агIо ца йийцича, цуьнан некъ оьздангаллин бух тIера схьаболабелла бу, гIиллакх-оьздангалла бохург тахана тесна дитинехь а. Ма-дарра

аьлча, тІаккха цивилизацин шен маьІна дІадолу, и тахана вайна гуш а ду. Цуьнца цхьаьна аьлча, бакъйолу, къайлах культура а ю. И дІайолало ойланна тІера, стаг оьзда веш волчу кхолларалли къинхьегамна цунна ницкъ луш. И культура ю адам куьг а лаьцна дикачу гІуллакхашна, ойланашна, лехамашна тІевуьгуш ерг. Вай юьйцуш ерг иштта йолу нохчийн культура ю, цунах лаьцна дийца йиш яцара дІаяханчу заманахь.

Массо агІор халонаша го бина ду вай. Церан юьхь а, чакхе а яц. ХІара хала, луьра зама ю, амма цуьнца цхьаьна беркате а йолуш, хІунда аьлча вайн тІаьхьенаш шайна биллинчу, гайтинчу новкъа дІагІур ю. Оьшуш дерг ду дуккха а гІуллакхашна юкъара уггар мехала, маьІне дерш схьахаржар. Вайна тІехь къаьсттина жоьпалла ду тахана, и жоьпалла хууш хила а деза вай. Соьга и кхочушдалуш ду, нагахь Хьо, Иза, Шу суна юххехь хилахь.

Нохчийн халкъана тІебеана болу боккха бохам цкъа а багах ца баьккхина вай хІокху иттех шарахь. Шен буххелц дІахадий дагарца культура – кегийрхой Іилманна тІеерзош йолу культура. Цунах вай кхетар ду, нагахь Юккъерчу Азера цІа богІуш болчийн тІаьхьенан ойланашший, сатийсамашший таханлерчу къоначу чкъуран ойланашца а, билгалонашца а дуьстича. ХІетахь къоначара сатуьйсура баккъалла долу диплом даккхаре, ткъа тахана еккъа мужалт хилча тоьу. ТІаккха дас-нанас дІасхьа ка а тоьхна, цхьана бегІийлачу метте балха тосур ма бу уьш. Ма инзаре йоккха башхалла а ю! Ма йистйоцу Іин ду царна юккъехь! Ткъа вай ма-дарра аьлча, хІара дуьне, хІинц-хІинца бен, гІулч йоккхуш а ма дац тІехлакхара корматаллаш кхиоран Іилманан замане. Вай рицкъанна тІе ойла йирзина дохку. Шеко йоцуш, и маьІне ду, оьшуш а ду. Амма цуьнца цхьана иштта маьІна дерг кхин а ма ду. И. Канта ма-аллара, «шина кога лела мас йоцу са». Адаман куьце далош дерг ду иза. И ду-кха вайна тахана уггар чІогІа ца тоьуш дерг! Цуьнан ойла ян

езара хIораммо а, массара а. Кхетадо вай вешан кхетам «культуре» бало безаш хиларх, оьзда хила дезарх. Цу кеппара, хьалхарчу тIегIане долу Цуьнан Локхалла Кхетош-Кхиор. Къаьсттина мехала ду и вайна, нохчашна, хIунда аьлча «Iилмано кIелхьардоккхур ду дуьне» бохучу кхайкхам-лозунго, 2,5 эзар шарахь цивилизацин дуьненахь ша хиллачул тIаьхьа, шен гIорасизалла гойту. Дахаро вайна ма-гайттара, Iилмано ца кхетадо Адам, ткъа гIиллакх-оьздангалла йоцуш, цхьацца хаарех буьзна дуо бо цо цунах. Тахана вайна маьIнехь дерг ду юкъаралла кхетош-кхиоран болх жигара баккхар.

Ширачу заманашкахь дуьйна хилла нохчийн юкъараллин бохамаш: йокъо хоьттича, ун иккхича, сагIа доккхуш. Хаац, кхин хIун бохам тIебан беза вайна, нагахь тахана вайн шина харжамна тIедаьхкина хилча: «Хир ду я дац нохчийн халкъ?» Кхузахь аса масална даладо вайн халхарх лаьцна. Вай ишта-вуьшта ду бохуш, вайга шаьш-шайн некха тIе буй беттийтархьама далош дац хIара. Даладо, билггалдолчу масална тIехь вай дуккха дийца, нохчийн культурин бакъйолу истори хилар дIахаийта, «тох-тох-хIоппIахь» бохучул кIорггера маьIна долуш халхар хиларна.

ХХ-гIа бIешеран 60–70-гIа шерийн юьххьехь «Советская этнография» журнал тIехь яра бохь богIарца когийн пIелгаш тIе буьхьар хIуьттучу халхаран «Пуант-э» историх лаьцна. Оцу ламастан юьхь вайн шоларал хьалха II–I-ре эзар шеран замане схьайогIу. И мичара схьадаьлла ду, билггал гайта а гойту – Юккъера Кавказ. Бакъду, и ламаст гойтуш археологически культурехь аьчкан гIирсаш тIехь адамаш а, говраш а когабуьхьар хIиттина суьрташ ду. И ламаст кхолладаларна тIера аьчкан экъанаш тIехь церан суьрташ гайтталц йолу хан тидаме эцча, бIеннаш шераш дIадахна. ТIаккха кхета хала дац, мел генарчу шираллера дуьйна кхолладелла схьадогIуш ду бохь богIар. Билгалдаккха деза, «хелхар»

бохург нохчаша деккъа цхьана самукъенна, синкъерамна кхоьллина хилла ца Іа. Иза биллгал цхьа гІуллакх кхочушдар ду, шена чохь кІорггера маьІна а долуш. ХІора гІулч, ког шаршор, хІора хьажар, корта, куьйгаш, пІелгаш лелор шайн-шайн маьІна долуш ду. ХІора халхар мацах хьалха шен-шен маьІна, йоза долуш хилла.

Халхар мифологин декъехь Тессейн муьрехь дуьйна шен юьхь йолуш ду, шен билгал долу сурт-кеп а йолуш. Дуьхь-дуьхьал хевшина Іачу мехкарший, кІенташий биъ са болу го хІоттабо. Мехкарийн, кІентийн тхьамданаш дуьхь-дуьхьал йолчу меттигашкахь хилла. Шайн-шайн тхьамдина хьалхара дІадолош хилла мехкарший, кІентарший халхар, цундела го юккъехь шаьшшиъ дуьхь-дуьхьал нисдаллалц, сахьтан санна а доцуш, къилбан (компас) цхьамзано санна, цу кепара цу гона юкъахь кхоллало Сетлар (лабиринт). Хелхар шен сюжетан дакъошка декъало:

1) Юьхь, я Сетларах а, Ариаднин тайх а лаьцна йолу мифаш гайтар;

2) ша халхар дар;

3) халхар дІадерзор.

Юьхь (преамбула) – ширачу желтойн мифийн турпалхо Тесей Минойски Сетлар чу валар. Кхузахь билгалдаккха догІу, лардина нохчаша шех «ка-болар» олург – хедош гІулчаш яхар.

Великобританин паччахьан кертахь тахана а го и болар. Цу кепара гІулчаш яхарца дІахьо Римехь «Мадонна». И ламаст нохчаша дерриг а ша ма-дарра лардина.

Сетларна юккъехь шаьшшиъ тІеттІакхаччалц я йоІа, я кІанта а куьйгаш хьала ца ойбу. Цхьаьнакхетар а ца хуьлу церан вовшашна юьхьдуьхьал, аьрру белшаш вовшашна тІеерзорца хуьлу. Дуьненахь массеран а санна, адамашлахь а лелош ду ницкъ ларбаран закон, ткъа вай юьйцучу меттехь кІанта, хьалхахьа гІулч тасаран меттана, 90 градус дІа а воьрзуш, йоьІан аьтту куьг схьа

а ца лоцуш, аьрру белш хьалхахьа а йолуш, 180 градус го тосу. Когабуьхьар а хIуттий, аьтту куьг шен дегIаца нийсса хьаладохуьйту. Халхаран маьIница, оцу юкъана иза, адам а доцуш, «эла» волу сурт хIутту. Оцу хенахь йоIа, аьтту белш хьалхахьа а йолуш, ахгуо хьо кIантана гонаха, ткъа иза, когабуьхьар лаьтташ волуш, куьг нийсса хьала а дахийтина, цунна тIаьххье 180 градус тIевоьрзу. Цу тIера дIадолало сетлар ястар, амма юханехьа долало гонаш тийсар. Хьанна хаьа, ша дIавоьрзучу хенахь халхарча когабуьхьар хила везаш хилла хила а мега, амма билггал иштта ца хилча а, мегаш хилла. Амма «кIентан гIулч» хIинца кхечу кепара хилла – «сен болар»!

Шена тIе тидам бохуьйтуш кхин цхьаъ а ду: сетларан сурт хIоттор йолехь гуш ду. Цуьнан маьIна хIинца а даьстина дац. Йоla аьрру куьг шен лергал лекха хьала ойу, амма коьрта тIехула ца долуьйту. КIанта оцу муьрехь куьйгаш хьала ца ойу, шеца хелхайолучунна аьтту агIорхьа а ца волу. Сетлар «дIаяьстинчул» тIаьхьа кIанттий, йоIIий шаьш хелхар дIадолийначу юхадогIу. Амма йоI божарийн тхьамдина хьалха соцу, ткъа кIант – зударийн тхьамдина хьалха.

Хелхар дечу хенахь гIулчаш тайп-тайпана яхар Кавказера кхечу къаьмнашкахь лелош ца хилла.

Вайн дуьйцучу халхаран таллам бар аьллачунна тIехдолуш дац. Кхузахь доцца аьлла ду цуьнан чулацамах лаьцна, ткъа дуьззина къамел дар чекхдаьлла дац.

Тесейн цIарца доьзна долу халхар хьахийначу антични авторех лаьцна аьлча, аса Плутарха дийцинарг даладо масална:

XXI. Критера ша юхавогIуш Тесей Делос гIайре тIе кхочу. Далла сагIа а даьккхина, цунна Афродитин статуя а хIоттийна, цо кегийчу нахаца цхьаьна халхар до мукъамца чолхе-чучча когаш а хьийзош. Цул тIаьхьа халхарчаш юьхьанцарчу кепехь дIахIуьтту, сетларан чолхечу некъан сурт хIоттош.

Историка Диксарха бахарехь, делосхоша цу хелхарх «гlаргlулеш» олу. Тесейс и халхар до дийнатийн маlанех хьаладоьттинчу Аьрру Маlанийн (роговой) алтарьна гонах. (*Хаьржина дахарх йозанаш. 2-на томехь. Т. 1. – М.: 1986, 41 агlо*).

Плутарха дийцина долу маlанийн алтарьна гонах дийцина халхар кхин чулацам болуш ду. Цунах тардарш ган тарлуш ду вайзаманан желтойн цхьаьнадечу хелхаршкахь а, молдаванийн «Жок» халхарехь а, эрмалойн йовлакхашца дечу халхарехь а. Оцу хелхарша мелла сурт кхуллу вайна Тесейс Делос гlайре тlехь Маlанийн алтарьна гонах диначу халхарийн. Цо динарг тобанца цхьаьна ду, ткъа вайниг – Сетларна чохь болу хиламаш гойтуш ду. Цо ойла кхуллу, вайн «халхар» къайлах, цхьана гонехь дlахьуш долу ламасталлин гlуллакх хилла аьлла.

Элладин мифологис шен Турпалхой цхьаьнатуху. Амма уьш нийсархой хилла бохург дац иза. Ткъа вай тlечlагlдан йиш ю, нагахь санна Орфейс халкъан Олимпе музыка хьалаайинехь, халхарехь изза кхочушдина Тесейс. Цаьршиннан хьалха-тlаьхьа муьлха-мила хилла бохучу хаттарна жоп дала хала ду.

Плутархан хаамаша ойла кхуллу, Тесейс юкъадаьхна долу Истмийски хьуьнарш къовсар Олимпийски ловзарел хьалха хилла олий. Хьанна хаьа, ширачу желтойн а хилла хир бу шайн Ши юьхь йолу Янусар Гераклар а, Тесейн а суьртехь; хьалхарниг, хууш ма-хиллара, Зевсан-Цеусан-Деласан суьрта тlехь, ткъа шолгlаниг – Посейдонан.

Цу тlехь чекх ца долу сюжетехь хьахийначун «къайленаш» lораяхар. Хаттар кхоллало мифашкахь ши юьхь йолу Дела-зударех лаьцна. Тхан материалашца уьш бу Афродита а, Афина а. Цу кеппара, дийнна цхьамогlа хеттарш кхоллалло, ткъа царна жоьпаш атта карор дац. Нагахь санна вайна вешан халхаран истори дика евзаш елхьара, тахана цара и маьттаза доккхур дацара.

ПХЬОЬГІА

Литературин меттан низамца **«пхьоьха»** яздан догlуш ду. Амма маьlне диллича, орамашка хьаьжча, лелла некъаш теллича, **«пхьоьгlа»** яздича нийса ду. Дуьненчуьра массо а къам чекхдаьлла цхьацца нашан кхиаман тlегlенех. Царах цхьаъ, дуьненан Iилмано къасторехь, матриархатах патриархат къаьстинчу хенахь лелларш ду. Ткъа дуьненчуьра цхьадолу къаьмнаш цу тlегlанна хlинца а гена довлаза ду. «Мужской союз» олуш къайлаяьккхина тоба хуьлу церан. Бисинчарна цара лелориг, дуьйцург хаа йиш а яц.

Цхьа хан-зама яьлча, мелла а амалш малъелча (не в смысле ослабли, а приобрели человечность), юьртана юккъехь, церан бен, цу чу ког баккха йиш а йоцуш, доккха цlа (гlишло) хlоттадо божарша. Iилманехь «мужской дом» олу цу цlийнах. Цунах дисинарг ду вайн «пхьоьха» олург. Кавказерчу, массо а бохург санна, къаьмнашна юккъехь лелаш ю иза. Амма гуьржийн, ламаройн, вайн, гlалгlайн бен, цlарца цхьаьна йогlуш яц.

Цхьа тамашийна хlума а хааделла суна: вайн, гlалгlайн цхьатера дош нисделча, юккъехь вовшийн барт бича санна, хlуъу дина а, цхьатера ца хилийта гlерташ, чучхара доккху. Масала, и дош вай хевсураша санна яздеш ду, гlалгlаша – хила ма-деззара. И тайпана масалш дало дуккха а долуш ду.

Пхьоьхана бовла бакъо ерш гlеметта хlиттина, юкъ йихкина, жималлех чекхбевлла, гlароле бахийта, хlитто, пхьа хьарча, чlир эца йиш йолу нах бу.

Дагалацал, вайн зударий (тахана-м митингашкахь церан дош хьалха ду) пхьоьханахь дош догlуш ца хилла. Нагахь санна цхьа хlума юкъадаккха шайна лиъча, воьхий валавой, шайна хетарг довзийта пхьоьхана векал хьажош хилла цара.

Ишттачохь дош ца догlу кхиазхойн а.

Вайн гlад дуткъадалар бахьанехь, кху тlаьхьарчу маситта бlешерашкахь, юкъ яьстина болчу баккхийчеран дош лела доьлла цигахь. Амма хьалха санна, чlиранна юкъа ца бохуьйтуш битина уьш нохчаша. Пхьоьхин гlеметта («в возрасте воинов» эр дара, оьрсийн маттахь ала дезаш хилча) имам Мансур волчу хенахь 21 шо лелла хиллехь, Шемалан заманахь 15 шаре охьаеана иза. 67 шо «юкъ йосту хан» аьлла маца юкъадеана, хаац. Амма дукхахболчарна моттарехь, бусалба динца доьзна ду иза. Мохьаммад-пайхамар, Делера салам-маршалла хиларг, 64 шарахь ваьхна, цуьнан сийнна нохчаша цунна тlе кхо шо тоьхна.

Цул а хьалха леллачу хенахь юкъ йосту хан, цхьацца къедаршка ладоьгlча, 63 шо хиллачух тера ду. Бакъду, цул тlаьхьа стеган, герз-м хьовха, шаьлта ехка а йиш ца хилла. Шатайпана, вайн хlинца бежана дуьйчу хенахь лелочух терра доккха урс лелош хилла юкъ йосту хан йолчо шаьлтанан метта. Тахана шаьлта («кинжал») олуш йолчух «чlабдар» олуш хилла вайн дайша. Бакъйолу шаьлта ши чхо цхьана агlон тlехь йолуш хилла.

Баккъалла аьлча, пхьоьха, тахана санна, эладитанаш дуьйцу а, кlезиг хlуманаш хьехо а меттиг яц. Цигахь дуьйцург, хьахориг, къасториг – нашаца догlушший, нашана кхочушдерггий хилла. Хlунда аьлча, юьртан кхел цигахь еш а, кхочушъеш а, чекхйоккхуш а хилла.

Пхьоьханан лараш хlинца ю вайн лаьмнашца. Цуьнан го – оьгlазваханчу стага йоккхуш йолу ялх гlулч хуьлуш хилла. Схьадуьйцуш долу бахьана: ша и гlулчаш йохуш оьгlазвахана стаг ваставала декхар ду. Хьайн довхочунна тlекхача и гlулчаш яххал

хан ю хьан. Оццу муьрехь ойла а яй, хьайн кийрара оьгIазло дIаяккха аьлла, хинйолчу тIаьхьенна дина Весет хилла хир ду-кх иза. Нагахь санна сихвелла шаьлта яьккхинехь а, бехке лоруш ца хилла юха иза батта йиллархь. «Шаьлта баттар атта ма яккха, яькхича, иза цIийх ца кхоьтуьйтуш юха чу ма йилла» бохург бакъдолчу гIиллакхийн маьIна лахдала доладелча аьлла хиллий-те бохуш, шек ву со. Иза тухуш хилча а, дIонгIаз а волий, вен-ваккха тухуш ца хилла нохчаша (оьрсийн маттахь аьлча, «испытать соперника»).

Дагалаца: шаьлта кар-кара а луш тухуш хилар; шиннах осалчо бен герз меттахдоккхуш цахилар; шаьлта Iоттар – къотIалгIа виначун дурс ларар, кхин а.

Пхьоьханна тIевеанчо, тIехволучо салам луш ду. Луш хилла, нагахь санна бухахь берш гIеметта хIиттинарш белахь. Тахана санна, куьйгаш кхийдош, вовшийн мар-мара оьхуш ца хилла юьртахой. Нагахь санна бухахь берш юкъ яьстина нах хилча, я уьш вукхарел сов хилча, салам далар аьрхо хIума хеташ хилла, баккхийнаш меттах ца хьебан. Тахана санна, шайга салам хIунда ца делла бохуш, жиманиг хьийзош ца хилла цара, шаьш кхоош ца деллий хууш.

Пхьоьханна тIевогIург, цIов билла марздина суьйранна керта догIу хьайба санна, хахкалой тIевоьдуш ца хилла. Ша ду, мехкан кост дохьуш веъна хилар, ша бахьана долуш къамел юкъах ца далийта, мел лаххара а кхузза соцунгIа хуьлуш хилла тIевеанарг.

ТIаьххьара а ала луург. Цхьаццайолчу ярташкахь, тIевеанчунна пхьоьханахь стаг ца карийча, юьртана а эхь лоруш хилла.

Масала, вай арадахале Чечанахь сакъоьруш Iаш цхьа нах хилла. Шийла, чаьмза буьйса хилла арахь

ерг. Пхьоьха яьсса юьту, ца юьту Куршлойн-Эвлахь, бохург хьахаделла церан къамелана юккъехь. Дlакхаьчча цига бухахь стаг хир варий, вацарий бохучунна тlехь и тоба шина декъе екъаелла. Оцу къовсаман цхьа чаккхе лахаран lалашонца, шина а декъах цхьацца говран бере хьажийна, боху, цу юьрта.

Шаьш дlакхаьчча, юьртан пхьоьхане салам кхоьссина тешашвоццчо.

«Ва lалайкум салам! Хlара ткъарш а гехь хьо аравалар лаа хуьлийла-м дац», – аьлла, салам схьаэцна бухарчарех цхьамма.

Салам кхоьссинарг юкъаиккхира, бах, хаттарна: «Валлахlи, биллахlи, лаа-м муххале дара хlара. Со туьнталг хилар хьалха а даьлла, цо вадийна вохьуш вар со-м. Суна массо а дика динарг вар-кха хьо, нагахь, хала дацахь, хьайн цlе йийцахьа. Тlаккха со сихха дlагlур вар-кха!»

Бухарчо: «Чу а веана...» – боххушехь, шен дин юханехьа хаьхкинера, бохуш, дийцара, цу къонахчун цlе а йохуш, чечанхочо.

Бухарниг Зама хиллера. Сан дагахь ваьхна стаг ву иза, вай цlадирзинчул тlаьхьо бен кхелхина а воцу.

Иштта леллий-хиллий долчу гlуллакхаша дукха хlума билгалдоккху, хьуна ца моьттучу агlор гlиллакхаш гойту.

ТЕЗЕТ

Ислам-динехь мел долчу къаьмнийн тезет цхьана кепехь дIахьуш а, лело дезаш а хила дезара аьлла, хетало, амма дахаро гайтарехь, иза иштта дац. Къомера къоме даларца кхечанхьачул а алсам кхузахь гучубуьйлу цхьацца къестамаш. Уьш а боьзна бу хIора къоман гIиллакхе, амале, дуьнене болчу хьежаме хьаьжжина. Кху тIехь кхин цкъа а гучудолу бусалбан дино, къоман гIиллакхаш кегдеш, отуш цахилар. Масала, вайна лулара гIумкий, кхидолу къаьмнаш ца хьехийча а, генара тIеваънарг цец а воккхуш (церан а, вайн а дукха ду цхьаьна догIурш), тезетна тIевогIург (вуьйцург боьрша стаг ву), иза вайна мел тамашийна хетахь а, белхаран кепаца тIеван везаш ву. И кеп кавказан дукха къаьмнашна юккъехь лелачех ю, цу тIехь гIумкий шаьш цхьаъ хилла а ца Iа. Нохчийн тезетан, кхидолчу гIиллакийн леларша, А.С. Пушкин ваьхначу заманахь а, гонах долу къаьмнаш цецдохуш хилла. Хьовсур вайн цуьнан «Тазит» цIе йолчу поэме: бухахь хиллачарех мел къаьсташ ду нохчийчо кхиийначу кIентан лелар, дуьненах кхетар, гIиллакхаш, амалш.

Хьан аьлла, дага ца догIу суна: «Дуьнен чохь уггар хазаниг хIун ю?» – хаьттича: «Теорема ю», – аьлла, боху, цхьана математика. Цо иза аьлла, цуьнан массо а агIо «совершенный» хиларна.

Кхин хIумма а ца хилча, дахарехь уггар мехала гIуллакхех мехала ду:

1) керла доьзал кхоллар;

2) адам дуьненчуьра дIадерзар;

Уьш юкъара хаьржина дайша.

Хьалха хьекхначу къоламашкахь цхьаболчарна кIезиг хьахийна аьлла хеттера тезетан дайх а, дакъ-

алаца тIебаьхкинчех а. Коьртачу декъана кхузахь тезетан дайх дерг хьахор вай.

Тезетан дайшна хаа дезачех ду: «Кху дуьненахь цхьа хIума дисина дац нахана тIедаза, ганза-ланза». Мел хала делахь а, эзар-эзарза нахана тIедеана а, лайна а дуй, хиъна, собаре хила дезаш бу уьш.

Тезетан дай шайн дегIах хи кхаьрзина, хаза, цIена барзакъ тIедуьйхина, вуззалц я кIеззиг пхьорах кхетта хила беза. Уьш оллабелла, цIийзаш, нахе цадеанарг шайга деана моьттуш, я моттаргIанаш лелош товш дац. Нахана ган а ганза, лан а ланза хIумма а дуьненчохь дан а ма дац!

Тезета богIучеран, масала, хьал нийсса бIостанехьа нисло. Ловзарга-тойне богIуш санна, IатIар-басар тухуш кечло тахана цхьаболу кIентий. Тезет хIун ю цахаар ду иза. Тезетан дакъа кхаьчнарш меца хила беза, шайн ойланан урх Делан кхелана гонах хьийзош, шаьш Цунна хьалхахIотта дезар дагара ца долуьтуш; шайн ойла оцу суьртана гонах хьийзош хилча, церан арабаькхина некъ эрна ца хуьлу (мел дийцича а, меценига самукъане, вела дог догIуш ца хуьлу, ткъа тезет, вайна ма-хаъара, самукъадаккха гулло меттиг яц!). Сих-сиха можах куьг хьокхуш, иза къайлах «спринт» тухуш, дашош, ша-шех цецвуьйлуш, ша ца хезачунна, хIарий-важий бохуш, дагахь яппарш еш тIевеана стаг тезетахь лелар таханлерчу дийнахь совдаьлла. Тезета вогIург-хIуттург далла дуьхьал хIоьттинчунна шегара догIу тоьшалла дан хIуттуш ма ву. Кхана ша Цунна хьалха хIотта везар цо тахана диц а дина моттаргIнаш лелаяхь, юьхьIаьржачу хIуттур хилар гуш ду.

Тамашийна вайна хетахь а, вайн дай вайл дика, сов кхетам болуш ма хилла аьлла, ойлане веана со таханлерчу дийнахь. Цара дахарера уггар мехала лерина доьзал кхоллабалар, адам Далла дуьхьал дерзар –

и мур дахаран юкъара къасторо а гойту иза. Церан хьекъал/кхетам вайчул дикка лакхара хилар а гойту.

И ший а кхечу гергара бохучу а, гергара доцучерах а тера бац, шен-шен башхалла йолуш бу. Вайн тезетан кеп «доланна лаьцна долчу» аьтту куьйган нана-пIелг «гIад» лерича, дIавоьдучу стеган аьрру белш лорур яра аса тезетан кеп. Я изза сурт хIутту, нагахь мангал хьакха араволучу стага мангале хьажар билгалдича. Кхин цхьа агIо билгалйолу вай ойла ян йолийча цу кепах – дола деш вай лаьцначу аьтту куьйган суьртах тарло иза.

ТIебаьхкина нах мангалан гIодаца тIебоьлху верасашна; духара жиманиш болчера баккхийнаш болче. Кхеран могIа болалучохь, тIевогIучунна дуьхьалбирзина могIа верасийниг бу: тIебаьхкинчарех воккханиг а, верасех воккханиг а шен-шен могIа болош нисло. Царна 1–3 стаг нисвала тарло, рогIехь дола деш. Бакъду, и кеп, Советан IедалО тезетахь дола дан мел хууш верг дIалахьийча, вайна юкъа деана гIуллакх хиларх тешийра со цхьана ВЧКан куьйгаллехь лаьттинчу гIалгIайчо а, иза тIедузуш дийцира цхьана хIирийчо а. Цу хьолехь лехна, вехна дола дан стаг вало везаш хьал хIоьттина вайна юккъехь. Тезета веанчу шовзткъа стагана юкъахь цхьанна дола дIакхочур ду аьлла Делан дош ду олуш дукха хезна суна кхечу къоман векалша а (Дала бакъдойла иза).

Цхьаццайолчу ламаройн ярташкахь, тезетахь ял йохуш я цхьа гIуллакх даздеш «король, царь, шах» волчохь лело кепаш лелош го. ГIопе олуш, Iаса караелла стаг ву церан гIопе хIоттош (цо тIебогIучаьрга хотту, мичара, мила ву, хьалха волий, тIебуьгу, хьенех-минех кхайкха схьа олий).

Тезета веанчуьнга хьалхарчу дийнахь кхузза долина куьйгаш лаццалц дIагIо ала йиш яц. Шолгlачу, кхи-

долчу деношкахь – кхузза салот/къулха дешна мел дIабаллалц.

Хьалхарчу кепехь хIоьттинчу тезетера тезетан дайша «паргIат хила, баркалла дакъа кхачарна» аьлла, воккханиг алаайавелча, цуьнца мел веанарг тIегулло. Цигахь царах воккхачо шаьш муьлш, мичара, хIун некъ бохьуш арадевлла ду, кхайкхадо.

Кхин цхьа нун ду хиъча бегIийла. Тахана тезета баьхкинарш дуккахьолахь кегийчеран гергарло хьалхадерзийна арабевлла хуьлуш бу. ТIебаьхкинарш лахбеллачу юкъана иштта веанчу воккхачо, цIе йоккхий, тIекхойкху жимхе – массара а тезетахь болчара цуьнца цхьаьна доIа до.

Цо гойту, уьш тIекхайкхинчу жимхин юьхь ян баьхкина хилар. Иза а хиъча дика хир ду аьлла, хета...

Кхечу къаьмнийн векалшна билгалдаьлла ма-хиллара, нохчийн тезетан шен кеп а, куц а ду. Кхузахь гуллуш болу нах шина декъе (кIулле) бекъало: тезетана тIевоьдучу аьтту агIор берш жим-жиманиг – кевнан бертехьа, вокх-воккханиг – «баьрчехьа». Ирахь лаьттачу кегийчарна тIера охьахевшинчу баккхийчарна тIекхаччалц тезетан дайшца бала бекъа, шайга лацалуш долу гIо лаца, вон тIехIоьттинчарна гIортор хила баьхкина бу юьртара а, гонахара тIебаьхкина а нах.

ТIебаьхкинчарех уггар а воккхачунна, я Iеламстагана аьрру агIор охьахиъна хуьлу верасех воккхахверг. Цунна тIера дIа охьахевшина хуьлу баккхийнаш, кегийнаш ирахь лаьтта; юха а жим-жиманиг юьххьехьа а волуш лаьтта кхелхинчун верасаш. Тезетан сурт хIотто гIоьртича, «Г» элпах тера йолуш шен кепаца берш дакъалаца тIебаьхкинарш бу. Цу тIера верасийн могIа болало. Тезета вогIург тIебаьхкинчарех а, верасех а баккхийчарна тIекхача 5–6 гIулч йиссалц аьтту агIо лоцуш тIевоьду. Доla дина ваьлча дIанис-

ло тIебаьхкинчарна юккъехь. ДоIана кхузза куьйгаш лаццалц тезетахь саца веза цуьнан. Цул тIаьхьа тезетан дайша шена пурба делча, верасийн могIанца, хIоранга шег-шега вистхуьлуш, кадам беш араволу. Тидам бича гучудер ду, юккъехула дIа ца гIерташ, аьтту белш хьалха а йоккхуш, гуо боккхуш араволуш хилар.

«Салам дала догIу тезетахь, я ца догIу?» – боху тахана. Тезета воьдург дов, тIом эцна воьдуш ца хиларе а хьаьжна, тIехула тIе, вон деанчуьнца бала бекъа воьдуш хилар билгалдаьккхича, юкъ яьстина ваха дезаш дара, тIаккха салам далар догIуш дац. Амма вайн баккхийнаш дайша лелийначух херабевлла хиларна, таханналц «Аллахlу Акбар» бусалбаллин гайтам ма-хиллара, салам далар верасаша шайн дог эцар лоруш хилча, цаьрга иза дала деза. Амма, цадогIучарех, вайн дайша осала леринчарех долу цхьацца хIуманаш ца лелийча, бегIийла хета – вовшашна мара деттадалар. Озабезамаш цигахь ца лелабарх, гергарлонаш лело меттигаш дукха ма яй. Хаза доцчух ду: го хедош дIасалелар, велларг виц а вина, дуьненан къамелаш хьалхадахар.

ТIевар, сацар, дIавахар ду шен-шен хила йогIучу кепаца нисйина, малхбуза ламаз диначул тIаьхьа а (Шемалан заманахь вен кхел йина стаг цул тIаьхьа вуьйш а ца хилла). Тезетана тIе йогIург йоккха тоба елахь, дагардан ринже лаьллина жа санна, тIегIертар а ца лерина хаза. Вайн дайн Iедалшца, велларг кешнашка хьош берш я тезета богIурш могIане ялх-ялх хIуттуш хилла. Вовшех ца уьйш тоба цхьаьна арайолуш елахь, хIинцца баьхкинчара шайн кеп йоха ца еш, арабовлу. Кхин нах цаьрца арабовла дагахь хилча, царах ца хьерчаш, жимма соцунгIа а хуьлий, царна тIаьхьахIуьтту.

Верасаша: «Хьан декхар кхочушхилла, вало, пар-гІат хила», – аьлла, дІахьедича, хьалагІаьттинчунна тІехьа гулло. Вайн воккхачо цигахь, массарна а хозуьйтуш мила, мичара, хІун некъ бу шаьш юьхьарлаьцнарг, кхайкхадо.

Тахана ламанца бехачу наха шайн тезеташкахь паччахьна ял дІакхачо кхайкхина баьхкинчу векалшна хІоттош йолу ПРОТОКОЛАН кеп хІоттайо; Іасанашца дуьхьалбогІий, шаьш хьалха а бовлий, тІебаьхкинарш тезета тІе буьгу, саца веза меттиг гойту, мичара-муьлш бу, хоуьйту. ХІун, муха, мичара ду цахуучунна и кеп вайн дайшкара ю мотта а ло.

Вайн дайшкара схьаеанчу тезетан кепо гойту, муха, мичхьа тІевахна саца веза, хьаьнга вистхила догІу, араволуш муха вала веза... нагахь санна, тезетан кеп йоьхна-яьржина яцахь, тІевоьдучунна ша лело дезарг а хаахь.

БАЬХЬАР
(Заключение)

ГIиллакхийн орамашка кхийдар ма вац баьхначух гIуллакх ца хили сан, наг-наггахь буха ца кхевдича ца вели. Суна моьттучул а ледара кхеташ хилла вайн гIиллакхех кегийнаш-м хьовха, баккхий бу бохурш а. ДIадолочу хенахь сайн дагахь тIехулара массо а хенахь, мин-минотехь бохург санна, тIехIуьттуш дерш карладаха дагахь вара, шайна тIаьхьа а ийзош, вуьш цара хьаладохург хиларх тешаш. Вайн гIиллакхех лаьцна доьалгIа дакъа а кхузахь хьахийна аьлла хIинца а ала йиш яц. Делахь а, хIара кIезиг дерг а шен бух болуш ду. Цундела, хIораммо а шен хет-хеттарг ца лелош, лело дезарг лелийча, оцу кеппара юкъараллехь даьржича, кIеззиг а кхетам лур бу аьлла хета суна кху йозанаша. ГIиллакхехь кхеташ а, церан нийса маьIна дан хууш а, «правила уличного движения» бохург санна хIара гIуллакх эшар а хиъча, пайда сов хир бацара-те, ЛАРАМ боху кхетам вайна юкъа боьрзур бацара-те, бохуш сатуьйсу. Массо а цхьана лорах волавалар ма ду вайна тахана оьшуш дерг, цо бен адамашна синпаргIато ма ца ло, вовшашца йолу уьйр чIагI ца йо, халахетарш, дегабаамаш охьа ца таIа бо. Халкъалахь ма-аллара, вовшаша лелочух цакхетаро вовшийн цаларарна тIедуьгу. Ткъа иза Iоттабаккхамашка долу. Цигара дIа-м вовшашца эвхьаздовла а пхьидан цIоганал юкъ ца юьсу.

Кху сан йозанашна тIехь тIеоьшурш дукхе-дукха дуйла, хаьа суна. ХIунда аьлча, самабевлла, меттабаьхкича оьшур ду бохуш, аса цхьана хенахь нахана гулйина материалаш яьгна (Платона ма-аллара, йоза юкъа даларо адаман эс (память) лахдина хиларх со тахана тешна. ХIара могIанаш сайна дагадогIурш вовшах а тоьхна, яздина ду. Дог теша, кхарах хьакха мел веллачо хIара кхана вайна тIе богIу болчарна оьшур дуйла а хиъна, кху гIуллакхца доьзна шена хезнерг, хууш дерг яздина, я жимачуьнга яздайтина, соьга а, сан накъосташка схьакхачориг хиларх. Кхин

а дика хир дара (тхайн дагахь иза дан лерина а ду), хIора юьртахь хIара гIуллакх дезаш а, лоруш а болчу наха тоба вовшахтоьхча, царах тхуна чIогIа гIортор а хир яра.

Юха а, юха а боху ас: вай пусар ца деш тесна дитина хиллехь а, ларамна тIехь массеран а аьтто баккха, вовшех цакхетарх лардан дайша вайна йитина хазна ю. Тахана иза хьаштхилча, маIар тассал хIума цунах вайна дисина хиларна Далла бу хастам. Мел яккхий халонаш шайна тIе Iиттаяларх, и хазна ларйинчарна массарна хьалха вай, тахана дуьненахь когаш беттарш, доккхачу декхарийлахь ду.

ГIиллакхаш дайшкара вайга схьа ма-кхаччара тIелаца бохург дац. Цара вайна, коьртачу декъана, уьш муха лела дезаш ду некъ гайтина ЛАРАМАН буха тIехь. Церан коьрта Iалашо – адаман СИЙ айар, гIийлачун, мискачун, деэшначунна гIортор хилла дIахIоттар, вошалла дар, тахана хьайн гIуллакх тоделча, кура ца валар, тIейогIу йолчу кханенан ойла яр, дуьненан хийцадалар чот йоцуш дукха хила тарлуш хилар диц цадар. ТIееанчу хенан хьашташка хьаьжжина гIиллакх карча тарлуш хиларх лаьцна цхьаши масал далор вай.

Той дIадирзина, нускал хитIе даьккхина, тIелеста нах лахбелча, нускалан самалхадаккха, цуьнан жимахволу марваша, маьрйиша тухий, гIала хьажош Iедал ду вайн. Автобусаш тIехь хуьлуш дерг дийца оьшу, моьттуш вац со. Цхьана зудчо ма-аллара, иттех мараххьий, иттех коьшкалаххьий бен, дIасадаха йиш йолуш ма даций вай. Нислучу хьолехь, йоьттина йолчу автобусахь, несо шен марваша охьахао везаш хуьлу. Шайга диначу хаттарна дукхахболчара иштта хила догIуш ду а лору. Цара бохучунна тIетовр вара со, нагахь санна кхузахь цхьа нун дацахьара. Дудаев Мусас цхьанхьа кегийрхошца шен вовшахкхетар хиллачохь пхьа баьккхина хиллера-кх: «Шен нус ларъян тухуш вац цунах марваша? Цундела нийса хир ду, ца воьлча ца волург ги воьллина, ца эцча ца волург кара эцна» марваша ирахь сецча.

Вайн Дала шена дуьхьал хIоьттинчуьнга хьалхара хоттучарех ду, боху: «Дуьненахь хIун бахам битина вирзина хьо шена дуьхьал?» Ойла йойтуш а, ян езаш а, кIорггера маьIна долуш хаттар ду иза. Цкъа-делахь, гуш ду Цо деш долу хаттар шена йиначу Iамалх цахилар. Шолгlа-делахь, гуш ду Цо юьйцурш гlаланаш, «мерседесаш», тlалба-бакхал цахилар. Кхозлагlа-делахь, некъара юха вирзина, йицъеллера шена аьлла, шеца цига дlакхалхо йиш йолуш хIуманаш яц Цо хоьттурш. Адаман садалар шина тайпана нисло, олуш ду. Тlаьххьара хIо ша кийра озийча, ША ДУЬНЕНАХЬ БИТТИНА КОГАШ, ЙИТТИНА КА пайда боцуш яйна хиларх кхетий цхьаволчо Деле шена гечдар доьху, боху; важа шен дола далаза дисинчух хьоьгуш, воьду, боху, Цунна дуьхьал (Сийлахь-Воккхачо лардойла вай тlаьхьарчу кепехь садаларх). Везачо хоьттург: «ХIун тlаьхье, муха доь дитина вирзина хьо Шена хьалха? Гlиллакх-оьздангалла кхиийний ахьа? Иман-ислам диканах, хазаллех кхетийний? Хьайна а, нахана а, Шена а пайденна некъа яькхиний ахьа хьайн тlаьхье?»

Вах а ца луш, доцца хаттарш сан а ду хIотто вайна хьалха. Дукха хьалха доцуш Цунна дуьхьал бирзинчеран а, царна тlаьххье дlакхалха дезачу вайн а муха нислур ду-те Цуьнан хаттарна жоп далар?

Тlаьххьара а дерзош билгалдаккха лаьа: нохчийн бартан кхолларалле хь сих-сиха нислучех ду «дакъаза ма вала...» бахар. Вайн гIиллакхаш, сан кхетамца, Дала шех схьакъастийна вайна делла дакъа ду. Амма цуьнан тlалам бан ца хууш таханлерчу дийне девлла вай... цунах дlакъаьстина довлуш а лаьтта.

Цо вайна могуьйтур долучех дуй-техьа иза?

Адамалла – человечность; антоним – акхаралла (дикость).

Бакъо – правда, правдивость.

Вадд – этика. Дика а, вон а къасто Дала адамана белла болу кхетам, къастийна болу некъаш. (**Этика** – высшее человеческое проявление, которое свойственно только Человеку. Только наличие этики делает человека человеком. Иначе человек – бесперьевое двуногое существо).

Воккха стаг – старик (старый человек).

Гергара – родственник, близкий.

Гlад – ствол, стержень, сердцевина;

Гlиллакх – этикет. Адамашна юкъара уьйр-марзо шаръеш, чlагlъеш лелош йолу, адамах адам деш йолу, кхийолчу садолчу хlуманех уьш къастош йолу юкъаметтигаш.

Гlуллакх-болх – тахана **гlуллакх** бохург кхетадо мах боцуш дийриг, **болх** – мах оьцуш. Хьалхарниг деза лору. Амма, баккъалла аьлча, цхьана хенахь ший а цхьатерра дезачерах лерина ду. Цаьршинна юкъахь, вайна кхета хала долуш, цхьа къастам а карийна суна. Мотт а, кхетам боцучу хlуманца беш берг – болх лерина иза, иза мотт а, кхетам а боцучу хlуманашца – лаьттаца, даьхница, дечигца, эчигца – боьзна хиларна. Церан шайна цатовриг схьаала таро ма яц! Гlуллакх деза а лерина, цунна хьалхе а елла.

Жеро – вдова, вдовушка; разведенная.

Зуда – женщина, хозяйка.

Йоккха стаг – старуха (старая женщина).

Йоl – девочка, девушка.

Кхетам – разум, рассудок.

Къизалла – жестокость.

Къинхетам – милосердие.

Къонах – достойный мужчина (мужчина с большой буквы). **Къонах** – массо агlор шех масал эца догlу стаг ву, цо шен гlуллакхал хьалха нехан гlуллакх доккху дела. И декхар цо ша-шена тlелаьцна дела, лору иза деза а, доккха а. Ша динарг мел дакхийчарех хиларх, буьйса lуьйкъе яххалц бен ца лору цо, хlора де керла доладо. Цо гойту, цо нехан хастамаш оьшушший, цlе-дозалла дезашший лелош цахилар ша лелориг.

Кlант – юноша, парень (высшая похвала, в превосходной степени – воl).

Ларам – уважение.

Наша – социальное, общественное.

Нийсо – равенство.

Ниша – треба (частное, личное, индивидуальное).

Оьздангалла – внутренняя культура; внутренняя энергия. Гlиллакхо тlехь гlа-маргlал, заза-стом кхиош, сецош долу гlад. Адамашна юкъара гlиллакх лахдаларан гайтам бу адаман кхетам, иман гомха далар, цара, таханенан бен, кханенан ойла цаяр.

Ойла – мысль.

Орам – корень.

Пхьоьгlа – отцы-основатели перевода чеченского языкового словаря на кириллицу написали это слово так по заданию свыше и второпях. Термин «пхьоьха» сближен с хевсурским, при этом утрачена связь с исконным чеченским смыслом. По-чеч. слово должно звучать «пхьоьгlа», т.к. состоит из двух смыслообразующих слогов: «пхьо» – мужской пол, самец, «гlа» - воин. Ср.: гlад, гlера, гlеметта, гlарол, гlебукъ/гlемукъ, гlама и т.д.

Если мы игнорируем смысл термина «пхьоьгlа», придется вычеркнуть из нашей истории отрезок времени, который характеризуется в науке термином «патронимия», т.е. время «мужских союзов», «мужских домов», которые в некоторых уголках земли сохранились до наших дней и продолжают играть функционирующую роль «пхьоьгlа».

Са – душа, дух.

Сий – честь.

Стаг – мужчина, хозяин.

Хьаша – гость, друг.

ХьагI – тщеславие, ревность.

Хьекъал – ум. Не занимает лидирующее положение в иерархии ценностей, а уступает первенство «кхетам», как, впрочем, тело уступает душе. Это же самое относится и к любви, которая вынуждена уступить – «уьйр-марзо». Кстати, любовь Меджнуна, Тристана и т.п. считается забавой юности, через которую должны пройти все и выйти из этого пламени умудренными и повзрослевшими. Это пламя должно быть не пустым, а оставить после себя жар – «алу», которую необходимо всю жизнь беречь и лелеять, если хочешь оставаться человеком. Любовь у чеченцев уподобляется цветку в пору раскрытия. Каждое слово признания равносильно отрыванию лепестка (ясно, что живой

цветок в сердце хранить предпочтительнее, чем иссушенный колючий стебель).

ЦIано – чистота (в первую очередь, помыслов).

Чарх – тело, организм.

ШарI – мусульманское право (у чеченцев – Iадат).

Эхь – совесть, непосредственно связывается с лицом (личностью) – юхь; последние в комплексе с понятием бехк – вина – играет существенную роль в традиционной нравственности.

Яхь – честолюбие.

Iадат – обычное традиционное или горское право – обычаи, выработанные методом наблюдения за природными явлениями – Iалам первичен; Iадат, в свою очередь, породил право.

ЧУЛАЦАМ

Нунуев С.-Хь. Муьлш ду вай? 6

НОХЧИЙН ГІИЛЛАКХАШ

Бlаьгар 16
Ирсе кхача баста безаш болу шеддаш 60
Къонахан васт, амалш 75
Ламасталлин культурин дикачу агlонех а, дуьненаюкъара халкъийн кризисах а лаьцна *(нохчийн материалийн масалшна тlехь)* 77
Зударех цхьа-ши дош 93

ГІИЛЛАКХЕХ ДЕРГ

Салам далар-эцар, маршалла хаттар 100
Хьаша 122
Тхьамда 125
Шун 128
Синкъерам 134
Нохчийн тlехьийзаран институт *(XIX бlешеран шолгlачу эхан – XX бlешеран юьхьан материалашца)* (Институт ухаживания... *(зорбане яьлла 1982 ш. ЧИИИЯЛан археологин, этнографин секторан гуларан агlонаш тlехь)* 145
Зуда ялор, ерзор 155
Ловзар. нохчийн хелхар 161
Нохчашлахь нускал несан декхарш кхочушдан йолаелча 167
Нохчийн культура, я Ариаднин тай 170
Пхьоьгlа 176
Тезет 180
Баьхьар *(Заключение)* 186
Дошам 189

Хасиев Сайд-Магомед

О ЧЕЧЕНСКИХ ОБЫЧАЯХ

На чеченском языке

Верстка Мурадовой З.И.

Подписано в печать 22.12. 2016. Формат 84x108 1/32. Усл. печ. л. 10,08. Гарнитура Cambria. Заказ № 2140. Тираж 1000 экз.

Отпечатано в АО "Издательско-полиграфический комплекс "Грозненский рабочий"

Дерриге дуьне ду яхь йолчу нехан.
Вайн лаьмнийн гIиплакх ду и!

(Iабдул-Хьамид Хатуев)

